## «ИНСУЛГИ ВАСАСУЛГИ КУЧІДУЛ»

АБУРАБ ТІЕХЬАЛДАСА

1966

## ГІОЛОХЪАНЛЪИЯЛЪУЛ КУЧІДУЛ

### НУХ КЬЕ

– Нух кье, нух кье, кьураби
– Нуж щал?
– Ниж гIолохъаби руго.
– Дагьалъ чIа.
– ЧIезе гьечIо.
Ниж гIораллъун чвахула,
Нижер чуял роржуна.
Ниж гIолохъаби руго,
Ниж гIолахъаби руго.
– Нух кье, нух кье, океан!
– Нуж щал?
– Ниж гIолохъаби руго.
– Дагьалъ чIа.
– ЧIезе гьечIо.
Ниж дур тIиналде ина,
Дуда; тIад кьи ли лъела.
Ниж гIолохъаби руго,
Ниж гIолоIхъаби руго.
– Нух кье, нух кье, хъахIил зоб
– Нуж щал?
– Ниж гIолохъаби руго.
– Дагьалгь чIа,
– ЧIезе гьечIо.
Ниж моцIрохъе рахина,
Ниж цIвабзахъе харила.
Ниж гIолохъаби руго,
Ниж гIолохъаби руго.
Михъал кIутIби хинлъизе
Гуро нижер рижарал.
БичIчIанищ?
Ниж гIолохъаби руго.
Чарамул кьурабаца
Кьуна нижей маян нух,
Рорхатал зобалаца
АхIана ниж моцIрохъе.

Океаналъул тIинда
ТIамуна нижеца мех.
Нуж щай гIенеккун чIарал,
ГIебал ганчIилал мугъал,
Нужго цере унарел,
Унезеги нух кьечIел?
Риччай, доб кьуру борлъун.
Унеб гIор бихьуларищ?!
Риччай, доб гIазу биун,
ГIидра баккун бихьулищ?!
Риччай цере, риччай ниж,
Риччай ниж, гIолохъаби.

**ХIАЛХЬИ ГЬЕЧIЕБ ГIЕЛ**

ХIалхьи гьечIеб, даимаб
Дуниял хъвалхьун унеб
Бищунго урхъараб гIел,
Бищунго берцинаб гIел.
Берал – кенчIолел цIаял,
Курмул – хIанчIил бусаби.
ХIетIе чIараб бакIалда
ЛъалкI векаца хутIула.
Хъатикь кквезе чаран кье,
Чакар гIадин биуна.
Чанил тIинчI къвалакь ккуни,
Корохъ гIадин бежула.
МугIруз нуха регIула,
ГIораца салам кьола!
Кьижараб бакъ сардида,
ЦохIо кIалъан борчIула.
Бокьани кьурдизеги,
Бокьани кьалуеги,
Кирго, тIансаби гIадин,
Авлахъал тIиритIула.
РачIа нуж, гIолохъаби,
Данде квералги рорхун, –
Карачелал гьелчола,
Гьел гъуждузде харула.
Кинабго ругънал унти, –
ХIеккараб калам гьечIо.
Кинабго черх бид бецIцIа,
Бадиб цо реччел гьечIо.
КIиябго махIу беке, –
ЦохIо галадиларо.

Рорхарал хучIдул руго,
КьабгIарал магIал руго, –
Я кьурун рахъиларо,
Я рахъун кьуриларо.
Ниж гIолохъаби руго,
Ниж гIолохъаби руго.

## СУНДУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ САРИН

Гъадриниб хъарпуз гIадин,
Хъвалхьараб магIарул их:
ТIасияб рахъ гIурччинаб,
Жанисеб рахъ багIараб.

Кьурабазда гьоркьоб дир
Гьулак кIикIулеб буго, –
Гьороцайищ лъаларо,
Эбелалъищ лъаларо.

Гьулак гIадин кIикIулеб
Буго кинабго дунял;
Цин добехун гьулчула,
Цин гьанибе чвахула.

Гьебги, лъимер гIадинан,
ГIодула, белъанхъула;
ГIораз, кьурул сиги чIван,
Дие сарин ахIула.

Рогьалил гьаркьаца дун
Хъатинив кIивикIула,
КIкIалабазул маргьабаз
Сардида гивигула.

Сундул хIакъалъулъ сарин,
Сундул хIакъалъулъ маргьа,
Щиб жо бихьулеб макьилъ –
Мун гурищ гIолохъанлъи?

Лъабго вацасда гьоркьов
Бищун багIарав вуго,
БахIарчилъун вахъунев
Киналго дур къисабалъ.

Лъабго гIумрудул нухлул

ГӀолихъанас бищула,
Бищунго хӀиӀнкъи бугеб
Киналго дур харбазулъ.

Гьес чӀинтӀула ахирги
ИчӀабго бетӀер борхьил.
Гьес ячуна чода тӀад
Чи лъачӀей ханасул яс.

Гьесул рокьуда руго
Кваркьаби хӀанчӀил гьечӀел..
Гьеб хӀайранлъи рогьалил
Макьилъ бихьана дида.

**БЕРЦИНАЙ ЯС**

– Берцинай яс!
– Ия!
– НуцӀа рагье!
– Мун щив?
– Духъ гӀ ащикъав гӀолихъан.
– Мун гӀащикъав ватани,
Мун гӀолихъан ватани,
ГӀенекке, вас, дир тӀадкъай,
ТӀубазе гьабун вусса.
Гьанисан ун дове щва,
Довасан ун гъове щва.
Щуго мегӀерги бахун,
Доб рахъалда буго гӀор.
ГӀурул карачелаби
РечӀчӀула чармил кьурда.
Кьурул борхалъиялда
Буго миккидул бусен.
Бусен сверун сентӀелеб
Буго цо сихӀираб цер,
Гьеб царал цӀоко босун,
Вусса сордо иналде.

Сордо бащалъиялде
Щун букӀинчӀо жегиги,
Щвана гӀолилалъухъе
ГӀолихъащ гъежда цергун.

– Берцинай яс!
– Ия!

– НуцIа рагье!
– Мун щив?
– Духъ гIащикъав гIолихъан.
– Мун гIащикъав ватани,
Мун гIолихъан ватани,
ГIенекке дир дудехун
Цогиги мурад буго.
Рогьалил бакъ баккулеб
Улкадул рагIаллъуда,
Полпилал карачелал
Гьелчолел руго ралъдал.
Ралъдал тIиналдеги щун,
ТIад вусса метер къаси,
Дир горбода дализе
Маржаназул цIал босун.

Метер къо ун букIинчIо,
РикIкIадасан гIолихъан
ГIолилалъухъе щвана,
Маржанул цIал кенчIана.

– Берцинай яс!
– Ия!
– НуцIа рагье!
– Мун щив?
– Духъ гIащикъав гIолихъан.
– Мун гIащикъав ватани,
Мун гIолихъан ватани,
ГIенекке, лъабабилеб,
Ахираб мурадалъухъ.
А мун хъахIилаб зодой,
Доба цIвабзазда гьоркьоб,
Дир гьнтIинго бищараб
ТалихIалъул цIва буго.
Доб борхалъуда буго
Вахун довегун босе,
Вусса дир кереналда
Гьеб кенчIезе, гвангъизе.

Ана гIолилав вахун
ХъахIилал зобалазде,
Хъатикь кенчIолеб буго
БухIараб хIасратаб цIва.

– Берцинай яс!

– Ия!
– НуцIа рагье!
– Мун щив?
– Духъ гIащикъав гIолихъан.
– Рагьун буго дир горду,
Рагьун буго гьинал ракI.
Гьале дун, вачIа жанив,
Дир гIащикъав гIолихъан.

Царал цIокоялдаса,
Маржанул цIалалдаса,
ЦIвабзазул горалдаса
Дуда балеб къвалго лъикI.
Дида аскIоб кIочон те:
Дурго кIичIарал нухал,
КIикIараб гьулак, кини,
Дурго рукъ, эбел, эмен.
ВачIа!

ВачIине гьечIин абун,
Ана нахъе гIолихъан,
ГIишкъу, умумул ричун,
Босуларин васаца.
ТIохде яхун ахIдана
Унев гьесда хадуй яс:
– Васав!
Амма вуссинчIо тIокIалъ
ГIищкъу чIварав бахIарчи.

## ГIОЛОХЪАНАЛ УМУМУЗУЛ КЕЧI

ГIенекке гIолохъаби,
ГIолохъанал умумухъ, –
АхIулеб буго сарин
Нижер хабазул заназ.

Бицунеб буго хабар
Нижер хабада ракьалъ,
Ихдал гьенир хурдуца,
Хасли.хъе гьури-цIадалъ.

ГIенекке, гIолохъаби, –
ГIолохъанго хвана ниж,
Хинаб бусада гуро,
БагIарлъараб гIаздада.

Мугъалда гуро, гулби
Каранда руго нижер,
Каданиги тIепичIо
ТIад горо бетулелъул.

Нужер ригьда нижеца,
ГIолохъабаца хъвана
ГIасрабазул къисаби:
«Бородино», «Полтава»...

Цин хвалчабаца хъвана,
Хадуб къалмица хъвана,
Бидуща кьалул шигIру,
ЩIадуца гIищкъул шигIру.

ГIенекке, гIолохъаби,
ГIолохъанал умумухъ, –
Нижер рагIи – гIакъилаб,
Нижер гIакълу – пайдаяб.

Доба цогияб бицун,
Гьаниб цояб бицинчIо,
Цебегойин бижараб
Жакъа нужер бугеб яхI.

Нужер ригьда ннжеца
Полкал цере рачаиа,
Цо-цоязул корпусал
Карпатал рахун ана.

Нужер ригьда ургъана
Инкъилаб гимназистаз;
Октябралъул байрахъ
Нижеца кьуна нужей.

Жеги къого сон бачIел
Комиссарал руго ниж
Койсугин Волгаялда,
Днепра, Эльбаялда.

Ниж Лермонтовал руго,
Ниж Чапаевал руго;
Чанги Урал бахана,
Испаниялъ рагъана.

ГІенекке, гІолохъаби,
ГІолохъанал умумухъ,
ГІасраби хъвалхьун унеб
Нижер гвардиялъухъ.

Ниж – Байронал, Шопенал,
Ниж – Шамилал, Гомерал,
Гренада – нижер кечI,
ВатIан – тIолго дуниял.

Хабазул занал руго
Нижер рорхарал кверал.
Гьел квераца гьабураб
Кинабго нужей тана.

Щибго цадахъ босичIо,
Наслабазе кьун тана
Кьалулъ цIунанщинабги,
ЦIадулъ гIуцIанщинабги.

Тана нужее рокьи,
Рукьби кьуна хвалие,
Тана хIасратаб хиял,
Хабалъ бегана лага.

Тана тIолго хазина,
ХвезегIан рилълъараб нух.
Гьеб нухдасан ана нуж
Ниж рахинчIел зобазде.

ГІенекке, гІолохъаби,
ГІолохъанал умумухъ,
ГІенеккичIого ругел
ЧIварал, арал гIел цояхъ.

Ниж нужеда кIочонге,
Нуж нижеда рихьула, –
Хабада чIарал тIугьдул
ЧIваразул берал руго.

Зодихъ кенчIолел цIваби –
Нижер цIадулал ракIал,
НакIкIалъ роржунел цIумал –
Нижер хIасратал къасдал.

Ниж нужеда кIочонге,
Нижер саринал ахIе,
ЧIваби тIураб мехалда,
ТIамур кIутIун ахIарал.

ТIамур бекараб мехалъ,
Керен бухун ахIарал,
Карандаса бахъун ракI
Хъатиниб лъун ахIарал.

Ниж нужеда кIочонте,
Нижер хвалчаби цIуне;
Хвалчаби рекаралго,
Ниж квераца рагъана.

Кверал-бохдул рекигун
Ниж бутIруца рагъана;
БутIрул къотIараб мехалъ,
Къаркъалаби рагъана.

Ниж нужеда кIочонге,
КIочани васал гуро;
ЯсикIаби руго нуж,
ВасикIаби руго нуж.

Нужеда ниж кIочани,
Ниж къаникьа рахъина,
Къукъа-къукъаби гьарун,
Миллионал умумул.

Нужеда кIочон тани,
Нуж гьоркьор тун рачIина
Ниж нужер лъималахъе,
Лъан букIа, бахIараб гIел.

ГIенекке, гIолохъаби,
ГIолохъанал умумухъ,
Освенцималда хварал,
Бабий-яралъ хутIарал.

Хиросималда чIварал,
Волгаяшда гъанкъарал,
Берлиналда рухIарал,
Сибиралда тIагIарал.

Киналго ракьал ракъвай,
Ракъун ругин абичIо,
КиналгIаги ицщал къай,
Къечон ругин абичIо.

КъватIахъ пулеб гьури-цIер, –
Квачан ругин абичIо.
Азарго ругъун, унти, –
УгьдичIо, зигардичIо.

Кинабто черх бид бецIцIа, –
Бадиса магIу инчIо.
Миллион хвел тIаделъе, –
ТIуркIичIо, сородичIо.

Ниж куцаге нужеца,
Нижедасан куцай нуж,
Ккараб къо борхизеги,
Бараб лълъар гьекъезеги.

АхIулеб кечI – кечI букIа,
РекIунеб чу—чу букIа,
Ячуней яс – яс йикIа,
ГIолохъанав чиясул.

МугIрул гIадинан рукIа,
Кьурул сиял гIадин чIа,
Ралъадал гIадин гьелче,
ЦIваби кинигин кенчIе.

Ниж нужгун руго даим,
Ниж нужеда кIочонге;
Нижер кучIдул кинидахъ
Нужер васазе ахIе».

Гьедин хабар бицана
Хвараз чIаго ругезе.
Хириял умумузе
Къулула васаз бутIрул.

## ВАСАЛ ГЬЕДУЛЕЛ РУГО

Васал гьедулел руго
Умумузул заназухъ:

«Нижер гьаялъул гьаракь
Ракьалда рагІизе те.

Гьаб гьа хвалил рагъазулъ
Хвалчабаз такрар гьабе,
Гьаб тІолго фестивалалъ
Сариналъ такрар гьабе.

БахІарчиял умумул,
ЯхІ-иамусалъул лъимал,
Ниж – нужер кверзул килщал,
Ниж – нужер гъотІол тІамхал;

Ниж – нужер тІорол мугьал,
Ниж гьедула нужее:
Гьедула бакъалдалъун,
Гьедула цІваялдалъун,

Ракьалда накаби чІван,
Зобазда кваркьаби хъван;
Босараб квералдалъун,
Букъараб заралдалъун,
Нужеца лъурал тІаргъал
ТІад лъеларо лъидаго.

Гьедула гьал хириял
Хваразул заназдалъун –
Хабада ругел тІугьдул
РечІаларо кидаго,
Нужехъе рачІунеб нух
Бахчиларо гІаздаца,
Нужер гІагарал цІарал
Инаро мацІалдаса.

Гьедула Илъичие
Октябралъул цІаралъ.
Гьедула цІар лъалелгун
Лъаларел бахІарзазе.
Гьедула биялдалъун,
Ракьалде тІурабщинаб.
Гьедула тІоралдалъун,
Ракьалда бижанщинаб,
Рокьи лъийго кьеларо,
Нужеца нижей кьураб.

Биччанте лъаларезда
Лъазе тIолго лугбазда
БахIарзал – умумузул
ХIинкъарал васал гьечIо.
Рачел бнчизе гьечIо,
ЧIваби чучизе гьечIо.
Чарамул хвалченалда
Кьаву-хIур хъвазе гьечIо.
БахIарчиял умумул,
Ниж нужер гIужде щвана,
ГIумруялъе нижер нух
Нужеца лъураб буго.
Гьеб нухда данде чIвани
ЗахIмалъаби, хIинкъаби,
Нужер хIисаб гьабула,
Кинабго бигьалъула.

Гьеб нухда данде чIвани
ЧIегIераб мацI, гьереси,
Нужер пикру гьабула,
Кинабго роцIун уна.

Биччай дуниялалъул
Битникаца ахIизе.
Умумуз жал гукканин, –
Нижеца ахIиларо.

Ниж божула киналго
Нужер кочIол бакъназда,
Бакъалъул эркенлъидул
Эбелаб ВатIаналъул.

Нуж – нижер Лермонтовал,
Нуж – Шопенал, Шамилал,
Краснодоналда хварал
Хвелалде «Демон» цIалун.

Ниж гьедула нужее
МустIахIикъал рукIине,
Рогьояб гьерсидаса
Гьайбатал нуж цIунизе.

Риххун, хIинкъун лъугьани,
ХIал лъазе биччанани,
ХIеккарабгун хIелараб

ЦохIо калам гьабуни,
Киданиги цо гьерсил
Салам къабул гьабуни,
Ниж гIолохъаби гуро,
Ниж гIолохъаби гуро.

Рекилехъин къап чIани,
Къан цIвилехъе чучани,
Нужер къадру, нужер цIар
ЦIуничIеб къо бачIани,
Ниж гIолохъаби гуро
Къого сон бананиги,
Ниж гIолохъаби гуро
Къоло щуго баниги.

Къо ккаралъул ратичIел,
Рортун ахIуд рахъинчIел,
«Воре лъиялъе» абун
ЦIун кьураб лълъар борхичIел,
Кьижун, регун босани,
Барахщани, хъантIани,
Ниж гIолохъаби гуро,
Михъал кин кьураниги,
Ниж гIолохъаби гуро,
ТIагъур гьетIун лъуниги.

ЦIвабзазулъ цо цIва гьечIел,
Рохьоб, чанаб ци ккве чIел,
Цо рокьул, цояб кьалул
КIиго сарин ахIичIел,
ГIемер хабар чIамани,
Хварал мацIал цIалкIани,
Ниж гIолохъаби гуро,
ГIанкIазде гъорлъе ритIе,
ГIанкIазги росичIони,
ГIанкIуязде гъорлъе гъе.

Ниж – умумузул васал,
Ниж – васазул умумул,
Ниж – улкаялъул лъимал,
Лъабазего гьедула.

Гьаб дунялалда цебе
Гьаракь борхун абула:
Ниж гIолохъаби руго,

Ниж гIолохъаби руго.
РагIулищ!

## МУН КИБЕ УНЕБ БУГЕБ?

– Мун кибе, гIолохъанлъи?
– Дур хиялазда хадуб.
– Гъезда хадув инчIев щив?
– ЩивниIги ватиларо.

– Мун кибе, гIолохъанлъи?
– Дур хиялазда хадуб.
– Гъезда хадув гъурав щив?
– Щивниги ватиларо.

– Щайха мун унеб бугеб
Гьеб халатаб сапаралъ? –
Хадуб гъолараб рокьи,
Хадуб гъолареб сарин...

– Инсул хутIараб сарин
Васас гурищ ахIулеб? –
Васазул хутIараб кечI
Хадуб гIолез ахIула.

ГIолохъабазул хиял –
Халатаб ва берцинаб,
Гьенибе унеб нухлул
Я ахир, я чIей гьечIо.
Унел руго ниж!

## ЛЪАБГО ГIЕЛ

Жегиги гьитIинав жо,
Гьадин гьерсал хъурулев.
Бице киса, лъил вас гьав? –
Инсуе рогьо буго.

Гьадин хъахIав – херав чи,

Нич тун гьерсал рицунев.
Гьесул васал щал кколел? –
Васазе рогьо буго.

Гьадинав гІолохъанав,
Михъ кьурарав бахІарчи
Вуго гьерсал рицунев, –
Росдае рогьо буго.

ГьитІинав вац хІинкъани,
ХІалихьатлъун лъугьани,
Гьев вас дир гурин абун,
Эмен рокъов вахчула.

КІудияв чи хІинкъани,
ХІалихьатлъун лъугьани,
Чиякьа нечон васаз
Росу санаца тола.

ГІолохъанчи хІинкъани,
ХІалихьатлъун лъугьани,
Гьев вижараб росдал халкъ
Намуслъун багІарлъула.

ГьитІиназда абула
ГьитІинлъиялъ хІинкъанин,
ЧІахІиязда эбула
Херлъун гІайиб кканилан.

ГІолохъанчи сорони,
Сурула гьев думалъго.
Гьесул гІайиб бацІцІине
ГІилла гьечІо кибниги.

**САГІТИЛ ХЪАРАВУЛАЛ**
Зик-зак, зик-зак, зик-зак,
ТІинкІ-тІанкІ, тІинкІ-тІанкІ,
тІинкІ-тІанкІ,
КІутІ-кІатІ, кІутІ-кІатІ,
кІутІ-кІатІ,
РагІулищ, гІенекке гьал
гьаркьазухъ.

Гьаб дуниял борцунеб
Лъабго роцен кинигин,
Гьаб дуниял сверулеб
Лъабго спутник гІадин,
Гьаб дуниял цІунулеб
Лъабго хъаравул гІадин,
Хъаравулзаби руго
СагІаталда сверулел.
Цояб – бищун гьитІинаб,
Бищуи битІун борцунеб,
Бищунго гІедегІараб, –
ГІенекке гьезул харбихъ:
«Зик-зак, зик-зак, бицинищ
Щай дун гІедегІун бугеб? –
ГІолохъанлъун бахъине
Бокьараб лъимер буго».

КІиабилеб гьоркьохъеб
Гьаб сабураб хъаравул,
Сордо-къоял, век – гІумру
ГІаламалъул борцунеб:

«ТІинкІтІанкІ, тІинкІ-тІанкІ,
бицинищ
Щай дун гІедегІулареб? –
ГІолохъанал гъуждузда
Дуниял баччун буго».
Лъабабилеб хъаравул
Бищун кІудияб буго,
КІудняб свери гьабун,
Цогидалгун дандчІвалеб:
«КІут-кІатІ, кІутІ-кІатІ, бицинищ
Щай гьадин дун сверулеб? –
Цебего нахъа тараб
ГІолохъанлъи бихьизе».

Гьедин сверулеб буго
СагІтил лъабго хъаравул,
Лъабго яц кинигинан,
Лъабго гІел кинигинан.

– ГІолохъаби, балагье
СагІтил хъаравулазухъ,
Саназул гьокоялъул

ГьечIо чIараб замана.

Балагье, хIалтIулелъул,
Балагье сапаралда,
Балагье гьудулалда
Данде чIвазе унелъул.

Балагье, духъ балагьун
Поезд лъалхъизе гьечIо,
Балагье, дуца абун
Унеб гIор чIезе гьечIо.

Дидаги ккун букIана,
Дица кечI ахIизегIан,
Яги дун ворчIизегIан,
Хъаразулал лъалхъулин.

Амма гъол лъалхъуларо, –
ГIолохъанго ахIе кечI.
Хадуб ахIизе тараб
АхIичIого хутIула.

БахIараб заманаялъ
АхIул цIумлъун вукIинчIев,
ЦIумлъун вахъине гьечIо
ХIанчIи кквеялъ, ана мех...

ТIинкI-тIанкI, тIинкI-тIанкI, тIинкI-тIанкI,
КIутI-кIатI, кIутI-кIатI, кIутI-кIатI,
Зик-зак, зик-зак, зик-зак...
РагIулищ?! ГIенекке гьал гьаркьазухъ,
ГIенекке гьал бакъназухъ.

## САГIТИЛ КЬАБИ

СагIтил хъаравулзаби
Цоцаде цолъаралго,
Цо магIарул эмен-вас
Данде чIванилан ккола.

КIиязго гьез къвал балеб
Къокъаб лахIзат щварабго,
Зир-зваргъ, зир-зваргъ,
Звари букIуна цIурмил.

Зир-зваргъ – рогьана,
Зир-зваргъ – сордо бецIлъана.
Зир-зваргъ – ана сагIат,
Сордо, къо, хасел, лъагIел.

Зир-зваргъ – рагIулищ,
ГIенекке, ярагъ борче,
ХъахIлъи рехулеб буго,
Гитлер вачIунев вуго.

Зир-зваргъ – рагIулищ,
ЦIодор рукIа.
Кьижуге, цIуне улка
ЦIиял Берияздаса.

Зир-зваргъ – щвана мех
Гьанже хурзал рекьизе,
Йокьулелда къвал базе,
Лъимал дарсде ахIизе.

Зир-зваргь – нахъа тана
РикIкIадаб гьитIинаб мех,
Гьале бачIана, щвана
Гьалдолеб гIолохъанлъи.

Зир-зваргъ – бахана гIор,
Тана гIолохъанлъи нахъ,
Доб цояб рагIалалда
Буго чуги ярагъги.

Амма пандур буго дихъ,
Панаяб кечI буго дихъ,
Гьалдолеб бахIараб мех,
АхIила дуде сарин.

Цин васазе ахIила
Гъулакгун кини кIикIун,
Цинги дийго ахIила
ХIасратаб гIишкъул сарин.

Зир-зваргъ –
ГIенекке кочIохъ.

## ХЕРАСУЛ КЕЧI

Чуял хIихIилел руго,
Чуял хIихIилел руго.
Киб бугеб, бахIараб мех,
Гьанже лъикIан дихъе мун.

Гьаб гIансаги цIадаб лъун,
ГIарадакье кьвагьизе,
Кьалулъ араб бахIарлъи,
Гьанже лъикIан дихъе мун.

КучIдул ахIулел руго,
КучIдул ахIулел руго.
Дир ахIи рагIичIого,
ЧIун буго дандерижи.

Дир бахIараб мехалъул
ХIайранаб гIищкъул сарин
Жакъа гIолилахъе кье,
Кьурабалъ дандерижи.

Цо ясалъул берцинлъи,
Цо ясалъул берцинлъи, –
Нусго хазина кьела,
Кье дир къоло щуго сон.

Цо нухазул халалъи,
Цо нухазул гIатIилъи,
ГIолохъанлъи, ваче дун
Дуда цадахъ, нахъ тоге.

Огь, цебесеб дир гьунар
Жакъа гьунарлъун гьечIо.
Цебесеб бахIарчилъи
Жакъа хIинкъилъун буго.

Цебесеб доб дир гIакълу
Жакъа гIадаллъун буго.
Цебесеб дир хIакъикъат
Жакъа мекълъулеб буго.

Жакъа тIекълъулеб буго,
Жакъа рекълъулеб буго,
Бакънал хисулел руго, –
Кье дихъе гIолохъанлъи.

Гьедин гуро, гIолилал,
ГIенекке нуж херасухъ,
ХинкIал чIахIалъунилан
ЧIухIун гаргадуге нуж.

Дун нужер гурин ккани,
Хабар хадуб бицина,
Херлъун гьанже дир гIадин
Нужер канлъи хварабго.

ЦIваби кенчIолел руго,
ЦIваби кенчIолел руго.
Киб бугеб гIищкъул барти? –
Кье дихъе гIолохъанлъи.

Ралъад гьелчолеб буго,
Ралъад гьелчолеб буго.
Ваче дун ахалъуде, –
Кье дихъе гIолохъанлъи.

ЙикIана дир йокьулей,
Нужер йиго йокьулей;
БукIана долъухъе нух,
Нужерги нухал руго.

Нухал захIматал руго,
Нухал халатал руго,
Нуха херасул гIакълу
Босулаан гIащикъас.

Гьеб гIакълу босун араз
Ясалда къвал балаан.
Херасул гIакълу босе,
ГIолохъаби, нужеца.

Гьеб гIакълу цадахъ босе
БахIарчилъи-гьунаралъ,
Пандрил кIиго чIва гIадин,
Рекъон ккола цинги иш.

Гьеб кIиго бакал буго
Цоцалъ тункун гьекъолеб, –
ЦохIогоялъ гьекъон тей
ТIубараб букIунаро.

Дунял тирулеб буго,
Дунял гьалдолеб буго.
Гьалдолеб гIолохъанлъи
Дихъе кье, гьудулзаби.

Кини кIикIулеб буго,
Кини кIикIулеб буго.
Киб бугеб дир бахIарлъи?
Дица ахIулеб буго.

## ХЕРАВ ЧИ, БИЦЕ ДИДА

– ГIодов вукIа, херав чи,
Хабар бугин дир дуде.
Хасалил сордо буго,
Гъасда бакун цIа буго.

Дида лъала, дир ригьда
Дуца гьобол цIуничIо.
Гьанже кин вукIунев мун,
Квер магжида лъолелъул?

– Доб мехалъ хIинкъана дун,
ХIинкъуге гIолохъаби.
Лъимал гIезе лъугьингун,
ГIумруялъ нечана дун.

– Цоги суал буго дир,
Сабру гьабе, херав чи,
Дида лъала, дир ригьда
Дуца гьудул гуккана.

Гьанже, кин вукIунев мун,
РакI паракъат бугищ дур,
РикIкIадисев гьерсилав
Дурго сурат цебе чIун?

– Дица гьудул гуккана,
Дирго лъимал гуккана,
Лъимал гIезе лъугьингун,
ГIумруялъ нечана дун.

– Дица гьикъулеб буго
Дирго гIелалъул рахъалъ.
ГIенекке, цоги суал,

Санал арав херав чи.

Дида лъала, дир ригъда
Дуца гъудул вичана,
Дур гьерсилал мацIаца
Гьев гIолохъанго чIана.

ЧIаго хутIарав херав,
Хал гьабе улкаялъухъ,
Араб заман цебе чIун,
БачIунарищ духъе нич.

– Доб мехалда хIинкъана,
Доб мехалда божана,
Лъимал гIезе лъугьингун,
ГIумруялъ нечана дун:

Дирго гьерсазе гIоло,
Дирго цIогьалъе гIоло...
ЦIодорго рукIа, васал,
ЦIуне гIолохъанго яхI.

## ЦО ХАБАР

Гьаб иш ккана магIарухъ,
Дун гьитIинаб мехалда;
Радал хуриве ана
Херав чи цадахъ васгун.
БукIана гIидрадул къо
ГIаздалъан тIегь баккулеб.
Вуссана херав рокъой
Бакъул къо магъилъги тун.

– КигIан хекко мун щварав,
Щиб дуе лъугьараб жо? –
Щакърахуна херав чи,
Жаваб кьезе кIоларо.

– Мун унтунищ, щиб ккараб,
Кив тарав гIолилав вас? –
Херасул магIил гарал
Гирун уна магжилъе.

БухIараб бакъулаб къо, –
Къварилъи гIадамасул.

– ГIодов чIа, херав, бице.
– Бицинаро дица гьеб.
Гьабилеб жо лъаларо,
Лъимал, лъимал, лъимал нуж...
Жакъа къо бихьизегIан,
Къаникье щай инчIев дун.
– Лъеца восунищ арав,
Кьурулъанищ вортарав,
Кьурараб михъ гIадинав
Дур васасе ккараб щиб?
– Лъеца восунги инчIо,
Кьурулъанги вортичIо,
Гьеб кинабго кIочонеб
КIудияб балагь ккана.
– Кинаб хабар, херав, дур,
Хвелалдаса квешаб щиб?
– Хирияв васас жакъа
Дун вухана, гIадамал.
Цин вагъана, семана,
Цинги гIадалъ тIил бана, –
ГIодана агьиялда
Аваразул херав чи.
Огь, нахъегIанаб рогьо,
Огь, пасатаб инжитлъи,
Гьеб мугIрузда, бихьанищ,
Гьеб гIоразда лъалебищ?
ГIумру кьурав инсулгин
Кьал гьабулев бихьинчи,
Ваче гьанив вихьизе,
Вухьа-къан къеда вазе;
ТIалде тун хIацIуялъул
ХIорги гьабун гъанкъизе,
РечIчIанщинал ганчIазул
ГохIалда гъорлъ вукъизе;
Эменгун вагъулев вас,
Инсуда кьабгIулев вас
Кьурул рагIалде ваче,
Гъванщида мугьруги чIван.
Хъудана мугIрул росдал
Нусго кIал, цо кIал гIадин,
КIкIалахъе щварал гIорал
Кьурда речIчIарал гIадин.
Гьеб гIоралъ восилаан
Инсул хIалихьатав вас,
Росдал жамагIаталда,

Херав кIалъачIев ани!
Ва амма херав чияс
Хабар гьабуна гьадин:
– ГIадамал, дир васасе
Щибго тамихI гьабуге,
Гьесулъ гуро, дилъ буго
Бищун кIудияб гIайиб.
Дида ракIалда буго
РикIкIад тараб бахIарлъи,
Дицаги яхI дир чIвана
Гьадабго хурул ссанда.
Дицаги херав эмен
ТIилги босун вухана,
ТIимугъ гIадин сукI-сукIун,
Пакъир гъов гIодов ккана.

Дида кIочон толаро
КIудиясул нагIана:
– Вас, цохIо мурад бугин,
Мун херлъизегIан гIеги.
Хадуб бахIарав васас
Дие гьабураб гьабе..:

Гьеб нагIана бачIана,
МагIарулал, балагье,
Васасул гIайибалъе
Дун гIайибав вукIана.

Херасул хабаралъухъ
ГIенеккараб жамагIат
Жиде-жидер ишазде
Рукъ-рукъалъуй буссана.
Амма киналго соназ
Гьаб ккараб иш кIоченчIо,
Дица гьаб кечIалъулъги
Гьелъул нечон бицуна.
– Бищунго инжитав щив?
– Эменгун вагъулев вас.
– Дагьавги инжитав щив?
– Эменгун вагъулев вас.

## ГIУМРУЯЛЪУЛ КЪИСА

Жеги гьулакалда тIад
ГьитIинаб мех ахIдола:

– Аман, дир чу киб бугеб? –
КватIуге бахIарлъиян.

БахIарлъиялъ ахIула:
– Унеб бугин дир барти,
Дун рехун хадусала
Хадур рачIунез кквеян!

Цинги херлъи угьдула:
– Хвалил моцIрода бугин
Хирияб гIолохъанлъи,
ГIумрудул чу къан баче!

Огь, яшавалъул къиса
Къо буго, сордо буго.
Огь, сариназул магIна
МегIер буго, кIкIал буго.

## ГЬАКАЛ

Цоязул гьакал руго
Гъоркьа тIараде унел.
Цоязул гьакал руго
ТIаса гIодоре унел.

ГIолохъанлъи, дур гьоко
Тархъанлъиялда буго,
Дуца хадуб цIан унеб –
ЦIер гIадин дунял буго.

Цоязул чуял руго
ТIад регарал гьулакал.
Цоязул чуял руго
Черх гьетIараб тIил-гIанса.

ГIолохъанлъи, дур барти
Зобазде хIихIидула.
Гьелъул тIикъва-магIаца
Бакънал кирго рачуна.

Цоязул рокьи буго
Макьилъги сариналъги,
Цоязул гьеб рикIкIада
РакIалдещвеялъ буго.

Дур рокьиялъ абуни
Сородилеб куцалда,
Каранде къан къочулеб
ТӀолго берцинлъи буго.

Цояца гьанже-гьанже
Рачел борчунеб буго,
Цогиязул борчараб
Чучун бортулеб буго.

Цоязул цаби руго
Гьанже-гьанже раккулел,
Цогиязул кӀалгӀабахъ
Гьури буго пештӀелеб.

Цоязул гьумералда
ХӀетрас баккулеб буго,
Цогиязул хӀуларал,
Къуларал бутӀрул руго.

ГӀолохъанлъи – махх гӀадаб,
Къараб рачел чучичӀеб,
Чухъадул руцабилъун
КӀалдир цаби кенчӀолеб,
Кьурараб михъ даличӀеб,
Даим бетӀер къуличӀеб.

Дида лъазе кӀоларо
КӀичӀ-кӀичӀараб гӀумрудул
ГӀорхъи кибехун бугеб,
Гьаб лъабго ригь хисулеб.
Дир гьоко, киб бугеб мун,
ТӀараде бахунебищ,
Яги тӀаса гӀодобе
Гирун унебищ бугеб?

Киб тараб гьитӀинаб мех?
ГьитӀинаб росдал гӀурда.
Киб бугеб гӀолохъанлъи?
Дир гӀишкъул сариназулъ.
Киб бугеб мун, дир херлъи,
Дир хаслихълъидул ахир?
Дида лъазе кӀоларо, –
Лъабго нух бикьун буго.

Дилъ жеги рокьи буго,
Дилъ жеги къуват буго,
КъваригIанищ – буюре,
Бачуста, инсул улка!

Амма букIананиги
РекIелъ саназул гьоко,
Цебеялде данде ккун
ГIедегIун унеб буго.

Бакъ тIалъи тун арабго,
ТIелхал бакIлъулел руго.
ТIад буссун гьеб щвелалде,
ЩуцIул ворчIулев вуго.

БукIаниги цIияб кечI,
ЦIияб къоло щуго сон,
Къала дица каранде, –
ЧIахъаги бахIараб мех!
ЧIахъаги дир ихдалил
ГIакълу гьечIеб берцинлъи!
ЧIахъаги хаслихълъидал
Хабар гьечIеб цIодорлъи!

## ЛЪАБГОЯЛ

Буго умумузул кечI,
Буго гIолилазул кечI,
Буго лъималазул кечI,
Лъабазулго батIияб.

Лъабацаго цо къоялъ
Цого сарин ахIани,
Сверун унеб дуниял
Даим чIезе букIана.

Лъабазулго хиялаз
Хурхун цоцалъ къвал бани,
Къец гьечIеб чIалгIеналда
ЧIаголъи лъугIилаан.

Гьедин букIине гьечIо,
ЦIилъи лъугIизе гьечIо;
Цо кверда щуго килищ –
Киналгоги релълъинчIел.

БукIа умумузул кечI,
БукIа гIолилазул кечI,
БукIа лъималазул кечI, –
Лъабазулго батIияб.

Ихдалил кучIдул рукIа,
Хаслихъе кучIдул рукIа,
Хасалил кучIдул рукIа, –
Киналниги батIиял.

Умумуца гьудуллъи
Умумузулгун гьабе,
ГIолохъабаз гьудуллъи
ГIел цоязулгун гьабе.

Лъималазул гьудуллъи
Лъималазулгун букIа, –
НекIсияб закон буго
Кидаго хисулареб.

**КИНИДАХЪ АХIИЗЕ**

ВахIатута, хIатута,
Дир гьитIинаб хIинчI, кьижа!
Жеги дур куркьбал гьечIо,
Гьава борхатаб буго.

Гьениве мун вахине
Нух лъолев вуго эмен,
РикIкIада руго цIваби,
ЦIад балеб буго сверухъ, –
ахх, ахх, ахх!

ВахIатута, хIатута,
ХIайранаб ччугIа, кьижа!
Жегиги кьерхун буго,
Океан квачан буго.

Гьелъул карачелабалъ
КвачI балев вуго эмен,
Гъоркь тIину бихьуларо,
ТIад рагIад бихьуларо, –
ахх, ахх, ахх!

Ва хIатута, хIатута,
Дир хIикматаб чан, кьижа!
Кьурабалъ нухал гьечIо,
Рохьалъ балъголъи буго.

Гьеб балъголъи рагьизе
Рогьалилъ ана эмен,
Жеги нахъе вуссинчIо,
Вуссинищан лъаларо, –
ахх! ахх! ахх!

ВахIатута, хIатута,
Дир хIасратав вас, кьижа!
Мун хекко кIудияв гIе,
ГIемерал ишал руго.

Инсуца дур къаданиб
ЦIулал ханжар лъун буго,
Хадуб гIужда борчине
БатIияб къачIан 'буго, –
ахх! ахх! ахх!.

**ХЕРАВ БАХIАРЧИ, БИЦЕ**

– Херав бахIарчи, бице
Щайзе мун ццидалъ вугев?
– ХIалихьатав вас вихьун,
Гьесда бахъараб цциналъ.

– Бице, бищун кIудияв,
Нужер заманаялда
ХIалихьатав васасе
Инсул букIараб гIадлу?

– ГьитIинаб хIалихьалъи, –
ТIилил букIана гIадлу.
Гьоркьохъеб хIалихьалъи, –
ХIараялъ вухулаан.

КIудияб хIалихьалъи, –
Ханжроца тIубалаан.
Харбал руго гIемерал
ГIоштIоца тIубаралги.

– Бице, хадув кIудияв,

Нужер заманаялда
ХIалихьатав васасе
Инсул букIараб гIадлу?

– ГьитIинаб хIалихьалъи, –
БетIер бухун толаан.
Гьоркьохъеб хIалихьалъи, –
ТIилалъ мугъ бухулаан.

КIудияб хIалихьалъи, –
Гулица тIубалаан.
Цо-цояца къотIарал
БутIрузулцин бицуна.

– Бице, хадув кIудияв,
Нилъер заманаялда
ХIалихьатав васасе
Инсул щиб гIадлу бугеб?

– ГьитIинаб хIалихьалъи
Гъоркьан биччалеб буго.
Гьоркьохъеб хIалихьалъи
Гьоркьоб кIкIван унеб буго.

КIудияб хIалихьалъи
ТIасан боржунеб буго,
Цо-цояца жеги гьеб
Гьунарлъун толеб буго.

Замана бахъанагIан,
ГIадлу дагьлъулеб буго
Дуниялалъул рокъоб
ХIалихьатал чагIазе.

## КIИГО НАГIАНА

РекIеда магIал кьабгIе, –
МагIал гуро гьел ругел
МагIарул нагIанабалъ
КIиго нагIана буго.

КIиябго гьеб рагIана,
КIиго магIарул кьибил
Кьабезе ккараб мехалъ,
Руччабазул кIалдисан.

Гьеб букIана кIиго ццин,
Цоги гьединал лъачIо.
Цоялъ абуна гьадин,
Гьеб дида кIоченаро:

– Дуе вас гьавуравго,
Гьесда гIакълу малълъизе
ГIадан ватугегийин
Дуниялалъул рокъов.

Дандиялъ жаваб кьуна,
Жакъаги рекIелъ руго,
Рагъидал тIохде яхун,
Гьелъ рехарал рагIаби:

– Дурго вас гIураб мехалъ,
Гьесул гIакълу босулев
ГIадан ватугегийин
Дуниялалъул рокъоб.

РекIеда магIал кьабе, –
МагIал гуро гьел ругел,
МагIарул нагIанабалъ
КIиго нагIана буго.

## ЦО МУРАД

ГIемерал мурадазулъ
Цо мурад буго рекIел:
Дидаса лъикIаб букIа
Дир лъималазул гIумру.

Дидаса лъикI ал рукIа
Дир лъимал гIун рачIунел,
Дидаса лъикI ахIаги
Лъималаз цIиял кучIдул.

Гьеб, азарил соназул
Умумузул цо мурад,
Цадахъ босила дица
Васазегим ясазе.

Диялдаса лъикI къалъе
Къоял дир лъималазе,

Дида лъачIеб лъа макъу
Лъималаада рогьалилъ.

Дир киналго рохелал
Чвахе дир лъималахъе.
Дир киналго унтаби
Ине те тушбабахъе.

ГIемерал мурадазулъ
Цо мурад буго инсул –
Васал жинда данде ккун
Жеги лъикIал рукIине.

## ЛЪАБГО МАГIАРУЛ ЛЪЛЪАР

Сахал чагIи сах таги,
Квешал чагIи квеш таги!

Хабар лъикIаб батаги,
Лъималаз рохел кьеги!

Хекко кIудияв гIеги,
ГIолохъанлъи унгеги!

## ГIОЛОХЪАБАЗУЛ ТАЛИХIАЛЪУЛ КЕЧI

Мун талихIав ватани,
ТалихI бихьизе гьабе.
Баче квер, баче квер,
Баче, гьудул, кьабун квер!

Дур рекIелъ рохел бугищ,
Бахчуге, гIахьал гьабе.
Кьабе хъат, кьабе хъат!
Кьабе, гьудул, цадахъ хъат!

Дур гIишкъу ккун батани,
ГIемер накъит жибго те.
Жеме къвал, жеме къвал,
Жеме габур сверун къвал!

Рокьанищ, нахъе къаге,
Къоти цIан бертин гьабе.
Кьурде-гьарс, кьурде – гьарс,
ХIетIе кьабун, кьурде – гьарс!

ГIию!

* * *

– Мун киса, гIолохъанлъи?
– КиналгIаги бакIалъа.
– Дур рукъзалги къватIалги?
– Киналго рукъзал, къватIал.
– Дур улбул, дур гIагарлъи?
– КиналгIаги гIадамал.
– Дур росаби, шагьарал?
– КиналгIаги дир руго.
– Дур мугIрулгин авлахъал?
– КишалгIаги дир руго.
– Дур ватIан, гIолохъанлъи?
– ТIолго улкаби руго.
– Гьезулъ бищун бокьулеб?
– Дунго гIураб ракь буго.
ГIагараб рокъоб буго
Дунялалъул байбихьи.
Гьеб буго иццул бетIер
Ралъдалъе унеб лъадал.
– Дур миллат, гIолохъанлъи?
– КиналгIаги миллатал.
– Дур мацI, цIар, гIолохъанлъи?
– Киналго мацIал, цIарал.
– Дур кучIдул, гIолохъанлъи?
– Киналго лъикIал кучIдул.
– Гьезулъ бищун бокьулеб?
– Эбелалъул кечI буго,
Гьелъ кинидахъ ахIараб
Дирго инсул хIакъалъулъ.
Гьеб лебаллъиялъул кечI,
Кваркьаби руго гьелда.
Гьеб кечIалъ вачана дун
Кинабго дунялалде.
– Дур рокьи, гIолохъанлъи? –
 Кидаго гьалдолеб цIа.
– Гьинал рекIел ццин, бице?
– Кидаго гьалдолеб цIа.
– Дуца бараб ригь бице?
– Кидаго гьалдолеб цIа.
ГьечIо дир хвел, гьечIо ригь,
Рагьун буго дир горду,
Ригь гуро, гуч буго дун,
Ригь гуро, хеч буго дун,

Ригь гуро, газаргъодул
Алхунареб чІор буго.
Ригь гуро, куркьбал руго,
Кинабго гІаламалъул,
Ригь гуро, рогьел буго,
Кинабго гІумруялъул.
Дун гьечІони ссуна цІа
ЦІер гІадин дунялалда.
– Дур дунял, планета?
– Киналго планетал.
– Гьезулъ бищун хирияб?
– Хирияб ракь – дир дунял.
Дун жиндица цІунараб,
Дица цІунизе кколеб,
ЦІвабзахъе дун вахине
Дица мали чІван бугеб.
– Дур нухал?
– Ахир гьечІел.
– Унев киве?
– РикІкІаде.
Дол киналго зобал дир,
Даимаб гІолохъанлъи!

**МУН ГЬУДУЛ ВАТАНАНИ**

Мун гьудул ватанани,
Гьале дир квер – дур буго,
Гьале дир ракІ – дур буго,
Гьале гІумру – дур буго.

Мун гьобол ватанани,
Гьале дир рукъ дур буго,
Гьале дир чед – дур буго,
Гьале дир кечІ – дур буго.

Мун унтарав ватани
Гьале дир би – дур буго.
Мун хІинкъарав ватани,
Гьаб дир хвалчен дур буго.

Мун вакъарав ватани,
Дир хурзал бащадал дур.
Мун къечарав ватани,
Дир иццал бащадал дур.

Мун квачарав ватани
Киналго дир цIаял дур.
Мун пашманав ватани,
Гьаб дир рохел бащдаб дур.

Мун гьитIинав ватани,
Дица кодой вачина,
Канлъийилан, дарманин,
Дир хирияб цIвайилан.

Мун цIикIкIарав ватани,
Дица бетIер къулила,
Къо бакьулъе щвезегIан
Квер ккун дун вачаралъухъ.

Рохелалъ мехтиларо,
Унтиялъ угьдиларо,
Данде гьерсихъан чIвани,
Гьале дир букъараб зар.

Мун тушман ватанани,
Гьале дун, гьале ярагъ
Рагъ букIина ахираб –
Рехе буртина гIодой!

## ЦО МАГIАРУЛ МАРГЬАЯЛДАСА

– АсаламугIалайкум, кIудияв чи.
– ВагIалайкум салам,
гIолохъанчи.
Дур чу гIетIул цIун бугин,
ГIедегIарав киве мун?
ГIодов чIа, хабар бице,
Херасул гIакълу босе.
– Замана гьечIо, херав,
Хехаб къваригIел буго,
Къасиялде ханасул
Гьундухъе щвезе ккола.
Гьениса гьайбатай яс
Йосун чол кьолода лъун,
Кьабизе ккола дица –
Хадуб бицина хабар.

Гьедин ана нухлулав,
Цо къо ана – вуссинчIо,

Цо сон ана – вуссинчIо,
КIиго ана – вуосинчIо.
Лъабабилеб соналде
Хабар рагIана гьесул,
Гъежде хулжалки рехун,
Ханжу гьарулев вугин...

– АсаламутIалайкум, херав чи.
– ВагIалайкум салам,
гIолохъанчи.

Мун тIедегIарав киве,
ГIодов рещтIа, нухлулав?
Щиб лъалеб сапаралда
Дир гIакълу къваригIинеб.
– Замана гьечIо, херав,
Хабаралъе рещтIине.
Ханасул яс ячине
Бухьараб сапар буго.
Гьеб сапаралде арав
КIудияв вац вуссинчIо.
КIиго-лъабго сон ана,
Лъаларо кив хутIарав.
Гьедин ана нухлулав,
Цо къо ана – вуссинчIо.
Цо сон ана – вуссинчIо.
КIиго ана – вуссинчIо.
Лъабабилеб соналде
Хабар рагIана гьесул
Кивалиго гIухьбузул
ГIачи речIчIулев вугин...

– АсаламугIалайкум, херав чи.
– ВагIалайкум салам,
гIолохъанчи.
– Мунго дуйгойищ гIелев,
Дунги къабул гьавилищ?
– РещтIа, рещтIа, нухлулав,
Хабаралъе гIодов чIа.
ХинкIал рахъилалде, цин
Киве вахъарав бице?
– КIудияв чи, гIакълу кье,
ГIемер жо лъаларев дун,
Лъади ячине вуго
Ворча-къан, къватIив вахъун.

Ясай йиго чIухIарай,
ЧIей гьелъул буго гьундухъ.
Рахараб нусго рагьу
Рагьизе ккола дица.
Гьенив ана кIиго вац,
КIиявго нахъ вуссинчIо;
Харилъ рукIкIби киниги,
Кир тIагIарал лъаларо.
– Рихьулищ мугIрул лъарал
ЛъаргIире жал чвахулел,
МугIрухъ гIенеккичIого,
ГIедегIиялъ ракъвалел?
Лъар гIадин гIедегIуге,
ГIор гIадинан цIун чвахе.
ЦIар, гьунар буго гIакълу,
ГIакълу гьеб буго сабру...
Бицана гьесий хабар
Херас тIубараб къоялъ,
Мисалалъе – къисаби,
Къисабазулъ кицаби,
Кинабго гIасруялъул
Нус-нус бегIераб пикру.
Бицана, кинан ани,
Кинаб бакIалде щолев;
Щив нухда данде чIвалев,
Щиб жо абизе кколеб;
Кинан рагьу рагьулеб,
Кинан кIичIал ричIулел,
Кинан ячун меседу
Йосун чода тIад лъелей...
– Гьаб дица малълъаралде
Дурго гьунарги жубай, –
Херас, «нух битIагиян»
ТIовитIана гIолихъан.
Гьев чоде вахунелъул
Чангит кквезе вахъана,
Гьес мегIер бахинегIан
ТIохил рагIалда чIана.

Цо къо ана – вуссинчIо,
КIиго ана – вуссинчIо,
Лъабабилеб къоялда:
– АсаламугIалайкум! –
ГIолилас чол кьолода
Чан гIадин ккун йиго яс.

КенчIолеб буго гьумер,
КенчIолеб буго лага...
Заман гьоркьоб иналде
Гьезул берталъе ккана.
Кодоб босун чIагIдал рагI
Лъиялъеян гьекъана.
КIудияоул гIакълуги,
ГIолиласул гьунарги,
Данде цолъараб сагIат
Саламги кьун баркана.

Кьурдана, кечI ахIана,
НекIсияб пандурги хъван.
Гьаб буго къокъаб хIасил
Нусго дир маргьуялъул.

**ЦО МАГIАРУЛ ХАБАРАЛДАСАН**

РукIанила, рукIинчIила
Хундерил тIалъиялда
Цо ханасул лъабто вас, –
Хадур цере гьарурал.
Лъабавго вас гIуравгIан,
ГIолихъан – хан херлъана, –
Херлъи къалаз цIун кьола,
БахIарлъи сахIаз кьола.
Лъабго вас щулалъана,
Щокълъун эмен унтана, –
Унти санаца борце,
Сахлъи сатIаца борце.
Цо лугби щулалъула,
Цогидал щущан уна,
ЦIакъго тIемер ретIараб
РетIел гIадин тIутIула.
Унтарав херав ханас
Васал аскIор ахIана: –
БахIарзал, буго дару
Дун лъилъулеб цого-цо.
– Кинаб дарман, бице хех,
Хирияв нижер эмен? –
Роржина ниж зодоре,
Ина ииж ралъдал тIинде;
Дунял-гIалам хъирщила,
Хъвалхьун ракьгун батила,
Бице, киб бугеб сабаб,

Мун сахлъулеб, лъилъулеб?
– Дун сахлъила, лъилъила,
Дида лъан хадусала
Лъимал гурел, нуж, гІурал
ГІолохъаби дир рукІин.
– ГъалбацІил михъал ругел,
Ниж гІолохъаби гурищ?
ГІарцул хунжрул рорчарал,
Ниж гІолохъаби гурищ?
– Михъал гъалбацІил гурел
Катидаги рукІуна;
Ханжар чергесаб гуреб
Черхалдаги борчуна.
Дица нуж лъабаздаго
Лъаб-лъаб хІалтІи тІад къала.
Гьеб тІубазе гьабуни,
Руго нуж гІолохъаби.
– Абе, гІагарав эмен,
ГІенеккун руго васал.
Азарго хІалтІи тІад къай,
ТІубазабун руссина.
Херас лъабго иш къана
Лъабавго васасда тІад.
Лъилго кумек гьечІого,
Жинца-жинца гьабеян.
Цо, рикІкІада къваридаб
Къоралъул тІинда бугеб,
ТІад магІарул иццул лъел
Хъабаги цІун вуссине,
Гьеб къорил ахалъуда,
Иццул рагІалда бегун,
Аздагьоги бугебин,
ТІаде жубана херас.
Хадусеб цоги мурад,
Цо борхатаб магІарда,
Гъугъай пиригун кьабун,
Кьурда гъураб цІа буго.
Гьеб хъатиниб лъун босе,
Нилъер гъасда бакизе.
МагІарда гьури буго,
Гьеб свине бегьуларо.
Цогиги лъабабилеб,
Бищун хирияб тІадкъай –
МугІрул хъачІал тІалабахъ
ТІорщел бижизе гьабе,

Гьеб тIорщел ххун гьабураб
Панкъил мочIу кванани,
Киналго дир унтаби
Унин абуна херас.

Ана тIоцевесев вас,
Инсул бищун кIудияв;
Ана заман, вуссана,
Инсуда цеве чIана.
Босанищ лъин?
– Гьале, ма!
Гьекъана, нахъе къуна, –
– Гьеб доб дица бицунеб
Иццуниса гурилан.
– Босанищ цIа?
– Гьале, ма!
Балагьана, пунщана:
– Дица цоцалъ хъат къабун
Бакулин гьединаб цIа.
– Рекьаралищ тIалаби,
ТIорщел бакканищ доба?
– Бекьулеян вукIана,
Кьурда пуруц рекIинчIо.
Кьурун вуссана эмен:
Вас, дур бажари гьечIин.
Оц гIанасев гIуниги,
Мун гIолбхъанлъун гьечIин.

Ана кIиабилев вас,
Инсул хадусеб божи,
Ана хасел – вуссана,
Инсуда цеве чIана.
– Босанищ лъин?
– Ма, гьале!
Гьекъана:
– Гьаб буго доб
Дида лъалеб къваридаб
Къорил тIинда иццул лъин.
– Босанищ цIа?
Ма, гьале!..
– Йохъ гьеб бегьун гьечIо дур, –
Гьабихъищ гьаб батараб?
Корохъайищ босараб?
– Рекьаралищ тIалаби,
ТIорщел бакканищ доба?

Данде жаваб гьабичIо,
Гьоркьохъев вуцIцIун чIана.

Инсуца квер хьвагIана;
– Кида гIелев, бице, мун? –
Жеги гIолихъан гьечIо,
ГIергIанаб лага буго.

Ана лъабабилев вас,
Инсул бищун гьитIинав...
Заман ана, вуссана,
Инсуда цеве чIана.
– Киб бугеб лъин?
– Гьале, ма!
Гьекъана:
– Баркала, вас.
– Киб бугеб цIа?
– Гьале, ма!
– Бегьана!
Баркала, вас.
– Дол тIалаби рекьанищ,
ТIорщел доба бижанищ?
– Гьале доб тIорщелги ххун,
Ханждал гургаги панкъги.
Инсуца бекун квана, –
Кинаб хIикматаб тIагIам:
– Баркала, гIолохъанчи,
ГIуна гьанже цо дир вас.
Гьанже хвелги хвел гуро
Хирияб дунялалда.
Херав дида данд чIвана,
Жакъа дир гIолохъанлъи!

## ГЬАГЬАЗУЛ КЪИСА

МугIрул Дагьистаналда,
Дун гIураб тIалъиялда
ГIемерал чагIи руго
Нусго сон свераниги,
Сах саламат тирулел,
Тарараб кIалъай гьечIел,
КIалдиоа ца бортичIел,
Бадиса канлъи инчIел.

Гьелъие гIишла щибан

ГІадамаз цІехарабго,
ЩІада рагІун букІана
Дица бицунеб къиса.

Къисаялъулъ бицуна
ЩІакъ цебесеб мехалъул,
Чиясул гІумруялъе
ГІуж чІвараб бакІ букІанин.

Ункъого сон барабго,
Васазда умумуца
Унел ругин, къо щванин,
Къо лъикІан абулаан:
Лъималаз херал улбул
Жеги хун гьечІониги
Хабалъе рачунаан,
Гьагьазда жанирги лъун.

Гьурмадасан беролеб
МагІуги гІетІги буго –
ГІадаталъ гъежда лъураб
БакІлъиялъул къварилъи!
Баччана гьеб гІолилаз
Ничалда тІад хІетІги чІун.
Амма гІадаталдаса
ГІамал ахир бергьана.
Багьадураб васлъиялъ
Асирлъи нахъе гъуна.

Иш букІана гьадинан,
Бицуна гьеб къисаялъ:
РикІкІада мугІрул росулъ
БукІана гІаздалаб къо.

ВукІана пуланав вас,
Гьагьинив эменги лъун,
Гьесие хоб бухъулев
Росдал цо рагІаллъуда.
БукІана квачараб къо,
БукІана цІорораб ракь,
ЩІа рехула газаялъ,
Бухъун бахъунаро хоб.
Гьеб мехалъ гьагьинисан
Херав эмен кІалъана:
«Хирияв вас, бегьилищ

Дуй кумек гьабизе», – ян.

Керен унто-унголъун
БухIун ана васасул.
«Цоги гьари бугилан»
Гьимун кIалъана эмен:
«Гьаб дун жанив вугеб гьегь
Жагъаллъизе тогейин,
Жакъа дун гIадин мунго
Дурго васас ваччизе».

Газа гIодой бортана
ГIолиласул гьеб мехалъ,
Гьагьиниса вахъана
Хвезе рес гьечIин эмен.
Вачана гьев росулъе,
Нусгониги сон бана.
Нусиялдаса хадур
Херас рикIкIунел гьечIо.

РикIкIад хутIана гIурхъи,
ГIуж чIвараб чIегIераб бакI.
ГIумруялъул лъалкIалъе
Лъицато лъоларо тIанкI.
Руго Дагъистаналда
Нусго сон барал чагIи,
Васазул хIасраталъги
Адабалъги цIунарал.

Дида ЦIада рагIараб
МагIарул къисаялъул
МагIна, хIасил босарал
Васаз умумул цIуне!
Амма нилъер къоязда
Данде чIвала гIолилал,
Жеги чIаго рукIаго,
Улбузе хоб бухъулел.

Гьезул тарихалдаги,
Гьезул гIумруялдаги
ГIагIаялда релъулел,
Сонисеб къо лъаларел.
Гьединаздасан цояв
КочIохъабалъ дандчIвайгун,
Дица гьесий бицана

МугӀрул гъагъазул къиса.

## ГӀОЛОХЪАНЧИ, ВАХЪА МУН

Хасалил гӀаздал сордо...
– ГӀолохъанчи, вахъа мун!
– Киве?
– Кивейилан гьикъанищ,
Рокъов вукӀа, вахъунге!
ГӀолохъанчи гуро мун,
Цогияхъе ина дун.

Хасалил гӀаздал сордо...
– ГӀолохъанчп, вахъа мун!
– Щай?
Щайин абун гьикъанищ,
Рокъов вукӀа, вахъунге!
ГӀолохъанчи гуро мун;
Цогияхъе ина дун.

Хасалил гӀаздал сордо...
– ГӀолохъанчи, вахъа мун...
Щайзе жаваб кьолареб?
– Кьолораб чу, гьале дун.
Лъабабилев гьикъарав,
Гьев вуго гӀолохъанчи.
Гьединаб аби буго
Аваразул халкъалъул.

Амма нилъер заманалъ
Сапаралъ рахъиналде
ГӀолохъабазда лъала
Кида, кире, щай унел.
Дицаги беццаб сапар
Гуро бугеб гъабулеб.
Гьунаралда лъазе те
МегӀералъул борхалъи!

Хасалил гӀаздал сордо...
– ГӀолохъанчи, вахъа мун!
– Берцинаб мурад бугищ
Берцинаб хӀалтӀиялъе?
Берцинаб мурад бугищ,
Вуго дун гӀолохъанчи.
Нух кье дие! Байбихьулеб буго сапар,

Байбихьулеб буго сарин.

## ХАБАЛ

– Гьадаб росдал васазул
ХIалихьалъи бихьулищ?
– Киб гьезул хIалихьалъи
Бихьулеб бугеб дуда?
– Умумузул хабазда
Низам гьечIо. Балагье!
ХIал турадал!

– Гьудул росдал васазул
Саламалъи бихьулищ?
– Киб гьезул саламалъи
Бихьулеб бугеб дуда?
– Умумузул хабазда
Хал гьабе, бугеб визам!
ХIал чIахъадал!

## ИНСУЛГУН ГАРГАР

– Эмен, дун гIодов ккана,
Кваранаб бох бекана.
– Нухдасан арав ани,
Щибго букIинароан.
– Эмен, нух къосун ккана,
Къаси гIаздакь хутIана.
– Дихъ гIенеккарав ани,
Щибго букIинароан.
– Эмен, дур гIумрудулги
Сухъмахъ гьетIараб буго.
– Дир сухъмахъал гьетIана,
ГьетIараб дунял букIун.
– Гьеб битIизе гьабизе
КвартIа кинан батилеб?
– КиназгIаги балагье,
Гьеб мехалда батила.
Нахъехунти хал гьабе,
Цебехунги балагье, –
Цинти бох бекиларо,
Цинги нух къосинаро.
Ва салам,
Ва калам,
ГIун бачIунеб гIел!

**БИЦЕ, ЭБЕЛ, ДИЕ ИНСУЛ**
– Щай мун, дир вас, къуларав,
Къварид балагьун чIарав?
– Бице дида, дир эбел,
Дир эмен щив вукIарав?
– Мун жеги гьитIин вуго,
Хадуб бицина дица.
– Хирияй эбел, бице!
Жакъа къватI чIван унаго,
Инсул рахъалъ бицунев
Цо кIигояв рагIанин.
Цоги – ясалъ абуна,
Гьелъул гордухъе щвейгун,
Жий щвезе бокьанани,
Эмен кIочон тейилан.
ДагIбаял гIемер руго
Умумузул рахъалъан.
Гьанже лъимер гуро дун,
Дуца кинабго бице.
– Дир гIишкъул кечI,
цIудул тIинчI,
Мун дир цIаялъул кунчIи,
Инсул хвалченги чуги
Гьеле дуе тун руго.
Гъос ахIарал саринал
Цо течIого дур руго.
Гъос бакараб рокъоб цIа
Дуе кенчIолеб буго.
Лъаларо, бокьараца
Бокьараб абизе те,
Умумул дур рукIана
Дудаса квешал гьечIел.
РукIана божи бугел,
РукIана рокьи бугел,
Рокьиялъ гъол гуккана,
Гъоз рокьи, вас, гуккичIо.
Цо-цо гъозул божиялъ,
Бец гьарун гъол тункана,
Амма божи-хазина
Хвел гьечIеб дуе тана.
Гъозул ракI пашманлъараб
Поездалдаса гуреб,
Цо-цо гьакал жагъалаб

Вагоналдаса буго.
Гъозие дуялдаса
ЗахIматаб букIана, вас,
Босун бихье, лъе гъежда
Гъоз баччанщинаб бакIлъи.
Гъоз таралщинал нухахъ
Хал гьабе, дир гьитIинав, –
Хабал, хабал дунял цIун,
ЦIадулал умумузул.
«ЦIодорго рукIайилан
Нуж нижер хирадалан»,
Хвалда цебе васазде
АхIана бахIарзаца!
Гьанжеги лъикI гIенекке,
ГIун ватани, рагIила
ГIолохъанго камурал
Умумузул кечI луда.
Гьеб кечIалъе хвел гьечIо,
Хирияб цIадул кунчIи.
Цо гьединаб ахIулел
БахIарзал рате цIиял.
Дур инсул рахъалъ рагIи
ГIадамаз абиларо.
Эмен дулъ ватанани,
Ма, босе досул хвалчен.

## ДИР МАЦIИХЪАБИ

Дир гьаракь рагIанагIан,
Гьудулзаби лъанагIан,
ГьитIинал къояздасан
РукIана мацIихъаби.
ТIоцересел дир кучIдуз
ГIураб росу бахингун,
Инсуца хъварал ругин
Абуна мацIихъабаз.
Дица гьезде абуна:
У, битIараб бугилан.
Эмен цеве вачIуна
КечI хъвалелъул гьанжеги.
Хадуб, дир асараца
Дагъистан бахарабго,
Дир рахъалъан кIалъана
КIиго гIаркьелал мацIал.
Дир щибго гьунар гьечIин,

Гьадингоял чIандаби
Переводчиказ ругин
Гъалай биччан къачIалел.
КъватIиб цIар букIаниги,
ЦIада дун рикIкIунарин,
Дингир-дангарчуги хъван,
ЧагIи гуккулев вугин.
Дилъ магIна бугеб калам
МагIарул мацIалъ гьечIин.
Гьудуллъигун лъай-хъваялъ
Хъанда талихI кьун бугин.
Дица гьезда абуна:
У, битIараб бугилан.
Щибаб къватIул гаргаргун
Къацандизе регIичIо.
Дица дирго кучIдуца
Киналго дагIбаязда
МагI кьабулеб гIадинаб
Кьуна мухIканаб жаваб.
Хадуб инсул ракьалъул
Вас дун вукIин бихьигун,
Борхьазул хIалхьи хвана,
КартIал цIиял хисана.
Дир рахъалъан абуна:
Авар миллатчи вугин,
Эменги живги гурев
Цогиял рикIкIунарин.
Цогиял поэтазул,
Цогиял миллатазул
Миллат гьечIин щибго дир,
Цо магIарул гурони,
Дица гьезда абуна:
У, бицунел рукIаян,
Гьездасаги гIисинал
ГIемер рагIанин мацIал.
Амма тунщинаб хIацIу
БацIцIина нужецаго,
Гьаб дир тIолго гIумрудул,
ТIадагьал гьерсихъаби.
Чанги ццидал рукIкIбуца
БикIана недегьаб ракI,
Амма рекIинчIо дида
РачIгин бох къокъал харбал.
Гьел къине гьарулаго,
Къалмикь кечI басандана, –

Расулица абичIеб
Жеги абизе буго.
Гьел дир мацIихъабавул
ЦIарал дида лъикI лъала.
ЦIакъго гIисинал чагIи, –
Дица гьел рехселаро.
Амма киналго мацIалълъ
Бищун керен унтараб,
Кидаго кIоченареб
Цо буго, гьудулзаби.
Гьеб ургъарав чиясда
Чохьолъ ханжар чIвалаан.
ЧIегIерлъи гьеб гIадинаб
ГIадамасулъ данд чIвачIо.
Биччан батана хабар
Хирияб тIалъиялда,
ТIадмагIарул росабалъ
Гьерсихъабаз дир рахъалъ:
Дица дирго эменцин
Гьанже рикIкIунев гьечIин.
Гьесдасан кивалиго
Дун квеш кIалъан рагIулин.
Огь, ракI лъукъараб хабар!
Халкъ гьалда божанани,
Хвелаан дун цевего
Гьаб дирго квералдасан.
Дида кидаго лъачIо
ГьебгIан рогьояб бугьтан,
Рогьалилъ кIолароан
Къоялъухъ балагьизе.
Амма къуват гIуна дилъ,
Бугеб рухIалъ ахIана:
«Эмен, дир хириявин,
Хабалъа вахъайилан».
Вахъун «дир васин» абун
Досги жаваб гьабуна,
Гьеб нижер дандчIвай бихьун,
МугIрул тIалъи гьимана.
Гьерсихъаби, цIукIаби,
РачIа нижеда аскIой –
РачIунаро тушбаби,
ГьечIо бихьизе гьумер.
Дир эмен – эмен вуго,
Инсул вас дунги вуго.
Инсуца хъвалел руго

ГьанжелъагIан дир кучIдул.

## УЛБУЛ, ПАРАКЪАТ КЬИЖА

Улбул, паракъат кьижа,
Улбул, ургъел гьабуге!
Гьаб дунялалъул хIалтIи
БитIун ккелин ахирги.
ЦIакъ лъикIал васал руго
Кисанго, кирго гIолел.
Гьайбатал ясал руго
Росабалъ, шагьаразда.

Улбул, паракъат кьижа,
Нуж гIемерал хIалтIана.
ХIаракат бахъизе те
ГIун рачIунел тIанчIаца.
ГьабичIото хутIараб
Гьез гьабила кинабго.
АхIулаго хутIараб
Гьез ахIила нужер кечI.

Улбул, паракъат кьижа,
Кьиндалил сордо буго.
Нужер белги пуруцги
Нужер васазухъ буго.
Нужер пандрида цIиял
ЧIваби кьурулел руго.
Кьалда веказ багъараб
Ярагъ тIолилахъ буго.

Улбул, паракъат кьижа,
Нижер херал хирадал.
Кьижа гIемерал соназ,
Свак лъачIого хIалтIарал,
Сардилъ кьураби гIадин,
Кьижа нижер умумул, –
Нужер макьуги цIунун,
ЦIодорал лъимал руго.

Улбул, паракъат кьижа...

## ДИР РАГIИ

Дица ахIана кучIдул

Умумузул рахъалъан.
Дица ахIана кучIдул
Лъималазул рахъалъан.

Гьеб кочIой лъугIи гьечIо,
ЛъугIуларелъул гIумру
ГIелалъ цо гIел хисулеб
Хирияб улкаялда.

Нухалъ цо нух хисула,
КечIалъ цо кечI хисула.
Щибаб ихдал гIурдада
ГIидра цIияб баккула.

Киналго гъутIбузда тIад
ТIегьанщинаб бечIала.
ХIанчIи цоял роржуна,
Цогиял тIад руссуна.

Амма хутIула кьалбал
Хвел гьечIеб гIумруялъул.
Амма хутIула сарин
Хирияб чIаголъидал.

Дун – дирго инсул лъимер,
Дун – лъималазул эмен,
Гьаб асар лъараб куцалъ
Дица нужей бицана.

Абула гъадидаса
ТIинчI цIодораб букIунин,
Амма цIумал рукIана
РакI чармилал умумул.

Лъидего цIай гьабичIо,
ЦIалдохъаби, дир кечIалъ,
КвачангутIизе тIимугъ
КIияздего рехана.

Дица дирго къвалаца
Къана кIиялго данде:
Къадру бугел чIахIиял,
Къимат бугел гIолилал.

Араб ракIалдещвейги,

БукIунелъул хиялги
РукIана дида цадахъ,
Цо хIанчIил куркьбал гIадин;

Цо гIурдада кIутIараб
КIиго барти кинигин,
КIудиябгун гьитIинаб
КIиго мугIрул гIор гIадин.

Амма букIананиги
РекIел аслияб суал,
Дур хIакъалъулъ букIана,
ХIасратаб гIолохъанлъи.

ХIалхьи гьечIеб, даимаб,
Дир бищун хIасратаб гIел,
Дур хIакъикъат цIехана
Дица щибаб къоялда.

Дур квералги, гьумерги,
Дур гьаракьги, бакъанги,
Гьеб балагьана даим
Дилъгоги дандиялъги.

Макьидасан ворчIигун
БачIараб бакъалъ дие,
Дур хабар гьикъарабго,
Гьадинаб жаваб кьуна:

«ГIолохъанлъи дун бугин
Даим херлъи лъалареб,
Лъиего хинлъи кьолеб,
Лъиего канлъи кьолеб.

Дун – бухIараб, бахIараб,
Бидулъ ччурал – дир чIорал.
БагIараб, багIарараб,
Барахщи щибго гьечIеб.

Босе кинацагIаги
Канлъи дир чирахъалъул.
Чанги ганчIал речIчIана,
ГIвангъараб жеги свинчIо.

Чан гIазу-гьури пураб,

Пири, гъугъай букIараб...
Гьез хъамичIо, гьез чIвачIо,
ЧIухIараб дир «пачалъи».

Бакъ уна, къо сверула,
Къаси цIваби кенчIола
«ЦIадулал гIолилазул
Берал ругин жалилан».

Зодихъ цIумал ахIдола
«Жал гIолохъаби ругин».
ГIидра цIадакь кенчIола
«Жиб гIолохъанлъи бугин».

Гъугъадула пирхула
«Жиб гIолохъанлъи бугин».
Боржун уна, лъедола
«Жиб гIолохъанлъи бугин».

ТIолго бакънал ахIдола,
ТIолго кучIдуз ахIула,
ТIолго гIорал чвахдола
«Жал гIолохъаби ругин!»

КинабгIаги гIаламалъ,
КинабгIаги дунялалъ
Дида абулеб буго
«Жиб гIолохъанлъи бугин».

Щиб жо мун, гIолохъанлъи?! –
КвачIид чIараб чу буго.
Жалалъе къулун хадуб
КъвекIаб цIумлъун борлъуна.

Бай дуца лъабцIуса цIал,
ЦIвабзазда хъвала тIикъва.
ТIолго дунял хIихIиялъ
ХIайранлъизе гьабула.

Щиб жо мун, гIолохъанлъи?!
Борхараб хвалчен буго.
Гьеб хвалчаца къотI-къотIун,
Къокълъулел руго нухал.

Щиб жо мун, гIолохъанлъи?!

Кидаго сунареб цIа.
ЦIорорал океанал
Гьалдезарулел руго.

Гьалдезарула, гъасда
ЦIадухъ хьагал киниги,
ЦIорол гIунсул риуна,
Цо нухалъ дуца пуни.

Щиб жо мун, гIолохъанлъи?!
Дида цадахъ бугищ мун?
Яги цебейищ араб,
ВукIайилан дунги тун?

Дун нахъа-нахъа тоге
Гьал дур тIукъби рищизе.
ТIамулеб буго гали
Дир кучIдуз дуда цадахъ.

Дун дур вуго кидаго,
Дир мун буго кидаго,
КIияцаго нилъеца
Цадахъ ахIулеб буго:
– Нух кье, кьураби!
Нух кье, зобал!
Нух кье, ракьал, ралъадал!
– Мун щиб?
– Дун гIолохъанлъи буго!
Дун-бакъ, дун-къо,
Дун-къуват, дун-гьунар,
Рокьи, лебаллъи, берцинлъи
Нух кье!

– Мун щиб?
– Дун речIчIараб чIор!
Боржунеб цIум!
Кьабараб магI!
Дун хIасратаб кечI!
Нух кье!

Дун гIолохъанлъи буго!
РагIулищ?!
Нух кье!..
Дун вачIунев вуго!

1965

## «ГІАХЬАЛАБ ЧЕД»

АБУРАБ ТІЕХЬАЛДАСА

1967

* * *

Дица кечI цIалана...
ЦIадаса ХIамзат –
Дир хIайраназ эмен тIаде вахъаиа.
Цинги гьас цIалана, дун гIенеккана...
ГIищкъул шагIир МахIмуд тIаде вахъана.

МахIмудил панаяб пандрил гьаркьихъе
Гъоркьанги тIасанги чагIи рачIана.
Чагурал, чагъанай – дир кочIохъаби
РорчIана, рачIана хабалъа рахъун.

Цоял гьадаб рахъалъ, цоял доб рахъалъ,
Цересан, нахъасан – дун сверун ккуна;
Сордо рогьинегIан кучIдул цIалана,
КиналгIаги ана, дунго хутIана.
Хадув дун кьижана...
Ле, цIияв шагIир,
Дун, ЦIадаса Расул, ворчIизе гьаве!

1965

* * *

МагIардаса руссингун,
ГIухьбуца тIаргъал гIадин,
Гьаб гIумруги кIобокIун,
Валагьун вуго дихъго.

Гъорлъан бецIцIулеб буго
ГIемерал цIадазул лъим.
ГIодой кIутIулеб буго
Дир хиялазул гIазу.

Руго чанги дир къоял,
Рекарал къанал гIадин,

Къадалъ лъезе щвечIого,
Щущарал ганчIал гIадин.

Руго мехалъ гъурарал
ГъотIол гIаркьелал гIадал
ГIодоре гъунел руго
СогIал ихазул тIанхал.

Амма дилъ хутIун буго
Хиси гъечIеб недегьлъи.
Гьури бадиб багъана,
Жеги гIодов ккечIо дун.

МагIардаса руссингун,
ГIухьбуз буртина гIадин,
Балеб буго магIида
Дица дирго лага-черх.

Гьеб чорхол ччорбалъ буго
Беролеб цебесеб би,
Дун рагIалда лъалхъичIо,
Лъедана чвахиязулъ.

Дир кочIольги чорхольги
Кидаго дунго вуго –
Дуниялалъул хIисаб,
Дагъистаналде хIасрат.

ЦIадаца вичча абе,
ГIаздаца квачан абе, –
Буго ЦIада дир кьуру,
КьуричIого эхетун.

*1965*

* * *

Дун гIодов виччарав гIадаш вукIинчIо,
ГIемерав хъудана дуниялалда,
Гьабихъе кIичI-кIичIун унеб лъар гIадин,
КIигояс ккун унев мехтарав гIадин.

ЦIикIкIарав мадугьал, МуртазагIали,
Мугъ бухIулеб буго гьабсагIатги дир,
ТIокIав пештIелищан гьитIинго росулъ,
БетIерги ккун, дуца мичIчIица вухун.

Вуханщинав унго, амма цIияб къо
ЦIидасан хъудана кинабго кIочон.
КIкIалахъе гирулеб гамачI кинигин,
РечIчIахъдилев вуго дове-гьанив дун.

Гьанже росулъ гуро, Дагъистаналда,
Россиялда, къватIив вуго ахIдолев.
Стадионищ гьаб тIолго дуниял! –
Даим торгIо хIалеб – бугеб цо пештIей!

Вахъа, мун мадугьал, МуртазатIали,
МичI халатаб бище гъванщилъ жемизе,
Жакъа футболазул мехтарал гьаркьаз
ПасахIатаб гIакълу къинабун бугин.

КъваригIун буго цо цебесеб тамих!
ЧIечIого пештIолеб гьаб дунялалъе.
Дуца бице, мугIрул гIодоре риччан,
ГIорахъги лъарахъги ралагьулеб куц.

*1965*

## ГIАДАДА

ГIадада къацандана,
ГIадада гьедарана,
ГIадада гьудулалъул
РакI сукIизе гьабуна.

ГIадада кIалъана дун,
КIалалда полопги бан,
Гьегьал трибуназда,
РитIухълъиялъул бицун.

ГIадада дунялалъул
Чанги нухал сверана,
Ахир гъозул цо буго,
Цоги батIияб гьечIо.

ГIадада рокьи ккана
Микьазарго ясалъухъ;
Киналго гъол цо руго,
ЦохIо батIалъи гьечIо.

ГIадада заман ана

АхIмакъзабазда аскIоб;
АхIмакъги хIалихьатги
Кидато хисуларо.

ГIадада угьдана дун
Арал, хварал, гьечIезухъ,
РачIунаро нахъ руссун,
Дунго ина гъозухъе.

Дихъгоги угьдиларо,
Дун щив кколев? Дун гьечIо.
Гъород араб харил сум –
ВукIинецин вукIинчIо.

– ВукIанилан ахIдана,
Гьедин дун кIалъаравго,
КIинуагоялда гьоркьоб
Цо хутIараб дир сарин.

ВукIанилан щурана,
Щай уневан абуна,
Азаргоялда гьоркьой
Цо йикIарай йокьулелъ,

ВукIанилан кIалъана
КIалухъ дир лъабго лъимер, –
Лъабго чIва дир цо тIармил,
Лъабго тIегь цо хIобода.

ВукIанилан кIалъана
МаркIачIул заманаялъ,
РукIкIунеб дунялалъул
Цо нухлулав – цо херав.

ВукIанилан кIалъана
КIичI-кIичIараб дир сухъмахъ,
ДегIениса кIанцIун ун
Гъорлъ чвердараб чвахукь бакI.

Хадур гьекъарал иццал,
Цинги къочарал кIутIби,
Къеркьон дица кеп течIел
Киналго дир тушбаби.

Дир цIвабиги хIоралги,

Дир хIихIидулеб чуги,
Дир чундузул бералги,
Дир хIанчIазул куркьбалги...

Гьеб мехалъ данде къана
Дица рокьигун гIумру, –
ГIадада щивго гьечIин,
ГIадада щибго гьечIин.

*1965*

## РАКІАЛДЕ ЩВЕЙ

Дилъ ракIалде щвей гьечIо –
РакI щибаб къоялъ лъукъун,
Жакъа ругел суратаз
Сонисел нахъе гьола.

Дилъ ракIалде щвей гьечIо
РакI даим цIилъун, хисун,
Жакъасел саринаца
Сонисел кIочон тола.

Буго рекIараб хвалчен,
Дир къоязул сухъмахъал
КъотI-къотIун, бутIрул гIадин,
ГIор бакьулъе рехулеб.

ГIор гьелчолеб бугеб кун!
ГIор чвахулеб бугеб куц! –
Босе гьаб араб къоги,
КъотIараб бетIер гIадин.

Буго цо гучаб гIащтIи,
ГIумруялъул рохалил,
Гьагьан кьабун, цIул гIадин,
ЦIадаб лъезе бичIулеб.

ЦIа гьелегьун бугеб куц!
ЦIа гьалаглъун бугеб куц! –
Босе къаси сордоги,
КъотIун цIуллъун лъе гьениб!

Гьенив дун хинлъиларо,
Гьеб корохъ лъалхъиларо;
Лъади, баче дихъе чу, –

Рагъдухъ цIияб къо бугин.

Гьелъул къотIулеб бетIер
Дица цIунизе ккола.
ЦIадуца бухIилалде
Гьелъул квер кквезе ккола.

Дица гьеб, гIолихъанас
ГIишкъу ккарай яс гIадин,
Босун чол кьолода лъун,
Цадахъ хъамизе ккола.

Ялъуни чанахъанас
Чанил тIинчI кинигинан,
ТIомги бахъун мокъида
Бакъвазе базе ккола.

*1965*

* * *

РитIучIги тIинчIги гIадин,
Цоцада аскIор руго
ГьитIинабгин кIудияб
КIиго ор цIадал лъадал.

Гьеб хIоринцр чвердезе
Бахъараб партал билун,
Лъабго рицIил гъветI буго
ГъанцIан соролел квачан.

Гьезул ретIел абуни,
РетIинеб хIалалъ гьечIо;
Риччарал тIамхал руго,
ГъутIби, гIицIлъиялдаса

ГъутIби, гIицIлъиялдаса
ГIолилай яс киниги,
Намуслъула, гьардола,
Жидехъ балагьугеян.

Намуслъуге нуж, гъутIби,
ЦIияб сон сверарабго,
ЦIияб букъила ретIел,
Бакъул рукIкIбузда кун ххун.

Букъила багIарабги,
Букъила гIурччинабги,
Букъила тIогьилабги
ТIаде сентябралде.

Дунали щив?.. – ВачIинев,
ГIемер мех баларев чи...
ГIемер нужеца балин,
Бараб цIадал бицунге!

*1965*

## ГЪУГЪАДИ

Цин, рохьоб махI чIвараб гъалбацI кинигин,
Гъугъадана зодихъ накIкIазда гьоркьоб,
Цингиги гIалхулаб гьаракьалдалъун,
Гьанибе кьвагьдана, доба кьабана.

Хъачагъахъа борчIун, кквезе чIолареб,
ЧIегIераб Африка гIадин хъудана.
Гьуриги пириги цоцалъ кьабунищ –
Кьураби тIун анин ракIалде ккана.

Марсианалищ гьал, гьекъон мехтарал?
Гьаваялда рагъищ бугеб бугъбузул?
Доба бетIер тункун, гьаниб бохдул цун,
Цо течIого рагьу рагьана, къана.

Гьедин гъугъадана! Кавудахъ барти
Бортанхъана хIинкъун, хIинкъана дунги.
Нижеца кIиязго хIисаб гьабуна,
ГьабсагIаталъ чабхъад рахъинин мугIрул.

ГьабсагIаталъ чода рекIинин дунял,
Дагъистан, Азия ва Антарктида.
Гьаб тIаде бачIараб тIупан гьукъизе,
Гьаб къиямасеб къо чIезе гьабизе.

Гьеб букIана росулъ рикIкIадаб маялъ,
Мегъ, ссан, сородана, – дунги сорана.
Цебе гьеб бихьичIев гъаримав дица,
Гъугълъарав киниги, угьана хIухьел.

АскIов чIун вукIана цо магIарулав
Киргизазул эпос «Манас» гIан херав;

Къвал халатаб тIингъилъ тIохде вахун гъос
Зобахъ хал гьабуна, хадуб абуна:

«Гьаб гъугъади гурин, гьалъ гъуруларин,
Гьаб гIицIго кхвел бугин, гьалъ чи холарин,
Гъугъади цогияб лъала мугIрузда,
Лъим гьадинаб гуреб, багIараб тIураб.

Гьаб щиб? Гьобол буго гъулдул ругьунаб,
Гъугъала щивасе, дуда лъаларо.»

Херав кIалъалаго, кьвагьи къотIана,
Кьураби рацIана, мугIрул гьимана.
Гьеб зодил махсаро! Огь, цо тIабигIат!..
ТIокIав дун хIинкъичIо гъугъаялдаса.

Дида ккун букIана кидаго, даим
Дие гъугъаларин. – Амма гъугъана...
Гъурана дир вацал, хвана дир эмен.
АхIун рачIунаро дир гьудулзаби.

Щивасе гъугъана гьаб дунялалда,
Гьеб мехалда лъана нилъер, чияр чи.
Дунги гъугъаялда гьоркьов камичIо,
КенчIолеб пиридал бутIа вукIана.

*1965*

## БАЛЪГОЛЪИ

Буго рагIул балъголъи,
Буго магIил балъголъи,
Буго рокьул балъголъи,
Буго макыил балъголъи.

Буго жеги лъалареб
Лъималазулъ балъголъи,
ЛъикI балагье гьезухъ мун, –
Бугебщинаб балъголъи!

Баянаб гьечIо бижи,
Баянаб гьечIо тIегьай,
БаяIнаб гьечIо бечIай, –
Буго кибго балъголъи.

Бакъ тIерхьунеб мехалда,

Рохьил букӀунеб гӀадаб.
МаркӀачӀуда сардида
ХъахӀилаб ралъдал гӀадаб.

Буго дир рукъалъулги
Дида лъачӀеб балъголъи.
Буго гъаода цӀаялъулъ
ЦӀвабзазулаб балъголъи.

Буго квералъ балъголъи,
Буго бералъ балъголъи,
Буто кӀутӀбулъ балъголъи:
КӀветӀ ччулун баянлъичӀеб,
КӀветӀ ччунин баянлъичӀеб,
КӀветӀ цӀцӀунин баянлъичӀеб.

Щибаб жо буго гъоба,
Гъварилъуда, тӀиналда.
Щибаб жо буго доба,
МугӀрузул тӀаралъуда.

Буго тӀамхилъ балъголъи,
Буго тӀогьолъ балъголъи;
Буго тӀоролъ балъголъи,
ТӀун балагьун лъалареб.
Буго гӀумру балъголъи,
Буго хвалилъ балъголъи.
Дида лъалеб дагь буго,
Дуда лъалеб дагь буго.

Буго кочӀолъ балъголъи,
Балеб какалъул гӀадаб.
Кинабго хӀасрат буго,
Кинабго хӀикмат буго:
ХӀинкъиялъул балъголъи,
Гьунаралъул балъголъи,
Дилъги буго балъголъи,
Дулъги буго балъголъи.

Гьаниса дове щвечӀо
Щивниги кинабго лъан;
Гьедин букӀин лъикӀ буго, –
Лъималазе иш буго.

ЧӀалгӀине гьечӀо гӀумру,

ГІемер руго пардавал;

Гьел рорхизе риччанте
Щивас дагьа-дагьаб ккун, –
Дунялалда кидаго
ЦІилъи лъугІунгугІизе.

Дицаги бахІаралъул
Пардав тІубан борхичІо, –
ТІубан кинабго щвани,
Щиб жо нахъа гьабилеб!

Гьадин унев вуго дун,
Щибго баял гьечІого...
Валагье, вилълъа, квале, –
Кибго буго балъголъи!

*1965,*

## РАГІИ БАТАРАБ МЕХАЛЪ

РатІи батараб мехалъ
Байрам хъудула каранлъ,
Кквезе кІвечІо лъидаго
Дица кьабараб торгІо.

Кьур-кьурун, сукІ-сукІун гьеб
Сетка бакьулъ речІчІана.

РагІи батараб мехалъ,
Роххел угьдана каранлъ.
Цевегосев дандияв,
ТІансаялде вахъарав
ТІамуна дица гІодов,
ЛъабцІул гъванща цвизабун.

РагІи батараб мехалъ,
ТалихІалъ къвал жемула.
Къого соналъ хадув чІун,
ГІин тІамичІей йокьулей
Жийго ячІана дихъе,
Дур йигин жий, ячеян.

РагІи батараб мехалъ,
ГІаздакьан тІегь баккула,
ТІурун араб гІалхул чу

Чангит бан дица ккола,
НакIкIакьан хасало бакъ
Дир рокъобе бачIуна.

АбурабщиIнаб рагIи –
РагIи гуро букIунеб,
Цо къваригIараб рагIи
КъанагIат, хIикмат буго.
РагIи батараб мехалъ,
Дица Берлин босула.

*1965*

* * *

Цогиги кечIги хъвала,
Цогиги къвалги бала,
Цоги лълъарги борхила, –
Хадуб бокьараб бахъа!

Хъвалеб кечI бачIунаро,
ЧIамучIлъун буго рагIи,
Къвал базе яс щоларо,
Щварайги щайтIан йиго.

Борхараб лълъар – лълъар гуро.
Лълъамалъун буго дунял.
Дунги гьаб хасалихъе
Херлъилалде унтана.

Амма чIезе гьечIо дун
Цоги кечI ахIичIого.
Кинго вукIинаро дун
Цоги къвал жемичIого.

Къаникье ине гьечIо,
Цоги лълъар борхичIого.
Балагье, бачIина къо,
РечIчIила дицаги чIор.

Нуж, дида божуларел,
Дир санал анин ккарал,
ГьакIкIан кIалгун ахIдела:
«ИяхI ле, гIужда щвана!»

*1965*

**УНГЕ, КОЧІОХЪАБИ, НУЖ БЕРТАБАЛЪЕ**

Унге, кочIохъаби, нуж бертабалъе! –
Бертаби кор буго кучIдул рухIулеб,
Бертаби къор буго къасдал роргулеб,
Бертабалъ гъун буго гъалбацIий гудур.

ГудратIе руссарал тIатIул кескаца
Ккунщинал лебалал гьайбатал чундул!
Гьенир сухIматалъул сайигъатаца
Чан сарин гуккараб, чан пикру чIвараб!

Унге, кочIохъаби, нуж бертабалъе! –
Берталъеги ахIун вухIанин Хучбар.
Хвалил загъру тIинда чIагIдал хъабиниб, –
ЧIвана Эльдарилав берталъ гьеб гьекъон.

«Меседил гIадал нах, гIарцул гвангвара» –
Гулла МахIмудица кополъ хIанчIана.
Зурма къвакъвалаго къотIарал бутIрул,
Къали бухулаго рахъарал берал...

Унге, кочIохъаби, нуж бертабалъе! –
Бертабазул партал гьеб мусру буго.
Дирги чанти гьаракь гьениб бакъвана
Пикру праздниказ свине гьабуна.

Саринал ахIана юбилеязда,
РухIана пикраби шапакъатаца.
Каранда орденал гвангъанагIан цIакъ,
ЦIорона дир гIакълу, гIаздалъ хур гIадин.

Унге, кочIохъаби, нуж бертабалъе! –
Берталъ нилъ ургъел тун кьурдулеб мехалъ,
Рохел хун унтарал руго угьдилел,
Индия бакъараб буго гьарделеб.

Дуца къуваталъе кверал рорхуге...
Кумекан ахIдолеб буго бесдаллъи,
Гъоба туснахъалъуб мискинлъи буго,
Гьелда аскIоб рогьо пашманаб сордо.

Унге, кочIохъаби, нуж бертабалъе! –
А больницаялде унтаразухъе.

Бачче дурго гъежда хваразул мали,
Хвел гьечIолъи цинги бачIина духъе.

Дур хинлъи бакъалъе къваригIунаро,
Къалъизабе дуца накIкIазул хасел.
Дуца нах бахунге мохмохалда тIад,
ТIинкIе гьеб бакъвараб панкъил мочIоде.

*1965*

## БОЖА НУЖ!

Божа, баккизе буго.

*А.С. Пушкин*

Дица гьариларо дидехун рокьи,
Дир рокьуда божа, гIазизав гьалмагъ.
Божи гьечIолъиялъ гьаб дунялалда
Гьабунщннаб квешлъи, кканщинаб балагь!

Божи гьечIонани, гьелъул бусада
Гьереси бижула, жахIта баккула,
Жанибе рекIелъе, хъатикь ханжаргун,
ХъачIлъиги квешлъиги рещтIун батула.

Божи гьечIеб мехалъ, чилъи дагьлъула,
Чуяз нилъ парсахъа тIаде рачуна.
Дилъе ццин бачIуна цогиязде щиб –
Цогиязде гуреб, жеги дидего.

Дун цIакъ гIассилъула! ГIайиб гьечIого
Туснахъалде ккарав хIалтIухъан гIадин.

ГIадамал, божи кье, нужее дица
Данде хисун кьела вацлъи, гьудуллъи,
Гьуинал пикраби, панаял кучIдул,
Кинабго дир рокьи, кинабго гIумру.

Кье боржел, воржина хъахIил зодихъе,
Зоб цIун сайигъатал нужей росизе,
Бала квачI гьалдолеб океаналда,
Гьелъул тIинде ваккун, щвела тIад вуссун.

Кье божи, кканани дица зар кьабгIун,
КьилимегIер хIурлъун щущазабила,
ПанаябкечI ахIун, дица чагур хъван,

Чундул щай, борхьалцин кьурдизарила.

Кье божи, цIакъго цIакъ цIодорас гурищ
ЩIа лъолеб вацазда, цинги жиндаго;
Гьез дунял бухIула, гьеб цIунуларо –
ГIела История заназул цIураб.

Дир чиясде буго хвел гьечIеб божи,
Хвелаан цевего гьеб гьечIеб ани,
Дицаги гьарула. гIадамал, божи,
ГIаламги дунялги даим роцIцIине

*1965*

## ГЬУДУЛ, БАЧЕ БАКЪАН...

*Композитор Мурад Кажлаеъасе*

Гьудул, баче бакъан дир рокьул кочIой,
Кинабго дуниял пана гьабулеб.
АнцIго къали бухе, къого зурма пуй,
Зобалги ракьалги поцада кьабе.

Доб Африкаялъул «тамтамал» лъалищ...
Лъавудаса ине гьаре гьал ясал.
Америкаязул оркестразулъ
Аваразул щвантIих биччай пештIезе.

Гьудул, баче бакъан! Бакъ щун букIаго,
Щобазде щенезе гьабе дуца цIад!
Пирхун унеб пири дир рекIел буго,
Багъарде, гъугъаде, хъуде гьаб гIалам.

ГIанаби чIамчIамал чIарадисезе,
ЧIамчIаязда чIамчIал чIчIвабзаз цвизаре.
Къочи дарги мацIалъ «дерхъа» батила,
Долъул кIутIби росун диразда седе.

Дир къвалал долъухъе, долъулал дихъе,
Бахъинабе къирщи кIиго черхалъул.
КIочон тезе гьабе гьаб дунялалда
Дой хутIун батIияб кинабго дида.

Йокьулей данд чIвараб бацIцIадаб иццухъ,
Океаналъ гьелче дир гIищкъул парус.
ГьитIинго тIинкIараб дир магIил горо,

Жеги бакъван гьечIин, бакъназулъ кенчIей.

Гьаб дир рохелалъул чваххиял гьаре,
Полоп бан кьурдасан гIодоре унел.
Чваххиял сверсведе, чваххиял тире,
«Твист» кьурдулелъул кьерилал гIадин.

Гьале дун вачIунев, долъухъе щолев, –
Щобаца биччанте лалаби пуйзе.
Гьале ратIалъулел, тIамхал гъун унел, –
ГъутIбуца биччанте чагъана хъвазе.

Балагь бачIунелъул чундуца гIадин,
Чагураца бице лъукъараб рекIел.
Их бачIунеб бугин хIанчIи ахIдола,
Аргъаназ гьезулгун баче цо бакъан.

Азарил сонаца гIищкъуялъ чIварал
ГIаламалъул лъимал рахъине гьаре.
Дур музыкаялъул гьаркьахъ гIенеккун,
Гьале нижан абун гьез абизе те.

Рекъезабе чагур дир гIумруялъул
ГIемер сверел бугел бакъназда дуца.
Дир магIарул рагIи рагIулеб гьечIин,
Пуй труба, гьудул, континентазе.

Киназдаго бице дир рокьиялъул,
Ракьгин зоб цолъизе гьабе дир рекIелъ.

## ПАМЯТНИК

Дицаги гьабуна памятник дийго,
Гьеб борхатаб гьечIо – дир кочIол зани.
Амма букIаниги, гьаб тIалъиялде
Дун хекко тIагIине вачIарав гьечIо.

Чанги гьурал пуйла, чанги цIад бала,
Дир цIар къотIиларо, дир цIа свинаро,
Гьелда тIасан ина гIемерал санал,
ГIурул ханидасан хехаб лъар гIадин.

Дун вукIана чанги батIи-батIияв,
ХутIила ракIазулъ цохIо хIажатав;

Цогиял нусгояз хисизе гьечIев,
Дицаго бакараб дирго чирахъгун.

Доба Севералда чIухIарал финаз
АхIиларо дир цIар, рехселаро дун.
Амма нус-нус соназ бухьараб сапар
Бихьила хIасратал дир наслабазда.

Гьез къимат гьабила, къадараб букIа,
Гьаб кватIун бачIараб дир бичIчIиялъе.
Мискинаб росдайги дунялалъеги
Дир чIвабзаз тIамурал гIищкъул бакъназе.

Дун дирго векалъул хIикмат вукIина,
ХIалихьалъиялде данде вагъулев.
ХIайранал кучIдузул картаялда тIад
ТIадмагIаруласги тела чIинкIиллъи.

*1965*

* * *

Дуниял щиб жо гьаб? – Сордоги къоги,
Сверулеб, тирулеб буго кидаго.
Щиб жо борхатаб зоб? – ЦIвабзазул эбел.
Щиб жо цIа? щиб жо лъим? – Ракьалъул лъимал.
Дун, поэтги вуго гьелъулго лъимер.
Лъимги цIаги буго дир вацги яцги.

*1964*

## ХЪВАГЕ ДИХЪЕ КАГЪАТ

Хъваге дихъе кагъат, гьеб бихъун базе
Дида кIолеб гьечIин, кIочон те араб.
БитIуге дихъе тел, дуй жаваб кьезе
Намусалъ гьукъулин рукъ чиярай дий.

Дудаса гIезегIан рикIкIадги йигин,
РекIей паракъалъи гьанжениги те!
Нилъер шагьаралъул поезд бихьани,
Гьурмал кьер тIолей дий кьоге гьаб гIазаб.

РачIунге поездал, Дагъистан къотIун, –
Гьадинги къваридай дун Бакуялда.
РещтIунге нуж, гуми, дир гаваналда, –

Гьадинги угьдулин, огь, МахIачхъала.

НагIана батаяб магIарул хъергъу,
Хъатикь дуца гIадин, лъица дун кквелей!
Дир гьудул ячараб чанкIкIараб лачен,
Черх дуда кинигин, лъида дир цвилеб.

РачIуна поездал, рачIуна гуми,
РорчIизе гьарула некIсиял ихал...
Киб бугеб чIинкIиллъи поч бачIунареб? –
Араб гьанибги тун, гьений яче дун.

ЦIадакь нилъ къочараб къватIалъул цололъ
Цогияй гьечIодай дир лотиясул.
Дида хадув гIадин, Хасавюрталде
Ватила гьанжеги воржанхъилев мун.

Роржун уна хIанчIи, гьезул кваркьаби
Дур кагъталилан ккун, сородула дун.
Сабру гьечIей дица цIалулел руго
Дида цIа бакулел ругьунал гьерсал.

Дир ахираб гьари – гьаб дир ракIалъе
Паракъалъи биччай, битIуге кагъат.
Гьадинги мугIрузда гIемер цIад балин,
Гьадинги цIалт-цIалтун дун йиччун йигин.

*1965*

* * *

Гьаб дир кIвахIалъухьги, кIалъаязухьги,
КIалдиб полоп барал гьал къецазухьги;
Къаси тIацебесеб цIва баккулелъул,
ЦIалулел чIамучIал цитатазухьги;
Рогьалил нур ралъдалъ кьурдулеб мехалъ,
Кьижарал кIвекIулел дир беразухьги;
МугIрузул берцинлъи реццазухьги кьун,
Гьал редакциязда унел сагIтахьги;
БитIухълъийилан ккун квешлъиялъулгун
Квер босараб гьерсил рекъелалъухьги;
Ялъуни гьадинго, дипломат гIадин,
Дие рокьукъасе гьималалъухьги, –
Ваче дун судалдедуца, Дагъистан,
Диван къотIе дие, къиматаб улка!

Гьаб дихъе рещтIараб мутIигIлъиялъухъ,

БатIияздаса тIокI дун вихьаралъухъ.
Дов тIадчиясдаса дун хIинкъаралъухъ,
ХIакъираздехун бецц балагьаралъухъ,
Кинабго хIакъикъат багIаралъ белъун,
Велъулаго хъварал дир сариназухъ, –
Суд гьабе, дир тIалъи, дур гьайбатлъиялъ
Гьалдолеб ияхIалъ, бахIарчилъиялъ.
ВитIе дун чи гьечIеб чIинкIиллъиялде,
Лебалал грекал ритIарал гIадин.
ВитIе чанги моцIаз анцIго лъагIелалъ,
Лъараца, гIораца бахче сверухъ ракь;
Сангар гьабе цебе чIахIиял рохьаз,
Бухь-бухье дир лага муцIиялъ, хъархъаз;
Хъаравуллъи гьабун, дихъ балагьун те
Даим гIаздал цIурал нух гьечIел мугIрул;
Рорхатал хучдуллъун паркъезе риччай
Вахине кIоларел кIудиял сиял.

ВитIе дун чи гьечIеб чIинкIиллъиялде,
БукIа дир гьудуллъун къаси сардил сас,
ГIеч хъвалхьараб гIадаб рогьалил хъахIлъи,
Хьощнив вегулелъул рагьдухъ балеб цIад.
Рахъе кабинетал кагътазул цIурал,
Кварал къотIе тIолго телефоназул,
Нахъе раче дихъа, гьанже гIелилан,
«Волга» машинаги, шофер Набиги.
Виччай, эмен гIадин, гIодове виччан
ГIалхул берцинлъигун гара-чIваризе.
БитIухълъи даимго пашман хьвадана,
Гьаб радио бахъе дир карандаса.
Те дихъ гIицIго къалам, бацIцIадаб кагъат,
БецIлъараб мехалда бакизе чирахъ.
Цоги йиччай дунгун, дир лъугIараб кечI
ЙорчIигун цIализе, цо лъалей гIадан.

ТIокIаб жо кIваричIо. ЦIакъ свакан вуго,
Санаца витIе дун чIинкIиллъиялде.
Гьениса вуссингун, босе гьудулан,
Дица духъе кьела дир «Одиссея».

*1964*

## НАРАЛЪУЛ РИТIУЧIАЛ

Наралъул ритIучIахъ ккана дир рокьи,
Кин чанахъабазда гьал чIвазе кIолел? –

Гьадинал недегьал, гьадин берцинал, –
Беразул хIайранлъи – лъимал руго гьал.

Лъалев-лъаларев щив, чиясда хадуб
Хал гьабун рукIуна гарбалги рорхун;
Кинаб гага бекьун гьазул бутIрузда
ГъутIби рижун ругел, кирниги гьечIел?

НекIсияб тахшагьар храмаз цIураб
ХисичIо ритIучIаз Япониязул;
Гьединан дицаги цересел кучIдул
Каранлъ цIунун руго цIиязда гьоркьор.

Дихъе труба кье, кIалдиб чIван пуйзе,
РитIучIазул рехьед рохьилан ккола:
Цоязул габур ккун, цоязул лълъар ккун,
Гьел кванзарулев вуго кочIохъан.

Цояб, документал гьикъулев вугев
Полицеяв гIадин, балагьула дихъ.
Цогияб битIахъе бугъайин ккола,
Багъизе къачIараб... кIваричIо, ритIучI.

КIваричIо, дир гьудул, дургун гIахьалаб
Пассилъи рихараб ракI буго дирги.
КIичIун унел борхьал данд чIвачIелани,
Огь, дида кидаго лъалароан ццин.

РикIкIадаб ракьалъул чи вукIаниги,
Чиярав гьечIо дун, буго дилъ гурхIел.
Рагъуге, ритIучIал, дица нужее
МугIрул къали чIвалин, рачIа кьурдизе.
Та-та-та, та-та-та, та-та-та та-та,
Тамаша, щайзе нуж балагьун чIарал?..

*1965*

## УЛБУЗУЛ РАХЪАЛЪ ТIОЦЕБЕСЕБ ЛЪЛЪАР

Нилъ азарго руго, гьой цохIо йиго,
Нилъер – цохIо ургъел, гьолъул – азарго.
Азаралъул щибаб нилъералдаса
БухIарабги буго, яхIабги буго.

Нилъ квешалги руго, лъикIалги руго,
Эбел лъималазе – кидаго лъикIай;

Гъолъул квералдаса килщал руго нилъ.
Гъолъул килщаздаса баргъичалги нилъ.

Гъолъ ахIулеб кочIол бакънал руго нилъ,
Гьел бакъяал тIамулеб тIармил чIваби – нилъ
Гъолъул рахъалъ рагIи. ГIодор рукIарал,
Я накабазда чIа, я тIаде рахъа!

БагIараб чогърониб чадил мочIу хъвай,
Чед гьабураб буго гъолъул квераца.
Гьедилин гъолъие, чабхъад иналде
Байрахъазда цере гьедарал гIадин.

Гьагъаб ракьалхIаги, гьаб чехьалхIаги
Чияда лъеларо гъолъ лъураб тIагъур.
Нилъ, цIумал роржине гьой зоблъун йиго,
Нилъ, цIумал рещтIине гьой мегIер йиго.

Борхилин, гьекъелин, къатIра течIого,
Эбелалъул рахъалъ тIоцебесеб лълъар!
Гьой кIочон таразда кIочон таги мацI,
Гьекъелин гъолъие васал рукIине!

*1965*

## ТIУГЬДУЗДА БЕРАЛ РУГО

Нужеда рихьаралищ,
ТIугьдузда берал руго.
Нужеца тIолеб мехалъ,
Гъол нужехъ балагьула.

ТIун квацIи гьабулелъул,
Гъол нужехъ балагьула.
Кодор гъолгун унелъул,
Гъол нужехъ балагьула.

Дихъ ралагьана тIугьдул,
Гьудулалъе кьолелъул,
Гьелъ мун гуккизе вугин,
Цогиялъе тейилан.

Цинги балагьана гьел,
Гьудулги ятичIого,
Ццидакь гIодой реххигун,
Жидер гIайиб гьечIилан.

Нужеда рнхьаралищ,
ТIугьдузда берал руго.
Балагьула саламин,
Нуж рачIунеб мехалда.

Балагьула къо лъикIин,
КъватIире нуж унелъул;
Балагьула, гьимула,
Балагьула, гIодула.

Дихъ ралагьана тIугьдул
Хаслихъе речIалелъул,
Хириял гIадрабазул
ГIурччинлъи ракIалде щун.

Дихъ ралагьана тIугьдул
ГIаламалъул хабазда, –
Хваразул берал руго
Кидаго нилъ рихьулел.

Нужеда рихьаралищ,
ТIугьдузда берал руго.
Балагьула гъол нужехъ,
Кинида лъимал гIадин.

Балагьула гъол нужехъ,
ХIасратал ясал гIадин,
Балагьула гъол нужехъ
Хваразул бераздалъун.

## ЦIЦIВАБИ КВАЧАЛЕЛ РУГО

Лъабабго сордо-къоялъ
КъотIичIого балеб цIад...
ЦIваби гIодулел руго...
Лъихъ гIодулел ругел дол?

Эбел камун хутIарал
ГьитIинал лъималищ дол?
Лъималазухъ угьдулел
Улбузул бералищ дол?

Яги бищун пашманал
Поэтазул кучIдулищ?
Гьединал дирги руго,

ЦIваби гIодулел руго.

МугIрул гIаздал цIун руго,
ЦIер гIоразда чIван буго.
ЦIваби квачалел руго
РикIкIада гIицIаб зодихъ.

Дозул хъаравул анищ,
Хъощнире дол рачине.
Дозул эменлъун анищ,
Бахъун хъабарча базе.

Хъван балеб буго гIазу,
Квачалел руго цIваби
Кирниги гIалахалда
ХутIарал чундул гIадин.

Къаси сардил гьайбатлъи,
Гьудулалъул берцинлъи.
Гьимулел руго цIваби,
Кьурдулел руго цIваби.

РачIун гIурулъ чвердола,
ГIарцул иццалъ лъедола, –
Лъималазул библищ?
Гьудулалъул бералищ?

Риччаралгин квачарал,
Гьимулелгун гIодулел,
Дир гIумруялъул цIваби,
КигIан рикIкIад нуж ругел!

*1965*

* * *

ЛъикIав гIадан вихьула,
Гъов гIолохъанго вуго,
ГIенеккана гъосухъ дун,
ХIикматаб гьунар буго,
Дун хIисабалда вуго,
Гьагъав цо гIадамасул,
ГIадамал, щив нужеца
Ахир лъугьинавилев?

Яги нужер жахIтадул,

Яги нужер реццалъул,
Яги нужер квешлъидал
Кквеладай гъов гудраца?
Яги нужер рокьиялъ,
Яги нужер жигаралъ,
Яги нужер цIакълъиялъ
ЦIуниладай гъов гъарин?

Нужеда бараб буго
Гъав гIолиласул къисмат,
ГIадамал, цIодор рукIа,
ЦIа свине гурин гъасул.
ЦIуне гъав гьородаса,
ЦIуне гъав гьерсидаса,
ЦIуне хъублъиялдаса,
ХъантIарай лъадудаса.

ЦIуне гъасулъ гIадатги,
ГIамалги, ритIухълъиги,
ГьетI-гьетIизе гьабуге
БитIараб гъасул мурад.
ЦIуне бахIарго ияхI,
Гъунаралъул чIаголъи,
ЧIваге, гуккизе тоге.
Гъасул хIасратаб божи.
*1966*

* * *

– Цин цо чашка босе, цинги гIодов чIа!
ГIадамаз абураб гIадамазе те.
Лъида дунялалда, дида гIадин лъикI,
Лъалеб дилъ судулеб согIаб хIакъикъат?

Диде гIайиб гьабе, цониги рохел,
Бахчун диего тун, дуе кьечIони.
Дунго бетIергьанаб цо кеп дир гьечIо,
Кверщел дур тIад гьечIеб цо талихI гьечIо.

Батани батила гьеб цIакъ мехтараб,
Тарталлго араб, кIиийида рекъаб.
Батани батила гьеб цIакъго къокъаб,
Къаси рогьиналде дида кIочараб.

Хирияй, щайха мун бицеян абун,

Бицардулей даим, щиб жо бицинеб?
Дун дир пашманлъидал бетIергьан вуго, –
БетIер къотIаниги дуе кьеларо.

Щай мун къварид гьаюн дир къвлрилъиялъ
Къараб гъамас буго дир ургъелазул.
Дуе бицинегIан, мун пашманлъулеб, –
Гьерсилаб гьимигун, унтун веги лъикI.

ВукIана мадугьал больницалда дир,
Даим зигардулев захIматго унтун.
Амма тIаде лъади ячIараб мехалъ,
Лъилъун вугин абун, велъулаан дов.

Дунги гьедин вуго гьаб дунялалда,
Гъудул, тIаса лъугьа, кье дихъе чашка...
Дицаго гьекъелин дирго къварилъи.
КIиязго бикьилин бокьараб рохел.
Хабар лъикIаб батаги!

*1966*

## ЧIУЖУГIАДАНАЛДЕ

Мун азаргоясе йокьун ятани,
Гьезда гьоркьов вуго ХIамзатил Расул.

Мун нусго васасе йокьун ятани,
Гьезда гьоркьов вуго ХIамзатил Расул.

Цинги анцIгоясе йокьун ятани,
Гьезда гьоркьов вуго ХIамзатил Расул.

Ахир мун цоясе йокьун ятанн,
ЦохIо гьев дун вуго – ХIамзатил Расул.

Мун цоннгиясе йокьун гьечIони,
Ракьулъ вукъун вуго ХIамзатил Расул.

*1966*

## БУГО ДИРГИ ДУРГИ ЦО РУКЪ

Буго дирги дурги цо гьитIинаб рукъ,
Гьалбал ричалареб нилъго гурони.
Буго кIиязулго кIул лъолеб цо бакI,
Цогиял балагье, батизе гьечIо.

РичIилин нилъерго гIагараб нуцIа,
ГIодор чIа, дуниял сверарал лугбал.
РачIа, саназулги сапаразулги
Цо салмагги гьабун, гьенир регизе.

Регилин, гьуинаб буго гьаб макьу,
МоцIищ, бакъищ бугеб къватIиб лъаларо...
Регилин, гьуинаб гьечIо гьаб макьу,
ЦIадиш, цIерищ бутеб балеб магIарде!

Буго дирги дурги цо гьитIинаб рукъ,
Гьалбал риччалареб нилъго гурони.
Буго кIиязулго кIул лъолеб цо бакI,
РекIел талихIалъе нуцIа рагьулеб.

Дица сапаразул саринал гьанже,
Сигаретал гIадин, руго рухIулел.
Гьел сигаретазул кIкIуйдуда гьорлъан
КIиго сурат буго дида бихьулеб.

Цояй – мун кидаго, мун къаси гьечIей,
ХутIарал – нусгоял батIи-батIиял.
Цояб – гьаб нилъер рукъ ункъабго цили,
Цинги цили гьечIеб тирулеб дунял.

Тире, торгIо гIадин, дуниял,санал,
Суратал, гьумерал, гьел-гьал улкаби.
Цо магIарда гIазу, цо магIарда цIад –
ЦIорола, бухIула, – гьаб нилъер гIалам.

Хирияй, нухалъул хиял гьабигун,
Гьумерал, суратал цере тIамигун,
ТIинкIараб дир магIу белъулеб буго,
Релъи дир магIулъун гIодулеб буго.

*1966*

* * *

Щай дуда бихьулеб гьадин гIемерал,
ГIищкъуялъул берал беццал ратани?
Щай дуда рагIулеб гьаб квешаб хабар,
Киб бугеб дур рокьул хирияб гIинкълъи?

Дир мунагьаздасан магьал гьаруге, –

Гьел раччизе дуе бакIлъизе буго.
Дир нухал борхьаллъун дуда рихьуге, –
ХIухьел кквезе гурин, черхалда жемун.

Басрияб дир чухъа цIилъулеб гьечIо,
ЦIидасан чанцIуса иту чIваниги.
Бекараб гъадаро бецIцIулеб буго,
КигIан гIемер бацIцIун регъананити.

Лъихъго гIенеккичIеб дир гIищкъул шунгъар,
Духъ чIолорхъо бугищ чIезе гьабизе?
Биччай, квелъ бачIого, кибе аниги, –
Жиндирго руссниде буссинин хIасрат.

*1966*

* * *

ЯчIа, дица дуе кини кIикIилин,
Кодой мунги ячун цо ахх бачинин.
Августалъул сордо кьиндалил гурин,
Кьижа, дир йокьулей, гьаб къокъаб бугин.

ГIумру цадахъ уней дир гьудулалъул
Гьурмахъ балагьула, лъимахъ киниги.
«Сордо лъикI», – гьаб рагIи дидаса хадуб,
Хирияй, лъицаго абуге дуда.

Кьижа мун, рогьалилъ дуда батила
Дица хIадурун бакъ. я хIеренаб цIад.
Дица цIакъ рикIкIаде сапарги гьабун,
Гьениса босана дуй хIанчIил чIичIи.

ЧIичIидуге, хIанчIи, хIалхьиялда те
ХIайранай дир гьудул, йорчIизаюге.
«ЙорчIами» – гьаб рагIи дидаса цебе
Цогияз кидаго абуге дуда.

*1966*

* * *

Цо гIайиб гIайиб гуро,
ГIайиб гьечIев чи гьечIо,
Гьединав валагьулес
Кинабго дунял свере.

КIиго гIайиб – гьеб гъалатI,
ГъалатI гьечIев чи гьечIо,
Гьединав чи цIехолев
Нухлулав хех свакала.

ЛъабцIуса гIайиб ккани, –
Гьебги гIадаллъиян те,
ГIаракъиялъ мехтарав
Гьесда мун тIаса лъугьа.

Хадуб гIайибал ккани,
Гьеб гьесул гIайиб гуро.
ГIамал буго ягъзинаб,
Гьесул квер дуца ккоге.

ГIайибалги рихьана,
ГIамалалги рихьана, –
ГьетIарабгин бекараб!
Рохьоб бугебщинаб гъветI –

## МАГIАРУЛАЗ ЖУЖАХIАЛЪУРЕ ЩАЛ РЕХУЛЕЛ

Кинаб хъитIниб лъаларо,
Кинаб кIкIалахъ лъаларо,
КIудияб жужахI бугин
МагIарул аби буго.

Аза-азар сонил цIа
Ссунареб, гьелегьараб,
Гьалагаб бацIилаб кIал,
КIулал рачIеб, рагьараб.

Гьелъул кIалтIа эхетун,
Борхалъуда магIарда
КIиго хъаравул вуго –
Цо чIегIерав, цо хъахIав.

КIиявго – магIарулав, –
НакIкIикь кьураби гIадал;
Гьезда цебе тIибитIун
ТIолго Дагъистан буго.

Азарил сонал рарал
МагIарул диванчагIи,

Дица гьезда гьикъана
Такъсиргун тамихIалъул.

– Бищун цере жулица
ЖужахIалъуй щал гьолел?
Бищун цере гьецIалъ цIан,
ЦIадулъе щал рехулел?

Хъалиян цIалеб къавмищ,
ЦIогьод гьекъолдулелищ?
ЦIуял жалазда хадур
СентIолел бахIриялищ?

– Гуро, – ян жаваб кьуна
ЖужахIалъул бутIруца, –
Жулица бищун цере
МацIихъаби цIехолин.

ЖужахIалъул тIиналде,
Гьелегьараб цIадулъе,
Гьел цере ритIичIого,
Цогиял риччаларин.

Гьез чIварабщинаб рокьи,
ЧIинтIарабщинаб талихI!
Щущазе гьабунщннаб
Гьайбатаб сардил макьу!

ХIайранаб тIегьалъул гьез
ТIезабун заз гьабуна,
Панаяб гIищкъул каранлъ
ГIумруялъ гьеб хIенсана.

Гьез бахIарзал лъукъана,
Гьез кочIохъаби чIвана, –
Киб бугеб гьез лъукъичIеб
Машгьурлъи, цIар, берцинлъи!

ГьабсагIатги дуниял
Гьезул мацIаз цIун буго.
ЦIогьал гIадин гьедула,
ЩIукIай гIадин гIодула.

ГIодула агьиялда
Пашманго гьечIониги,

Гьелдасаги квешаб жо –
Кеп щвечIого релъула.

Гьанже жужахI гьечIилан
Гьаб нилъер улкаялда,
Гьел цIакъго чIухIун руго,
ИяхI тун лъугьун руго...

Гьедин жаваб кьуна дий
ЖужахIалъул бутIруца, –
БитIун гьабулеб буго
МагIарул диванчагIаз.

Дунги мацIихъабаца
РахIат течIев инсул вас,
Гьерсихъабаз нусцIуса
РакI лъукъарав кочIохъан.

Дица абулеб буго
Дагъистаналъул рахъалъ;
ЖужахI гьечIеб батани,
Гьеб гьабизе ккун бугин;

Киналго мацIихъаби,
Гъванщаги ккун, рехизе
Гъварилъуде, бухIараб
ЛахIтуялъул тIиналде!

*1966*

**ЦIОГЬАЗУЛ КЕЧI**

КиналгIагн бакIазда,
КиналгIаги соназда
Сордо гьоркьоб унаро,
ЦIогь буго улкаялда.

ЧIахIиял цIогьал руго,
ГIисинал цIогьал руго.
Цояца цIцIула, ххула,
Цояца цIункIун тола.

Цояз гьаказ баччула,
Цояз кверaз баччула.
Гьоркьан ратIа бикъула,
ТIад ругез бох бикъула.

Кибго буго мекъаб квер,
Бикъулеб буго улка.
Гьал кIиязго малълъула,
Гьал кIиязго бикъула.

Гьал кIиязго кванала,
Гьал нугIзаллъун тIамула.
Гьазде бецIизе ккола,
Гьал туснахъалда лъола.

Бикъун чIамулеб буго.
Бикъун чIикIулеб буго.
Бикъун чIалхунеб буго,
Бикъун чIучIунеб буго,
Бикъун чIехьолеб буго,
Бикъун хъарсулеб буго,
Бикъун хъухъалеб буго,
Бикъун сукIулеб буго.

Бикъун гьекъолеб буго,
Бикъун кваналеб буго.
Бикъун ретIунеб буго,
Бикъун рекIунеб буго.

Бикъулеб буго улка,
Квералгин килщал рекъон.

Дол кIиязго малълъула,
Дол кIиязго бикъула,
Дол кIиязго кванала,
Дол нугIзаллъун тIамула,
Дозде бецIизе ккола,
Дол туснахъалда лъола.

КIулал тIутIун бикъула,
ТIохал рорлъун бикъула,
Цо-цо рекъон бикъула,
КIи-кIи рекъон бикъула.
КIикъогояца цадахъ
Цолъун рекъон бикъула.

Цо гIанкIу бикъарасе
ГIадлу буго къварараб.
Азарго бикъарасул

ГІакъил вуго гъавулев.

Бикъулеб буго месед,
Бикъулеб буго намус.

Гъол кІиязго малълъула,
Гъол кІиязго бикъула,
Гъол кІиязго кванала,
Гъол нугІзаллъун тІамула,
Гъозде бецІизе ккола,
Гъол туснахъалда лъола.

Бикъула гьедарулез,
Бикъула пударулез.
Бикъула гьардолеца,
ЦохІобер къапичІого.
Бикъарал гІорцІиларо,
Бикъарал рохиларо,
Ахир гъванща хъвагІала,
Ахир кверал хІанчІула.

Бикъулезе щибаб къо
Даимаб хІинкъи буго.
ХІинкъун чІамулеб буго,
ХІинкъун чІикІулеб буго,
ХІинкъун чІучІунеб буго,
ХІинкъун чІехьолеб буго,
ХІинкъун хъарсулеб буго,
ХІинкъун хъусулеб буго,
ХІинкъун вегулев вуго,
ХІннкъун вахъунев вуго.

ХІинкъун гьекъолев гьечІо,
ХІинкъун кваналев гьечІо;
ХІинкъун ретІунеб гьечІо,
ХІинкъун рекІунев гьечІо.
Бикъарав хІинкъун вуго
Жиндирго рагІад бихьун...

Малълъаразул кІал букъе,
Бикъулезул квер къотІе,
Кваналезул чехь бихъе,
НугІзадерил гІин кьуре, –
ГІайиб гьечІев кІиявго
Хъизаназухъе риччай! –

Гьедин ахIулеб буго
Улкаялъул ияхIалъ, –
Улкадул цIар хирияз
ЦIогьазул гьванща бухе!

*1965*

## ХЪАНТIАРАВ, ХЪАМАЛАВ ПОЭТАСДЕ

Дуца бицунге дие
Дол цересел ихазул,
Церего кIочон тарал
НекIсиял сариназул.
Мун вукIана дир гьудул,
Гьей лъади ячинегIан.
Мун вукIана кочIохъан,
Кепказде ракI гъезегIан.
Гьезул чвархъидахъ дуца
Чагуралъул бакъан, кечI
Бер къапичIого кьуна,
Къарумлъиялъул лъимер.
Бихьиназул гьудуллъи,
Гьунаразул берцинлъи
Дуца гъасда бичана
Руччабазул хъантIидахъ.
Дуца, мун лъадилъун чIун,
Лъади рослъун гьаюна,
Якьад эбелан абун,
Эбел дуда кIочана.
Гьедин рукIуна чагIи,
МагIаруллъи кIочарал,
Чияр дуниялалде
Дир ВатIанин ахIдолел.
ВатIан дуе щибизе
СукI-сукIун гъансиниб лъе,
Гъолда жаниб гурищ дур
Гурун лъун пикру бугеб.
Щиб жо дуда абилеб,
Абураб рагIуларев?!
ИяхI дур гIинкълъун буго,
ГIакълу дур кьижун буго.
Дур рокъобункъабгго цер
Цадахъ ургъулеб буго,
Искусство гуккизе,
КочIол мухъал гьаризе.

Ва амма искусство,
Азарил санал рараб,
СихIру гьечIеб, баянаб,
БахIарчияб, гIакъилаб,
Духъ балагьула пашман,
Гьардухъанасухъ гIадин;
Гьеб, бетIерги кIибикIун,
КIалъалеб буго дуда:
...Жиндир бацIцIадаб рокъоб
Рекъараб бакI бокьараз
СихIирлъиги, хъантIиги,
Хъамаллъиги тейилан.
«Мажгиталде как базе,
ХIажизаби киниги,
ХIурматалда рачIа нуж,
ХIатIал, квералги чурун.
Гьанир рачIунел чагIаз
Чвантида тIад лъоге квер.
Керен рагье, ракI рагье,
Гьалеян – намус бихье!
КIочон тоге, гьаб рокъор
Пушкин, Данте рукIана,
Дуда бичIчIа, гьаниб кечI
МахIмудица ахIана.
ЧIужуялда гьикъараб
ГIакълуги босун гьанир
ГIабдалзаби рачIана,
КочIохъаби рачIинчIо».
Гьедин ахIулеб буго
Аза-азар гьаракьадъ.
Дуда рагIулеб гьечIо,
РегIун гьечIо хъантIиялъ.

... Дуца бицунге дие
Дол цересел ихазул,
Церего кIочон тарал,
НекIсиял сариназул.

Дуца сахлъи гьикъуге
Гьудулзабазул тIокIалъ,
Нахъарокъов гIодов чIун,
ГIарац рикIкIунев вукIа!

*1965*

**ЦО БЕРТАДУЛ КЪИСА**

ИчIазарго сон барав
Цо магIарул васасе
Микьазарго сон барай
Цо яс абун йикIана.

Бертаде къачIадана,
Къайи-къоно гIуцIана,
Къоазарго гIуцIмада
МоцIаца гьеб баччана.

АнцIго верст бугел михъал
БахIарас къунцI-къунцIана.
Къого верст бугел гъалал
БахIаралъулги ххана.

ГIедегIарал чапараз
Чода тIалъи сверана.
БачIунеб хамизалде
Халкъ берталъе ахIана.

Хамиз сордо бачIана,
БачIинчIого киб инеб!
Копол къвачIа рагьана,
Къан гьанже гъоб букIинищ!

МугIрул зурма ахIдана
Зобалазде, ракьалде.
Бокалал цIун рорхана,
ЦIвабзазда хъван-хъвачIого.

...Залимаб кьуруялда
Кьурун гъежги базабун,
Бохалда тIад бохги лъун,
Балагьарав бахIарав.

ГIатIидаб расалъуда,
ГIурччинаб тIансаялда,
ТIугьдузул квацIиялда
Керен цурай бахIарай.

Гьале цоцаде данде
ИтаркIоги миккиги
Унел руго кьурдизе,
Кьвагьи буго зобазда.

Гьел зобазул гъудрухъан,
Хъатал цIу-цIун цIикIкIараз
ЦIваби ралел рукIана
БахIаразул бутIрузде.

БитIун гьеб заманаялъ,
Чабхъад ахIизе гIадин,
Цо чапар тIаде щвана,
Чодул мугъ бацIулаго.

Щиб хабарин гьикъидал,
Букъараб зар гIадав гьас,
Зурмаги чIезе гьабун,
Бертин теян абуна.

Къвалакьа, гIалах гIанаб,
ГIарза цебе бахъана:
Басрияб гIадат цIунун,
ГIечIей яс кьолей йигин.

– Микьазарго сон барай
Гъалал халат гIоларищ?
– ГIарзаялда хъван буго
Анкьазарго бугилан.

Жегиги моцIродацин
МацI хъвазе гIечIеб льимер
Лъадилъун ячунелъул
Кире нуж балагьулел?

Гьедин, квералги хьвагIун,
Калам-хабар гьабуна.
Мун щивилан гьикъидал,
Прокурор абуна.

Гьелда къотIана бертин...
Къварилъарал бахIарал
Ана сельсоветалде,
Рортана тохтирахъе.

АнцIго кагъат босана,
Комсомолка гIун йигин,
Нусго печать чIикIана,
Гьезда тIад гIемер чIваялъ.

Гьел кагътал росулаго,
Азарго сон сверана.
Ахирги, изнуги кьун,
Загсалда хъван тIурана.

Заманаби сверана,
Санал, векал тирана,
БахIаралъ бахIарасе
Нусго лъимер гьабуна.

Гьезда гьоркьоб цоясе
Сунат гьабун бугилан,
Парткомалдеги ахIун,
БухIун выговор кьуна.

Кинабго къотIун гьечIин,
КъваригIараб тун бугин,
КигIан баян кьуниги,
Кьурун буссана бюро.

Гьеб къварилъи кIочана
КIудияб рохалица.
Васал-ясал залимлъун
Зобазда цулел руго.

Цо къоялъ гьеб хъизаналъ
Гьоболлъухъ ахIана дун.
Цо рагIи абейилан,
РагI цIун бегьана чIагIа.

Дица рагIи абуна,
РагI борхилалде цебе.
РагIун батичIонани,
ГIенекке цоги нухалъ:

– Нусазарго сонги бан,
Цоги бай магIарулаз!
Зобал, тIаргъал киниги,
ТIад лъеги магIарулаз!

Азарго вас гьавеги,
Азарго яс гьаеги
Гьаб бачIанщинаб къоялъ
Щибаб росулъ магIарухъ!

Сундулго кеп толарел
НахъегIанал гIарзчагIи,
Чохьол унтиги бахъун,
Хваги нилъер магIарухъ!

*1965*

**ЖАХIДА**

ТIонгIанаб гIарза буго
Дидасан хIусудалъул.
ХIехь гIадаб гамачI буго
ЖахIдаялъ дие къачIан.

КъватIиве дун унелъул,
Гьеб нахъасан хIенчола.
ВачIунев дун вихьигун,
Гьеб хьолбода хIенсола...

Дун камурал дандчIваялъ,
РачIги борхун, хIапдола.
ХIалхьи лъалареб жахIда
Дида даим хIанчIола.

Дун данде ккараб мехалъ,
Квер лъухьун гьедарула,
Гьудуллъиялъул бицун,
Вацлъун вихьулин абун.

Дир иш дагьаб рекълъани, –
Рокъоб гьесул праздник,
Дир хъураб оцалъул гьан
Гьасие щвараб гIадин,

Бекараб дир гьакил цIул
Гьас цIадаб лъураб гIадин;
Буго мадугьалихъ дир
Даим гIумруялъ жахIда.

Дун гьебгун вагъуларо...
Гьелъулгун рагъ гьабуни,
Панаял кучIдул хъвазе
Кида заман батилеб.

Жегиги гьелдехун дун

Гьимун, воххун кIалъала,
Гьве хIапдолеб мехалда,
ХинкI рехулев чи гIадин.

Амма, гьанже бичIчIана,
КигIан хинкI реханиги,
Хадуб бортахъичIого
ЧIолеб гьве жахIда гуро.

Гьеб цIакъ чамгIалаб буго,
Чурун нахъе унаро.
Черхалда ярагъги бан,
Хьваде гьелда цевесан.

Дуца квер бихьарабго,
Килщал хIанчIулеб жахIда...
ХIинкъараб цIукIайин гъоб.
Гъванщилъ базе зар бихье.

Цинги сородула гъоб,
Цинги ццидаххуна гъоб...
Велъулаго цеве а,
Ишал гIемерал руго.

*1966*

## ЦО ХАЛАТАБ КЪИСАДУЛ КЪОКЪАБ ХIАСИЛ

Рокъове вуссана сапаралдаса,
СагIат гьоркьоб инчIо, гьас гьудул чIвала,
Гьудуласда хьолбохъ чIужуги чIвала,
ЧIужуялда аскIой якьадги чIвала.

СогIав магIарулав, гIасияв инсан,
Щибго ккечIев гIадин, квана-гьекъола:
Гьудул гьудул гIадин вукIине кколин,
ЧIужу чIужу гIадин йикIине кколин.

– Якьад?
– Якьад дида ракIалда гьечIо.

*1966*

## КУЧIДУЛ РИКЪУЛЕЛ РУГО

– КучIдул, кучIдул кир ругел?
– Буюр, буюр, кочIохъан!

– Бице, нуж цIогъаздаса
Кин цIунилел поэтаз?

Цояз цо мухъ хъамула,
Цогияз кIиго уна.
Гъеб кIочене цо-цояз
Микьабго мухъ бикъула.

Дир поэтасул чода
Чияр кьили бихьула;
Кьабун толеб бугеб куц
Берцинаб айгъиралда!

Дирго кьагIиги дида
Чияр рехъалъ рихьула;
Бидул цIун руго кIутIби,
ЦIер чIикIулаго гъозул.

Унго, гьаб дагIбаялъе
Диванчиго гьечIевищ? –
Дуниял цIолеб буго
КучIдузул цIогьабаца.

– Пашманлъуге, шагIирал,
ЦIиял саринал ахIе, –
ЦIогьал женжелеб гIадат
Жавгьар бугел бакIазда.

Инсуда релълъаралин
Лъимал рукIунел даим,
Лъала, кир дандчIваниги,
КучIдузул бетIергьаби.

*1966*

## ГIОРХЪИ

Гьаб я мегIер гуро, я гIалах гуро,
Я гIурумохъ гуро, я рохьигъветI гуро.
Гьаб гIорхъуда гьечIо хъаравулзаби,
ХъахIлъи рехизегIан сордо борчIулел.

Гьаб гIорхъи бахингун полицеяца
Паспортги визаги цIехезе гьечIо.
Гьанив цониги чи, чемодан рагьун,
Валюта бугищан балагьуларо.

Дида кIочонаро, цо улкаялда
Авар кучIдуз цIураб дир папка ана;
Ва гьанжелъизегIан Лиссабонналда
Дир асарал руго полицеясухъ.

Цоги нухалъ тIогьол пахруяб квацIи
Ккуна цо гIорхъуда, бегьуларилан.
Тана дир гьудулалъ кьураб сайигъат,
Самолеталда тIад хадуб балагьун.

Боржунеб хIанчIилцин цIодорлъи гьабун,
ЦIунула гIорхъаби пачалихъазул.
Амма гьаб гIорхъуда гьечIо хъаравул,
Хъаравуллъун намус щивас течIони.

Гьеб – гIадаталъулги, гIамалалъулги,
ГIаданлъиялъулги бетIераб гIорхъи.
Гьеб щивав чиясул нусабго логолъ,
Бидульги, гьанальги, къасдальги буго.

ГIорхъидал цояб рахъ – гьалдолеб гIищкъу,
Пашманав Ромео, даимав МахIмуд.
Доб цояб рахъалда – ццинги жахIдаги, –
Цевегосев Яго, хиси гьечIого.

Гьаниб – хIеренаб тIегь, Золушкал башмакъ.
Доба – хIенсолеб заз хIетI киб лъуниги;
Гьаниб – бахIарчилъи жеги чучичIеб,
Доба – черх соролеб рогьояб хIинкъи.

Доба – хIалихьалъи, доба – хIел-хIеди,
ХIинкъаразде гIинкъаб гурхIелги яхIги.
Гьаниб – ахIулеб кечI, гьаниб – хIалимлъи,
ХIикматаб музыка, гьанив – Лермонтов.

Доба – хIиллагун рекIкI, доба – гIассилъи,
Цо гIалхулаб хъантIи, дова – Мартынов.
Гьаниб – берцинаб Къасд, битIараб мурад.
Дора – гьетI-гьетIарал киналго хьулал.

Гьаниб – гIакъилаб сас,  доба – гIантаб хъуй,
ГIорхъи буго щивас цIунизе тIадаб.
Дица квер кьолелги, зар бихьулелги
Рихьула, рикьула гьеб гIорхъиялде.

Дир чанги некIсиял гьудулзабаца
Гьеб бахун батула керен унтизе,
ЛахIзаталъул заман, цо хIатIил манзил
ХIалихьалъиялде лъикIлъиялдаса.

ЛъикIал бахIарзалги хисун ратула,
Халатал соназул яхIги нахъа тун,
Гьеб гIорхъи цIунула цIакъго къвакIараз...
Дир къалмил вацалги чанги хIеккана.

Цин гьеб бахун хадуб, тIад руссунезе
Боссе бигьа гьечIо билараб божи.

Гьеб пачалихъазул гIорхъудасаги
ГIадамаз цIодорго цIунулебани,
КигIандай дуниял бсрцинлъилаан,
 КигIандай вацазул ракьал цIелаан!
КигIандай гьаб рокьи гьуинлъилаан,
КигIандай гьайбатал чагIи гIелаан!

Щибго жо кIваричIо, тIолго гIумруялъ
Гьеб гIорхъи цIунизе къуват кье дие.
Гьеб цIунун хадуса хвелги – хвел гуро,
Хириял ихазул макьу, сас буго.
*1966*

## КУМЕК ГЬАБЕ

Буго унтараб лъимер
Угьдилеб киниялда,
Кумек, дарман гьабеян,
Йиго эбел гьардолей.

КIиябгр кверги борхун,
Кинабго гIаламалде,
Йиго пулан ахIделей.
Дир вас хвасар гьавеян.

Цересан унел руго
Машннаби – гIадамал,
ГIедегIарал чIоларо
АнцIгояздасан цоял.

Унго, дун кватIиладай,

Кумекалъе виччан те...
Ургъел гьечIолъи, дуца
ЧIвазе бегьула лъимер.

Унтун бусада вуго
Мискинаб росулъ херав,
Холев вугин живилан,
Кумек гьабе, лъималин.

Лъимал рикIкIада руго,
КIудиял шагьаразда,
КIодолъарав, херав чи
Вихьулев гьечIо гьезда.

РачIунаро росулъе
Васал ургъел лъаларел,
Ишал руго батIиял,
Щивасул жинди-жиндир.

Унго, дун кватIиладай,
Кумекалъе виччан те...
Ургъел гьечIел лъималаз
ЧIвазе бегьула эмен.

Лъукъ-лъукъараб, хIинкъараб,
Дунял ахIдолеб буго,
Жиб хвезе бегьулилан,
Хекко кумек гьабеян.

Дуниялалъул рокъор
ГIинкълъарал чагIи руго,
Щивав гъасда гIодов чIун,
ГIалам нилъее щаян.

Унго, дун кватIиладай,
Кумекалъе виччан те...
Ургъел гьечIел гIадамаз
ЧIвазе бегьула дунял.

Чанги тушбаби руго,
Чанги унтаби руго.
Ургъел гьечIолъи буго
Бищун ракI лъукъараб жо.

*1966*

## САГІТИХЪ БАЛАГЬЕ

РачIа, сагIтихъ балагье,
Нилъ цIакъ кватIулел руго...
Гьалъул-долъул бицунел,
Цого хабар чIамулел.

Гьанже хIинцал оцалгун
Унеб гьечIо замана.
Ун рахъинчIо къункъраби, –
Нахъе рачIунел руго.

РачIа, сагIтихъ балагье,
Санал тирулел руго.
Сонисел лъималазул
БутIрул гIаздал цIун руго.

Щибизе гIемер семун,
ГIадалаб къец нилъей щай? –
Дун къочун вахъиналде,
Михъал хъахIлъун ратана.

РачIа, сагIтихъ балагье...
Цодагьал кватIаниги,
Камун ватула гьудул,
Унтун бусаде ккарав.

ГьитIинаб мех боржана,
ГIолохъанлъи хъудана,
ГIезе заман щун буго...
РачIа, сагIтихъ балагье.
*1966*

## БАЙБИХЬУДА

Иццал рихьана дида,
Байбихьуда тIокIкIарал.
Пикру бихьана дида,
Байбихьуда гьайбатаб.

Бихьана дида гьумер,
Гьереси бицунареб;
Гьеб букIана кинида
Байбихьуда лъимадул.

Хадур иццал чвахула,
ЧамгIаллъи гъорлъе ккола,
Хадуб пикри хъачIлъула,
КIичI-кIичIула, хIанчIола.

Цинги лъимер, гъветI гIадин,
ГьетIун уна гIурабго. –
ГьетIиларищ рагIадги –
Ругьунлъула гьерсиде.

Дагьаб ритIухълъи жеги,
ТIубан битIараб гуро.
ТIоцебесеб байбихьул
Берцинлъи лъикIан даим.

ТIубан хъаба цIечIони,
ЦIекIлъун батула чагъир,
ЧамгIаллъуге, иццул лъим,
БацIцIалъи цIуне ралъдалъ.

*1966*

* * *

– Эмен, дун гIодов ккана,
Кваранаб бох бекана.
– Нухдасан арав ани,
Щибго букIинароан.

– Нухалги дунялалда
ГьетI-гьетIарал ратана.
– БитIараб балагьизе
Берал кьун рукIана дуй.

– Беразда бихьарабги
ГIумруялда данд ккечIо.
– ГIакъилазда цIехезе,
КIал-мацI кьун букIана дуй.

– ЦIехана нусго гIакълу,
Рекъон кколаро цоцалъ.
– Рекъараб бищизейин
БетIер кьун букIараб дуй.

– БетIерги сверун буго,
Гьел-гьалаз гьаб-доб бицун.

– БетІер гьечІеб мехалда,
Бохдул рекулеб гІадат.

– Дица щибха гьабплеб
Гьадинаб дунялалда?
– Гьанже гьеб иш бекараб
Бохалда цІехе дуца.

*1966*

* * *

Цо мискинчи вачІана
Росулъа шагьаралде.
Щвана цо хІакимасул
Рокъове къваригІелалъ.

Инсул ракьалъул махІищ
Гьоболасдасан лъараб, –
Лъабго-ункъо сон барай
Ясалъ гьасда къвал бана.

Лъимералде ахІдана
Жавабияв хІалтІухъан:
«Жея, нахъе айилан,
«Яхъа кверал чуре», – ян.

Гьелде хьандана эбел,
Унти дуде бахани,
Щиб жинца гьабилейин,
Гьоболасда хъвагейин.

Гьеб чІинхъи бичІчІун,
мискин
Вахъун анна, къо лъикІин,
Гьас тІубараб къваригІел
КъваригІун гьечІин жиндий.

Гьев ун вахъараб мехалъ,
Лъимер агьан гІодана:
– Эмен, гъов нилъедаса
НусцІул вацІцІадав вуго!

*1966*

**ВАЦАЗУЛ КУЧІДУЛ**

Дида кІочон толаро
Чикагоялъул сордо.

Цадахъ гIодор рукIана
Дунги мистер Джонсонги.
РагIи данде кколареб
ДагIба-къец халалъана,
Хадуб, къватIнр рахъингун,
Америкас абуна:
«Мистер Расул ХIамзатов,
Дица дуе цIалилищ
Рагъда чIварав вацасул
Цо ахирияб сарин».
Гъос цIалана, гьеб мехалъ
Дида ракIалде щвана
ШигIру, – чIварав вацасул, –
Дица гьебги цIалана.
КIиялго руцIцIун чIана
ДагIба-рагIи лъугIана.
«Дунялалда гьадин иш
БукIинароан. Джонсон,
Дур вацасул асарал
Дица цIаларалани,
Дир вацасул асарал
Дуца цIаларалани».

*1966*

## ГЬОРКЬОР

Мун цохIо чиясдаса
Цевехун ворчIанани,
Бищун цеве вугин ккун,
Вуго чIухIун ахIдолев.

Бищун цеве цониги
Инсан гьечIо ракьалда,
Гьоркьор руго киналго
Тирулеб дунялалда.

Мун цохIо чиясдаса
Цо нухалъ нахъе ккани,
Бищун нахъа хутIанин
Хаган вуго ццидаца.

Бищун нахъа хутIарав
Инсан гьечIо ракьалда,
Гьоркьор руго киналго
Гургинаб дунялалда.

Бищун цевесев гуро,
Бищун хадусев гуро,
Бищун кIудияв гуро,
Бищун гьитIинав гуро,
Дунги гьоркьохъев вуго,
Гьоркьохъеб заманалъул.
Анкьилъ арбагI киниги,
Гьакьида магI киниги.

*1966*

## ЧИ ХЪУЛУХЪАЛДАСА НАХЪЕ ВАХЪАНА

Чи хъулухъалдаса нахъе вахъана, –
Чодаса рекIарав гъоркье вортана.
ГъалбацIил лъугьана мимилеб кету,
БацIида чIана къо къунцIараб чахъдал.

Чи хъулухъалдаса нахъе вахъана, –
Чиго гьечIев гIадин хутIана живго.
Кив вугев мадугьал, гьечIо «ВорчIами»,
Гьудулзабаз ахIи, «занят, некогда».

Чи хъулухъалдаса нахъе вахъана,
Честь кколел лъугьана критикаллъун.
КIалтIа машин гьечIо, шофер тIагIана,
ТIокIаб дача гьечIо, паекал гьечIо;
ГьечIо аппаратги трибунаги,
Телефонал, цIумур, рахараб тукен.
Вилълъана некIсияв тохтирасухъе,
Даптаралдаса дир хъвагIан буго цIар.

Чи хъулухъалдаса нахъе вахъана, –
Михъал хутIана цо цере рукIарал;
Гьелгицин далана, гьас бетIер ккуна...
Огь, кватIараб гIакълу, пайда гьечIеб яхI.
Кинаб гьаб дуниял! Гьалмагълъи чадилъ,
Чилъи хъулухъалъулъ, огь гьанал вацлъи...
Мун хIаким ватани хIурмат барилан,
Мун хIаким гьечIонн хIурмат йохъилан,

*1966*

* * *

Нухдаса вуссаравго,

Свакарав чияс гІадин,
Дица дир сабру гьечІел
Ургъелазда гьарула:
Дир гІемер ишал ругин,
Дун паракъат тейилан, –
Бакънал рачун лъугІигун
МагІида чагур гІадин,
Чабхъадаса вуссингун
Лъалиниб ханжар гІадин,
Лъимер кІудияб гІейгун
БокІнида кини гІадин,
Квен-цІа лъугІараб мехалъ
Къаси гъансито гІадин,
ГІурччинаб их тІаде щун
Реххараб тІимугъ гІадин.
Сабру гьечІел пикрабаз
Инкар гьабула дие:
Дуда гьикъун рачІинчІин,
Дуца гьарун инарин.
Жал дур кверазда килщал,
Жал дур надалда берал,
Дур рокьиги макьуги –
 Жал гьечІонн, гьечІин мун.

1966

## ГЬАЛ КУЧІДУЛ ХЪВАНА АФРИКАЯЛДА

* * *

Дун ворчІана сардида
«Де франс» отелалда,
ГьечІо жеги бачІун къо,
Буго пальмабалъ сордо.

ВорчІана дун нахъойги,
Рагьана дица горду.
Рогьалий щай вокьичІев? –
Буго гьадабго сордо.

Лъабабизе ворчІана,
«ВорчІами» – буго рогьел;
Дун гьелда данде ана,
Океан буго бакьулъ.

Гьенисан гуми руго

Цоцазухъе рачIунел,
БорчIараб Африкадул
Улкабазда релълъарал.

Гъел цо нухалъ рорчIана, –
Сверухъ сордо букIана.
Цоги нухалъ рорчIана, –
Гъебго сордо дандчIвана.

Лъабабизе рорчIидал,
Рахъана хунжрул гIадин,
Хал гьабе, къо бачIана,
Къай гъеб данде, Африка.

*1966*

**«Твист» – «Лезгинкаялъул» гьалмагъ**

Дие Африкаялда
АнцI-анцI там-там бухана.
Тара, тара, тара-ра,
Вахъа твист кьурдизе.

Цоцалъ хъатал кьабана.
Кьур-кьурдана, тирхана, –
Тра-тра, тра-ра,
ТIолго черх басандана.

Ччорбаз кIанцIур бачана,
КIалдир килщал пештIана, –
Тра-тра, тра-ра,
Тире, бакъул дуниял.

Дица гьаб кьурдиялде
МагIарулаб жубана,
Жея, гьарс, тра-тра, –
«Твист» – «Лезгинкадул» бац.

МагIарухъе щварабго,
Шамилилалде гъорлъе –
Тра-тра, тра-ра...
Твист жубала дица.

Лъала дида, Африка,
Мун унеб нух, бихьана...
Тра-тра, жея, гьарс,

Гъудул, баче къабун квер.
*1966*

## ХЕККО КАМУРАВ КИДАГО КIОЧЕНАРЕВ СИМОН ЧИКОВАНИЕ

Дун вахана мугIрузде,
МугIруз дида гьикъана;
ГьитIинго жал рокьарав
Цо гIолихъан вукIанин,
Гьанже гъов кив вугевин,
Кинго вихьулев гьечIин...
Кинаб жаваб гьабилеб,
Гъудул, дица мугIрузе?

Дун Рионалде щвана,
Рион къварид угьдана,
Жинца тIовитIарав вас
ТIад вуссун щолев гьечIин.
Щиб жаваб кьелеб дица
Мун гьавураб росдае?
ГьечIо дир рагIи хутIун,
РагIи абизе, вахъа!

Хурдуз дида гьикъула
Ракьулъан раккулаго, –
Мун ракьулъе анилан
Абизе кIвелищ дида?
Живго Руставелица
Васазулъ мун гьикъула,
Поэт, цо рагIи абе,
МагIу бацIцIе хурдузул.
*1966*

* * *

Дида абулеб буго
РикIкIадисел гIадамаз,
РикIкIада кьурулъ щайин
Дур росу бугебилан.
Мун борхалъуда вугин,
Нухал захIматал ругин,
Духъе бигьаяб гьечIин
РачIинеги щвезеги.

Дица абулеб буго
Дирго росулъан гьезда,
Гьалъулъ цо магIна бугин,
МагIарулазда лъалин;
ЛъикIал гьудулзабаца
Гьава-бакъ цIехоларин,
Гьел квешал нухалъанги
Дихъе рачIине ругин.

ЛъикIал гурел кидаго
ХвезегIан рачIунгеги,
Дир хирияб росулъе
Шагьра гьабунаниги.
Шагьраязда лъаларо
Нилъер кIиязулго хIал,
КIичIарал сухъмахъазул
Сапаралда гурони.
*1966*

* * *

Цо гъалатI гIайиб гуро,
ГIедегIун ккараб буго.
КIицIул гIайиб кканани,
ГIадаллъиялъ ккун буго.
Киб бугеб накIкI лъолареб
РакIги, къоги, кьуруги? –
КъватIахъ некIсияв гьудул
Какизе гIедегIуге.

Цин цо нухалъ рекълъанищ,
Нух къосун ккун ватила.
КIиабизе щинкIанищ,
Щибилеб – накIкIил сордо.
Щал ругел галадичIел
ГьетIарал сухъмахъазда? –
Цересел гьудулзаби
Хисизе гIедегIуге.

Дун тарал, дица тарал
Дида кIочон тун гьечIо,
КIутIичIого рачIа нуж,
Кьела рагьараб хIасрат.
Гьудулзаби ракьалда

ГӀемерал чагӀи гуро, –
ГӀедегӀуге какизе,
ГӀедегӀуге хисизе.
*1966*

* * *

Цин цебе гӀумрудул дарс
Дие инсуца кьуна,
Цингиги гӀумрудул дарс
Дие гӀагараз кьуна.
Бищунго кутакаб дарс
Дий гьаб гӀумруялъул
Дун божутӀа гуккарал
Дир тушбабаца кьуна.

Цин цебе, нух къосингун,
Инсуца ккуна дир квер,
КӀицӀул мекъи дун ккейгун,
Данд чӀвараца малълъана.
Лъабабилеб нухалда
Дие къваригӀараб нух,
Къадалъ тункун бекараб,
Дир бетӀералъ малълъана.

Цин цебе кечӀ ахӀана
Кинидахъ дир эбелалъ,
Цинги кучӀдул малълъана
Дида дирго лъималаз.
Лъабабилеб, ахираб
Сарин малълъана дида...
Дица хъвалаго тӀармил
ТӀун арал рекӀел чӀвабзаз.
*1966*

## ЛЪИМЕР

Лъимер, дир хӀеренаб, белъанхъулеб куц! –
КиналгӀаги хӀанчӀи руго чӀичӀилел,
КиналгӀаги иццал руго берелел,
КиналгӀаги берал руго кенчӀелел.

Дуда бихьараб щиб, дуда лъараб щиб,
Щибго бичӀчӀи гьечӀеб, гьитӀинаб бурутӀ?
Дунги велъанхъула дуниялалда

ГIумруялъ малълъараб дирго релъиялъ.

Лъимер, дир хIайранаб, мун гIодулеб куц,
Керен бухI-бухIула, кумек гьечIеб мун...
Щиб дуда унтулеб, – батулеб гьечIо,
Берал чваххула дур, сунца лъаларо.

Дирги буго унти дидаго лъараб,
Лъимер, зигардула дирги керен, ракI.
Дунги дунялалда даим гIодула
Дуда жиб лъагеяб дирго гIодиялъ.

Лъимер, мун гIодула гIумру лъачIого,
Дун гьаб гIумру бихьун вуго гIодулев.
Мун белъулеб буго гIадан лъачIого,
Дун гIадамал рихьун вуго велъулев.

Дуда щибго лъачIо – гьересигун щцин,
Гьимулеб букIа мун, кIар-кIарун белъе.
Риччан те киналго хIанчIи чIичIизе,
Риччан те чIвабилъун лъарал кьурдизе.

*1966*

## БАТIАГОГИ ЦАДАХЪГИ

БатIиязе щолареб
Щибго дие кIваричIо.
БатIиязе гьукъараб
Рукъги нухги кIваричIо.
Цадахъ чагIи гьечIого,
ГьечIо сундулго тIагIам;
Дун бетIергьанлъун вуго
Цого цо бетIералъул.

БатIаго хьвадизеги,
БатIаго хьихьизеги,
БатIиязе гьукъараб
Рохьоб чан гьабизеги,
Гьалмагълъи биччалареб
ХIорихъ ччугIа ккевезеги,
Дун хасав, тIокIав гуро,
ТIолгоялъ цояв вуго.

Цоял коридоралъур,
Цо чи палатаялъув, –

Гьедин дун лъикIлъиларо,
Дараби хасгал кьоге.
ГIахьал букIа кинабго –
Бикьулебги кьолебги;
Гьеб мехалъ дагIба къела,
Гьеб мехалъ къец лъугIила.

*1966*

* * *

ЦIорол Северищ бугеб
Нилъер мугIрузде бачIун,
Балеб бугеб куц гIазу
ГIазизаб тIалъиялде.
Мун цIоролей гьечIейищ,
Мун квачалей гьечIейищ,
Кин йигей мун магIарухъ,
Дир берцинай милъиршо?

Дун лебалаб чода тIад.
Чабхил нухал нахъа тун,
Духъе вачIунев вуго
НакIкIалги рикьизарун.
Дица дур гъежда бала
Дир гъалараб буртина.
ЯчIа цадахъ хинлъизе,
Дир хирияй милъиршо!

Дир каранда буго цIа.
ЦIер мугIрузда биунеб,
Балеб гIазу хисила
Хинаб, тамахаб цIадалъ.
РачIуна къвакъвалаго
Къункъраби магIарухъе,
РагIуларищ дир гьаракь,
Дир гьитIинай милъиршо?!

*1966*

**Ф.И. КАЛЫНИЧЕВАСЕ**

Цояз пикру гьабула,
Гьеб бессула, лъутIула.
Гьез пикраби чархида
Чармил хунжруллъун ккола.
Гьезул цIумал гьарула,

Гьава къотIун роржунел, –
Гьединал гIадамазда
ГIакъилзаби абула.

Цогияз гьел пикраби
Каранде данде къала,
Гьезул хунжрул рорчуна,
Гьезул чуял рекIуна.
Гьез пикрабазул хIанчIи
Роржун унаго ккола, –
Гьединаб пишаялда
Гьунар абула дица.

Руго лъабабилелги, –
Жидерго пикру гьечIел,
Цогиязул лъаларел,
Лъазе хиялги гьечIел.
Гьел ракI беццал, ракI гIинкъал –
ГIемер руго ракьалда.
ГIакъиллъиги гьунарги –
КъанагIатаб хазина.

*1966*

## ЦIУНЕ, ГIАДАМАЛ

БахIарзал, цIадуде бадире арал,
Би тIурал рагъазулъ чIаго хутIарал,
Машгьурлъиялъ хвечIел рагъаца чIвачIел,
ЧIвазе бегьула нуж берцинал гьерсаз.

Гьел цIакъ хIиллаялда рачIуна аскIой,
ХIеренаб мацI, гьими, гьуинаб калам...
Гьел – гьайбатал борхьал, гьез рухь-рухьуна
Берлин босаралги, космос лъаралги.

Гьезул рецц рагIигун, рагIал гьезухъ тун,
Нужеца жемула нужедаго квар.
Цинги гьерсихъабаз ккола мукъулукъ,
Кодор щванин нужан, гьанже бихьилин.

«Ячанани яче, ячинчIонани,
Руччабазухъ гьадин квеш балагьизе
КибгIаги лъилгIаги ихтияр гьечIин»
Уна гьел гIарзалгун гIалам сверизе.

НугІзал гьересиял рукІананиги,
РакІалъе даруял данд чІвала цо-цо,
Цо закон бугила киназегІаги, –
ГІадлуялде цІала цІарги махщелги.

Хадуб, ракІ бухІигун, кватІун букІуна,
Камула бахІарчи яхІ гьечІел чІораз.
ЧІаго ругез цІиял гьерсал рицуна,
Щибго ккечІеб гІадин... Кинаб инжитлъи!

*1966*

* * *

– ЦІад балеб бугищ?
– Буго.
– ЧІалгІун бугеб куц дида!..
ЧІужугІадан кІваричІо,
АхІулеб кечІ кІваричІо.

Дир гІакълуялъ релълъараб
ГІакълу цІехолеб буго
Бихьулареб ракьалда,
РагІулареб зобалда;
МаркІачІуда ралъдада,
Рогьалида цІадуда;
ЦІваби гьечІеб сардида,
Хабалазул заназда.

Рокьул асар кидаго
Рокьуда хадуб уна.
Дирни гІакълу цогияб
ГІакълудахъ чІалгІун буго.
ТІасияб дунял букІа,
Гъоркьияб дунял букІа –
РикІкІада бугеб канлъи
Дир гьурмада гвангъула.

Гьелъ рахІат гьабулеб куц
Пикрабазе, черхалъе!..
Унго, рокьи кІочона,
КІиго гІакълу дандбани.

*1966*

**УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, РАЧЧУЛАГО МАГЬАЛГУН**

– Эбел, кумек гъабилин
Гьеб харил магь баччизе.
– Гьаб руччабазул хIалтIи
ХIажат гьечIо дуе, вас.
Гьедин цее ячIуна
Дида пашманай эбел...
Унел руго руччаби,
Раччулаго магъалгун.

– Кье дихъе, кIудияй яц,
Гьеб кIудияб бакIаб гьир.
– Гьаб руччабазул хIалтIи
ХIажат гьечIо дуе, вац.
Мугъ гIодобе гьетIула,
ГIетI гьурмалъан бецIцIула,
Унел руго руччаби,
Раччулаго магъалгун.

Унел руго рогьалилъ,
Унел руго сардида,
Унел руго санаца
Гъежда дуниялги лъун.
БакIаб ургъалил гьирал,
Унтараб гIишкъул гьирал...
Унел руго руччаби,
Раччулаго магъалгун.

*1966*

* * *

Дун сапаралъ унелъул,
Лъабгояз тIовитIана.
ТIоцеесей хьандана:
Аралъув тIагIагийин.
КIиабилелъ гьарана:
Нух битIун тIад вуссаян,
Бищун тIарамагъаселъ
Щибго рагIи абичIо.

Дида цояй кIочана,
Цо мегIер бахарабго.
Цогияй кIочон тана,
КIиго мегIер бахингун.
Амма рагIи абичIей, –
ГIенеккун чIараб кIал-мацI,

КIоченчIо кив щваниги,
Щиб мегIер дандчIваниги.

Дун сапаралъ вуссингун,
ТIовитIарал лъабгоял:
Цоялъ лъадахъ къвал бана,
Цояй тIохда хьвадана.
ТIарамагъасей дида,
Кий йигей, йихьуларо...
Киназдато гьоркьоса
Гьелъ буго ракI бухIулеб.

*1966*

## ЛЪАБГОЯЛ

Йихьула лъабго гIадан
ГIумруялъ дихъ балагьун..
Дица гьезда гьикъана
Дирго къоязул рахъалъ.

Бищун цее дандчIваралъ
Диде бетIер хьвагIана:
БатIияв вугин гьанже,
НекIогIан лъикIав гьечIин.

КIиабилелъ абуна, –
Щуго соналъ йихьичIелъ –
Щибго хнсун гьечIн мун,
Гьадавго Расул вугин.

Лъабабилелъ абуна,
Дир бадие ялагьун:
«Гьазда киса лъалев мун,
ЛъикIлъун вугин мун жеги».

Иихьула лъабго гIадан
ГIумруялъул дир нухда,
ЛъабцIуса батIияв дихъ
БатIа-батIа ралагьун.

*1966*

## АХИРАЛДЕ ЩВЕЗЕГIАН

Буго абулеб рагIн
Учузлъун дунялалда.

ИяхI буго кьур-кьулеб
Цо кьуру данде чIвани.
Ахиралде щвезегIан
Щибго гьечIо батулеб;
Щиб жо гьанже гьудуллъи,
Гьалбал руго хисулел.
АхIулеб-кечI хисулеб
Буго хважайин цIехон.
ЩIар кIочон тун батула
Санал аскIор раразда...
Дица къуват гьарула –
Гьаб нилъер заманалда,
БачIараб къо борхизе
Ахиралде щвезегIан,
ТIун кьураб лълъар гьекъезе
Ахиралде щвезегIан,
Инсул васлъун вукIине
Ахиралде щвезегIан.

*1966*

## МУНГИ ЛЪИКIАЙ ГЬЕЧIО

Мун радалалдаса дида кIалъачIо.
Щиб кIудияб гIайиб? Щив дица чIварав?
Жеги хIанчIидацин гьецIо речIичIев,
Дун пашман гьавуге, огь, чIужугIадан.

Гуро, дида лъала дирго квешлъаби, –
Дуда лъарал гIадал гIемерал гьечIо.
Амма лъикI балагье, лъикI балагье мун.
Мунги лъикIай гьечIо гьедигIанго цIакъ.

Дун гуро, дун гуро дица какулев,
Дилъ ратун цогиял руго какулел.
Цогиял гьедигIан квешал гьечIо гьол,
Гьарун руго улбуз мунго гIадинал.

Цогиял – нилъгийин... Гьол цогиязе
Ццидал рохъо гьабе, – гвангъила дунял.
РачIа къоял рикIкIе, рачIа къасдал цIцIай
Мунги цIакъай гьечIо дуда кковухъе.

Дун хIадурав вуго дир такъсиралъухъ
ТамихIалде ине, – ахIе диванчи.
Амма къабул гьечIо дирго къасдазде

Къан нуцIагун рокъов туснахъ гьавизе.

Мунги, дунго гIадин, бицунелдаса
Цин квешай, цин лъикIай – лъан букIа дуда.
Мунги лъикIай гьечIо дида кковухъе,
Дунги квешав гьечIо дуда кковухъе.

*1966*

## «САНАЗУЛ ЧIУМАЛ»

АБУРАБ ТIЕХЬАЛДАСАН

1968

### ЦИНГИ ХАДУБ

– Дуй бокьараб щиб бице?
– Цо берцинай яс йиго.
– Цинги хадуб?
– Халкъ данделъараб бертин,
БахIаралда балеб къвал.
– Цинги хадуб?
– Цо вас, цо яс, цоги вас.
– Цинги хадуб?
– Васасул сухIмат-бертин,
Ясалгун васал гIезе.
– Цинги хадуб?
– Хадуб букIунеб жодал
ГIемер пикру гьабуни,
Гьунар чарлъизе буго,
Чилъи дализе буго.

*1967*

* * *

Дун беццавги гьечIо, тIолго гIумруялъ
ГIунгутIи батичIо балагьунин дур.
Бадив балагьани – гьечIо гIунгутIи.
Гьурмахъ балагьани – гьечIо гIунгутIи.

Дица квер босана, дур килщал ккуна, –
Киналго батIиял – гьечIо гIунгутIи.
Габур сверун къвал бан, къана каранде, –
Огь, кинаб хазина, – гьечIо гIунгутIи.

Дида абуна, мун хъахIлъулей йигин, –
Бараб гIазу буго, – гьечIо гIунгутIи.
Дида абуна, мун чIегIерлъун йигин, –
ЧIегIераб лъикIаб цер, – гьечIо гIунгутIи.

Щиб гьал гIадамаца дуде абичIеб? –
Дица балагьана, – гьечIо гIунгутIи.
ГIайиб чIвачIей чIужу дида дандчIвачIо, –
Дица халгьабуна, – гьечIо гIунгутIи.

Дур хIатIал, дур бетIер, бетIергьан аллагь,
Ургъараб кин гьадин? – гьечIо гIунгутIи.
ГIажаибал кIутIби, кIичI-кIичIи, свери, –
Цадахъ йикIа дунгун, – гьечIо гIунгутIи.

Дун беццавги гьечIо, гIинкъавги гьечIо,
ГIумруялъ дунялги дагьаб сверичIо.
Дур гIунгутIабазул бицине биччай
Беццал ахIмакъзабаз, – гьечIо гIунгутIи.

Буго дулъ цодагьаб къуват гьечIолъи,
Къуват гьелъулъ буго, – гьечIо гIунгутIи.
Буго дулъ цодагьаб дун вокьунгутIи,
Мун йокьула дие, – гьечIо гIунгутIи.

***1967***

* * *

Дуда кинабго жо рекъон кколеб куц,
Духъан кинабго жо бажарудеб куц, –
Зодосан гIазулъун цIорон унев дун,
ЦIад лъугьун гIодове чваххулев вуго.

ЧанцIусса вачIарав кьварараб къасдгун,
Къаси дургун дица гьабилин хабар...
Бигьаял сихIирал магIил гараца,
Гирун рачIун, рагIи щокъроб гъанкъула.

Яги гъоркьан рукIа, я тIасан рукIа,
ТIелхал рорхаралго, пана гьавула,
Цингиги беразул хIоразда жаниб
ХIохьел босулаго... Дун холев вуго.

Яги нахъа-нахъа, яги цебехун
Цо дур галабазул музикадул сас.

Цингиги, кIиялго бащалъаралго,
Бищунго хIинкъараб, къваридаб талихI.

Дуца килищ гьесе, гьитIинаб килищ, –
Цо сум гIолеб буго гIадан беццлъизе.
Цинги гъажалда квер, дур тамахаб квер,
Борхатаб магIарда цIа рекIун буго.

Цингиги къвал жеме... Къо-мех лъикI, дунял,
Дун цеве вукIарав кIочон те дуда.
Дун вачунев вуго чIужугIаданалъ
ГIумруялдасаги гIумруялдеги.

*1967*

* * *

Дун вачIана духъе, чоца абуна:
Унге мун гьаниве, цогиял ругин,
Цогиял дун рекIун гьанире щванин,
ьаб кавудахъ дида кинабго лъалин.

Дица чу бухана бахъараб цциналъ,
Чи вукIаравани, чIванцин лъелаан.
Гьадинаб гьерсихъан, ункъо бох бугеб, –
КIиго бох бугезда щиб жо гьабилеб?

Дун нахъе инаро гьаниса, дир чу,
Ваче кавудахъе, цо мун хIихIиде!
...ХIихIидана дир чу, свана дур чирахъ…
Гьаваялда моцI-цIва, рахараб нуцIа.

МацIихъан, гьерсихъан чуязулъ гьечIо
ЧагIазулъ руго гьел, балеб буго цIад.
Дида тIаса лъугьа, хIайранаб айгьир,
Инсул тIалъпялде ваче гьанже дун.

*1967*

* * *

«Мун, дир мискинаб зоб,
Мун, дир бечедаб ракь,
Гьоркьоблъи кин бугеб,
Бице, цоцалъ нужер?»

Бицани нижеца,

Дицагин йокьулелъ,
Сон гьури букIана,
Жакъа накIкI буго.

«Нуж, гIаздалал тIогьал,
Нуж, тIогьол байдаби,
Бице, дагIба бугищ
Нужер кIиязулго?»

Бицани нижеца,
Дицагин гьудулалъ,
Радал бакъ букIана,
Къаси цIад бана.

«Нуж, дир гIумруялъул
ГIорул карачелал,
Бице, кьалда ругищ
Дир кьурул сиялгун?..»

Бицани нижеца,
Цоцазул рокьи
Цадахъ баччичIони,
БакIаб гьир буго.

*1967*

* * *

«ГIадамал, цодагьалъ те,
Гьаб гIурул свериялда
СокIкIине рокьун ругин
Дирго къасдалгин санал».

Ана гIадамал нахъе,
Дунго хутIана нуха, –
Хиялазул пашманлъи,
Полпид босун буго гIор.

«ГIадамал, рачIа дихъе,
Нахъе ваче гьаниса,
Дун дирго пикрабаца
ХIинкъизавулев вугин».

РачIана дихъе чагIи,
Чвахун балеб цIадакьа
ЩIа бакараб гъасдаве

Вачана дун хинлъизе.

Амма цIа сунеб буго,
Амма цIад балеб буго,
Пикрабалъ мугIрул руго,
МагIарда гIазу буго.

ГIадамал, чорхол рахIат –
Пикрабазе захIматаб.
Пикрабазул кеп-рахIат –
ГIакълуялъе заралаб.

*1967*

* * *

ЖаКъа дир нахъойги тIокIаб букIинчIеб
ТIоцебесеб нухалъ ккана духъ рокьи;
Гьедин букIунарищ, – анцIул щваниги,
Щибаб нухалъ Париж цIиябин кколеб.

Гьедин букIунарищ, чан ихлъанигн,
Их тIоцебе гьанже щвацилан кколеб.
Гьедин букIунарищ, гьитIинго дуца
БетIараб гIурччинлъи жакъа бокьулеб.

Нусго кечI хъваниги, ккола ракIалде
Жакъа тIоцебесеб кечI хъвалев вугин.
Нусгояб тIубачIеб хутIананиги,
ТIарамагъадисеб абула мурад;

Дирги гьедин буго, духъ ккараб рокьул
Мехахъги нухахъги хал гьабурабго:
Дие гьеб бищунго цебесеб буго,
Цингиги бищунго ахираб буго:

*1967*

* * *

ГIурччинлъиялъ тараб, тIамхал гъенараб,
ТIуьдул тIад речIараб, хIанчIаз реххараб
ГъотIодаса тIураб бакъвараб гIаркьел
Гъаримав, чиякъав чи гIадин буго.

Дун гьалъул рагIалда гIодовги вукIун,
ГIумрудул пикрабалъ пашманго вуго.

Гьанже цогиязе гьаб хIажат гьечIо.
ХIанчIаз киб арабан гьикъулеб гьечIо.

Гьезда гьаб кIочана, цоги гьутIбузда
Церегосел бакъанал тIамулел руго.
Рукъ гьечIого къватIахъ хутIараб гьарин,
ГьотIол гIаркьел дица рокъой баччана.

*1967*

* * *

Самолетал роржингун,
Поездал данд чIваралго,
Нуха гьакал рихьигун,
Пашманлъула керен-ракI:

Умумуздасан лъимал
РатIа гьарулел руго.
Гьудуласдаса гьудул
ВатIа гьавулев вуго.

Дидаса дир хирияй
ЯтIа гьаюлей йиго...
Огь, пашманаб гьаб гIумру,
ГIорал рикьулеб мехалъ!

Самолетал роржигун,
Поездал данд чIваралго,
Нуха гьакал рихьигун,
Гьинал ракI боххула дир:

Умумулги лъималги
Хекко данд чIвазе руго.
Даимал гьудулзабаз
Кверал росизе руго.

КватIиларо, хирияй
Дида йихьизе йиго...
Огь, камилаб гьаб гIумру,
ГIорал цолъулеб мехалъ!

*1967*

**САНТИ КЛАРА**

Дун гьаб апрелалда тIубан сордоялъ

Санти Кларалда тирулев вуго.
Дун шагьаралъ гуро пана гьавурав,
Дир кIутIбуз шурула шагьаралъул цIар.

Шурула хIеренго: «Санти Клара...»
Угьула хIайранго: «Санти Клара...»
АхIула хIасратго: «Санти Клара...»
Цинги вуцIцIун чIола: «Санти Клара...»

Мун кинай йикIарай, чIинкIиллъидул хIинчI?
Дур гьитIинаб шагьар буго пальмабалъ.
Вацасищ бараб гьаб яцалъе, бице?
Яги эбелалъе васасищ бараб?

Дир эбел камуна, Санти Клара.
Цо яц йи-го росулъ, Санти Клара.
Дирги гьудул йито, Санти Клара.
Дун ясазул эмен, Санти Клара.

Гьалдолеб океан нахъехунги тун,
Тирулев вуго дун гьаб улкаялда.
Дир берзул хIориннр паркъелел руго
Гьайбатал шагьарал дир руччабазул.

Бералъ магIил гарал – Санти Клара,
Бадиб цIадул кунчIи – Санти Клара.
Берал цIваби руго – Санти Клара.
Дир керен – гьаб шагьар – Санти Клара.

Огь, кигIан берцинаб дунял букIинеб,
Бице, щибас жиндир шагьар гьабуни? –
БукIинароан рагъ, шурилаан цIар,
Улбузул, яцазул, цинги ясазул.

Шурила хIеренго: «Санти Клара...»
Угьила хIайранго: «Санти Клара...»
АхIила хIасратго: «Санти Клара...»
Цинги руцIцIун чIела: «Санти Клара...»

*1966*

**АБУТIАЛИБИЛ КЕЧI**

Дида дунял бихьана,
Дида гIумру бихьана.
ГIарцудаса щулияб

Пахь бугеблъи бихьана.
Пахьалдаса къвакIараб
Махх букIинги бихьана,
Махxалдаса къвакIараб,
Сундасаго щулияб
Дуниялалъул рокъоб
Дида чаран батана.
Амма чаранги дуца
Биинабуна, рокьи,
Чаран биинабулев
Чиги виинавуна,
Чаран чIинтIилеб куцалъ
КъвакIизеги гьавуна...
Кинаб къуват дулъ бугеб:
Бице, бице, дир рокьи?

*1967*

**ВАСИЯТ**

Дун тIупараб мехалда,
Дир хабаде тIаде бай
Хирияб тIалъидул ракь, –
Дие гьеб бокьулаан.

Цинги дангъураз босун,
Дагъистаналъулалде
Дунялалъул ракь жубай
Гьаб дир жаназаялде.

Дун вукъараб мехалда,
Гьаб дир хабада щущай
Хириял мугIрузул лъим,
ГIумруялъ къеч буссинчIеб.

Яги гьороца босун,
Яги цIад гIадин чвахxун,
Чуре абе дир зани
БатIиял лъинацаги.

Гьаб дир гIумру букIана,
Гьеб кIиябго ракьулъе
Кьалбал жаниб риччараб
ГьетIараб гьотIол гIадаб.

Гьал дир санал рукIана,
КIиго къечараб лъиналъ

Лъалъан гІезе гъарурал
ГІаркьелал кинигиял.

## МИХАИЛ АРКАДЬЕВИЧ СВЕТЛОВ РАКІАЛДЕ ЩУН

... Гъов вачІунаан даим,
Гъосул бицунеб мехалъ,
Цо ракІалда гьечІого,
«Гьалеха дунгп» абун.

ВачІунаан, ннжеца
Абурабщинаб рагІи
Жинда рагІараб гІадин,
ГІаламаталгун гьурмалъ.

Гъажалда квер лъолаан,
«Босяк», ХІамзатов Расул,
Мун хІалакълъун вугев куц,
МуцІиялда релълъунин.

Дагьал къанщарал берал
Балагьулаан гъосул;
Бигьалъулаан гІумру
Бищун гІадалаб мехалъ.

«Дица дур асар, Расул,
ГІурус мацІалъ бахъараб
Нахъ буссине гьабила
Аваралде, чІечІони»...

Ниж цІакъ пашман рукІана,
Поэт бусаде ккана,
Больницалъул койкаялъ
КочІохъан вачун ана.

Бищун щулияздаги
Бищунго щокъаздаги
Гьоркьоб бугеб жиндирго
Кьо бахун нахъе ана;

... Гъов вачІунаан даим,
Гъосул бицунеб мехалъ,
Цо ракІалда гьечІого,
«Гьалеха дунги» абун.

ВачIана гьанжесаги,
Гъосул бицен ккарабго,
Больницаги жибго тун
Нижер компаниялде.

ВачIана гъов щивасул
Росулъе щварав гIадин,
Цо лъидаго лъалареб
Лъан вуссарав кинигин.

Цо бакIил рагIалалда
ГIодоб бегизабуна
Гьанже-гьанже рохьоса
Босараб гIадинаб тIил.

Цинги балагьана гьев, –
БотIрода жиб-жиб расулъ
Гьесул хIеренлъиялъул
ХIикмат гвангъун букIана.

Дунялалъе гьимулеб
Унтараб гьурмал расен,
Огь, пашманаб букIана
МагIна махсароялъул:

«Гьа, нуж гьанир гьекъолел,
ПивагIаги дийги те;
РакI дица гьариларо,
Гьеб дирго буго гьанже...

Нижеца тIовитIана
Ахирияб нухде гъов.
Ана лъикIго рукIаян
«Гренадалъул» автор.

Гъосул гIумру цебе чIун,
МагIил гарал гьимула.
Гуро, гъосда релълъарав
Дида щивго лъаларо.

... Гъов вачIунаан даим,
Гъосул бицунеб мехалъ,
Цо ракIалда гьечIого
«Гьалеха дунги» абун.

Гъосул бицунеб буго
Дицаги цогиязги.
Гъов гьечIого рес гьечIо, –
Дун нуцIихъ балагьула.

Дица хIисаб гьабула,
«Гьалеха дунги» абун,
ГьабсагIат гъов ваккилин,
Кинабго роцIун инин.

*1967*

* * *

Цо-цо мехалда ккола,
Дунял бихьараб мехалъ,
Дунялалде нух къосун,
РачIун ругин гIадамал.
Гьал жидерго рокъоре
Сапар гьабулел чагIи
Гьоболлъухъе ккун ругин
Киралиго чидахъе.
Я жидер мацI лъалареб,
Я жидер цIар лъалареб,
Жидер магIу лъалареб
МагIна гьечIеб ракьалда.
Цинги хIисаб гьабула,
Дунялалъул гIадамал
Дунялалде рачIарал, –
Гьаниб нух къосун ругин.
Баянаб шагьраги чIван,
Унейилан рукIаго,
НакIкIица бихьулареб
Рохьоре рачIун ругин.
Гьеб рохьоб буго хIинкъи –
ХIалхьи гьечIеб куц рекIей:
Кумек-кумекан – цоял,
Кверщел, тIалъиян – цоял.
Дунялалде гIадамал
КватIунищ рачIун ругел,
Ялъуни гIедегIунищ? –
ГIакълу данде кколаро.
БачIунарищ цо сагIат
Сверулеб гьаб ракьалде,
Киналго гIадамаца
ГIаммаб рокьул си бараб.
Цциналъ, рагъалъ, ругънаца

Къо лъикIилан абураб,
Лъимал кин ругеяли
Кинахъего бакъ щвараб.
Дунял сверулеб буго,
ГIумру хисулеб буго, –
ГIадамасул хасият
Хисулареб кинаб гьаб?

*1967*

* * *

МугIрул кочIохъабаца
Чи релълъине гьавуна
Гьалагаб кьурул сиялъ
Басандулеб бисалда.

Гьеб кечI рагIаралдаса
МагIарул чанахъабаз
Чундузда гъорлъ бис чIвазе
Гьукъулеб букIун буго.

Гьанже щайха кьурабалъ
Кьвагьи рагIулеб дида, –
Дунял гIинкълъунищ бугеб
Дир мугIрул сариналде?

Цин чундузул тIола би,
Цин чагIазул тIола би, –
Дир росдал гIадат лъикIан
Гьаб гIаламалъе кьезе.

МугIрул кочIохъабаца
Чи релълъине гьавуна
Гьаваялда роржунел
Кьер берцинал хIанчIазда.

Гьелдаса нахъе росулъ,
Дагъистаналъул чагIаз
Чагъанаби хъвалаан,
ХIанчIи кьурдизаризе.

Щайха, гьанже зобазда
КIкIуял рихьулел дида?
Щайха, бусабахъ хIанчIи
ХIинкъун ахIдолел ругел?

– Ле, нуж чIвадарухъаби,
Гьел гьечIого ратани,
Дир магIарул кечI босе,
ХIанчIазе эркенлъи те.

1967

* * *

Дун рокъов хутIаравго,
Рокъов дун къварилъула,
Цо къец дургун кканани,
Сапарал ракIалде щун.

Сапаралъ вугеб мехалъ,
Нуха дун къварилъула,
Дир гIагараб рукъалъул
Бакънал ракIалде рачIун.

Гьедин тирулев вуго,
ТалихI балагьулейин.
ТалихI кибдай гьеб бугеб
Рокъобгин къватIиб гуреб.

Дунгойищ бецлъун вугев,
Бицун бихье, хирияй?
Гьанибги черх угьдула,
Добаги ракI гьалдола...

Дун релълъуна хIанчIида,
ХIалхьи бусада течIеб;
Боржине ккараб мехалъ,
Кваркьи бекун хутIараб.

Дун релълъуна чанида,
Жиндирго рохь гIолареб;
ГIалхазде бахъарабго,
Чанахъабаз хъамулеб.

*1967*

* * *

Дица дирго къункъраби
Дихъе ахIулел руго.
«ХъахIал куркьбал свакачIищ? –

Цодагьалъ хIалхьи гьабе.

Дун нужеда лъаларищ,
Нужей дун вокьуларищ? –
Гьале дир рукъ, гьале тIох,
ТIад рештIа нуж, нухлулал».

Къункъраби роржун уна,
Нижее мун вокьулин,
Амма божи гьечIила
Гьанже чиясде жидер.

Огь чи!

Дица дирго чундузда,
ХIинкъун дихъ балагьарал, –
Гьикъула: «Дун чи вугин,
Дун вокьуларищ нужей?

Дихъе рачIа, дица нуж
Лъимал гIадин хьихьила,
Лъицаниги цо килищ
Гьесие биччаларо».

Чундул нахъ-нахъ балагьун,
Нахъе уна дунги тун:
Мун вокьулин нижее,
Амма божуларилан.

Огь чи!

* * *

Зобалаздс гIагарал
МугIрузде вахаравго,
Аххада чвахиязул
Чапулеб хъуй рагIигун,
Дир гIагараб тIалъидул
ТIабигIат бихьарабго,
Гьаб ракьалъе как бала
Кидаго бачIецаги.

ХъахIилаб ралъадалде
ХъахIлъи реххулеб сагIат,
Сардилъ чирахъ гIадин бакъ
ГIодой кьурун сунеб мех,
Берцинлъигин кIодолъи –

КIиябго гьеб бихьараз
БетIерги чIван как бала
Кидаго бачIониги.

Эбелалъ кодой бачун,
Кинида лъолеб лъимер,
Кверги магжида бахъун
Хиялазда херавчи...
Хал гьабе зодой, гIодой, –
ГIуцIун бугеб куц дунял, –
Огь, шурила гьаниб как
Щибго гьеб лъаларезги!

1967

* * *

Долго хIалихьатаз, долго хIиллаяз
ХIалхьитолеб гьечIо дие, дир эмен.
Гьорол карачелаз кьуру кинигин,
Кьижизе толаро сардидаги дун.

Мун щайзе вагъарав хIалхьи, рахIат тун?
ХIалихьалъи даим лъугIулеб гьечIо.
Добго гьерсихъанлъи, гьадабго квешлъи,
Мун гьечIин, жал ругин, руго гьим-гьилел

Гьаз партал хисула, рилълъин хисула, –
Хасият цо буго ягъзинлъиялъул.
НуцIа къараб мехалъ, гордухъ батула,
Гордо къараб мехалъ, нуцIа бухула.

ЦIумаз цIум гьабула, гъудуца-гъудул,
ЦIогьал унел гьечIо тIанчIи течIого.
Дир хирияв эмен, кверищ борхилеб? –
Квешлъабигун вагъун бергьунев гьечIо.

Дур гьаракь рагIула квер борхугейин,
Щцидалго зар бихье гьел борхьаздайин:
«Цо нухалъ гъудузде гьорлъе инегIан,
ГIумруялъ вукIа мун мугIрул цIумалгун».

*1967*

* * *

Цин чоца рехана нух хвараб букIун,

Хадув дун рехана накIкIаб къо букIун.
Гъанжеса рехана дирго гIайибалъ, –
ГIумруялъ чодаса вортулев вуго.

Цин дихъе ячIинчIо нух хвараб бугин,
Хадуй мун ячIичIо, къо квешаб бугин.
Къасиги ячIинчIо, балагьун вуго,
Бице, кинаб гIилла, хIасратай гьудул?

Жакъа роцIараб къо, цIан битIараб нух,
Дун чода тIад вуго, чу пашман буго.
Гьадинаб битIараб нухда ятичIей,
ГьетIараб сверуда кинан данд чIвалей?

*1967*

* * *

Дица тIубан моцIалъ цIар гьабула дуй,
БачIуна цо сагIат, сверула мунгун.
Кинал гIайибиял – дида лъаларо:
Дур гIодой йиччайищ, дир гIедегIийищ?

Дун вачIуна лъикIаб къо кинигинан,
Къасиялде кьерхун ватула цо-цо.
Огь, дида лъаларо, роцIараб гьава
Гьадин хисулеб кин, хасел щай щолеб?

Дица рагIи кьуна азарго нухалъ
Дуе лъикI вукIине, лъил гIайиб, кIвечIо.
Дун чанги гьедана гьаб дунялалда
Дуе квеш вукIине, гьеб бажаричIо.

Дун уна рокъоса вуссинарилан,
Нуха релъанхъула, нахъе вачIуна.
Дун щола рокъове къватIив инарин,
Гъансито сварабго, бухьуна сапар.

Киве щвананиги гьав дида цадахъ
Цебеса унареб дур рагIад буго,
МагIарде дун щвейгун – кIкIалахъ дир рокьи,
КIкIалахъе дун щвейгун – магIарда рокьи.

Цояб эхей унеб, щояб бахунеб
Фуникулералъул вагонал гIадин,
Руго нилъ кIиялго, цин данде уна,

Цинги ратIалъула тIолго гьал соназ.

*1967*

## ЧИЙИЩ МУН?

Мун гьакIкIан кIалгун даим
КIарун велъулев вугев, –
Чийищ мун?

Мун кидаго ццидалав,
Цаби рихьун велъичIев, –
Чийищ мун?

Мун кидаго гIодулев,
ГIумруялъ зигардулев, –
Чийищ мун?
Мун жегиги гIодпчIев,
ГIумруялъ къварилъпчIев, –
Чийищ мун?
Мун кидаго къочичIев,
Къвалакье яс ячинчIев, –
Чийищ мун?
Мун даим къочардулев,
Къвалакьа жо камичIев, –
Чийищ мун?
Жегиги чу кьолочIев,
Кьижун бусада вугев, –
Чийищ мун?
Чода рекIун вахъарав,
Нахъ вуссине лъаларев, –
Чийищ мун?
Жегиги лълъар борхичIев,
Кинаб гIумру дур бугеб?
ГIумруялъ лълъар камичIев,
Кинаб гIумру дур бугеб? –
Чийищ мун?
Гьединав чп ватани,
Чуйилан тела хIама.
Гьебги гIумру батани,
ЗахIмалъиларо жужахI.
Чийищ мун?

*1967*

## ДЕРХЪАБ

Буго Дагъистаналда
Дерхъаб абулеб рагІи.
Дунялалда лъазе те
Гьеб лъикІаб рагІи – дерхъаб!
ТІолго камилал къасдал,
Кинабго роххел, мурад –
Дуца гьезул бицунге,
Цо рагІи гІола – дерхъаб!
дерхъаб!
ВорчІана, бачІана къо, –
РечІчІана гІуж бакьулъ чІор, –
дерхъаб!
Ккуна боржунаго цІум, –
дерхъаб!
ЦІар буго щибасе кьун, –
дерхъаб!
Йокьулей кодой щванищ,
Камилаб лахІзат – дерхъаб!
ЩвечІони, щвела метер,
Батила талихІ – дерхъаб!
Метерги щвечІонани,
Сезеги ятичІони,
Батила цониги къо
Азарилазулъ – дерхъаб!
Дуе нух битІарабищ? – дерхъаб!
БитІичІони, битІила, – дерхъаб!
Дуе хур бачІарабищ? – дерхъаб!
БачІинчІони, бачІина, – дерхъаб!
Дуе вас гьавуравищ? –
Восе кодове – дерхъаб!
Яс гьаюнищ, – гьедула,
Гьейги квеш гуро – дерхъаб!
Ясги васги кІиялго
КІи-кІи, лъаб-лъа гьарурал,
Гьаб нилъер дунялалда
Далуге бетІер – дерхъаб!
Дуда гьудул данд чІванищ? –
дерхъаб!
Дихъе кІиго лълъар реххе, –
дерхъаб!
Тушман данд чІваннш, виччай, –
дерхъаб!
Нахъе къаге, гьале дун, –
дерхъаб!
Буго ракьалда хІикмат,

Буго ракьалда хIасрат, –
дерхъаб!
ТIаргъие бетIер буго,
БотIрое тIагъур буго, –
дерхъаб!
Жакъа къо. дир, метер дур,
Дунял тун талихI инищ?
Аниги гьеб батила,
БатичIониги, – дерхъаб!
ГIицIго рагъ букIунгегн, –
дерхъаб!
ГIицIго ццин бергьунгеги, –
дерхъаб!
Цогияб жо бигьаяб, – дерхъаб!
Сахлъиялъе, лъиялъе, – дерхъаб!

Буго Дагъистаналда
Дерхъаб абураб рагIи,
Дунялалда лъазе те
Гьеб лъикIаб рагIи – дерхъаб!
*1967*

**Индия**

Индия, кинаб гьунар,
Пун щвантIихгун дур гьаниб, –
Кьурдизабула борохь,
Балерина киниги.

Нижер доба абуни,
БитIун хьвадейин абун,
БетIер чIинтIула борхьил,
Кьурди дуе кIваричIин.

Индия, дуца цIурмал
ГIачиязда ран руго,
ПарччахIазе кинигин
ХIурмат гьезие буго.

Нижецайин абуни,
ГIачиязул горбода
ГIаргщ бала рахь кьейилан,
КьечIонани хъвелилан.

Индия, дур ракьалда

Бугеб бечедаб гIакълу,
Дуца нусцIул борцуна,
Цониги къотIуларо.

Нижер доба абуни,
Бокьараб бахъайилан,
ЦохIо гIакълу бачIани,
КъотIула нусго нухалъ.

**ЛЪАБАБИЛЕБ БОМБА**

Рагъул ахир букIана,
Лъабго бомбаги босун,
Япониялде ана
Американал роржун.

ТIоцебесеб бомбаялъ
БухIана Хиросима, –
Хваразул рагIад дида
Дирго гурищан ккана.

КIиабилеб бомбаялъ
ЧIинтIана Нагасаки, –
ЧIваразул рохъо дида
Дирго гурищан ккана.

Лъабабилеб, ахираб
Бищун хIинкъараб бомба
ГIадамал данделъараб
Дунялалде рехичIо.

Нух къосунищ лъаларо,
Къо накIкIалъищ бахчараб,
Ялъуни летчиказул
Намусалъищ гъукъараб.

РеххичIо гIаламалде
ГIажалалъул аздагьо,
Амма буго жеги гьеб
Жакъаги хIинкъи кьолеб:

«Хиросима, щиб жо гьеб?
Нагасаки, жиб жо гьеб?»
Жинде ирга щванани,
Щущазе бугин дунял!

Гьеб ахирияб бомба
Ахир буго гIумрудул.
ГIадамаз лъимал руго
ХIинкъадго данде къалел.

ХIалхьи биччалеб гьечIо
Лъабабилеб бомбаялъ.
Балагьун буго Москва,
ГIенеккун буго Париж.

Рохъдолъа бахъун буго
АхIдолеб Хиросима,
Хваразул рагIадазул
Квералги цере рорхун:

Лъабабилеб бомба гьеб,
Лъабабилеб рагъ буго,
Ругъназул цIураб дунял
ЦIунизе рахъайилан.

ЦIадай нужго инчIого,
Бомба реххе гьенибин,
Ахирияб хутIараб
Хабалъ букъе балагьан.

*1967*

## ТУШМАН ГЬЕЧІЕБ БАКІ ГЬЕЧІО

Йокьулелъул бадивги ватана дида тушман,
Гьудулассл гъасдаги ватана дида тушман.
Дирго кочIол мухъальги ватана дида тушман,
Дунгоги – дирго тушман, тушман гьечIеб бакI гьечIо.

Йокьулелъул гьереси, – гьелъул гуреб, чияраб,
Гьудуласул сихIирлъи, – гьесул гуреб батIияб.
Гьал дир кочIол мухъалги хъван ратана цогияз,
Гьаб дир рекIеда вуто викIардулев дир тушман.

Дун рокъоса вахъана къватIиве балагьизе,
Къого лъикIазда гьоркьов лъабго хIалихьат вуго.
Лъабгояв рокъов щвана, цо хIалихьат ватана, –
Цебеккунги хадубги тушман гьечIеб бакI гьечIо.

Гьедин кисанго тушман, кинха мун чIаго вугев? –

ЧIахъаги, сабаб буго, гьудул гьечIеб бакI гьечIо.
Йокьулелъул гьурмалъги, гьалмагъасул гъасдаги,
Дир кочIол мухъазулъги, – гьудул гьечIеб бакI гьечIо.

*1967*

## КIИГО РАГЬУ

КIиго рагьу буго дир ригьзабазул,
Рагьун буто дие цояб цебего.
Рагьулеб нуцIида цIалана дица
Цо хIикматаб рагIи «гIумру» – ян абун.

МугIрул гIадат буто, гьобол щварабго,
Гьекъезе, майилан, цIураб лълъар кьолеб.
Дихъеги бегьана «воре щвараб», – ан
Цо цIамгIалаб гьекъел къеч буссунареб.

Дица анцI-анцI соназ борхулеб буго
Гьеб дагIба гIемераб гIумруялъул лълъар.
Дихъе къойил кьола къатIра тогейин,
Цоги нуцIа рагьи, гьеб букIунарин.

Дихъе цIакъ гьитIинго бегьана пандур,
Воре щварабилан, шигIру ахIейин,
Дица анцI-анцI соназ ахIулеб буго
АхIун лъугIулареб гIумрудул сарин.

Дир хIухьел дагьлъула, дида абула
Гьаниб ахIе кечIин, доба гьеб гьечIин;
Доба кIиабилеб дир нуцIил кIалтIа
КIудиял хIарпаца хъван буго «хвелан».

Дица гьекъанагIан, къоял анагIан
Къир-къидилеб буго хIинкъараб нуцIа.
Дун нахъ балагьула, нахъе нух гьечIин,
Гъугъадула зобал, зигардула мех.

Цебе балагьула, доба рикIкIада
Цо чIухIараб рагьу бихьула рагьун;
Дун гьениве щвезе къасдгун вортула,
Къан нахъаса ккола, кив вахъаравин.

Дол дур хаялазул рагьаби ругин
Рагьизе азарго соналъ кIоларел...
КIиго нуцIа буго дир ригьзабазул,

Рагьун буго дица цояб цебего.

*1967*

**ТІАСА ЛЪУГЬА**

Жакъа дир тІураб магІу
Дур тІелхалъе лъугьина,
ТІаса лъугьа гьездаса,
Гьел лъадал гараздаса.
Жакъа дир бугеб роххел
Ахир духъе бачІина,
Сон гьаб дирги букІинчІо,
ТІаса лъугьа гьелдаса.
Жакъа дир чвахараб би
Дур ччорбазулъги буго,
Духъеги рещтІина ццин
Цо къоялъ, тІаса лъугьа.
Жакъа дун реххараб чод
Метер мунги рехила,
Свераби гІемер руго
ГІумрудул, тІаса лъугьа.
Жакъа дир бергьараб чу
Метер дурги бергьина,
Рала дур горбодаги
Горал, вац, тІаса лъугьа.
Жакъа дир гьавурав вас
Метер дуе гьавила,
ГьечІо батІалъи щибго,
ГьечІо батІияв щивго.
КІетІолеб буго сагІат,
Сверулеб буго дунял, –
Дун тараб духъе щвела,
Мун тараб дихъе ккела.
Жеги къочичІел кІутІби,
Жеги къвал бачІел лугбал...
УнтичІел, херлъуларел,
Холарел чагІи гьечІо
Жакъа дир рокъоб бертин,
Метер дур рокъоб бертин,
Жакъа гьаниб магІирукъ,
Метер доба магІирукъ.
Гьадинаб дунял, заман, –
Дурги дирги гІайиб шиб? –
ГІумруялда щивасул
Буго къо, тІаса лъугьа.

*1967*

**ГЪОТIОЛ ХВЕЛ**

Дида бихьана хвел хирияб гъотIол,
ГьитIинаб мехалъго лъараб, бокьараб.
Гьеб мугIрул аххада, гIурул рагIалда
ГIурччинаб маялда бакъван далана.

Бице, кар берцинаб, камилаб рижи,
Кинаб унгиялъ мун чIвараб гьадинан?
Нус-нус санал рараб бигьародул черх
Чучулеб балагь щиб дуде бачIараб?

Гьеб дур бетIералда тIабигIаталъул
ТIупанал цо нухалъ гуро рихьарал:
Чан гьури пештIараб, пири кенчIараб,
Гьагал хъачагъазул гIащтIал кинигин.

ГIаркьелазда гъорлъан чан гъугъай араб,
Гъулдузда речIчIулел топал кинигин,
Цинги щвараб гIоралъ кьалбал-рахъилин,
КьечIеб хIинкъи дуе кинаб хутIараб?..

Бакъ-цIаялъ бухIана, цIадаз чурана,
Амма мун цIидасан нусцIул тIегьана.
Ракь багъараниги багъаричIеб мун,
Ругъун кинаб щвараб, сундасан хвараб?

ГъветIалъ жаваб кьуна, чи гIадин хванин,
Черхалда жанибе хIапаро биччан.
ХIинкъизе жо гуро къватIисеб балагь, –
КъваригIуна бищун рекIел бацIцIалъи!

*1967*

* * *

Гьаб дуниял релълъуна
Нолъ гIемерав гьекъеялъ
Жакъа бетIер унтарав
Мехтарав инсанасда.

БагIараб мегIер буго
МагIарччин щун чвахделеб,
Нодо буго цIа щвараб

ЦӀорораб квербацӀцӀалъукь.

Амма цӀа чучуларо,
Черхалъе рахӀат гьечӀо,
Доба-гьаниб чӀва-чӀвала,
Гьабилеб щиб, огь гӀазаб!

Радал бетӀер унтигун,
Мехтараз, дида лъала,
Даруялъул бакӀалда
ЦӀун стакан гьекъола.

Амма гьебги гӀечӀого,
Цоги-цоги гьекъола,
Цебеялде данде ккун,
Жеги-жеги унтула.

Гьедин гурищ, дуниял,
Дурги гьаб мехтел бугеб? –
Дару гьабулебилан,
Щибаб векалъ унтулеб.

*1967*

* * *

Дида ккола, рагъда камурал васал
Кирго рукъун гьечӀин, къаникь лъун гьечӀин.
Гьел рикӀкӀад ракьазул хъахӀил зобазда
ВатӀанан ахӀдолел хӀанчӀилъун ругин.

Гьел роржунел ругин Африкаялъул
Я Испаниялъул рорхалъабазда.
НакӀкӀазда гьоркьосан куркьбал хьвагӀулел
Ракьалде нух къосун къваридго ругин. –
Гьелъин дун зобазухъ балагьун вугев...

Дида гьел рихьана океаназда,
Огь, хъахӀал чайкаби, чагӀи руго гьел.
Цо чӀинкӀиллъиялда диде ахӀдана
Дагъистанин абун кӀиго итаркӀо.

Гьаб дир бетӀералда гьезул тӀелаца
ТӀавап гьабичӀеб бакӀ кибго хутӀичӀо.
Цояца ахӀула – «лъимал, лъимал» – ан.
Цогиял ахӀдола – «эбел, эбел» – ан.

Гьелъин дун зобазухъ валагьун вугев...

РачIуна некIсиял къайи цадахъал,
Къукъа-къукъа гьабун, – къункъраби гIадин,
Гьез кIи-кIиял рекъон, яги цо-цояз
Цадахъ вилълъайилан ахIула диде.

Воржина, къункъраби, къо щварабго дун,
Цоги ахIичIеб кечI ахIулев вуго.
БукIина дирги ракI мискинаб зодихъ,
ВатIан. ватIанилан, эбел, эбелин, –
Гьелъин дун зобазухъ валагьун вугев...

*1967*

## ХЪАХIАЛ ТIИЛАЛ

*(Япониялда бецал хъахIал тIилалгун хьвадула).*

Бадиса канлъи ана,
Бадиса бакъ бахъана,
Бадиса къо бахъана,
Къаси цIваби рахъана.

Бахъана йокьулелъул
Макьу толеб берцинлъи,
Бихьуларо жагаялъ
Релъунел кIутIбузул кьер.

Бахъана дир тIанхазул
ТIогьиллъигун гIурччинлъи,
Бихьуларо гIагараб
ГIазу Фудзиямалда.

ЦIакъго лъим хIабургъарал
ХIорал гIадал дир берал, –
Гьаб хъахIаб гIанса буго
Гьел хисизе дие кьун.

Бецав вачIунев вуго, – нух кье!
Бецав вачIунев вуго, – квер кье
Бецав вачIунев вуго, – бер кье!
ХъахIаб гIанса – гьесул берал!

Бакъалда къоно чIвараб
Нохъолъун буго дунял.
Нохъо гIеккелеб буго,

ГIанса кIетIелеб буго:

Кнналго гIакълабазул
Къаралщинал нуцIбузда,
Киналго пикрабазул
Гьинал рекIел гордазда.

Кинабго дунялалъул
Намусалъул хабазда,
Киналго хиялазул
Рек-рекарал заназда.

КIудияб нилъер дунял,
ХъахIаб гIансиде гьетIун,
Планеталъ сверани,
Кверал кьезе чи гьечIо.

Бецлъизарула цциналъ.
Бецлъизарула кIкIуялъ,
Бецлъизарула гьерсаз, –
Огь, гьалдолеб, зобгин ракь!

Бецав вачIунев вуго, – нух кье!
Бецав вачIунев вуго, – квер кье
Бецав вачIунев вуго, – бер кье!
ХъахIаб гIанса цIадаб лъе!

*1967*

* * *

Дуе бокьун батани
Эбел духъе ячIине,
Дуе бокьун батани
Эмен духъе вачIине,

АхIдоге мун, гьардоге,
Зигардуге, гIодуге,
ГIенеккун чIа цо нухалъ, –
РачIинаро духъе гьол;

ГIенеккун чIа нахъеги,
Нахъеги рачIинаро.
ГIенеккун чIа сабурго,
Цо рагIи абичIого...

ЯчIина духъе эбел,
ВачIина духъе эмен.
РачIина хабал рагьун,
Хадур-цере кIиялго.

ЯчIина рогьалида,
ВорчIами, васин, эбел.
ВачIина маркIачIуда,
Кин вугев, васин эмен.

РачIина сардил гIужалъ,
ГIенеккун мун сасингун.
Мун ворчIилилан хIинкъун,
ХIатIазул малъазда чIун.

Балагьила дур бадир
Гьимулеб пашманлъигун,
Дуда юргъанги тIупун
ТIад руссина къваридго.

...Дида рагIун букIана,
Аварагасул бугин
Аллагьгун гаргадулеб
Жиндирго хасаб сагIат.

Дие гIолеб гьечIеб куц
ГIажаибаб гьеб сагIат.
ГIадамал, нилъ хъудулел
Руго гьаб дунялалда.

Огь, щибав инсанасул
Умумулгун кIалъалеб
СагIат букIарабани,
БукIинароан квешлъи.

ГIолеб гьечIо, гIадамал,
Хваразухъ гIенеккизе
ГIакъилабгин гьуинаб
Гьеб сагIат жив-живасе.

*1967*

* * *

Эбел чIагого ругел,
РачIунге дида аскIой.

БичIчIиларо нужеда
Дир бухIиги дир хIалги.

Гьелда гIайибго гьечIо,
Эбел йигеб мехалда,
Эбел йикIунарейин
РакIалдецин кколаро.

Эбел чIагого ругел,
Гьари буго нужеде,
Гьей цIуне кинабгIаги
Квешаб хабаралдаса.

ЦIуне ургъелаздаса,
ЦIуне унтиялдаса,
ЦIуне хирияй эбел
Хвалдаса хIалкIун, васал.

Эбел чIагого ругел,
Кини кIикIулеб мехалъ,
Керен бикIулеб бакъан
РагIулеб бугин ккола.

РекIелъ кIетIолеб буго
Кинабго гьаб гIумруялъ
ГIагарай эбелалъул
«Вас» – ан ахIулеб гьаракь.

Эбел чIагого гьечIел,
РачIа дида аскIоре,
Ургъелги къварилъиги
КъулчIилин бащад гьабун.

*1967*

* * *

Эменги гьечIо дир, эбелги гьечIо,
Гьанже бесдаллъана унго-унголъун.
Бекана цо-цо ккун кIиябго кваркьи,
Каранда пархола гьиналъ ккураб хIинчI.

Эмен ватIалъигун, гьесул хабада
Тана гIурччинаб их, гIуна кIудияв.
Эбел ятIалъигун, бачIана хасел,
Херлъанилан ккана цо сагIаталъ дун.

Нижер хъизан гьанже данде ахIани,
Дагьал чагIи руго, бащадал гьечIо.
Ва ЦIада рукъалъул къед гьетIун буго,
Къадалъ хIанчIаз бусен гьабулеб гьечIо.

Эбелги гьечIо дир, эменги гьечIо,
Гьанже бесдаллъана унго-унголъун.
Бекана цо-цоккун кIиябго кваркьи,
Каранда пархола гьиналъ ккураб хIинчI.

*1967*

* * *

Буго къуръаналда аварагас хъван:
– ГьечIин аллагь гурев аллагьин абун.
Дицайин абуни, абулеб буго:
– ГьечIин эбел гурей эбелин абун.

Гьурмал рукIкIалаби гIадал нухаца
РикIкIадасан рокъов вачун вуго дун.
КIудияй мискинай магIарул гIадан,
Вас духъе щун вугин, щай данд чIваларей?

ЧIумал руго рокъор къасдал рикIкIарал, –
Дир къоязул хIисаб лъица гьабилеб?
Лъица нух къосарав васасе гIоло
ГIодоб нодоги цун, сардилъ как балеб?

Дунго хутIана дун, хирияй эбел,
Босула дур къуръан къваридго кодой;
Гьелъул тIамачазде тIаде къулана
Нилъер тIалъиялъул лъабавго имам.

Лаилагь, илалагь, – цIалула дица:
– ГьечIин аллагь гурев цоги аллагьин.
Дицайин абуни, абулеб буго:
– ГьечIин эбел гурей цоги эбелин.

1967

## НУХЛУЛАВ

– Нухлулав, гIедегIуге,
ГIодов рещтIа нижеда.
Бежулеб гьанги буго,
Гьалун чIагIаги буго.
АхIулеб кечIги буго,

Копол сверуда рещтIа.

– Баркала, заман гьечIо,
Гьабураб къотIи буго.
Къаси рукIкIиналде дун
Росулъе щвезе ккола.

– Нухлулав. гIедетIуге,
ГIодов рещтIа нижеда.
Жакъа ниж рохараб къо, –
Къаси васасул бертин;
ХIурматав тамадалъун
Нижер тахида рещтIа.

– Баркала, заман гьечIо,
Пуланай эбелалъе
Къаси рокъове щвезе
Щулияб рагIи буго.

– Нухлулав, гIедегIуге,
ГIодов рещтIа нижеда.
Росулъ къварилъи буго,
Мадугьал холев вуго.
Дур рагIиги магIуги
Нижее хIажат буго.

– Кив вугев мискин-пакъир,
Гьесие лъугьараб щиб?
... Гьале гьадин хисула
МагIаруласул сапар.

*1967*

* * *

Берал, дун къватIиве чIвазе гьавуге,
Пашманлъи дир рекIел дица бахчула.
Нужеца абуни, бицунеб буго, –
Берал, дун къватIиве чIвазе гьавуге.

Дир бугеб балъголъи, дилъго цIунараб,
ЦIа гIадин кенчIола нужеда жаниб.
Гьеб лъалеб батула нуж лъанщиназда, –
Дир бугеб балъголъи, дилъго цIунараб.

Нужеца тIоцебе бицунеб буго

Бищунго бицине дун хIинкъаралда.
Дир жанисеб бухIи дир гьудулалда
Нужеца тIоцебе бицунеб буго.

Берал, дун къватIиве чIвазе гьавуге,
Гьаб рокьи дунгун те, доба бицунге.
Дир мацIалъ абичIеб, абун щай нужей? –
Берал, дун къватIиве чIвазе гьавуге.

*1967*

## ДИР МУРАДАЗДАСАН
### ВорчIами

ВорчIами! БачIана къо,
Доба бакъ, гьаниб гIазу.
ГIумруялъе гьаб къо щиб? –
МацIалъе цохIо рагIи.

Дунял сверулеб мехалъ, –
Нухлул цо галул манзил;
Аза-азар хурзабахъ
ХачIазул цоялъул гул.

Биччай абизе рагIи,
ГIумруялъе букIунеб.
Биччай тIамизе гали,
ТIаралъиялде щолеб.

Биччай букIине гьаб къо,
СагIтил хъаравулалда
КигIан санал аниги,
Борцине хIал кIолареб.

*1967*

* * *

Гьаб бачIараб къоялъ мун
КъачIа-кIатIан лъикIлъаги.
ВачIун дуца гьаб къоги
КъачIан лъикIлъизабеги.

Нуж кIиялго цоцазе, –
ЦIакъ церегосел гьалбал.
Дуца къо цадахъ баче,

Къоялъ мунги вачина.

Дуца гъалда зар бани,
Гъалъ дуда гъецIокъ бала.
Дуца гъалъий квер къуни,
Гъалъ мун каранде къала.

Гъаб къоялъул къварилъи,
Къай данде цаби, къулчIе, –
БачIина духъе рохел,
Хисулеб жо гъаб гъава.
*1967*

## ВАТIАНАЛДЕ

1

Цебе бичIчIулароан,
Гъанже бичIчIулеб буго:
ХIанчIазул кочIол магIна,
Перевод гъечIониги;

Хаслихъе гъол югалде
Щай къваридго роржунел,
Къункъраби ахIдолел куц, –
Керен бухIулеб буго.

Цебе бичIчIулароан,
Гъанже бичIчIулеб буго:
ГъотIодаса тIуралго
ТIамхал щайзе ракъвалел;

Къурдаса тIураб мехалъ,
ТIалу щайзе угъдулеб;
ТIалабалъ нух къосингун,
РитIучI щай къварилъулеб.

Цебе бичIчIулароан,
Гъанже бичIчIулеб буго:
Сонал анагIан гIадан
ГIодове щай далулев;

Дудаса рикIкIалъигун,
КъватIиве ккараб мехалъ,
Къваридаб щай букIунеб
ШигIру, пикру, балагъи...

Огь, ВатIан!

2

Дун дур цIурмазда гъорлъ цо цIумур вуго,
Дур цIар зваргъолеб куц каранда жаниб.
ГьечIо дие гьаракь гъадин бокьулеб, –
Гьеб гьаракь къотIани, дун къаникь вуго.

Дун дур цIумазда гъорлъ цо цIумлъун вуго
Дур цIар буго дие кIиябго кваркьи.
Воржуна гьороде керенги рагьун, –
Гьел куркьбал къотIани, дун къаникь вуго.

Дун дур ярагъалъулъ къваригIинегIан,
Дуца къеда бараб цо ханжар вуго.
Къо ккараб мехалда, лъазабе дида,
Лъалиниса вахъун паркъезе вуго.

Хонжрол тIагъиялда тIад хъвараб дур цIар
ЦIунизе вахъина дун гIорхъабазде.
ГIагараб яргъида кьаву чIванани, –
Дун чIагоялъ гьечIо, дун къаникь вуго.

Дица дур каранда бан буго сабаб,
Сарин буго гьениб дуде гьабураб.
ГьечIо гьаб гIадинаб гIагараб сарин, –
Нагагь гьеб къотIани, дун къаникь вуго.

Дур сухъмахъалъан ун, дунялги сверун,
Духъе вуссуна дун, дур васалълъ цояв.
Цо нухалъ кьураби, кьунсрулги рукIкIун,
Дихъ балагьанани, – дун къаникь вуго.

3

Щибжо кIутIбуз шурулеб,
Щибжо бераз абулеб,
Бадиб цIадул гаразулъ
Щибжо кенчIолеб бугеб,
Бадиб магIил гаразулъ
Щибжо угьдилеб бугеб?
Пашмакъазул къуцIи щиб,
Гъаказул къирчкъири щиб, –
Лъалезда бичIчIулареб,
Лъаларезда бицун щай?

Щай чундулгин хIайванал
ХIинкъун ахIдарал сардилъ?
Сон кисан гьезда лъараб
Жакъа ракь багъарулеб?

Дунял гъугъалеб мехалъ,
Пири пирхулеб мехалъ,
ГIенеккарал гьурмазда
Пашманго щиб хъван бугеб?

ХъахIал накIкIал рихьула
РикIкIалъулел къваридго,
КъолъикIилан сардида
Сапаралъ ана гуми.

Дунги вуго рикIкIада,
Огь, бухIараб гьаб хIасрат, –
БихьичIезIда лъалареб,
Лъалезда бичIчIулареб!

4

Жеги мацI лъалареб лъимаца гIадин,
Дица цо батIаго, бутIа-бутIа ккун,
Щурула, абула, угьула дур цIар, –
Цин Дагъан, цингиги Дагъистанилан.

Гьединан букIуна дагьа-дагьаб ккун,
Квер къотIунгутIизе бахъулеб ханжар.
Ялъуни хIасратаб кочIое бакъан
Рекъон ккезегIан цин кIутIулеб жергъен.

КIудиял, гьитIинал улкаби рукIа,
Амма гьанжелъагIан дида гьамаро;
Гьиндустанги мунга кинаб кIудияб,
Парижги Гъунибги кинаб гьайбатаб.

Дица борцунаро берцинлъи вератаз,
Дица цIадирабаз цIаларо хIасрат.
КIудияб ракь гьечIо рокьи гурони,
КIудияб бакI гьечIо ракI гуронани.

Дир тIалъи, тIубан мун бихьичIониги,
Цо гьитIинаб бутIа, гьебцин гIола дий.
Биччанте рогьалилъ макьилъ бихьизе
Я ГIагараб росу, я росдал сухъмахъ.

Биччанте бихьизе магIарул иццухъ
Партал чурулей яс, чу гьекъолев вас.
Жегиги къачIачIеб къиматаб алмаз, –
КъотIила дуца цIер чани гордазе.

5

Дидаго лъачIого лъикIлъун ватула,
Дунго кIочон пикру дур гьабурабго.
Дидаго лъачIого дагьлъун ватула,
Мун кIочараб пикру гьоболлъухъ ккани.

Дица духъ тун буго бухIизе хIули,
Дур хIинчI, гIалам бахун, бачIина духъе.
Тана духъ чIурхIизе чилайдул расал,
Дур чан, хIажалъигун, кIанцIила духъе.

ЛъабцIуса кIваричIо, цохIо цIал гIела,
Дир чу дур кавабахъ квачIида чIела.
Дун дур мутIигIаб гьве, пиштIе, бортила,
Мун кIалъазегIан дун кIалтIа букIина.

*1967*

## ГIАЗУ

*МухIамад Шамхаловасе*

1

Гьале исанаги бачIана хасел.
Балеб буго гIазу – чан нухалда гьаб?
Дуниял букъизе кун къачIалебищ, –
Квас самулел руго зодихъ киналго.

Огь, букъун букIунеб гIалам гуро гьаб, –
ЦIакъго бихъ-бихъараб хъабарча буго.
БотIроде цIанани, хIатIал гIунула,
ХIатIаде цIанани, бетIер цIорола.

Накаби цощалъ цун, кверде пупудун,
Квачараб дуниял хьвадулеб буго.
Гьеб, кирачи гIадин, гIага-шагарда
ГIодочIун хинлъизе бакI бокьун буго.

Амма хинлъи буго ракI цIороразе,
ЦIоролеб буго черх ракI гьалдолезул;
Свераби гIемерлъун руго бакъназул,

Рекъезе гъаризе кинго кIоларо.

Бакъулаб къоялъе рагъула каву,
Квачараб сардие рахала нуцIа;
ЦIакъго бихъирхъараб хъабарча буго
Гъав кирачиясул... кида щолеб их?!

2

Цере рикIкIунаан сонал, МухIамад!
Гъанже сатIтал, къоял руго рикIкIунел.
Араб халалъана хутIаралдаса,
Хасел щвана. Гъоркьа рокъой вахъана.

Дида нилъ рихьула, гьудул МухIамад,
ГIазда лъалкIалги тун лъарахъе щолел, –
Фуртоналда бараб кIиго чу гIадин,
Чанагъазда бараб кIиго гьве гIадин.

Цебе бокьулаан гIаздада къирщи,
Гъанже къварилъула, хъещтIолел руго, –
ТIикъваби рекарал чуял кинигин,
Чодаса роргарал чапарал гIадин.

Дица бицунеб цIер – нилъер гIумрудул
ГIурул карачелал рахчараб пардав, –
Добасан тIутIураб, гьоркьоб тIеренаб,
Гьанисан бицатаб, – кисан кир инел?

ХъещтIолел руго нилъ, гьудул МухIамад,
Гьаб гIор бахунаго, амма бахина;
Дица бахинчIони, дуца бахина,
Дуца бахинчIони, даца бахина.

Нилъеца нилъее кьураб баччила,
Кьили-мегIералде рахинчIониги.
Цо-цойца цоял тункулел руго,
Нилъеца цоцазул кверал кнун руго.

3

Гордо рагьарабго, гьале гIазуян
ГIадада абуге, гIазу гуро гьаб.
ГIазу щиб букIунеб гьаб шагьаралда, –
ЩакъитIел бегараб кагъат буго гьаб.

Яги столалда тIад тIамураб жо,
ТIаде чагъирги ун, буго чамгIаллъун.
Гьаб жо гIазу гуро, цохIо пурабго
Гьанибе бортула, добе хъетула.

ГIазу бокьанани, балагье Каспий, –
Каранда маржанал ран руго цIорол.
Карачалабазул хур бакьилалде,
Щив векьарухъанас хьалеб бугеб мугь?

ГIазу бокьанани, магIарде вилълъа, –
МухIканлъи, камилго кодобе биччай.
Щивго тIад вегичIеб, тIоцебе жакъа
Кинай бахIаралъ гьаб бусен тIамураб?

ГIазу бокьанани, рохьове вилълъа, –
Бихьила дуда гьеб хIохьлалъ керенгун.
ГIисинал, чIахIиял гъутIбузул хъизан
РатIлид гIуцIун буго, – къаси кинаб бал?

МагIарда, ралъдада, рохьоб нилъер лъалкI
БукIана кагътида печать киниги.
Гьеб рекIелъ хутIила тIолго гIумруялъ, –
ГIазу доба буго, гьаб гуро гIазу.

4

Зобазде балагьун хIихIидула чу,
ХIанчIизе бак-бекун моцI кьеян жиндий;
Зобазул цIвабзазул кIалцIиги гьабун,
КIалдиб таргьа байин, дун бакъун бугин.

Гьалъ гIазу хъирщула ихалде хьулалъ,
Амма цIер чIван буго чIаголъиялда.
Чодул мегIералъул хIухьелалда тIад
ТIеренаб хъал буго квачараб полпил.

Камилаб черхалъул хинаб тIомоде
ТIаде бараб гIазу буго биунеб.
Къваридал бералги дализе гьарун,
Гьаб бачIунеб буго кьурул нухдасан.

Данде рачIунезги, цере кколезги –
Киназго бищула ракьандесеб рахъ.
Дунилан абуни, рагIал чIван анна
МагIарул кечIалъул айгъиралда тIад.

Балеб буго гIазу, унуб буго чу
Ихдалиде данде даим кидаго.
Амма гьеб гIурччинаб байданлъиялде
Буго гьетIараб нух, гьелда цIар «гIумру».

5

Руго дунялалда жеги гIумруялъ
ГIазу лъачIел ракьал, дида рихьана.
Жеги цIоробераз цIаличIо зобал
Индонезиялъул хъахIилал хIораз.

ЦIер чIвачIо кидаго Сингхил михъазда,
КигIан гIемер магIу тIинкIананиги.
Бищунго гьитIинаб хIанчIил тIинчI хвечIо
Хасало квачаялъ Африкаялда.

АхIула гьез кучIдул гIурччинал тIанхалъ,
ГIаздалъ бугеб Кавказ ракIалдеги щун.
Дица цо цIияб сон Гаванаялда
Гвердилъ тIобитIана байданлъиялда.

Хадур тIугьдул рана карачелалълъе,
Карибалда хварал васал цере чIун.

Руго дунялалда жеги гIумруялъ
ГIазу лъачIел бакIал, дида рихьана.
ЦIорораб сардида бацI рурудичIел,
БецIал курабазда цIонкIолокI чIвачIел.

Гьел даим бакъ бугел, даим гIурччинал
ГIаламалъул лъимал ругел ракьазда
Рокьула, щаяли, унго, гIаламат,
ГIукIдутIе рачунел гьал нилъер тIагърал.

Дицаги, щаяли, дирго рокъобе,
Дуниялги тирун вуссунеб мехалъ,
Босула тIамхаца, хурдуз гьабураб
Гьогьомараб тIагъур чадир гIадинаб.

Гьал хасалил къояз дир ракI хинлъула,
Гьеб хирияб тIагъур бихьараб мехалъ;
Дида цебе чIола гIазу лъалареб
ГIагараб цогиги батIияб дунял.

Дидаги абуна гьудулзабаца,
Дир цIаказул тIагъур тIад лъураб мехалъ,
ТIамулила цере рорхатал мутIрул,
Риидал цIер чIвалел чIухIарал сиял.

*1968*

## БАТIИ-БАТIИЯЛ СОНАЗ ХЪВАРАЛ КУЧIДУЛ
## 1967 – 1972

### КАГЪТИЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

Рохь къотIулеб мехалъ, къварилъулареб,
Дунял свераниги, бугодай сарин? –
Дида Суомалда къотIараб рохьоб
Бихьана фабрика кагъат гьабулеб.
Кодобе босана цебе букIинчIеб
РекIел тIвапигун гьеб. ГьечIо тIанхил махI;
ГIечудаса бахъун хъалищ рехараб? –
Хвалил букIунебцин гьечIо гьелда рухI.
ХъахIилал хIоразде тIаде гьетIарал
ТIелхазе ккараб щиб? ГьечIо чIаголъи.
Сурмиял зобазде бутIрул рорхарал,
ГъутIби, нужер сурат сунде буссараб?
Берцинал чундулги дир чанагъалги
ЧанцIуса нужеда гьоркьосан арал?
Их тIаде бачIиндал хIанчIазул кучIдул,
ХIайранаб моцI зодихъ маркIачIул гIужалъ,
НусцIул хисулеб кьер... гIурччинаб, хъахIаб,
ХъахIилаб, тIогьилаб – тIатIун руго гьел...
Гьанже, нужги нъотIун, гьабураб кагъат,
КочIохъан, майилан кьун буго дихъе.
Кагъат къотI-къотIула, бихь-бихъун бала
Хъалиянальеги тетрадазеги.
Мун хвезе гьабичIев гьечIо чиновник,
Чан бюрократасул гьудул бугеб мун?
ЦIогьазе – документ, гьересидай – нугI, –
Гьабураб, гьабичIеб щибго хутIичIо.
Ниж – кочIохъабазги кигIан гIемер мун
ГIадада, гIадада хвезе гьабураб?!
Амма букIаниги нижер къалмикь мун,
Къаси сардилъ хъварал сариназулъ мун,
Рохь гIадин ракьалда цо-цо хъудула,
Хъварал тIамчал тIамхал лъугьун ратула.
Гьел тIамхал кидаго ракъвалел гьечIо,

Гьороца, векаца росулел гьечIо.
Гьенир хIанчIи руго кучIдул ахIулел,
Гьениб чанги буго накIкIикь моцI гIадин.
Дов цо рохь къотIулев гIащтIичиясда
КIолеб гьечIо кинго кучIдул къотIизе.
Дирги мурад буго цохIониги тIегь
Гьаб дур тIамачалда бижизабизе.

*1967*

* * *

Кваранаб берги дир, квегIаб берги дир, –
Жегиги цIер чIвачIо кIиябго хIорда.
Дун гIайибав вуго, кIудияб гIалам,
Гьал дур гIадамазул язихълъиялъе.

Кваранаб гIинги дир, квегIаб гIинги дир, –
Жеги гIинкълъун гьечIо, дида рагIула,
Дун гIайибав вуго, гIазизаб дунял,
Гьал дур гIадамазул зигараялъе.

Кваранаб кверги дир, квегIаб кверги дир,
Щибаб кверзул килщал киналгIаги дир.
Дун гIайибав вуго гIадан ракьалда,
ЧIезе рукъ гьечIого, къватIахъ хутIидал.

Дирго черхги буго, рачелги буго,
Рачлида борчине хвалченги буго.
Дирго мацIги буго, кучIдулги руго,
Каранда кьабелеб гьаб ракIги буго.

Дирго бетIер буго, тIагъурги буго,
ТIадаб налъи буго, дир гIайиб буго:
ГIодулел, угьдулел улбул жалго тун,
Улкаялъул васал рагъда холелъул;

Кверазда рахсал ран, гIаййб гьечIого,
ГIадан туснахърокъов зигардулелъул.
Зоб-ракьалъул гуро, дир гIайиб буго
ГIаламалда бугеб унтуе гIоло;

Хъата цере регьун, гьардолел ругел
Пакъирал, ракъараа халIкъазе гIоло...
Гьелъий жавабиял жакъатин метер
Дунги мунги руго дол наслабазе.

*1968*

## ЭБЕЛАЛЪ ЛЪИМАЛАЗУЛ КИНИ КІИКІУЛЕБ БУГО

* * *

Эбелалъ лъималазул
Кини кІикІулеб буго, –
Кибалиго рагъ буго,
ЧагІи гъурулел руго.

Эбелалъ каранда лъун,
Лъимер хахулеб буго, –
Кибалиго гІаламалъ
ГІодоб би тІолеб буго.

Эбелалъ лъимералъул
МагІу бацІцІунеб буго, –
Лъимал гурел, чІахІиял
Цоцаца чІвалел руго.

Эбелалъ лъимадуе
Гурга гьабулеб буго, –
Кибалиго горбода
Рахас бан туснахъ вуго.

Эбелалъ лъимадуе
КучІдул ахІулел руго, –
Кибалиго бомбабаз
Хвалил цІад балеб буго.

Лъимер каранде къарай,
Эбел гІадин гІакъилаб,
ГІумру кида букІинеб
Гьаб вилъер дунялалда?!

Гьулакалда лъуравги
Лъимер вуго дуй, эбел.
БотІрол рас хъахІлъаравги –
Гьадавго лъимер дуе.

Дир лъагІелаз дур бухІи,
ХІинкъи бигъа гьабичІо.
Дуе дун – гьитІинав вас,
Сонал кигІан раниги.

Дур кидагосеб хIинкъи, –
ГIатIидаб дунялалда
ГIодов ккезе гурин дун,
ГьитIинто тIохда гIадин;

Цосина дун квачалин,
Цосина дун унтилин:
Аллагь, цIуне дир васин,
ЦIаялъ вухIизе гурин.

Дида гьеб кинабгIаги
КватIун гурони лъачIо.
Мун камигун бичIчIана
Щиб жо кколеб бесдаллъи.

Каранда цо панаяб
Гьалдолеб цIа букIана.
Гьанже рекIунеб гьечIо, –
Дир рекIел чIирахъ свана.

* * *

ГIисиназги ахIула:
Эбел, эбелин абун, –
Гьеб буго тIоцебехъе
Гьез тIолеб магIил горо.
ЧIахIиязги ахIула:
Эбел, эбелин абун, –
Гьеб буго ахирияб,
Хвалда цебесеб гьари.

Дицаги, гIумруялъул
ХIухьел босулеб гIадин,
Щурула эбелилан,
Угьула эбелилан:
ВатIан тун къокъун унел
Къункърабаца кинигин,
Каранда гулла щвараб
РитIучIил тIинчIалъ гIадин;
РечIалелгун тIегьалел
ТIамхал гьотIода гIадин,
ГьалбацI гIадин, кIкIалахъе
КIанцIулеб иххалъ гIадин;
Рагъда хвалчен борхигун

Дагъистаналъ кинигин,
Дунялалъул зобазда
Пири гъугъаялъ гIадин...

Дида бицана, имам
Асирлъилалда цеве,
Борхатаб Гъуниб кьурда
Гъос как балеб мехалда,
Гъосул кIутIбуз букIанин
КIиго рагIи щурулеб:
Аллагьгун эбелилан,
Эбелгун аллагьилан.

Дидагоги бихьана,
Дир херлъарав инсуца
Хвалда цебе, сардида
Эбелилан щурулеб.
Дихъе бачIана кагъат
ЦIадул рагъдасан вацаз,
ЦIуне нилъер эбелин,
ЦохIого цохIо йитей.
Дихъан гьеб бажаричIо,
Дица ахIулебо:
Эбел, эбелин абун, –
Эбел щай ячIунарей?!

* * *

Дида рагIун букIана
МагIарулазул хабар:
Хабал рагIалде щвейгун,
Хваразда нилъ рихьулнн;
Гъоз, рачIанищ, лъималин,
Нилъеда гьикъулила,
ГIинкъал гьечIел ракIазда
Гьеб гьаракь рагIулила.

Гьеб битIараб батила, –
ГъалатIа ккараб мехалъ,
Эбелалъул хабатIе
Ваккизе хIинкъула дун.
Цинги, жеги букIинчIеб
РекIел асар лъарабго,
Уна гьелъухъе щвезе, –
Гьимула хабалъ эбел.

Камурал умумазул
Занахъе щвечIел чагIи
ЧIалгIаде ратиларо,
Квешлъи батила гьезулъ;
Эбелалда рихьани,
Жал нечараб, хIинкъараб
ХIалихьалъиялдалъун
ЦIунулеб буго гIумру.

КигIан рикIкIада вукIа,
РакIалде ккола дида:
ГьабсатIат эбелалъул
Зонода цеве вугин.

**ДАИМАЙ ЭБЕЛ**

Мех-мехалъ ккола дида:
Гьаб дир каранда жаниб
Кини кIикIулей йигин
Дир даимай эбелин.

Гьеб кинида дун вугин,
Эбел гьарделей йигин:
Парахалъе, дир васин,
ГIодой виччай, дир васин.

Цинги ракIалде ккола:
Гьаб дир каранда жаниб,
Киншда дунтм хисун,
Дир лъимал регун ругин.
Гьезда тIадеги къулун,
Къваридай эбел йигин:
Хъудуге, дир лъималин,
Паракъалъе, лъималин.

Гьадин ккола кидаго:
Гьаб дир каранда жаниб
Кини кIикIулей йигин
Даимай мискин – эбел.
Гьеб кинида дун гурин,
Дуниял бугин бетун –
Хъудулебгун гIодулеб,
ГIасиябгун пашманаб;

Гьелъул киниги кIикIун,
Гьарделей йигин эбел:
Паракъалъе, дунялин,
ГIодой биччай, дунялин.

*1968*

## ХИРОСИМАЯЛЪУЛ ПИАНИНО

Цо нухалда гуро пианинолъул
Гьаркьаз дида дунял кIоченабураб
Ялъуни кIочараб гIумру кинабго
Дир рекIел беразда бихьизабураб.
Гьал клавишазда хъвалел килщазухъ,
Керен ссун, дуниял кьелин кколаан.
Гьезул бакъназ гIадин дие гьаб гIалам
ГIумруялъ кидаго берцин гьабичIо.
Щибаб гьаракь буго цо паркъолеб цIа,
Жиб гьечIого дида чIезе кIолареб.
Щибаб свериялда гьимула дунял,
Гьавула дун эркен хIалкъаялдаса.
Бадиб бетун магIу, кибалиго нух,
Борхатаб цо зодихъ дунги дир къасдги.
Жибго дуниялги, жибго рокьиги
Гьал гьаркьал тун цоги батIиял гьечIо.
Амма, букIаниги, киналго гьаркьал
Гьаб ракьалъул дида жакъа кIочана;
Ялъуни кIочарал киналго гьаркьал
Гьаб къоялда дида ракIалде щвана,
Хиросимаялъул буцIцIухIун чIараб
МацI гьечIеб басрияб пианиноялъ...
Гьелъул клавишал кочIохъанасул
КIалдиса рахъарал цабиян кола
Ва амма черхалъул ругъназ киниги,
Чиясул къварилъи мацIалъ бицинищ?
...Балагьун вуго дун пианинолъухъ,
Гьалда нахъа чIарал чIван руго хабалъ.
Щибго сас гьечIого гIенеккараб гьалъ
Гьезул гIумруялъул буго бицунеб.
Гьениб бадибчIвайги, гьениб рогьоги,
Гьениб гьаги буго, гьариги буго.
Гьадинаб дий хъвачIо Бетховеница,
Гьадинаб рагIичIо гIумруялъ дида.

*1968*

## КЪУНКЪРАБИ

Гьаб цоцада букъараб кього чиллаялъул шал
Босун ана гьораца – гьел нуж гурищ, къункъраби?
Къаси дихъе бачIана лъеберго пашманаб къасд,
Гьанже нахъе раржана – нужцин гурищ, къункъраби?

Дир йикIана йокьулей, доялда хадуй цояй,
Гьанже донити гьечIо – нужцин гурищ, къункъраби?
РукIана гьудулзаби, иргаялда камуна,
Кире гьол тIагIун ругел – нужцин гурищ, къункъраби?

Рахас буго ихазул, тIогьиллъана хаслихълъи,
Гьороца ана тIамхал – нуждин гурищ, къункъраби?
Дица, лъабихъе сукIун, рикIкIаде улкабазде
РитIула дирго кагътал – дир кваркьаби, къункъраби.

РикIкIадасан битIараб ватIаналде дир салам
Нужеца гурищ кьолеб, кьер рекъарал къункъраби?
Кьурабазул бутIрузде бетIерисеб щварабго,
Нужор гьаракь рагIула... ракI биуна, къункъраби.

*1968*

## ДУН ДАНДЕ ЧIВАЗЕ ККОЛА ЧIУЖУГIАДАНГУН ЖАКЪА

Дун ахIуге кивниги,
Кивниги вачIинаро.
Дун ахIуге лъицато,
Лъихъего вачIинаро.
Дир жакъа гIилла буго
ГIумруялъул рес гьечIеб:
Дун данде чIвазе кола
ЧIужугIадангун къаси.

ВачIинаро гьоболлъухъ,
ГIайиб гьабуге, гьудул;
ВачIинаро берталъе,
Тел кьабун тела, гьудул.
ВачIинаро мугIрузде,
РагIи кьун букIаниги:
Дун данде чIвазе ккола
ЧIужугIадангун къаси.

Инаро дун хIалтIуде,
Жакъа дир гIилла буго,
Мун, дидаса кIудияв,

КIвар гьабуге жакъа дир.
Бицине бегьулареб
Цо багьана буго дир:
Дун данде чIвазе ккола
ЧIужугIадангун къаси.

Сапаралъ вахъинаро,
Бихъун реххила билет.
Дун кватIила кивето,
КватIиларо долъухъе.
ЦIакъ кIудияб дандечIвай
Щивасе дунялалда:
Дун данде чIвазе ккола
ЧIужугIадантун къаси.

*1968*

* * *

КIийиде бикьула дица дир гIумру:
Цояб мун лъазегIан, цо лъан хадуса.
Хадуб дида лъана дун мекъи вукIин, –
Мун лъазегIан гIумру гIумру букIинчIо.
БукIана махсарю. Гьеб дида лъана,
Дир каранда бетIер дуца лъурабго;
БукIана къоги ун, къаси мех щвечIеб
КIиялго хутIараб хирияб лахIзат.
Хадуб дагIба ккана, дида бичIчIана
ун лъараб гIумруги гIумру гуреблъи.
РакIалде бачIана гьитIинаб заман,
Дир бетIер абуни батана чарлъун:
Яги роххалица, яги хиялаз,
Яги дагIбаяца, яги гIищкъуялъ...
ГIумрудул дир гъотIол кIиябто гIаркьел
ГIурччинабги буго, хъахIабги буго.

1968

* * *

Бихьинаца гьаби рагъизарула,
Гьезул ругъназул кеп босула росулъ.
Бихьинаца хIелкал рагъизарула,
ХIуларал тIеметIал рихьана дида.
Бихьинаца оцал рагъизарула,
Испаниялъул кеп гьездасан буго.
БагIараб ххам цебе ккураб мехалда,

Цоцалъ речIчIулел гьел рихьана дида.

Бихьинал жалгоги цоцалъ рагъула,
Ругъун гьечIеб лага къанагIат гьечIо.
Рагъула, гьусарал гьаби киниги,
Гьоркьой ххам рехарал оцал киниги.
Рагъула, цоцазул бутIрузда хурхун,
Бида рецIцIун цоцалъ хIелкал киниги.
Рагъула бихьинал нагагь, къанагIат,
КъваригIараб къоялъ бихьинал гIадин.
Рагъула бихьинал, гIурал гIадамал...
ГIилла щиб? – МацI, боцIи, цIун бегьараб лълъар,
Тохлъукье абураб гIадалаб рагIи,
ГIиллаго гьечIого гьадинго ццидалъ.
Цадахъ гьаз рачуна, гьаз хадур цIала
Хвалде гьитIинав вац, цоги гIагарлъи.
Лъади къоролллъула, вас бесдаллъула,
Мискин – эбелалъул канлъи билула.
………………………………………..

Огь, кида лъугIилеб гIаитаб чIвадари,
ГIорцIарал бугъбузул балагьаб питна?

Рагъани – рагъизе риччай бихьинал:
Руччабазе гIоло, рокьуе гIоло;
Эбелалде рагIи абураб мехалъ,
Ургьиб хIасрат къварид гьабураб мехалъ.
Рагъани – рагъизе риччай бихьинал:
Бихьинал киниги гIураб ракь цIунун,
ГIодоб тIибитIараб буртинаддаса
ТIаде кIанцIарав чи нахъе инагIан.

*1968*

## ПРИЕМАЛ

Гьал приемазул сихIираб гьими,
Гьундузул гьоболлъи бихьана дида.
Туфлабазул цIваби, гурдазул цIилъи,
Гаргаразул цIекIлъи, матIазул гвангъи...

Берзул тIелхал рорхун, ишанги гьабун,
Гьекъолел бокалал... гьекъел гуро гьаб;
Гьадинго ххвелалъе кIутIбузда хъвала,
КIудиял квербацIцIаз реччел бацIцIуна.

Дида ккун букIана гьал приемал
Гьайбатаб, талихIаб рахIатин абун.
Гьанже дида лъана... гьел поэтасе
Черхалда гьунареб чухъа батана.

Гьанив дун, дун гуро, протакол вуго,
ГьечIо дир эркенлъи, вуго цогияв.
Гьанир министрал артистал руго,
Артистал релълъуна министразда.

Гьанир цере лъурал цурдалъел гIадал
Цо рюмкаби, унго!.. Гьал рихьаралго,
Огь, гьазул бакIалда надалъ речIчIизе
Гулла лъикIан абун абила ЦIада.

Дун тIокIав ахIуге приемазде, –
Поэзиялъул бакI батIияб буго.
Ваче дун рокьиги тIугьдулги ругеб
ТIабигIат ургъичIеб дуниялалде.

*1968*

## БИХЬИНАЛ

Киналго тIагъур лъурал
Бихьинал рукIунарин,
Вихьизе вачейилан
Абун буго рокьиялъ.
Киналго михъ бижарал
БахIарзал рукIунарин,
АхIе, жиб балагьилин,
Абун буго балагьалъ.

Абун буго гьединан
Чвахун унеб гIуруца,
ГIазу балеб хасалил
Сардида кьурул сиялъ.
Абун буго гуллица,
Абун буго хвалчаца,
Хирияй йокьулелъул
Рикьун арал кьунсруца.

Бихьинчи бихьинчийищ
Вугевали вихьизе,
Жинда аскIов вачаян,
Абун буго рюмкаялъ.

БахIарчи бахIарчийищ
Вугевали бичIчIизе,
Жинда вихьизавеян,
Хьим-хьидун буго шагьи.

Щибаб сагIат, щибаб къо
КинабгIаги гIумруялъ
ГIадамасул ракIалъул
КъвакIи борцунел руго.
Щибжоха борцунареб? –
Берцинлъиги рокьиги.
Гьезие мустахIикъав
Инсан бихьинчи вуго.

*1968*

## ЦIАГИ ЛЪИНГИ

Авлахъ угьдилеб буго,
Къечон холев чи гIадин,
ГIадамал, лъим кьейилан,
Кьелин нужее гIумру:
Ххурдул кьолел киниги,
ТIугьдул кьолел киниги,
Кьурда даларасухъе
Ккवезе кверал киниги.

МегIер гьардолеб буго,
Квачан холев чI гIадин,
ГIадамал, цIа бакейин,
Дица бакилин гIумру:
Рогьалида къо гIадин,
Къаси моцIгин цIва гIадин,
ЦIа бугила гIумруян,
Цогияб хIажат гьечIин.

Дида ккола цIадуца
Лъам гьалдезе гьабулеб
Хьагиниб тIураб тIагIам
Бугин тIолго гьаб гIалам.

ЦIадазул кунал руго
Бакъул рукIкIбузда ххолел,
Букъула гьез тIутIураб
ТIимугъ гIадаб дуниял.

*1968*

* * *

Буго гьаб ракьалда рокьул васият,
Наслабаца кьолеб наслабазухъе:
Къисас боссе ханжар кьолеб киниги,
КечI ахIизе тIамур кьолеб киниги.

Буто гьаб ракьалда рокьул васият,
Босун буго дица диего бутIа.
Гьаб гIадаб гIагараб, гьабгIан къиматаб
ГьечIо батIияб ирс, тIокIаб хазина.

ГIемерал гIасрабаз рагъалъ букIараб
Умумузул ханжар хиралъиларищ?
ГIемерал векаца кучIдул ахIараб
НекIсияб пандуралъ паналъиларищ?

Гьелъухъ гIенекке мун... гIищкъу ккаразул
КигIан бакънал ругел, къисаби ругел?
Гьелда килщал кIутIе, кинаялиго
Яс цее тIамула, – тIул-ракI бухIула.

*1968*

**ГIИЩКЪУЛ ГРАММАТИКА**

Нилъер гIамал-тIабигIат
ТIанкI гьечIеб вергол буго;
Чан жумла лъугIаниги,
Жеги хабар батула.

Духъ балагьун хIикмалъун,
Лъола ахIул ишара,
Лъалиниса бахъараб,
Борхараб ханжар гIадаб.

Хадуб нусго щаклъиялъ
Ссудилеб дир кареналъ
Суал-ишара лъола,
Бекараб гьоко гIадаб.

Киданити тIанкI гьечIо,
Щоларо гулла гIужда,
ГIазда лъукъараб чанил
ЛъалкIал руго вертолал.

Гьаб лъугIулареб диктант
Дида чIалгIун бугеб куц!
ЦохIо гъалатI кканиги,
Гъоркь хутIула лъагIелалъ.

Лъабабилеб курсалде
Кинго виччалев гьечIо,
Квешезе гIадин лъола
ЛъикIал гьечIел къиматал.

КигIан дун витIанити,
ГъалатI дуца хъирщула...
Гьаб дур институталъул
Конкурс кIодолъун буго.

*1968*

## КЪАДАРАВ БИХЬИНЧИЯСДЕ ЧIУЖУГIАДАНАЛЪУЛ КЕЧI

Кинабго жубан буго,
Кинабго хисун буго,
Рос кинав, лъади щиян
Лъазе кIолеб куц гьечIо.

КIудияб авлахъалъул
Илхъидухъ балагьигун, –
Барти гIадин тай-гIала,
ГIала гIадин барти-чу.

Огь, къадарав бихьинчи!
Мун сородулев вуго,
Сири бараб черх гIадин,
Бид бецIцIулоб квер гIадин.

Сородизе ккеларо,
Ккараб жо щиб? ХIинкъуге!
Дир гъалазда тIагъур лъе,
Дудаго тIад чохтIо къай.

Дуда бакIлъулеб буго, –
Дица борчина хвалчен.
Мун хур лъилъизе вахъа,
Дир хъандироги босун.

Дун жакъа ине ккола,
Къаси нахъ юссиналде
ГIака бечIчIе, карщ гьабе,
Керен кьун лъимал хахе.

Хадуб гIеретIги босун,
ГIурухъе а, лъел цIезе.
Лъадул ретIел чуризе
КIочон тоге, бихьинчи.

Дун тIад юссун ячIина
Анкьго лъикIав гьудулгун,
Гьекъезе буго коньяк, –
Квен хадуб гъезе гьабе.

Дица хъалиян цIала,
ЦIа рекIинабе паркъан.
Дир бадиб магIу гьечIо,
Дилъ гьалдолеб би буго.

ЧIорогоял квералгун
ЯчIинаро дун рокъой,
Дица кIилкIал росила
Дур кIудиял гIундузе.

Баргъичалги росила,
Курхьабиги росила,
Каранда тIад къерщезе
Къадираби росила.

Дур гьурмада бахине
Пудра кIочон теларо.
КIутIби релъине дуе
Гъизма чIезе гьабила.

Амма дургун къаркъала
Кинан дица хисилеб?
Гьеб дур гIассияб гьаракь
Киса дица босилеб?

ГIамал хисананиги,
Черх хисизе рес гьечIо.
Чара тIагIун йиго дун,
Огь, къадарав бихьинчи!

Кинабго жубан буго,
Кинабго хисун буго,
Рос щиван, лъади щиян
Лъазе кIолеб хIал гьечIо

*1968*

**САХЛЪИ**

Сахазда кколеб буго:
Сах ругилан киналго.
Сахал кирниги гьечIо,
Киналго унтун руго.

Унтун руго киналго
Лъилъулареб унтиялъ:
Ургьиб ракI дурги буго,
Ургьиб ракI дирги буго.

Дида гьеб лъала, гьудул,
Дунял больница буго.
Дару гьечIо цониги
Инсан хвасар гьавулеб.

Жакъа хвасар гьавуни,
Метериса унтула,
Метер хвасар гьавуни,
Хадусеб къо бачIуна.

ГIицIго цо ургъел буго
ИяхI чIаго хутIизе.
Хола черх, дида лъала,
Чилъи даим хогеги!

Унтуге ахIмакълъиялъ,
Унтуге барахщиялъ,
ХъантIиялъ, рагъалъ, цциналъ,
ГIиссинлъиялъ, гьерсица!

Унтугеги ракъиялъ,
ХIинкъиялъ, къварилъиялъ!
Унтугеги ханлъиялъ,
Лагълъиялъ, вахIшилъиялъ!

Гьел унтаби тIагIани,
ТIегьазе буго гIалам,

Къинаро тIокIал иццал,
ТIерхьинаро нилъер бакъ.
*1968*

## КIОЧЕНАРО ПАКЪИР ЧАХЪУ

КIоченаро цIа кьурав,
КIоченаро цIар кьурав,
КIоченаро цIан кьурав,
КIоченаро цIва кьурав,
КIоченаро квен кьурав,
КIоченаро кечI кьурав,
КIоченаро квер кьурав, –
Киналго рекIелъ руго.

Дие гьабураб квешлъи
КIудииб букIа, абе!
КIочон тела, гьитIинаб
Пайда данде чIварабго.
ун вухIулеб цIа ссуна,
Хинлъизе цIа гвангъигун;
Букъараб зар чучула,
Бачунеб квер лъарабго.

Унтуе дару кьурал,
МагIие рагIи кьурал,
РатIлие тIимугъ кьурал,
ТIармие чIваби кьурал...
Гьезулъ буго дир гIумру,
Дилъ буго гьезул гIумру.
Цо кумек кIоченаро,
КIудияб гьариларо.

КIочон тела рукIинчIел,
ГьечIел гIучIал киниги;
Щибниги пайда гьечIел,
Щибниги зарал гьечIел;
Щибниги гIамал гьечIел,
Щибниги гIадат гьечIел;
ГIадамалин рижарал,
ГIадамаллъун лъугьинчIел.
*1968*

## ПАКЪИР ЧАХЪУ

Лъиего зарал гьечIеб,

Лъидаго хIанчIулареб,
Киназего пайдаяб,
Киназдаго божулеб,
Кинацаго гуккулеб,
Кинацаго кваналеб,
Кинацаго къунцIулеб,
Кинацаго ччукIулеб, –
Пакъир чахъу, гъарим чахъу…

Чи гъавуна – мун хъола,
Чи хваниги мун хъола;
Гъобол вачIа – мун хъола,
Гъобол ана – мун хъола.
Щибго гIилла гьечIого,
Гъадингоги мун хъола,
Огь, дур гьан бежулеб куц
Почол корониб жаниб! –
Пакъир чахъу, гъарим чахъу…

Цояз мох-мохан хъола,
Цояз квасилан хъола,
Цогияз, тIагъуралъе
Дур тIом къваригIун хъола;
Ункъабилез, ункъабго
КъваригIун бугин, хъола,
Дур бацI гIорцIулареб куц! –
Пакъир чахъу, гъарим чахъу...

МацI лъалареб, гIадалаб,
ГIодой биччараб хIайван,
Дуда цебе херги бан,
Хадуб нус лъухьулеб куц!
Босун ччукIун къаркъала
МагIида дур балеб куц,
Мун чIурхIулеб кIкIуйдул махI, –
Пакъир чахъу, гъарим чахъу...

Ункъо бох гьечIониги,
РачIчIигун лълъар гьечIониги,
Гьанже цо-цо чагIазда
Чахъабиян абула.
Гьел бацIаца гуккула,
Гьел бацIаца кванала, –
Кумек гьечIев, рес гьечIев
Мискинчи – пакъир чахъу.

*1968*

**АХИРАБ КЕЧІ**

«НекIсияб тушманлъи тезе мех щванин,
Дица мун гьаболлъун, гьавулев вугин», –
БахIарчияв шагIир, Гьидерил Хучбар
Хунзахъе ахIана хIиллаяв ханас.

Гьеб къиса магIарухъ щибасда лъала:
ШагIир вухь-вухьуна цIадай реххизе,
Амма изну кьола квералги ричун,
КечI ахIеян дурго бищун ахираб.

ШагIирас ахIула бахIарчияб кечI,
Керен тушманасул ссудизабулеб.
Гьев гьалдолеб цIадай живго кIанцIула,
КIиго вас ханасул цо-цо кверал ккун.

ЦIадулъ ахIараб кечI магIарулазул
РагIула росабалъ нус-нус хаселаз...
Дун хиялалъ вуго гьелъул къисматалъ,
Къисмат гьечIев шагIир шагIирищ вугев.

Дунги вуго, Хучбар, гьоболлъухъ ахIун,
ВухIизе цIа буго диеги къачIан.
Дица ахираб кечI ахIулеб буго,
РагIизе биччанте дир тушбабазда.

Дихъе бегьун буго чагъиралъул лълъар,
ТIинда загьру буго дун хвезе кьураб.
Ва амма хвелалде дица ханасул
Бищунго хирияб цIадаб бухIила.

Нилъ рохъо лъугьине рижарал гьечIо,
Рохъолъун хутIила хваял тушбаби.
Нилъеца кIиясго ахIизе буго,
Жеги чIурхIун гьечIин нижер михъалин.

*1968*

* * *

Кида хъудулеб гIалам,
Кида хъудулев гIадан? –
ГIадлу гьечIеб мехалда,

ГӀакълу гьечӀеб мехалда,
ГӀадат гьечӀеб мехалда,
ГӀамал гьечӀеб мехалда;
РагӀи гьечӀеб мехалда,
МагӀна гьечӀеб мехалда.

Рагъ буго хъудулеб жо,
Ццин буго хъудулеб жо.
Щибго магӀна гьечӀеб кечӀ, –
Гьеб буго хъудулеб жо.
Хъудула гирун унеб,
Хъудула чвахун унеб,
Хъудула пударулеб,
Хъудула гьедарулеб.

Хъудуларо дир мегӀер,
МугӀрул лъарал хъудула.
Хъудуларо дир кьуру,
Кьурулъ гьурал хъудула.
Хъудуларо океан,
Карачелал хъудула.
Хъудуларо дир поэт,
Гьесул рагӀи хъудула.

Шагьаралдаса вуссун
Росулъе щвараб мехалъ,
Шум бугин добайилан
Абула магӀарулас.
Хъудуларо ритӀухълъи,
Хъудуларо лебаллъи,
Хъудуларо гьайбатлъи, –
Гьедарула гьереси.

Гьарула дир кучӀдузда:
Киданиги хъудуге;
Хъварал тӀамчал дир рукӀа,
Бекьараб хур киниги;
Хабал къаданир чӀварал
Къанал, занал киниги, –
Бищун кӀудияб гӀакълу
ГӀенеккун чӀараб буго.

*1968*

* * *

Дунялалда нусго вуго хӀалихьат,

Цо хIалихьат вуго даим рекIелъ къан.
Дунялалда нусго гьереси буго,
Цо гьерсица вуго дун пашман гьавун.
Дунялалда нус-нус гьайбатал цIарал...
Цо цIар буго даим дица вдурулеб.
Дунялалда нус-нус сахал гIадамал...
ЦохIо вуго гьудул, гьечIо батIиял.
Дунялалда нус-нус соналгин къоял...
ЦохIо сагIат буго кIочон толареб.
Рокьи гIолеб гьечIо киназегIаги,
Ццинги гIолеб гьечIо киназегIаги.
ГIолел гьечIо кверал, лъикIал гIадамал,
ГIадан хутIичIого, каранде къазе.
ГIолел гьечIо зарал, хIалихьатазул,
ХIохьолъ гIащтIи гIадин, гIадалъ кьабизе.

Кинабго рагIизе гIундул тIоларо,
Кинабго бихьизе берал гIоларо.
Киналго кIутIбузе кIутIби гIоларо,
Киналго цIаразе дир мацI гIоларо.
ГIолеб гьечIо кантIи гьал дир соназул
КиналгIаги сагIтал кIочонгутIизе.
ГIолеб гьечIо гIумру, бокьараб щинаб
Ракьалда гьабизе, маян кьуниги.

Щивасе дагь буго цIаги канлъиги,
.... Кинабго кьун буго киназегIаги.

*1968*

## БАГIАРАБ ЩАКЪИ

Дир черх щакъитIелищ, дир би щакъийищ?
ГIумру дир диктантищ, дунял кагъатищ?
Огь, багIараб щакъи, дур мухъал цIалун,
ЦIа цояб бералъуб, магIу цоялъуб!

Щив хъвадарухъанас мун хъвараб веказ,
Гьадин гьетIараб хатI хвелазул цIураб?
Гьесда мех щун гьечIищ тIелин абизе,
Гьадин халатаб кечI кинаб дурилан.

Дир багIараб щакъи дуниялалда.
Дир лъабго къасдалъе гIурабцин гьечIо.
ГIодобе тIоге гьеб, те дилъ гьалдезе,
Гьудулалъе кьезе, гIумру гIуцIизе.

Дир би щакъи туро, гьелъ хъвадаруге,
Гьалъул хатI улбузе – векалъул унти.
Дуе бокьулеб кечI дур биялъ гьабе, –
Гьеб чIегIераб буго. Дираб дилъго те, –
Гьаб багIараб буго. БагIаралъ гурищ,
Киналго гьалатIал ритIизарулел?!

*1968*

## ДАИМАБ КЪЕЦ

ТIохда тIеметI багIараб
КIиго хIелеко гIадин,
ХIорихъ лълъурдул кIичIараб
КIиго бугъа киниги;
Байданалда бахъараб
КIиго ханжар киниги,
КIиго пикру, кIиго къасд
Къацандула дир каранлъ. –

ЧIандал, байикьалищ гьал,
Гьакьал, тIелкьал лъаларо;
КIиго данде иш ккечIеб
Улка бугеб лъаларо.
Цояб рахъалъ кьабула,
Цояб рахъалъ кьвагьула;
Кьвагьи къотIулеб гьечIо
Гьаб дир рекIеда жаниб.

Цояб рахъалъ рагIула
ГIенеккаравго дида:
ГIодов щай чIаравила,
А, мунила, айила.
«А, а, а; а, а, а!..

Цоги рахъалъ рагIула,
Киве мун вахъаравин,
Нахъ вуссайин, чIайила.
«ЧIа, чIа, чIа; чIа, чIа, чIа!..

Цояб рахъалъ ахIдола:
«АхIмакъ, гIумру къокъаб жо,
Кьабе, гьекъе, гьале тIе,
ТIе, тIе, тIе; тIе, тIе, ле!..

Цоги рахъалъ гъардола,
Гъедин гIумру чIвагейин,
ГIун бугида, тейила.
«Те, те, те; те,.те, ле!..

Дица цо каранлъ бугеб
Каву рахалеб буго,
Квачан бугин ракьалда,
Хинлъизе заман щванин.
Цогияб рахъалдасан
КIал-кIал чIван руго нуцIби,

КIоларила хIехьезе
Жидеда гьаб бухIийин.
Гьединан «тIеги теги»,
Гьедин «гьечIоги уги»,
Гьединан «аги, чIаги»,
ЧIечIого рагъда руго.
ТIохда тIеметI хIулараб
КIито хIелеко гIадин,
ХIорихъ лълъурдул рекараб
КIиго бугъа киниги.

Цояб рахъалда бухIун,
Цояб рахъалда цIорон,
ЩIакъ рекъолареб гьава
Буго гьаб дунялалда.
Цо рахъалъ белъанхъула,
Цо рахъалъ зигардула,
Дир тIармида кIиго чIчIва
ЧIоларо цоцалъ рекъон.

Дида рагIун букIана
МагIарулазул маргьа,
Бищун лъикIаб нух бугин
Лъабабилеб, гьоркьосеб.
Батиладай дида гьеб,
Дирго лъабабилеб нух?
Бугодай дунялалъе
Лъабабилеб пандрил чIчIва?!

*1969*

## НАКIКIАЛ

МагIарде вахани, гIалахалда нуж,

ГІурул лъин гьекъолел ганщал киниги.
Ахаде вилълъани, борхалъуда нуж,
Нух къосун хутІарал боял киниги.

ГьитІинаб мехалда дида кколаан,
Квас-квас бугин зодихъ дие самулеб.
Дица цо пурабго, гьурал киниги,
Гьаб дуниялалда щущан инин нуж.

Дир рии, их ана, хаслихълъи щвана,
Щибаб мех анагІан гІемерлъана нуж.
Гордухъе рачІуна, бадиб квер чІвала.
Санайил дир рекІей бакІлъун руго нуж.

Нуж квасул ратичІо, тІухьидул руго,
Нужер тІаргъал дие кІодолъун руго.
Дун нужеда жанив – рохьов чан гІадин...
Бихьиладай дида дирго расалъи?

Нужеца кигІанго бахчананиги,
Нух балагьичІого, чи вукІинаро.
Нужеда гьоркьосан гьоркьо-гьоркьоб бакъ
Гьимулеб нижее гІадада гуро.

*1969*

* * *

Дун гьаб дунялалде кватІун вачІана,
Ккана чанги ишал дун ваккилалде.
ГІакъилал бихьинал, гьайбатал ясал,
Дун гьавилалдего, гьанире ана.

Дун гьаб дунялалде гІедегІун ккана,
ГІемер ишал ккела, дун камун хадуб.
ГІакъилал бихьинал, гьайбатал ясал
Гьанире рачІина, дун гьечІеб мехалъ.

Амма гІумруялда рекІекълъиларо,
Дун гІахьаллъарабги гІемер иш ккана.
ГІакъилал бихьинал, лъикІал руччаби
Гьаб дуниялалда дидаги лъана.

*1969*

**РОКЬИ**

Босе дуца цIалкIу, цIалкIе дир гIумру,
ГIемераб хIур гъина хIажалъи гьечIеб.
Доба бакIарараб, гьаниб хъирщараб,
КигIан гIучI-къул бугеб къваригIел гьечIеб?

Босе дуца цIалкIу, цIалкIе цIидасан
Дир ихал, дир мехал, дир гьаркьал, кьерал
Цо хъаталъе мугьал ратила дуда;
Гьел хIажалъиларо, – хIелказ квине те.

Босе дуца цIалкIу, цIалкIе нахъойги, –
Цо гьитIинаб маржан гьениб кенчIела.
Гьеб кодобе босе, гьеб тIаса бацIцIе,
Гьениб бакун буго кинабго гIумру.

*1969*

## НУХДА УНЕСЕ

1

Нухлулав лъалхъулеб бакI
РикIкIинищ дица нужей? –
Инсул тIалъидал гIурхъи,
ГIодов рещтIа чодаса;
Сордо-къоялъул гIурхъи,
ГIенеккун чIа лахIзаталъ;
ГIадан жанив лъураб хоб,
Хиял гьабе аразул.
Лъалхъе бакараб цIадухъ,
ХIикматаб асар лъазе.
Лъалхъе беролеб иццухъ,
Ургъел, пикру бикьизе.
Цинги а, свак кIочена,
Сапар битIун вуссина.

2

Нухда унев, мех-мехалъ
Нахъехунги балагье, –
Нахъа хутIараб тIалъи
Хадуб балагьун бугин.
Нухда унев, мех-мехалъ
Рахъ-рахъалде балагье:
Авлахъалда кин бугеб,
МагIарда кинан бугеб?

Нухда унев, мех-мехалъ
Зобалазде балагье:

НакIкIал щолелцин ругищ,
Щенезе къачIан бугищ?

Нухда унев, мех-мехалъ
Заманалъухъ балагье:
БецIлъизе къачIан бутищ,
Къо лъугIулебцин гьечIищ?

Нухда унев, мех-мехалъ
Мунго духъго балагье:
БотIрода тIагъур бугищ,
ТIаргъиниб бетIер бугищ?

Бохдул-кверал кин ругел,
Кинабго черх сах бугищ?
Цадахъ росарал хулжаз
Гъуждул кIвекIулел гьечIищ?

Нухда унев, балагье
Цебе босулеб хIатIихъ!
Цебе босулеб хIетIе –
ХIикматго берцинаб жо.

Гьедин гьабун хадуса,
Дуниялалъул нухда
Дуда нух къосанани,
Гьаб бер бахъизе тела.

3

Нухлулав, дуда нуха
Херав чи данде чIвани,
ХантIан чодаса рещтIа,
Саламги кьун, гьикъарде.

Гьесухъан гIакълу босе,
Гьесул къваригIел тIубай;
Гьев нахъе тIерхьинегIан,
ТIокIав мун цеве унге.

Нухлулав, нуха дуда
ГьитIинав данде чIвани,
Гьесдехун тIалабалда
Берцинаб гаргар гьабе.

Гьесул сапар халатаб,

Гьесул хиял кӀудияб...
Гьесул чол узденгги ккун,
Абе нух битӀатийин.

Нухлулав, нуха дуда ЧӀужу гӀадан данд чӀвани, Дурго турхӀел бахчуге, ИяхӀ туснахъ гьабуге.
Баччараб гьир батани,
Гьелъухъа нахъе босе.
Гьуинаб рагӀиялда
Мун щибго барахщуге.

Гьедин гьабун хадуса,
Росулъе мун щвелалде,
Щвела дур рахъалъ хабар,
ЛъикӀав нухлулав вугин.

4

Нухда вахъарав инсан,
Нух битӀизе бокьани,
Дуего бокьулареб
Цогиясе гьабуге.

Нухда бахъараб миллат,
Нух битӀизе бокьани,
Дуего бокьулареб
Цогиязе гьабуге.

Нухда рахъарал, даим
Нужерго нухдасан а;
Рахъ-рахъалде руссани,
Къосун нухгун хутӀула.

Гьедин гьегьал хӀанчӀазулъ
РечӀчӀардулеб хъиргъуцин
РечӀчӀун туманкӀгун чӀвала
ГӀужилал чанахъабаз.

5

Нухлулал щолелъуре
Щвелалде цебе дуца
Щванилан рецц гьабуге,
Гьалагаб чу бухуге.
Дида нухда гӀемерал
ГӀурдул рихьана рорхун,

ГІуруца хъамуразе
ХъахІал ххамал тІад чІварал.

Нухлулал щолелъуре
Щвезе гьечІин кидаго
Дуца кверал хьвагІуге,
Гъасда сонал тІамуге.
Дур нух хутІизе буго
Хириял дур васазе,
Мун щвечІел бакІаздасан
Гьезул рукІина лъалкІал.

Нухалъе лъугІи гьечІо,
Нуха буго дуниял,
Ралъдада гама гІадин,
Кираялъ гьоко гІадин.
Гама чІолеб порт буго,
Гьакал чІолеб бакІ буго.
ГьабчІоларо кидато,
Даимаб заман гІадин.

*1970*

**ДИРГО НЕКІСИЯБ ТІЕХЬ ЦІАЛУН ХЪВАРАБ**

Дица хъварал тІахьазул
ТІоцебесеб гІунгутІи:
Диего къваригІараб
Дихъа хъван бажаричІо.

Гьелдасаги кІудияб,
КІиабилеб гІунгутІи:
Диего къваригІинчІеб
ХъвачІого чІезе кІвечІо.

Лъабабилелги руго,
Гьезул бицун пайда щиб?
Гьадаб кІиябто гІела
Гьаб дир гІумру бичІчІизе.

*1970*

* * *

– Унтарал, щиб бугеб нужеда цебе?
– Цо-цоязе сахлъи, цо-цоязе хвел.
– Сах ругел, щиб бугеб нужеда цебе?

– Цо-цоязе унти, цо-цоязе хвел.
– Хварал, щиб жо бугеб нужеда цебе?
– ЦохIо щибго гьечIо...
– Нахъа щиб бугеб?
– Цо-цоязе рогьо, цо-цоязе цIар,
Цогиял, рукIинчIел гIадин, кIочон тей.

*1970*

* * *

Нилъ руго цо сагIтида
КIиго хъаравул гIадин:
Дун минутал рикIкIунев,
Мун сагIатал рикIкIуней.

Духъеги гIедегIула,
Духъанги хекко уна.
Цин хаду-хадув вуго,
Цин цеве-цеве вуго.

Духъе вачIинчIогоги
ЧIезе дида кIоларо,
ВачIун дуда аскIовги
ВукIунаро дун халат.

Мун гIедегIулей гьечIо,
Дун цIакъ гIедегIун вуго!
ЦохIого гIумруялъул
КIиго хъаравул сагIтил.

*1970*

## РАЧIА КЪВАЛ БАЗЕ

Щай къасилъагIан чIун? Къвал базе рачIа,
КъватIазда харбалги ххенезе риччан.
Къадаравгин лъикIав, кIиго чи вуго
КIийиде бикьараб гьаб ракьалда тIад.

Къадарал гIадамаз гIайиб гьабичIеб
ГIищкъу дунялалда жеги букIинчIо.
Гьезул ракI унтизе унго-унголъун,
Черх къиргщилеб куцалъ къвал базе рачIа. –

Сахал гIадамаца гIайиб чIваларо.
ГIищкъу – багIараб бакъ, гьезда гьеб лъала.

Бакъуца ракьалда къвалги бан гурищ
Къалъун бугеб гIумру, гьаб гIищкъул дунял

Нилъ гьаб дунялалъул бакьулъ рукIина,
Бикьизе кIийиде гIумруги гьабун.
Цояб хIасраталъул, хIайран гьарулеб,
Цояб хIусудалъул, хIилла гIемераб.

Нилъехъги балагьун зобалъгун ракьалъ
Рокьул лазатилан абилеб куцалъ,
Берцинлъи гьимизе, гьерсий квешезе,
Кверал цоцахъе кьун, рачIа къвал базе.

*1970*

* * *

Дун щай кьижуларев? Дида гьеб лъала, –
Мун щай кьижулареб, кьурабазулъ ихх?
Лъихъ дур гIищкъу бугеб, лъиде ццин бугеб,
Щай мун гъулгъудулеб, гъулдузул тIинда?

Кинал дур хиялал, кинаб дур хабар,
Хирияб тIалъи тун, кибе мун унеб?
Щай кьалде лъугьараб кьурабигун мун,
Щай кьабелеб бугеб ганчIил сиязда?

Огь, даим чIейгьечIеб гIурул чвахидалъ,
Гьаб дир гIумруялъул бутIа батила.
Чвахи гьалаглъани, карачел чIолищ? –
ЧIва-чIвадулеб дунял, чIва-чIвадулеб черх.

*1970*

## ШУШБУЗУЛ КЕЧI

Зр, зр, зр; др, др, др...
Дихъ гIенекке, гIадамал!
Дунги нужехъ гIезегIан
ГIенекканин калам тун.
Дир гIинги ккун нужеца
ГIемер кIалъай гьабуна.
Дир кIалалда кIалги ччун,
Чанги хабар цIалкIана.
ЦIалкIиниса гIодобе
ГIемераб хIур бачIана.
Чанги каратI гьабуна
Нужер ботIрониб дица.

Зр, зр, зр; др, др, др;..
Дир кечIалъухъ гIенекке,
Дун кодоб ккун хъударал,
Хъазал хIорихъ киниги;
АхIдарал, гьедарарал,
Футболазда киниги!..
Гьардезеги тIамуна,
ГIодизеги тIамуна,
ГIурал бихьинал дица
Къочардизе тIамуна;
Къацандизе тIамуна,
Рагъизеги тIамуна;
Лагълъи чанги гьабуна
Нужеца дида цебе.
Инсуе мутIигIлъичIо
Нужер бутIрул дий гIадин,
Лъималазда бачIо къвал
Нужеца дида гIадин.

Зр, зр, зр; др, др, др;..
Дихъ гIенекке, гIенекке!
Нужеда кколеб буго
Кеп бугила дидасан.
Нужедасан кеп буго
Цогияца босулеб;
Цо къоялъул кеп буго
Кидагосеб къварилъи.
Къаси дица тIамула
РекъечIеб иш гьабизе.
Радал гьумер бахчула
Ничалъ кIвекIулев дуца,
Вачуна мун, тIамула,
ТIаса лъугьайин абун,
ТIолаздаго гьардезе
Гьадин ккелеб лъачIила.
Зр, зр; др, др,..
Нужеда кколеб буго,
Дида аскIоб гьудуллъи
Гьуинаб букIунилан,
Щулияб букIунилан.
Дун гьелда белъанхъула
Дида лъала, бихьана
Гьеб вацлъиялъул багьа,
Гьудуллъиялъул къимат.

Цоцазе гIумру кьелин,
Вацал ругин гьедула.
Гьоркьоб заман унаро,
Цоцазда бадиб тула.
Цинги гьебги кIочон тун,
КIиабилеб гьекъола,
Гьеб мехалда ахIдола
Эбел, яцазде раккун.

КIигояца дун гьекъе, –
Лъабабилев какула.
Лъабабилев вачIани,
Ункъабилев какула.
Гьеб нужер гьерсилаб рецц,
Гьаналгин чадил вацлъи
Чанги бихьана дида, –
Дагьалъ нахъ-нахъ балагье.
ЦIакъ чIимигIаб гьудуллъи,
Гьекъолдухъаби, нужер.
Гьудулзаби щай гурин,
Хъизанал тун уна нуж.
Хъизангун гьуинлъизе,
Дунгун кьаллъизе ккола.
Амма диде къец базе
Къуват киб бугеб нужер,
Гьи, гьи, гьи; гьа, гьа; гьа!..

Зр, зр, зр; др, др, др...
Нужеца дун гьекъола
Цоцазе сахлъи гьарун,
Дица нужерго сахлъи
Гьекъолеблъи лъачIого.
Дида дагьал рихьичIо,
Сородулел квералгин,
Сахлъи, миллион кьелин,
Кьолеб гьечIин, угьдилел.
БетIер унтун: агьи-агь,
Ургьимес бухIун, угь-угь –
Холел ругин ахIдола,
Аманилан гьардола.
Гьеб рекIел унти, огь, огь...
Гьаб къечIалъул чIваргъи, агь...
Кье чIаголъи яги чIвай,
ЧIезе кIолеб хIал гьечIо:
агь, агь, угь, угь,

агь, агь, огь!..

Зр, зр, зр; др, др, др;..
Дихъ гIенекке, гIадамал,
ГIадамазда гьоркьоса
Дица ратIа гьарурал!
Дица нуж хъвагIадизе,
Хъирщадизе тIамуна,
Хъубаб гурони кIалъай
КIалалъе нужер течIо.
Дица нужер гьаруна
Нич гьечIел гьерсихъаби;
Гьардезе тIамуна нуж
ЦохIо гъурущ кьейилан.
Гьеб гъурщиде бичана
Ничги, яхIги, гIумруги;
Нужеца гьеб гьекъана,
Дун гьекъолебин абун.
Нуж цоцаца ричана,
Нуж цоцазе рахчана,
Нуж цоцаца рехана
Ахир бецIаб рокъоре.
Нужеца гIакълугин цIар
ЦIер гIадинан гьекъана;
ЦIогьодана, рагъана,
Ругънал лъуна, чIва-чIвана.

Зр, зр, зр; др, др, др...
Дихъ гIенекке нахъойги!
ГIоралдаса гIемерал
Дица росанин чагIи.
ЦIадудаса гIемерал
Дица рухIанин чагIи...
Бихьизе кенчIолеб лъин –
Кереналъуб тIухьи дун.
Нужеда кколеб буго
Дунин чIобоголъулеб,
Дида кIал чIван нуж руго
ЧIороголъулел даим.
РакI буго чIобоголъун,
Черх буго чIобоголъун,
Абулеб рагIи буго,
МагIна ун, чIобоголъун.
Нужгоги чIорогоял
Шушби гIадинан руго,

Щибго батIалъи гьечIо
Нилъ кIияздаго гьоркьоб.
Дида жаниб киниги
Нужер чохьониб жаниб
Чвал-чвалун унеб буго
Дир лъим, – рекъон кколаро.
Нужеца тункулелъул
Дир гьаракь лъикIаб буго.
Гьоркьоб замана ина,
Цоги бакъан букIина.
Гьел бакънал дида лъала,
ЦIакъго рекъечIел руго.
Гьекъолеб жо – дунгоцин
Гьездаса нечон буго.
Гьелъ абичIого тела,
Гьелъ ахIичIого тела,..
АхIарабги гIун буго
ГIундул ругел чагIазе.

*1970*

**ЛЪУГЬИНЧIЕВ ЧИЯСДЕ ЧIУЖУГIАДАНАЛЪ АХIАРАБ КЕЧI**

Чодулабги буго дулъ,
Чахъдалабги буго духъ,
Чудкилабги буго дулъ,
ЧчугIилабги буго дулъ,
Чанилабги буго дулъ,
Чиясулаб киб бугеб? –
Дие чи хIажат вуго,
ХIара гьечIеб лъел гуро.

ГьетIун лъун буго тIагъур, –
БетIер бихьулеб гьечIо.
РетIараб чухъа буго, –
Черх кинго батуларо.
Буго кIалги цабиги, –
Цо рагIи букIунаро.
Огь, бихьинчи, бихьинчи,..
Вихьизе гурев гьечIев!

Мун сапаралъ анани,
Соназ балагьун чIела.
Унтани сахлъизегIан,
Сардал рорчIун йикIина.

ЙикӀинищ, вукӀинчӀев чи
ЛъугьинегӀан хал гьабун? –
Огь, бихьинчи, бихьинчи,..
Вихьизе гурев гьечӀев!

Мун ворхатавги вуго,
Амма хурив гӀер вуго.
Дур гӀебаб лага буго,
Амма рокъоб къед буго.

Дур гучаб гьаракь буго,
Амма гьеб гьури буго.
Огь, бихьинчи, бихьинчи,
Вихьизе гурев гьечӀев!

Дуда бералги руго,
Амма чиясул гуро.
Дуда квералги руго,
Амма чиясул гуро.

Дуда керенги буго,
Амма чиясул гуро...
Дие чи хӀажат вуго,
ХӀара гьечӀеб лъел гуро.

*1970*

* * *

ЛъабцӀул куркьбалги хьвагӀун,
Керен бухулел хӀанчӀи, –
ЛъабцӀул чода цӀал кьабун,
Кьолода рекӀарал нилъ.

ХӀанчӀазулги нилъерги
Къисмат релълъараб гьанже:
Цо ракьалда гьарула,
Микьго бакӀалда хола.

Гьаб рижараб ракьалда,
Гьал роржунел зобазда,
Гьал хехал чвахиязул
Полпилал карачелалъ
КечӀ къотӀула ахӀулеб
ХӀанчӀазулги нилъерги, –
Цо ракьалда рижула,

Микьго бакIалда хола.
*1970*

* * *

Дцр гIумру гьал гIадамаз
БатIи-батIияIб чанго,
БутIа-бутIаби гьарун,
Мехалде бикьун буго.

Дица гIужги бакьулъ чIван,
Бикьула гьеб кIиййиде:
Йокьулей лъазегIан – цо,
Лъан хадуса – цогияб.

Дир кучIдул критиказ,
Тайпа-тайпаби гьарун,
Темабазул бакъназул
Къадаца рикьун руго.

Дица мухъги гьоркьоб цIан,
Гьел кIиййиде рикьула:
Йокьулей, дуде цоял,
Цогиязде хутIарал.
*1970*

## КЪУНКЪРАБИ

* * *

Гьанже зодил къункъраби
Руго дир гьудулзаби;
Гьелгун дун сапаразда
Санайил данде чIвала.

Гьезул кIиго кечI буго,
Улбузул кинигинан,
Унебгин бачIунелъул,
БечIалеб, тIегьалелъул.

Саламилан ахIула
Ихдалил чапараца,
Уна читIир, къо-лъикIан,
ГъутIби тIогьиллъаралго.

Гьедин дир кIиго кечIги
Киналго сапаразда:
Къо байбихьана – «салам»
Сордо бачIана – «къо-лъикI».

Гьанже зодил къункъраби
Руго дир гьудулзаби.
Къункърабазул кечI дица
Дирго гIадин ахIула.

* * *

Унге нуж, къункъраби, Дагъистан къотIунги
Къварилъулеб бугин гьаб нижер тIалъи.
Нужер къукъаялда хадур ралагьун,
Хурдулги чагIиги руго хиялалъ.

ГIурччинлъи тIагIана, тIогьиллъи щвана,
ТIаде балеб буго ахирияб цIад.
ТIогьиллъана, ана дир гIолохъанлъи,
ГIазу тIоцебесеб бана магIарде.

Дагьаб цебе гурищ нужеца кьураб
КьагIи расандулеб гIидра нижее?
Гьанже кьураб щинаб кодоса босун,
Кире унел ругел? – Унге, къункъраби!

* * *

Роржун унел къункъраби,
Дунги нухлулав вуго;
Борхалъуда гьечIо дун,
Гьанив аххада вуго.

Дида нужер къасд лъала,
Дир къисматалъул куркьби,
Нужер кьералълъ бакI буго
Дир рекIел хиялазе.

Хиялал унел руго
Аххалъуда дунти тун,
Нахъехун дир сонал тун,
Саринал цадахъ росун.

Дир гIицIго кверал руго,

Дозда кваркьаби руго.
Дир кучIдузда хиялаз
Хадур гъеян абула.

Батарабги щварабги
Щибниги гIолеб гьечIо.
ГIаламалъе цIи-цIиял
Бакънал къваригIун руго.

Роржун унел къункъраби,
Дунги нухлулав вуго;
Борхалъуда гьечIо дун,
Гьанив аххада вуго.
*1970*

* * *

Мунги дунгун данде чIвана, –
Дунялалъул сагIтал, чIа;
Сордо, унге, гьарула,
Пандрил чIчIваби, кьижа нуж.

Нуж, кучIдул, кучIдул гуро,
КечI бокьани, гIенекке,
Дир йокьулелъул кьунсрул
Кьур-кьудулел ругел куц.

Кьунсрузда гъоркь бераца
Бакъан бачунеб буго,
Бакъги щун цIад балелъул,
ХIораз бачунеб гIадаб.

Гъуждул, гъуждузда кверал,
Гъар-гъар кIиго черхалда, –
Гъуждулищ гьал соролел?
Квералищ гьал соролел?

Мун дунгун данде чIвана, –
Дунялалъул сагIтал, чIа!..
Гьаб цо сагIат гIумрудул
Багьаяб бугин дие.
1970

**ТУРЦИЯЛДА РУГЕЛ**

## ДАГЪИСТАНИЯЗЕ ЦIАЛАРАЛ КУЧIДУЛ

Нух къосарал ччугIихъаби,
Чу биларал рекIарал,
ВатIан тун рикIкIад ругел,
Кинаб нужер чIаголъи?

Нуж гьечIого Дагъистан
ТIубан буго, квеш гьечIо. –
Дагъистан гьечIого нуж
ТIуралел ругищ гьанир?

МагIарул мацIги буго
ЦIунун нужеца гьаниб,
МагIарул цIарги буго
Васазе кьолеб гьаниб.

Амма гьелъул тIагIам щиб? –
ТIадмагIарул кьураби
Рихьуларо нужеда,
РикIкIад руго гьаниса.

МагIарул гъотIодаса
ТIураб некIсияб гIаркьел,
Мун лъалъалеб лъим кинаб?
Койсу гьаниб щоларо.

ГъотIода тIад ахIдолел
ХIанчIазул гьаркьал кинал?
Гьез ватIанин абигун,
Асар кинаб букIунеб?

* * *

Роржун рачIунел хIанчIи,
Бице киса нужали.
ХIанчIи чIичIилел руго
Дагъистанилан абун.

Роржун рачIунел хIанчIи,
Бице Дагъистаналъул,
Доба бакъ кин баккулеб,
Доба къо кин лъугIулеб?

Роржун рачIунел хIанчIи

АхIдолел руго зодихъ:
МугIруздасан щолеб бакъ
Щобал рахун унила.

Роржун рачIунел хIанчIи,
Бище Дагъистаналъул,
Дора тIугьдул раккулищ,
Дора иццал беролищ?

Роржун рачIунел хIанчIаз
Жаваб гьабулеб буго:
Жидер берал киниги,
Беролел ругин иццал.

Цоцазда бутIрул цурал
ТIугьдузулъ бугин гIидра,
ТIун лъаралъе рехарал,
Лъедон унел танин гьел.

Роржун рачIунел хIанчIи,
Бице Дагъистаналъул,
Дора васал кин ругел,
Дора ясал кин ругел?

Роржун рачIунел хIанчIи
ЧIичIилел руго зодихъ:
Васал цIумал ругила,
Ясал маккал ругила.

Роржун рачIунел хIанчIи,
Кире унел?.. Лъалхъе нуж!
ХIанчIи ахIдолел руго
Дагъистанилан абун.

Добе их бачIун бугин
Киданиги бачIинчIеб;
Додинаб тIалъи гьечIин
ТIокIаб магIарулазе.

*1970*

## БАКIИДЕ РАХЪИН

* * *

– Ворея, кинаб гьаракь
Дуе бокьулеб?

– Кинидахъ эбелалъул.
– Ворея, кинаб гьаракь
Дуе бокьулеб?
– Дир йокьулелъул кочIол.
– Ворея, кинаб гьаракь
Дуе бокьулеб?
– Вас гьавуравго гьесул. –
Гьезулъ лъаразул гьаракь,
Гьезулъ хIанчIазул гьаракь,
Гьезулъ хвалчадул чвархъи,
Чуязул пунхъи буго;
Гьезие – пандрил гьаркьал,
Гьезие – макьил шур-шур,
Гьезие – щобазул сас,
Гьезие – рохьазул хъуй.

*1970*

* * *

– Ворея, кинал кьерал
Дуе рокьулел?
– Эбелалъул беразул.
– Цоги?
– Лъималазул беразул.
– Цоги?
– Йокьулелъул беразул.
– Цоги?
– Цоги гьелго...
Гьезулъ зодил кьер буго,
Гьезулъ ралъдал кьер буго,
Гьезулъ гьаб тIалъиялъул
ТIолалго кьерал руго.

*1970*

* * *

– Воре, гIемерал кьерал?
– ЧIараб нуралъул руго.
– Жеги гIемерал кьерал?
– Гьаб гIищкъуялъул руго.

– Ворея, багIараб щиб?
– МагIарда бакараб нIа.
– Жегиги багIараб щиб?
– ГьитIинго ккараб гIищкъу.

– Ворея, гIурччинаб щиб?
– ГIидра буго маялда.
– Жегиги гIурччинаб щиб?
– Гьаб гIищкъуялъул рохел.

– Ворея, тIогьилаб щиб?
– ТIамах буго хаслихъе.
– Жегиги тIогьилаб щиб?
– Нилъер гIищкъул пашманлъи.

– Ворея, хъахIаб кинаб?
– Хъван балеб гIазу буго.
– Гьелдасаги хъахIаб щиб?
– ХъахIлъи реххараб гIищкъу.

– Ворея, чIегIераб щиб?
– ГIищкъуялъул къец-дагIба.
– Жегиги чIегIераб щиб?
– ГIищкъу, нилъ тун, араб мех.

– Ворея, гIемераб кьер?
– Чвахулеб гIурул буго.
– Гьелдасаги гIемераб?
– Нилъер гIумрудул буго.

1970

* * *

– Ворея, цо?..
– ЦохIо эбел,цохIо цIар,
ЦохIо гIумру, цохIо хвел.

– Ворея, кIиго?
– КIиго гьобол: сордо-къо,
КIиго хъаравул сагIтил.

– Воре, лъабго?
– Лъабго ригь гIумруялъул,
Лъабго гIамал черхалъул.

– Воре, ункъо?
– Ункъабго мех лъагIалил,
Ункъабго мухъ кечIалъул.

– Воре, щуго?
– Щуго килищ квералъул,

Щуябго как мехалъул.

*1970*

* * *

– Ворея, гьитIинаб?
– Гьаб нилъер гIумру.
– Ворея, кIудияб?
– КIиазарго сон.

– Щайзеха, гьадинги
ГьитIинаб гIумру,
ГIадада къо биччан,
Къокълъизабулеб?

– Ворея, гьитIинаб?
– Гьаб нилъер мина.
– Ворея, кIудияб?
– КIудияб дунял.

– Щайзеха, гьадинги
ГьитIинаб мина,
Цоцазулъ къацандун,
Къварид гьабулеб?

– Ворея, гьитIинаб?
– Гьав дунги мунги.
– Ворея, кIудияб?
– КIудияб гIалам.

– Щайзеха, гьадинги
ГьитIинал чагIи
ГьитIинал ишазде
Руссун рукIунел?

– Ворея, гьитIинаб?
– Нилъер рагIи-кечI.
– Ворея, кIудияб?
– Даимаб бакъан.

– Щайзеха, гьадинги
ГьитIинаб гьаракь,
ЦохIо рокьиялъе
КьечIого чIвалеб?

* * *

Ворея, ворея,
ГьитӀинаб гьечӀо
Гьаб нилъер гӀумруги
Нилъер минаги,
Нилъецаго гьитӀин
ГьабичӀонани,
Нилъеего къварид
КъабуллъичӀони.

Ворея, ворея,
ГьитӀинал гьечӀо,
Гьудул, мунги, дунги,
Нилъер кучӀдулги,
Нилъго гӀумруялда
ГӀиссинлъичӀони,
ГӀищкъуялъул бакъан
Къине течӀони.

Ворея, ворея,
ГьитӀинаб буго
Пайда гьечӀеб гӀумру,
ЧӀовогояв чи;
ЧӀамучӀал шигӀраби,
ГӀададмсеб къец...
Къимат бугебщинаб
Буго кӀудияб.

*1970*

* * *

– Бице, берцинаб щиб?
– Бицараб рагӀи.
– Берцинаб гьечӀеб щиб?
– БатичӀеб рагӀи.

– Бице, берцинаб щиб?
– Цебе лъураб хӀетӀ.
– Берцинаб гуреб щиб?
– Нахъе босараб.

– Бице, берцинаб щиб?
– Рагьараб торду,
Гордухъан яккарай

Ясалъул хIасрат.

– Берцинаб гуреб щиб?
Горда речIчIулеб
ГурхIел гьечIеб гьецIо –
МацIилаб бугьтан.

– Бице, берцинаб щиб?
– Берцинаб буго
Эбелалда кодоб
Гьимулеб лъимер.

– Берцинаб гуреб щиб?
– Щибаб нухалъ рагъ,
Умумулги чIвалеб,
Лъималги чIвалеб.

– Бице, берцинаб щиб?
– Берцинаб буго
Чиясда лъолеб цIар
ЦIвабзахъ балагьун.

– Берцинаб гуреб щиб?
– Кьураб цIаралъул
Гвангъараб бацIцIалъи
ЦIуничIого тей.

– Бице, берцинаб щиб?
– Гьаб нилъер гIумру.
– Берцинаб гьечIеб щиб?
– Гьаб нилъер гIумру.

– Бице, берцинаб щиб?
– Гьаб нилъер дунял;
– Берцинаб гуреб щиб?
– Гьаб нилъер дунял.

* * *

– Бищунго кIудияб щиб?
– Ралъад.
– Бищунго берцинаб щиб?
– Ралъад.
– Бищунго кьерал лъил гIемерал?
– Ралъдал.

– Бищунго бакънал лъил гІемерал?
– Ралъдал.
– ГІакъилаеул рахъалъ щиб абулеб?
– Ралъадин?
– Квер шапакъатасул рахъалъ щиб абулеб?
– Ралъадин,
– ЦІураб хуралда щиб абулеб
– Ралъадин.
– БацІцІадаб зобалда щиб абулеб?
– Ралъадин.
– Эбелалда щиб абулеб?
– Ралъадин.
– Улкаялда шиб абулеб?
– Ралъадин.
– Бищун гъваридаб щиб?
– Ралъад.
– Бищун кутажаб щиб?
– Ралъад.

## ДАГЪИСТАН

* * *

– Ворея, цо?
– Цо буго дир Дагъистан.
– Ворея, кІиго?
– КІито кваркьи дир хІанчІил.
– Ворея, лъабго?
– Дир лъабго кечІ – Дагъистан.
– Ворея, ункъо?
– Ункъбахилаб гьелъул чу.
– Ворея, щуго?
– ЩугІаркьелаб гьелъул цІва –
Дагъистан.

* * *

– Киб бугеб мун, Дагъистан?
– Буго кьурун михъалгун,
Кьурул сида гІодоб чІун.

– Киб бугеб мун, Дагъистан?
– Буго къараб гул гІадин,
ГІатІидаб авлахъалда.

– Щиб кколеб мун, Дагъистан?
– Дун – носоца чIвараб гьан,
Дун – гьанада чIвараб нус.

– Щиб кколеб мун, Дагъистан? –
Дун – лъарал рагIалда чан,
Дун – чаналъ гьекъолеб лъар.

– Кибе унеб, Дагъистан?
– Сапар рикIкIаде буго,
КIудияб балагьизе.

– Кибе унеб, Дагъистан?
– ГIатIидаб балагьизе,
Берцинаб балагьизе,
Лебалаб балагьизе.

*1970*

* * *

– Воре, бетIер?..
– Дур пикрабалъ буго гьаб.
– Воре, гIундул?..
– Духъ гIенеккун руго гьал.
– Воре, берал?..
– Духъ балагьун руго гьал.
– Воре, кIал-мацI?..
– Дур цIар буго шурулеб.
– Воре, кверал?..
– Мун кквелилан руго гьал
– Воре, керен, воре, ракI,
Воре, лага, воре, черх?
– Мун щвелилан руго гьал.
– Воре, гIумру?..
– Мун гьечIони гьечIо гьаб.
– Воре, дунял?..
– Мун ниго дир дуниял.

*1970*

* * *

– Ворея, цо?..
– ЦохIо мун.
– Воре, гIемерал?..
– Цогиял, батIиял, хутIарал.

– Ворея, цо?
– Цо дур гIумру.
– Воре, гIемераб?..
– Сонал, сагIтал, гIасраби.
– Ворея, цо?..
– Цо дур цIар.
– Воре, гIемераб?..
– РагIи, калам, кечI, хабар.
– Ворея, цо?..
– Дур рокьи.
– Воре, гIемераб?..
– Макьу, хIисаб, къасд, пикру.
– Ворея, цо?..
– Цо дур хIакъикъат.
– Воре, гIемераб?..
– ДагIба, гьари, гьедари.
– Ворея, цо?..
– Цо дур кIодолъи.
– Воре, гIемераб?
– Дуда сверухъ гьереси.

*1970*

* * *

– Ворея, сонисеб?..
– Дир гIолохъанлъи.
– Ворея, жакъасеб?..
– Дур гIолохъанлъи.
Ва лахIзатаб гIолохъанлъи,
Ва даимаб гIолохъанлъи.

– Ворея, сонисеб?..
– Дир къвалакь йокьулей яс.
– Ворея, жакъасеб?..
– Дур къвалакь йокьулей яс.
Ва лахIзаталъ балеб къвал,
Ва даимго балеб къвал.

– Ворея, сонисеб?..
– Дица рекIараб чу.
– Ворея, жакъасеб?..
– Дуца рекIараб чу.
Ва лахIзаталъ рекIараб чу.
Ва даим рекIараб чу.

– Ворея, сонисеб?..
– Дир рохел.
– Воре, жакъасеб?..
– Дур рохел.
Ва лахIзаталъул рохел,
Ва даимаб рохел.

– Ворея, сонисеб?..
– Дир ургъел.
– Ворея, жакъасеб?..
– Дур ургъел.
Ва лахIзаталъул ургъел,
Ва даимаб ургъел.

– Ворея, сониееб?..
– Дир рагIи.
– Ворея, жакъасеб?..
– Дур рагIи.
Ва лахIзаталъул рагIи,
Ва даимаб рагIи.

– Ворея, сонисеб?..
– Дир цIар.
– Ворея, жакъасеб?..
– Дур цIар.
Ва лахIзатзлъул цIар,
Ва даимаб цIар.

– Ворея, сонисеб?..
Дур къо.
– Ворея, жакъасеб?..
– Дир къо.
Цо лахIзаталъул гIумру,
Цо даимаб гIумру.

*1970*

## ДАЛАЛАЙ

Воре, тIамур босе, тIаме цо бакъан,
Цогияб кинабго кIочон толедухъ.
Цогияб дидаги гIемер бихьана,
ГIумру гьаб батана: далай-дала-лай.

Бицунге букIараб къварилъиялъул,
Къварилъи дидаги лъала ракьалда.

Дицаги тIелхазулъ бахчана магIу,
Гьеб буго, дир гьудул, далай-дала-лай.

ЧIухIуге бачIараб рохелалдаса,
Рохел дунялалда дидаги лъана;
Амма къоял щвана батIи-батIиял,
БитIараб батана: далай-дала-лай.

Бицунге берцинал ясазул дуца,
Гьел рукIана дирги Дагъистаналда.
Дирги рокьи ккана, дирги кьал ккана,
Кинабго батана: далай-далалай

Бицунге, дир гьудул, дуниялалъул,
Дица гьеб сверана, дида бихьана;
Дуца, тIамур босун, тIаме цо бакъан,
Буго гьаб дуниял: далай-дала-лай.

*1967*

* * *

Дун гьаб дунялалда тирулев вуго,
Тамашалъи, хIикмат гIуцIун бугеб куц;

Шагьарал, суратал, сурахIи, гама, –
Щибжо гьаниб гьечIеб, кин гьаб гьабулеб?
Дие жаваб кьуна цIикIкIарал чагIаз
Чияс гьабулареб щибниги гьечIин.

Дун гьаб дунялалда тирулев вуго,
Тамашалъи, хIикмат – кинаб чIаголъи:
ЧIунтарал шагьарал, рухIарал тIахьал,
– Бугебщинаб квешлъи, кин гьеб гьабураб?

Дие жаваб кьуна цIикIкIарал чагIаз,
Чияс гьабулареб щибниги гьечIин.

*1970*

**БАЛАМУТАСУЛ КЕЧI**

Лъабго гьалмагъ вуго дир
Соназ цадахъ цIаларав;
Лъабавго вуго цIогьор,
ЦIарал бокьарал рукIа.

Дун аскIове ккаравго,
Лъабавго гьимгьидула,
Гьале баламутилан
Босзе щвараб лъаларев.

Лъабго мадугьал вуго
Даим гьекъолдулел дир.
Гьезул ригьарал къоял
КъанагIат рукIунаро.

Гьез дихъе бегьараб лълъар,
Дица нахъе цурабго,
Гьав баламут тейилан,
Тункула гьез бокалал.

Цо ишалда вуго дун
Лъабгоялгун хIалтIулев,
Лъабалго руго гьерсил
Диссертация хъвалел.

Ришватазул докторaз
Диде килщал ритIула:
«Гьавго кинав баламут,
Кандидатцин вахъинчIев?

ЦохIо лъади йиго дир,
ДагIба букIуна гьелъул:
Дур харжалъищ хьихьилеб,
Хал гьабе, гьаб хъизанин, –

«Я бикъизе лъаларев,
Я гьекъезе куцачIев,
Я канднат вахъинчIев,
Мунго кинав баламут?

Гьагъав кивто цIаличIо, –
ЦIорол минабахъ вуго.
Гьадав кивго хIалтIичIо, –
КIалтIа чIун «Волга» буго.

Гъол кIияхъго хал гьабе,
Докторал рахъун руго.
Дуда щиб жо абилеб,
Унго кинав баламут?»

Гьединая лъабго балагь
Лъадигун рекъон буго:
Цояб гьекъел, нояб цIогь,
Цояб диссертация.

Гьезул лъабазго дида
Баламутин абула.
Балагьилин метерин,
Гьезда дунги вукIуна.

*1970*

## БАЦIАЛ

### I

Цояс абун рагIула:
Кир аниги лъалкI лъазе,
БацIазул хIатIазда гъоркь
ТIикъва-магIал чIвайплан.

Гьедин гьабун хадуса,
Гьаб ракьалда чанги бакI
БацIазул илхъиялъул
Авлахъалда релълъина.

Цогияс абун буго:
РачIунаго рагIизе,
БацIазул габуралда
ГванIгъарал цIурмал райин.

Гьедин гьабун хадуса,
ЦIури-цуIуриян абун,
БацIазул музыкадул
Кибго зваргъи букIина.

Лъабабилес абунин,
Аби буго магIарухъ:
БацIил бадиб, черхалда
Чиракъал ракейилан.

Гьедин гьабун хадуса,
Хасалил бецIаб сардилъ
СандукIазухъ бахчараб
Бечелъи гвангъ-гвангъила.

БацIазе кколеб гIадлу

ГӀиял вехьасда лъала,
ГӀиялъе бацӀ кӀанцӀигун,
Щиб гьабулеян гьикъе.

**II**

БацӀал гӀемерлъун руго
ГӀазизаб улкаялда, –
ГӀияе хӀинкъи гьечӀеб
ГьечӀо къо ватӀаналда.

Ци чӀваднибе бачӀуна,
ЧӀван цо чахъугун уна,
Гьаб жиндие гӀолила,
ГӀемераб хӀажат гьечӀин.

БацӀацайищ абуни,
ТӀох борлъун жанир кӀанцӀун,
Киналго гӀиял чӀвала,
ГӀорцӀун рукӀананиги.

Дица гьезул цоялда
Цо нухалда гьикъана:
Выходной къого гьечӀеб
Дур бикъарди кинабин.

Гьелъ дие жаваб кьуна,
Жирулаго гажалгун:
Жакъа бикъардичӀеб бацӀ
Метер бакъизе бугин.

Дица гьелда гьикъана:
Рекъараб кун чӀечӀого,
Кидаго гӀорцӀулареб
Дур цӀогьоди кинабин.

Гьелъ дие жаваб кьуна,
Кьуркьулаго лагагун:
Жиндаса тӀокӀлъанщинаб
ТӀад ругел бацӀаз унин.

Дица гьелда гьикъана:
ХӀинкъуларищ, бацӀин, мун,
Бачун диваналде цӀан,
ЦӀоко ччукӀанани дур?

Гьеб дида белъанхъана,
Гьеб бахъун рурудана:
Гьанже диванчагIиги
Дунго гIадал бацIалин.

Дица гьелда гьикъана: –
Гьединан цоцалъ рекъон,
ЧIечIого бикъардани,
Бакъиларищ Дагъистан?

Гьелъ дие жаваб кьуна:
Жибгоги хIикмалъулин,
Бикъун тIагIунеб тIагIам
БатичIич нилъер тIалъи...

Гьеб хабар ккаралдаса,
ГIемераб заман ннчIо.
ГIадлуялде цIана дун,
БацIида бугьтан лъунин.

Дагьабги заман ингун,
РагIана бацIил гIарза,
Жиб гIайибго гьечIого
Туснахъалда лъун бугин.

БацIал гIемерлъун руго
ГIазизаб улкаялда, –
ГIияе хIинкъи гьечIеб
Къо гьечIо ВатIаналда.

**III**

БацIазул куц бихьулищ? –
Кквейила жал, кIвайила...
Жидер лъалкIал цIехолел
ЦIадулъе ккезе ругин.

БацIал ругел квешал жал,
Ккун чIун рукIунарел жал:
Балагье гъозул гIундухъ,
ГIумруялъ гъуцIун чIарал;

Балагье гъозул квачIахъ,
Кирго речIчIизе къачIан;
Балагье гьакIкIараб кIал,

Гьенир ханжарал гажал;

Гьабги дие, добги дий,
Доб цоябги жиндиян,
«ГIарац потом кьелилан»,
Кьурун рачIгун, тIерхьуна.

Огь, гьел цаби релълъуна,
Цониги къоги бачIун.
Къисас босзе рес щварав
Бидуласул цциналда.

БацIал ругел квешал жал,..
Кквезе щвараб мехалъги,
Берал ххенола гьезул,
Хал гьабилин, бихьилин.

Нуж гарцIалгин рагъейин,
БацIал жалго тейилан, –
Нужеца гарацI балел
Гарбал гьечIин жидеран.

Дида лъала гьел бацIал,
Дида лъала гьезул мацI,
Лъазе гьабун буго гьез
Нилъер намусалда рагъ.

Гьезулгин рекъел ккани,
Рекълъула нилъер ияхI. –
Бакъалда рай рихьизе
Рахъун бацIазул цIакал.

Гьезул хъулухъ цIехоге,
ЦIогьор гьев цIогьор вуго.
Хъулухъал кIудиясе
КIудияб гьабе гудур.

1970

* * *

Цо таманча кье, чIу, кьвагьизе дихъе,
Дове кьурде вахун жъахIил зодихъе, –
Гьаб дуниялалда дунги вугилан,
Дагъистанги бугин, лъазе гьабизе.

Гьеб кьвагьи магIарул дандерижияз,
Цояз цояхъе кьун, гъугъазабизе;
Гьаб дир тIалъиялъул тIалаб гьечIого,
Паракъат кьижарал рорчIизаризе.

Кьурабазул ияхI гьород биччарал
Гьалгъан, гьакIкIан кIалгун, чIезе гьаризе
Жалго гIодор чIараб бакIиде ракI гъун,
Зодор парпадулел гьанир рачине.

БоцIуца гIорцIарал, цIогьадъ цулъарал
БацIазда, ггрцIазда цо гарацI базе;
Гьал мацIихъабазул, хIел-хIелчагIазул
ХIалихьатаб чIанда къине гьабизе.

Гьал пударухъаби, гьал гьерсихъаби –
Гьаркьагъунел гъудул гъугълъизаризе.
Щибжо гьекъонали дида лъаларо,
Гьал даим мехтарал ригьинаризе.

Ришват баччулелги, гьеб босулелги,
АскIор женжедулел гьоркьохъабиги,
ГIарза цIаличIого, кодобе бссун,
МахI сунтIулел ругел диванчагIиги;

Лъай-хъваялда божун, инсул кумекалъ
Институт лъугIулел гIолохъабиги,
Гьал чияца хъварал диссертацияз
Докторал гьарурал «гIалимзабиги»;

Гьал, трибуназда кIалги цвизабун,
КIиго-лъабго рагIи жидерго гьечIел,
Докладал гьарулел ораторалги;
Гьаб Дагъистаналъе рогьо гьабулел,
Гьелъул ракI унтулел бюрократалги,..
Гьаб кьвагьиги рагIун, гIенеккизе те!

Гьезда Дагъистаналъ абулеб буго:
Эхеде рбржунел цIумахъ ралагье,
ГIенекке, хIанчIаз кечI ахIулеб буго
Умумузул занахъ – кIочон тоге гьел;

Балагье, халкъ буго хурзал рекьулеб,
Хирияб дир тIалъи кIодо гьабулеб!..
Нус-нус гIасрабазул гIадат-тарихалъ

ТамихӀалде руго квешлъаби цӀалел...

Бихье, таманча кье, кьвагьизе дихъе,
Кьурабахъе вахун, хъахӀил зодихъе!
Таманча гӀечӀони, гӀарада босе,
ГӀергӀезе гьабизе гьал мугӀрузда тӀад!

*1970*

* * *

«Щиб дий къваригӀараб?» – къойил бачӀуна
Кьезе жаваб гьечӀеб гьаб суал дихъе.
Огь, дида лъаларо дий къваригӀараб!
Дихъан къваригӀараб, – гьебги лъаларо!

Дун кантӀулев гьечӀо, бичӀчӀизе гьабе;
Кинабго, кинабго добго жо буго.
Дица гьабулебги, дий гьабулебги,
Дица ахӀулебги, дий ахӀулебги.

Дун вуго гьадинго замана чӀвалев,
Заманаялъ дунго чӀвалев лъачӀого.
Дида цо бакӀалда чӀезе кӀоларо, –
БакӀ гӀемераб буго, ракӀ цохӀо буго.

ЦохӀо улка дие кӀодолъун буго,
Гьеб каранде цвизе цо буго, – гӀола.
Цогиял киналго гьитӀинлъун руго,
ГьитӀинаб дир росдал тӀохал киниги.

ЦохӀо гӀадан дие гӀемерлъун йиго;
ГӀемерал цогиял, гьел дагьлъун руго.
Дурги буго гьедин гьаб ракьалда тӀад,
Яги гӀоларого, яги гӀемерлъун.

Дун дегустация гьабулев вуго,
Гьекъезе татуяб батулеб гьечӀо.

Дун цеве вукӀана ахӀул ишара,
БотӀрода тӀад лъураб тӀилида релълъун.
Гьанже суалалъул ишара гӀадин,
Щибилан, кивеян гьикъулев вуго.

Цо балагьулеб жо бугеблъи лъала,
Щибжо бугеяли дида лъаларо.

Дие бокьун буго цоги батIияб: –
Цо букIинчIеб, гьечIеб, лъачIеб, гIадатаб
Ялъуни, гьитIинго цебе букIараб,
Цинги кIочон тараб, цинги билараб.

Дилъги бокьун буго жеги рагьичIеб,
Рогьалил байбихьи бихьичIеб хIикмат.
Гьаб такрарлъиялда гьалдолеб цIа лъун,
ЦIилъи, цIилъи, цIилъи къваригIун буго.

КъватIиса босичIеб, лъилго бикъичIеб,
Нахъа рокъоб букIун, гьанже батараб...
Гьеб цIилъи гьечIони, гьечIо цебетIей,
ТIегь баккулеб буго, – бечIазе тоге!

*1970*

* * *

Дуниял гьулак буго,
Гьенир регун руго нилъ.
Цоял гьарделел руго,
Цоял гIодулел руго.
Цоял угьдулел руго,
Эбел, ячIа, чед кьеян;
Цоял кьурдилел руго,
ЯсикIоги кодоб ккун.
Цоял хъудулел руго,
Хъазазул рехъен гIадин;
Цоял рагъулел руго,
Рагъида хIелкал гIадин.

Дуниял гьулак буго,
Гьаб хьвагIола гIумруялъ.
ГIадамал лъимал руго,
Гьулакалда регарал.
Цоязе квачан буго,
Цоязе бухIун буго,
Кидаго рахIат гьечIо
Гьаз цоцазе биччалеб.
Киналго гьардолелги,
Киналго гьимулелги
Гьулакалда кьижула
РорчIулареб макьида.

*1970*

**ЛЪИМАЛ**

РагIана, гIумру бугин
ЦIакъго къокъаб жойила:
ЦохIо къапарал берал,
ЦохIо къочарал кIутIби;
ЦохIо кIутIараб тIамур,
ТIун чIвабигун хутIараб.
ЦохIо абураб рагIи,
ГIемеразда рагIичIеб.

Дирги гьединаб буго,
Гьоркьоб батIалъи кинаб:
ЦохIо борхараб ханжар,
Хадуб лъалиниб лъолеб;
ЦохIо угьараб хIухьел,
Хьухьаца босун унеб;
Цо нухалъ рекIараб чу,
РикIкIаде вачунареб.

Амма бичIчIана дида
Гьеб гьереси бугеблъи,
Васал гьарураб мехалъ,
Ясал гьарураб мехалъ.
Гьал беразул, кIутIбузул
Аза-азар сон буго;
Цоцада къочулезул
Дагьабги гIемер буго.
Гьаб абулеб рагIиги,
Гьаб ахIулеб сарингги,
Гьаб борхараб ханжарги
ХутIула, тIагIунаро.

Дица хъвалеб тIармилги,
ТIамулеб галудалги,
Гирун унеб гьакилги
ГIемерал векал руго.

Гьеб лъана дида, гьудул,
Их бачIараб мехалда,
Хаслихъе гъурал тIамхал
ГъутIбузда рихьарабго.

Гьеб лъана, гьудул, дида,

Радал тIагIарал цIваби,
ТIаде сордоги бачIун,
ЦIидасан кенчIаралго.

Бокьани, гьикъе дуца
Къункърабазул тIелалда...
Къокъаб гьечIо гьаб гIумру, –
Гьимулел руго лъимал.

*1970*

* * *

Кинабго хутIула, холаро нщбго, –
Я лъикIлъи, я квешлъи, я кечI, я хабар.
Киназго гьарула жидейго тIанчIи, –
ЖахIтаялъ, хIасраталъ, цциналъ, рокьуца.

Щибгб тIагIунаро, тIаса унаро,
Араб нахъ буосуна: – Салам гIалайкум...
НекIсиял асарал цоцада лъала,
Лъималалъ умумул тIаде рахъуна.

Азарго сон буго дир хIасраталъул,
Гьаб дир хIинкъиялъул, къварилъиялъул,
Дица йокьулелда балеб къвалалъул,
Къаси дица гьелда абураб рагIул.

НекIого киниги рокьиги ццинги
Макьу гьечIеб рагъда рукIине руго. –
Нахъа тIинчI течIого, гьереси инчIо,
Нахъа тIинчI гьечIого, лебаллъи инчIо.

*1970*

* * *

Гьаб дир черхалдаса чвахун араб би
ГIагараб ракьалде тIинкIараб мехалъ,
Дир тIалъиялъ дида абулеб буго:
Гьеб жинда лъанила, цебегосеб би...

Гьал дир бераздасан чвахараб магIу
МагIарул иццухъе жубараб мехалъ,
Дида мугIрул иццалъ абулеб буго:
Гьеб жинда лъанила, некIсияб магIу.

Гьаб дица гьабураб гьаракьги кечIги
Гьадал кьурабахъе кьураб мехалда,
Руччабаз абуна, гьеб гьаракь лъанин,
Гьединан ахIанин инсуцагийин.
*1970*

**ГIАБДАЛЗАБАЗДЕ**

РагIун букIана дида,
Нусго гIабдаласдаса
ЦохIо гIакъил бергьунин, –
Гьанже мекъи ватана.

АнцI-анцI гIакъил вихьана,
ГIабдаласда бер чIвайгун,
Гьезие авлахъти тун,
Нохъазда рахчун чIарал.

РагIун букIана дида,
Цо цIодораб каламалъ
КинабгIаги ахIмакъаб
Хабар къине гьабулин.

Гьанже гIенеккун вуго,
ГIабдалзабазул гьаркьаз
Гьоркьоб къинабун буго
Къиматаб кечI, музика.

Дида рагIун букIана,
АхIмакъ пакъир вугилан.
Гьесда гурхIизе кколин,
Кинго кин букIаниги.

Гьезда кинан гурхIулел? –
Гарбалги цIвакизарун,
ЦIодоралги нахъе цун,
Цере рукIун ругин гьел.
*1970*

**НЕКIСИЯЛ ГЬУДУЛЗАБИ**

НекIсиял гьудулзаби
Гьанже данделъаралго,
Дида рихьулел руго.

Цо-цоял камун руго.

Гьел цо-цоял, абула,
Цогиялгун ругила;
Цересеца гьел танин,
Гьез цереселги танин.

– НекIсиял гьудулзаби,
Щиб жо нужее ккараб?
– Цоял хъулухъалъ ана,
Цоял хъизаналъ ана.

Хъазан хисараб мехалъ,
Хисаралги ратана.
Хабар, мацIал, гьерсазе
Асирлъаралги ккана.

НекIсиял гьудулзаби,
Шинелал рахъаралго,
Щиб, ретIараб ратIлица
РатIайищ нуж гьарурал?

Хвалда аскIоб нужеца
Цоцахъе кьурал кверал, –
Квачарал окопахъищ
Гьезул хинлъи хутIараб?

НекIсиял гьудулзаби,
Хъулухъал – хисулел жал.
Хисулебищ гьезухъ доб
ГIолохъанаб гьудуллъи?

Нужерго лъудбуздаги,
Гьезул кIалъай ккарабго,
Дол цересел шинелал
Щибизе рихьуларел?

НекIсиял гьудулзаби
Гьанже данделъаралго,
Гьезда гьоркьор камураз
Дир керен бухIулеб куц.

Ккола гьел рагъда рукIун,
ТIокIал нахъ руссинчIелин, –
ТIагIанила, хванила,

Бортанин кверзул килищ.

*1970*

**ИХ, БАЧIА!**

ХIанчIаз абулеб буго:
Их бачIинегIан чIайин,
Гьеб мехалда бачIинин,
Дуе кечI ахIизе дун.
БачIа, дир их, бачIа мун!

ГъветIалъ абулеб буго:
Их бачIинегIан чIайин,
Гьеб мехалъ ххалин дуе
Хириял гъалал дица.
БачIа, дир их, бачIа мун!

Лъараз абулеб буго:
Их бачIинегIан чIайин,
Гьеб мехалъ цIерги бахъун,
ЩIидасан хъудилин ниж.
БачIа, дир их, бачIа мун!

Бакъалъ абулеб буго:
Их бачIинегIан чIанин,
Гьеб мехалъ камиллъараб,
Кидаго гвангъилин дун.
БачIа, дир их, бачIа мун!

Амма дир арал мехаз
Абулеб буго дида,
ЧанцIул их бачIаниги,
РачIинарин жалила.
РачIа, сонал, рачIа нуж.

– РачIинаро, нижеца
Нижерго кечI ахIана.
РачIинаро, нижеца
Нижерго рокьи кьуна.
Ана сонал, ана гьел.

... БачIунеб буго сордо,
Сверухъ буго гIазу, цIер;
РикIкIаде ана хIанчIи,
ХIули гъана соназул, –

БачІа, дир их, бачІа мун.
*1970*

## БАЧІИНЕ ККОЛА КЪО

Буго дурги дирги бихьичІеб къуват, –
Къо бачІине ккола, бачІани – лъала.

Буго нилъер гъунар гьабизе щвечІеб, –
Гьелъул заман щвечІо, щванн – бихьила.

Буго гьудул нилъелъ лъалареб хІинкъи, –
Лъала, хІал кканани, киданигп гьеб.

Буго дурги дирги ахІичІеб сарин, –
АхІила нилъеца, къо бачІарабго.

Къварилъиги буго, рохелги буго,
БицинчІеб цогиги рокьиги буго.

Щибалъе букІуна жинди-жнндир къо,
Къойил дун божула, гьеб щвезе бугин.

Гьедин гуребани, гьабулебщинаб
Гьабун бахъанилан телаан дица.

Цого жо кидаго такрар гьабизе,
Гьаб дуниялалда чІелароан дун.

Щибасул къо буго, гьеб къо щвечІого,
Къаникье гьитІинго гІемерал ана.

Унго, рачІинадай нилъеде къоял,
Нилъ унго-унголъун цоцада лъарал?!
*1970*

## ГЬА-ГЬА, ГЬИ-ГЬИ

НуцІида кІутІулелъул,
КІалги жирун: гьа-гьа-гьа.
Жанив щун къватІиялъул,
Къан нуцІагун: гьи-гьи-гьи.

Нилъ тІад ругеб мехалда,
Ахадасан: гьа-гьа-гьа.
ТІаде жалго ккаралго,

Кверал лъухьун: гьи-гьи-гьи.

Нилъер бакъан битIани,
БетIер кIичIун: гьа-гьа-гьа.
Нилъер иш гьетIарабго,
Гьи-гьи; гьи-гьи; гьи-гьи-гьи.

Бихьана дида гьумер,
Гьединаб аргъан гIадаб:
Гьанибехун – гьа-гьа-гьа,
Гьудубехун – гьи-гьи-гьи.

Нилъехъа жо бокьани,
БокьарабгIан: гьа-гьа-гьа;
Бокьараб щун хадуса,
Нахъ-нахъ вуссун: гьи-гьи-гьи.

Нилъ гуккизе щвезегIан,
Щибаб къойил: гьа-гьа-гьа;
Гуккизе щун хадуса,
Нахъ-нахъ руссун: гьи-гьи-гьи.

Рихьана дида чагIи,
Чарчараб гьа-гъа; гьа-гьа;
Гьел – троназда аскIор,
Трибуназда сверухъ.

ТIасияб кIветI: гьа-гьа-гьа,
Гъоркьияб кIветI: гьи-гьи-гьи, –
КIиялго данде цвийгун,
Цаби къирщулеб гьаракь.

Гьаб ракьалда бугеб жо
Жиндихъ букIине кколин:
Гьа-гьа, гьа-гьа; гьа-гьа-гьа...
Гьи-гьи; гьи-гьи; гьи-гьи-гьи...

Дие бокьун буго цо,
Гьа-гьа, гьи-гьи-чагIахъе
ГIаштIиги хIехьти кьезе,
ХIалтIе, чIандаги тунан.

Биччай гьез гIи хьихьизе,
Биччай гьез хур бекьизе;
Хадуб баче: гьа-гьа-гьа,

Хадуб акIе: гьи-гьи-гьи.

Гурони, гьеб кечIалъул
Кеп, тату букIинаро,
КигIан пуй ;бачаниги, –
Гьа-гьа, гьа-гьа; гьи-гьи-гьи.

*1970*

## ЕРЕВАНАЛДЕ МАТЕНАДАРАНАЛДЕ ЩВАРАБ МЕХАЛЪ

### I

Дун щвана улкабазул
Алмазазул фондазде;
Ираналда шагьазул
Рихьана хазинаби.

Хал гьабуна некIсиял
Яргъил палатабазухъ.
Дун сверана гьундузда,
Ваккана подвалахъе.

Амма кибго гьабичIо
Гьадинаб асар дие, –
Дун асир вуго даим
Матенадараналъул.

Дун гьитIинаб мехалда
Бицунаан маргьа:
Цевесев магIарулав,
БахIарчиял ишазухъ,

АхIун вуго цо ханас
Жиндирго гьундузухъе,
Рагьун руго кавабИ
Киналго кIалгIабазул.

Цебе тIибитIун буго
ТIолго бугеб хазина,
Хал гьабейин, босейин,
Дур къасд ккун бокьанщинаб?

МагIарулас гьеб мехалъ
Гьаранин хвалченгин чу,
ХутIараб кинабгIаги

Жинцаго балагьилин.

НекIсияв магIарулав,
Матенадаран дуда,
Доб мехалъ лъачIогонищ,
Лъаниги гъоркьищ тараб?

Пикрабазул алмазал,
Асаразул жавгьарал
Жаниб цIунараб гъамас
Босизейищ кантIичIев?

Улкадул кереналда
Кинаб тIокIаб цIва балеб?
Миллаталъул кверазе
Курхьин гьадинаб бугищ?

Дур бакIалда, дицани
Босилаан хъвай-къвагIай,
Нилъер Дагъистаналъул
ЦIаралъе, гьунаралъе.

Гьеб гIадаб чуги гьечIо,
Хвалченги букIунаро,
ХутIараб гьелъ кинабго
Нилъее батилаан.

Гьедин гьабурабани,
Нилъер Дагъистаналъул
ГIасрабаца цоцазе
БицунебмацI рагIизе.

Наслабаз наслабахъе
Росе, гьал цIунейилан,
Нилъер анкь умумузул
Ишал кьолел рихьизе.

Амма нилъ цIакъ кватIана, –
Матенадараналде.
Дагъистан гьанже-гьанже
Гьаб векалде бачIана.

ГIасраби, къабул гьаве
Дуца цIияв цIалдохъан,
Духъе цIакъ нахъа щвараз,

Амма шавкъ гIемер бугев.

*1970*

## ГЬАРИ

Йокьулей, буго дир дудехун гьари,..
ТIокIаб гьари гьечIо гьеб гуропани...

Жеги мун лъалалде лъарал, рокьарал
Гьудулзаби руго дир дунялалда.
Гьезда цадахъ бищун захIматал соназ
Сардалги къоялги тIамуна дица.
Гьелгун дун вукIана жеги гьитIинго,
Пашманал сагIатаз гъежда гъежги цун.
Гьел дир гьудулзаби бокьарал рукIа, –
Гьезде киданиги нодо букIкIунге.

Гьезул гIунгутIаби – дир гIунгутIаби,
Дун ватIа гьавуте дир ихаздаса;
Общежитиялда къаси, сардида
Цоцазе чучарал ургъелаздаса.
Гьел гьечIони гIумру тIубараб гьечIо,
РачIине риччанте бокьараб мехалъ.
Гьеб роххеллъун букIа дие гIадин дуй, –
ГIагарай, гьарула, нодо букIкIунге.

Дида лъала лъикIал дир гьудулзаби,
Лъудби рачаралго, адрес биларал,
Ялъуни хIинкъадго нуцIида кIутIун,
КIалтIаго къваригIел тIубан руссунел.
ГьитIинаб мехалъул гьудуласдаса
Буссараб ракI буго гIасияб ругъун.
Дуца гьеб лъилниги каранда лъоге, –
Лъади, гьари буго, нодо букIкIунге.

*1970*

## ГЬАРКЬАЛ

Дие бокьулеб гьаракь
Дуй бокьани рагIизе,
ГIенекке лъадал гьаркьихъ,
Лъималазул гIадинаб.

ГIенекке чваххиязул
Полоп бараб чул-чули,

Чияр лъилго босичIеб
Жиндирго бакъан буго.

Балагье гъутIбузда тIад
ТIамхал шур-шудулел куц,
Щибниги дагIба гьечIо,
Гьуинаб рокьи буго.

Биччанте гъугъадизе,
Биччай пири пирхизе;
Гьез мацIал гьаруларо,
Гьереси бицунаро.

ГIенекке мун хIанчIазухъ,
ГIенекке мун чундузухъ,
Чияр рикъарал гьаркьал
ГьечIо цонигиязул.

Зоб чIван унел къункъраби,
Къо лъикIилан, ахIдола.
Ахадасан ритIучIал,
«Нух битIаги» – ян руго.

Гьезул горбода дуца
Меседил кун банити,
КечI гIарцухъ блчуларо,
Сарин гьез хисиларо.

Гьез нахъасан жахIта ккун,
Какиларо цогиял,
Цересел гьудулзаби
Реххиларо къо ккейгун.

ГIенекке зодил гьаркьихъ,
ГIенекке ракьул гьаркьихъ,
Рокьи буго кIудияб,
Миллион сонал рараб.

Гьезул бакъан буссани
Инсанасул мацIалде –
Гьеб букIина гIищкъул кечI,
ГанчIилги ракI биунеб...

Дие бокьулеб гьаракь
Дуй бокьани рагIизе,

ГӀенекке тӀабигӀаталъ
Хъвалел тӀармил бакъназухъ.

Гьединаб гӀакъилабги,
Гьединаб гӀащикъабги,
Гьедин гӀажаибабги
Дида щибго рагӀичӀо.

*1970*

**РАЛЪДАЛ РАГІАЛДА ГАНЧІАЛ**

Гьаб ракьул рукьби гӀадин,
Гьаб ракьул цаби гӀадин,
Руго ралъдал сверуда
Салулъан раккун танчӀал.

ЦӀакъ цӀамгӀалал гӀурччинал
Карачалабаз руго
Гьел кидаго чурулел,
Гьел кидаго лъухьулел.

Цин гӀассиго, рахӀму тун,
РечӀчӀула гьел ганчӀазда,
Цингига хӀелхӀедула,
ХӀеренго лъухьардула.

Амма щулалъун ганчӀал,
Риччунин чучуларо,
Чваххиязул хӀелхӀелалъ
ХӀеккине гьаруларо.

Гьедин хӀалблхьиязулъ
Бихьинал тӀухьилъула,
ГӀумрудул карачелал
КигӀан тӀад речӀчӀаниги.

Амма руго къадарал,
Къо ккарабго чучулел,
ЦохӀо реччел хъваниги
ХъвагӀадизе лъугьунел.

Гьединал дида лъала:
Лъарал рагӀаллъудаго,
Гъанкъулел ругилан ккун,
Квер кьейилан ахӀдолел.

*1970*

* * *

Херлъарал унел руго,
ГIолохъаби кир ругел?
ГIазу биунеб буго,
Хурдул щай раккуларел?

ГIолохъаби гIун руго,
Херал щай данд чIваларел?
Хурдул раккулел руго,
ГIазу щай биунареб?

ГIолел руго гIолилал,
ГIедегIичIого, кватIун;
Унел руго херлъарал,
Хекко, заман щвелалде.

Буго гIаздалъан баккун
ГIурччинлъи авлахъалда.
Умумуз гъежда лъурал
Лъималилан ккола гьеб.

*1970*

## ЦIИЯБ СОНАЛЪ САРДИЛЪ ХЪВАРАЛ КУЧIДУЛ

### I

Дир лъикIай, тIаса лъугьа,
Духъан гьеб бажарула,
Араб соналъ ккарал дир
Киналго бошаздаса.

ТIаса лъугьа, гьарула,
Мун пашман гьаюралъухъ, –
Дур тIинкIараб магIие
Дун гIайибав вукIана.

ТIаса лъугьа, чIалгIаде
Дица чIварал мехазухъ,
Дудаса рикIкIад дица
РикIкIинчIел сардал-къоязухъ.

Дуде ахIизе кIвечIел,
КIочарал дир саринахъ.

Рокъове вуссунаго,
Къосарал дир нухазухъ.

Дур ургъел, хIисабалде
Дир букIараб беццлъидахъ,
Берцинаб дур рагIуде
Дир букIараб гIинкълъидахъ.

Днр лъикIай, тIаса лъугьа,
ТIокIав гьанже какуге;
Дицаго гIемер какун,
Керен гIеккелеб бугин.

Щай, сундухъан гьикъуге,
Гьадинго тIаса лъугьа,
Араб соналъ ккарал дир
Киналго бошаздаса.

**II**

Щуго минуталъ цеве
Цогияв чи вукIана:
ГIолохъанав, талихIав,
Тамашаго недегьав.

Гьанже дунго хутIана,
Гьанже херлъанин ккана, –
ЦIакъ хекко чIвана дуца,
ЧIужугIадан, дир рохел.

Щуго минуталъ цеве
Дунял диран вукIана,
Дур рагIабахъ гIенеккун,
Дур бадиве валагьун.

Гьанже дунялалдаса
Вортарав гIадин вуго,
Батуларо дирго бакI,
Батуларо дирго ракI.

Щуго минуталъ цебе
ЦIаял кунчIун рукIана,
Гьанже дун бесдаласул
Гъансито гIадин вуго.

Гьанже, чIваби тIутIураб

ТІамур киниги вуго,
Гьанже, тІамур бекидал,
ЧІчІваби киниги вуго.

Щуго минуталъ цеве
Дуда аскІов вукІана,
Мун арайго – хисана,
Мун арайто – херлъана.

Огь, рии хех унеб куц,
Хасел кватІулареб куц...
Щуго минуталъ цеве
Цогияв чи вукІана.

*1970*

## ГЬУРИ

Бекерулеб чуялда
Гьурийилан абула.
Пударулев чиясда
Пулев вугин абула.

Гьури – свердулел ясал,
Цояв тун, цояв хисун,
Къойил хъулухъ хисулел
ХъантІарал тухьулаби.

Бачунеб далаялда,
Батулареб ратІуда,
МагІна гьечІеб кечІалда
Гьурийилан абула.

Гьури – цІадухъги вукІун,
ЦІар гьабун веццардулев, –
Гьединал дида лъала
Дунялалда гІемерал.

Вас гьечІеб гьулакалда,
Гьодораб бетІералда,
ГІи гьечІеб чІваданалда,
ЧІобогояб рукъалда;

Тарулеб, гьетІулелда,
ТІадагьаб, соролелда –
Щибжо гьеб букІаниги,
Гьури, гьури абула.

Гьури – ревизияби,
ТIатIала чIван гьарулел,
Гьегьал комиссияби,
Цояз цоял хисулел;

Хехал проверкаби,
Гьанже кквезе щванилан,
Кутакалда байбихьун,
Ахир щибго батичIел.

Гьединал дагIбаязулъ
ТIагIарав пуланасда,
Гьороца восун анин
Дов мискинан абула.

Гьороца босун уна
Дунялалда чанги гIел,
ЦIакъ гIемерал хиялал,
Халат хъударал цIарал.

Щибасул гьоролабги
Гьорода дандиябги –
КIиябго къуват буго
Къеркьолеб гьаб гIумруялъ.

Нахъасанги речIчIула,
Цебесангн речIчIула,
Цо-цо бетIералдаса
ТIагъур, кIазги бахъула.

НуцIби къиркъизарула,
Я къала, я рагьула.
ГIурдада хурдул, тIорщел
ТIатIала чIвала цоцалъ.

Гьури гIемер букIана,
Гьеб букIинчIеб къо гьечIо –
Къуват цIалеб цIадира,
ЦIар, гIакълудал хIалбихьи.

Гьорода рекъон уна
ХIинкъарабгин къадараб,
Амма къиматал хIанчIи
Гьелда данде роржуна.

Гьелъ мукъсанал гъутIбузул
Гъурула гIаркьалаби,
АМма кьалбал гъваридал
Кьалда къезе чIоларо.

Гьороца гьитIинабги
ТIадагьабги хъамула,
Амма тIалу хутIула,
Амма кьуру хутIула.

Кьуруларо мегIерги,
МагIнаги, бихьинчиги..,
Рихьана гьезда гьурал,
Рихьила жеги гIемер...

Лъаларо дун гьороца
Восун инев, инарев;
АзарцIул тартадана,
Амма гIодов ккечIо дун.

Лъаларо дир гъветIалъул
Кьалбал кинал ругеян,
КучIдузда дун гьардола
Гьорода данде айин;

Дида хадуб хал гьабун,
Хириял гьудулзабаз,
Гьороца анин дован
АбичIого хутIизе.

*1970*

**ГIУМРУЯЛЪУЛ ГАМА**

Кибе мун унеб бугеб,
Кибе мун щолеб бугеб,
Дица нуха регIулеб,
ГIумруялъул дир гама?

ГанчIазда тIад эхетун,
Дуда хадув валагьун,
Хиялалда вуго дун,
Мун тIерхьун унеб буго.

Ралъдал карачелазде

БецIлъи реххулеб буго,
Ахалъуда цо хъисниб
НекIсияб раса буго.

Гьеб расаялъ вачана,
Росдал лъар чIван, ралъдалъе:
Ралъдада гама буго,
Гамида гIумру буго.

Гьелда речIчIулел руго
Рорхун карачалаби:
Кибе унеб, дир гама,
Кибе унеб, дир гIумру?

Киве дуца вачунев
Дагъистанияв, бице? –
Дуниял буго гама,
Кибе гьаб унеб бугеб?

*1970*

**ГIАЗДАЛАБ ИХ**

Исана гIадраби, –
ГIайиб щиб ккараб? –
ГIаздал туснахъалъур
Ругин их бакьулъ?

Нужер такъсир кинаб,
ЧвахIхулел лъарал? –
Чуяз цIер бухула,
Нуж кIалъаларо.

Ургьир къагIи ругел
ГIиял гуккизе,
ГIайиб гьечIищ дуда,
Хирияб авлахъ?

Бакъуда божарал.
ЩIолбол гъабуял,
Гъурараб бо гIадин,
Хвана, балагье.

Кинаб унти бачIун,
Цив тохтир камун,
Щоларел мугIрузде
Урхъарал хIанчIи?

Кинав редакторас
Гьукъун нуж ругел,
Бакъулги цIадалги
Ругьунал хатIал?

Къайи хIадурлъичIей
БахIарай гIадин,
Бертаде кватIана
Канлъул цIураб их.

НекIого гIуниги,
ГIужда щваниги,
ГIедегIулеб гьечIо
Рагьизе гьумер.

Рахан руго гордал,
Къан руго нуцIби, –
Гьаб битIараб гьечIо
Дуниялалда:

Гьуразе эркенлъи,
Квачалъе байдан,
Канлъиги хинлъиги
Туснахъ рукъалъуб.

*1970*

**МАКЬУ КЪОТIИ**

Макьилъ бихьана дида
Лъухьардулеб цо бече,
Дунги тохлъизе гьавун,
Гьве киниги хIанчIелеб.

Гьеб макьу къотIизе дун
Къого бакIалде щвана,
Къогояс къого бицун,
Цониги данде ккечIо.

Къаси диде ахIдана,
ХIелеко гIадин вахъун,
Кидаго хIелхIедулев,
ХIалихьатав цо цIукIа.

ХIикмалъун дун, щиб гьабан,

Хал гьабулев вукIана,
Хадуб гурони лъачIо,
Гьев цIакъ гIорцIун ватана.

... Дица гьев тухьулиде
ТуйчIо, баркала кьуна,
Дуца гурони битIун
КъотIичIин дир макьуян.
*1970*

**ЛЪАБГОЯЛ**

Гьадин буго дунял:
Гьале гьай гIадан,
Гьудуласул лъади,
Дир лъикIай гьалмагъ.
Гьав дир гьудуласул
Лъади йокьарав
Лъабабилев чиги
Дир гьудул вуго.
Дида гьаб кинабго
Бицунеб буго,
Дица бицунаро;
Цабзакь буго кIветI.
Дида цеве чIола
Цевесев гьудул,
ГьалъиЙ гIоло гIумру
Назру гьабулев.
Дунгун данде чIвала
Гьанжесев гьудул,
Гьай гьечIого чIезе
Жинда кIоларин.
Дида гьас гьикъула,
Гьаб жиндир хIалтIи
ХIалихьалъийилан
Толищ дуцаян.
Гьав цояс цIехола,
Гьаб жиндир рокьухъ
Рокьукъго балагьун
Вугищ мунилан.
Гьалъул рос, бищунго цевесев гьудул
Цеве чIола дида.
КIалъаларо гьев.
Лъабазулго рокьи,
Гьоркьов вуго дун,
Гьабе дие кумек

ХIукму къотIизе.

*1970*

**РОКЪОВЕ ВУССУН ХАДУВ**

Рокъоб букIун бугеб лъикI! –
Жакъа щвана рокъове.
Щиб жо балагьизе дун
Дунялалда сверарав?

Дол цо гостиницазухъ,
Городазул хъуязухъ
Кинан дица хисараб
Хирияб дирго адрес?

Сардида вокзалазухъ,
Вагоназул купедахъ
Кин дида тезе кIвараб
Гьаб тамахлъи, гьаб хинлъи?

Рокъоб букIун бугеб лъикI!
Лъималазул гьайбатлъи:
Гьанже киве ине мун,
Вуссараван гьикъула.

Дица иргадал росун
Ясал каранде къала.
Кивего дун инаро,
Унго, рокъоб бугеб лъикI.

Нуха лъималаз дида
Дадаян абуларо:
Азарго цогияца
ЦохIо мун хисиларо.

Рокъоб букIун бугеб лъикI! –
Щайзе дун къватIив арав?
Гьаниб буго дир Париж,
Гьаниб буго Стамбул.

Гьаниб щибаб тIагIелалъ
Дун дур бугин абула;
Инсул хIайранаб сурат,
Васан, дунгун кIалъала.

Гьаниб дир эбелалъул
Кверазул лъалкIал руго,
Лъадуца гурдеялда
Иту бахъулеб буго.

Рокъоб букIун бугеб лъикI –
Цевего щвечIо рокъой,..
Гьанир дир тIахьал руго,
ТIамчаз дуран абула.

Гьаниб дир мацIги буго,
БацIцIадаб, магIарулаб;
Гьаниб дир гъанситоги, –
Инсул цIа даим свинчIеб.

Дун абуни, гьоболлъухъ
Гьегьал континентазда,
Ккара-ккаралъуб гьимун,
Гьумер кIечIезабулев.

Рокъоб букIун бугеб лъикI!
Балагье, кIиго гордо,
Гьаб кIиябго бер гIола
ГIалам бихьизе дие.

Гьале дир хIалтIул стол,
Дир саринал кир ругел?!
Гьанисан кIалъала дун
Гьаб кIудияб дунялгун.

Дун абуни, кIалъана
Гьегьал трибуназда, –
Гьениб абураб рагIи
РагIизе толищ хъуялъ?!

Рокъоб букIун бугеб лъикI
Дида гьикъулеб буго,
КIикъого улка сверун,
Рокъове щвараб мехалъ:

Щпбан бищун хIайранаб
Пачалихъ батарабин,
Бищун ракI паналъулеб
БакI кибехун бугебан.

Дица жаваб гьабуна:
Гьаб нилъер тIалъи бугин,
Рижизеги хвезеги
Хирияб, панаяб бакI.

Бищун дун къварилъула
КъватIир апарагазухъ...
Огь. хирияб дир ВатIан! –
Рокъоб букIун бугеб лъикI

*1970*

**МУН УНТИГУН**

Базаралда гьагьиниб
Бичулеб кару гIадин,
Кида мун яхъунеян
Балагьун руго берал.

Замана унеб буго,
Кару гIекколеб буго,
ГIазизай дир йокьулей,
Гьарула, хекко лъилъа.

Дир хирияй, кинабго
Дуда тIад рекъолаан;
Рекъолеб гьечIо дуда
Мухъал рахъараб халгIат.

Гьел мухъаз, борхьаз гIадин,
Бухьун буго дир щекъер;
Рокъое йилълъа, лъади,
Лъилъа мун, дир хирияй.

Жеги чIайин абуге,
ЧIезе дида лъаларо,
Жакъа, гьабсагIат лъилъа,
Лъабго къо гIемер буго.

Лъабго къоялда жаниб
Космос сверун руссуна, –
КигIан рикIкIада бугеб
Мун егараб гьаб мина?

*1970*

* * *

Лъабго яс йиго нилъер,
Анлъго гъал буго гьезул:
Цо-цо гъажалда цо-цо
Цо-цо мугъалда кIи-кIи.

Анлъабго гъал хиялалъ
Дуца ххала рогьалилъ,
Цоялда хадуб цояб,
Цоялда хадуб цояб.

Цебе лъун буго матIу,
МатIуялъуй ясгин мун, –
Къасдги ракIалдещвейги
АскIор гIодор чIун руго.

Дуда рихьулел руго
Дурго некIсиял гъалал,
КигIан кьурананиги,
Кьер бахчизе захIматал.

Лъабго яс йиго нилъер,
Анлъго квер буго гьезул;
АнлъцIул щуябго килищ
Каранде къала дуца.

Гьеб лъеберабго буго,
ЛъагIалил тIубараб моцI;
Дуца рорхулел руго
Эхеде гьел киналго.

Цинги ясал кьижигун,
Дурго квералъ хал гьабун,
Хиялазда йиго мун,
Гьудул, дида бихьула.

Регье дихъе гьел куркьбал,
Дица каранде къалин,
Чанги къваридал къояз
Дир гъажалда рахъарал.

Лъабго яс йиго нилъер,
Анлъго бер буго гьезул;
Анлъго тIокIкIараб иццде
ТIаде къулун йиго мун.

Гьединалш рукIана
Дурги хIорилал берал, –
Дида данде чIваралги,
Дун нуха регIаралги.

Лъабго яс йиго нилъер,
Лъабго гIумру, лъабго кечI,
Лъабабго кини кIикIун,
Дур кIутIбуца ахIараб.

Дуца некIого тана
Мунго егараб кини,
Дуе кечI дур эбелалъ
АхIуларо цебего.

Дица ахIулеб буго: –
Кьижа, свакарай лъади.
Лъималги сасун руго,
Сордоги унеб буго.

Рагьдухъ сентябралъул
Тамахаб гьури буго...
Егун йиго лъабго яс,
Лъабнусго къасд, цо хIасрат.

*1970*

**ХАДУСЕВ**

Риччалел руго чуял,
Цоялда хадуб цояб.
Цебе щваралде руго
Гвермендаби реххулел.

Дун абуни, хадусеб
Хадуб гъолеб бугищан,
Хал гьабун вуго гьелъухъ,
Гьеб дирго бугеб гIадин.

Роржуна самолетал,
Цоялда хадуб цояб.
Цебеселда данд чIвала
Цоги батIияй чагIи.

Дун абуни, хадусеб
Самолет баккизегIан,

Хал гьабун вуго зодой,
Гьеб дирго хIасрат гIадин.

АхIулел руго кучIдул,
ТIамулел руго бакъанал...
ТIоцебесеб лъугIана,
Хадусеб дирцин гурищ?

БачIун, уна сордо-къо,
Цогиязул хиял-къасд;
Хадусеб къо дир гурищ? –
Балагьун вуго гьелъухъ.

Хадур роржунел хIанчIи,
Хадур рачIунел ихал,
Хадур гьарулел васал,
Хадур кида гьел гъолел?

Хадусеб гьеб дир буго
Даим тIолго гIумруялъ;
ТIоцебе щвечIеб хиял, –
Хадуб къвал балей гIадан.

Даим буго гьеб хиял,
Хадусан бачIунелъул,
Хадусеб мегIералъул,
Хадусеб гIумруялъул;

Хадусеб гIаламалъул,
Хадусел гIадамазул,
Хадусеб гIасруялъул,
Хадусеб гIазуялъул.

Унтулел руго чагIи,
Лъукъулел руго чагIи;
Унел руго гIадамал
Цоязда хадур цоял.

Лъолел руго гьел хабалъ,
Хал гьабун вуго къулун, –
Хадусеб ирга гьаниб
Дидецин гурищ бугеб?

Хадусеб – метериса
Раккулел хурдул руго,

Хадусеб – дол цIвабзазда
ЦIар хъвалел васал руго.

Хадусеб – хадуб рагъул
Жакъасеб хIинкъи буго.
Хадусеб – бачIунелъе
Гьанжесеб къачIай буго.

Хадусеб цебе кола
Цебехун аралдаса.
Ирга буго ихазул,
Рахас буго веказул.

Хадусеб гьечIонани,
ГьечIо ракьалда гIумру;
Хадусев дунцин гурищ? –
Даим балагьун вуго.

*1970*

## ЧАГУР

ПатIимат, рекIелъ бугищ
Нилъер гордухъ бачараб
Амин Чутуевасул
Чагуралъул цо бакъан?

Нилъ доб къоялъ рукIана
Цоцазулъ къацандулел,
Цого чагIи нилъ рукIин
Нилъедаго лъачIого.

БутIрузда накIкI букIана
РакIал хIинкъараб нилъер,
Бадиб гьури букIана
КIияздаго багъилеб.

Нилъ гьедулел рукIана
РагIи данде ккеларин,
Гьел рагIаби чIван лъуна
ЧIвабзазул зигараялъ.

НакIкIал тIаса росана,
Гьури нахъе хъамуна
Гьурмаде, бадибе цIа
БачIун, гьале кунчIана.

Чагур хъвалалде цебе
Кьижун рукIарал гIадин,
Цо кьогIаб макьидаса
РорчIарал гIадин ккана.

Лъаларо Аминица
Ургъунгойищ гьеб къвараб? –
Унтараб дагIбаялъе
Дару-сабаб киниги.

Ялъуни гьеб батила
Тохлъукье хъвараб чагур,
Гьелъул чIвабзазул гьаркьаз
Гьабулеб асар бичIчIун.

Гьанже нилъ къацандигун,
Къваридаб ракI ахIдола:
– Амин Чутуев, вачIа
Чагур хъвазе дир гордухъ!..

Нилъ щиб, цогиял рукIа
КIудияб дунялалда,
ДагIба ккарабщинахъе,
Щола ракIалде гьудул.

*1970*

**1971 АБИЛЕБ СОН ХИСУЛЕЛЪУЛ ХЪВАРАЛ РАГIАБИ**

Мун жеги лъалхъе дагьалъ.
ЛъагIалил ахираб къо,
Дун жеги къачIан гьечIин
Дургун къо-лъикI гьабизе.

Дун жеги нуха вуго,
Рокъове щвезегIан чIа, –
Толеб гьечIин бахине
Борхатаб мегIер квачалъ.

Дпр ккараб рокьи буго,
Гьелда балеб къвал буго.

1971

**ХЪАХIАЛ КЪУНКЪРАБИ**

Дида ккола рагъда камурал васал
Кирго рукъун гьечIин, къанабакь лъечIин
МугIрул тун рикIкIада хъахIил зобазда
ХъахIал къункърабазде руссун ратилин.

Гьел гьанжелъизегIан гьаркьагъинаго
Гьава къотIун руго тIавап гьабулел.
Гьелъ гурищ къункъраби роржунеб мехалъ
Къваридго зобазухъ балагьулел нилъ?

Унеб буго боржун свакараб къукъа, –
Дир къайицадахъал, вацал, гIагарлъи.
Гьезул читIиралъулъ буго цо манзил,
Гьеб батизе буго дие тараб бакI.

Дунги воржун ина къо бачIарабго,
Къункърабазул тIелгун дове рикIкIаде.
Гьезул мацIалъ дица ракьалда тарал
Рокьулел чагIазул ахIила цIарал.

Дида ккола рагъда камурал васал
Кирго рукъун гьечIин, къаникь лъун гьечIин.
МугIрул тун рикIкIада хъахIил зобазда
ХъахIал къункърабазде руссун ратилин.

*1971*

## ГЬУДУЛЗАБИ ЦIУНЕ

КIудияб хазина буго гьудуллъи,
Гьелда квер хьвагIизе гIедегIуге, вац.
Гьудуласда дагьалъ дур бахъараб щцин
Цодагьаб къинабе къватIиб гьурщуге.

Гьеб мун рекъечIеб иш дур рекIеласул
РакIалда гьечIого ккараб батила,
Гьесул дагьаб гIайиб гIемер бадиб чIван,
ЧIегIералъ релъунге киналго ихал.

Мехал сверанагIан, сонал анагIан
Саву гIемер ккола гьаб гIумруялда.
Бигьаго щоларел гьал гьудулзаби,
Гьел ратизе, унго, бутеб куц захIмат.

Дур гьудул, ругьунаб чоца рехани,
Чодул мугъ бухуге, нухлул хал гьабе.

Гьеб гьетIараб букIин чол гIайиб гуро,
ГIедегIуге, гьудул, чу хисизе мун.

ГIадамал, нужеде гьари буго дир:
Панаяб рекIел цIа цIорозе тоге,
ЦIуне гьудулзаби – гьел гIемер гьечIо,
ГIайиб камурав чи кивго вижичIо.

Дун хьвадана цеве балагьичIого,
Цо гъалатI бихьани ццин гъугъазе тун,
Таравщинав дица божарав гьудул,
Дунги таравщинав гьудулзабаца.

Цнnги гьетI-гьетIарал гьал дир нухазда
ГьечIого гIоларел дир гьудулзаби,
Лъукъун инагьдулеб чаница гIадин,
Дица, ракIги бухIун, ахIаралщинал.

АхIулел руго нуж, рачIа киналго,
Каранде данд къазе къачIан чIун вуго,
Цо нухалъ дун тIаса лъугьинчIел чагIи,
Цинги дида тIаса лъугьинчIел чагIи.

*1971*

## УНТУЛ ТАРИХ

ХъахIилаб накIкIикь зоб, базе къачIан цIад, –
Къо инчIонаниги, канлъи ун буго.
Гьелъул киналниги хутIарал чIораз
Больницалъул забор бахунеб буго.

ХьвагIулел рукIана гьез цадахъ куркьбал
Цебехун букIана кIудияб мегIер.
Цо кьуруги бахун борхалъиялде
Нух лъолеб букIана хIикматал хIанчIаз.

Гьеб тун къватIибехун, рохьил рагIалда
Бихьула цо гIака, гIурдада цо яс;
Дагьабго добегIан шагьра нухдасан
Машинай рихьула, рехьед киниги.

ХъахIилаб зодихъе балагьуларо,
Балагьараб мехалъ бетIер унтула.
Гьеб унтулеб буго цинцияб рахъалъ:

Цебесан, нахъасан, хадуб кисанго,
ГIемер горо щвараб паетIан киниги.
Футболазда хIалеб торгIо киниги.

РакI буго квартIаялъ бухулеб гIадин,
ГIенеккула гьелъухъ къойил дир тохтир.
Даим щибаб нухалъ гьелъ хъвалеб буго
Гьаб дир унтиялъул халатаб тарих.

Эмен унтаравищ, эбел унтанищ,
ТIоцебе гьеб унти кисан бачIараб?
Кинал гIаламатал гьелъул рукIарал,
Гьелъул хасиятал, гьелъул хис-хиси?

Халатал даптарал щибасул унтул,
Толеб гьечIо гьоркьоб гьаниб цо хIалцен.
Гьелъие хIужаби, гьелъие сабаб...
Гьеб пашманаб къиса хъвалеб буго гьалъ.

Дица, кочIохъанас, гьедигIан гIемер,
ГьедигIан мухIканго кидаго хъвачIо.
Хъвалеб буго даим дуниялалъул
ТIолго больницабахъ гьаб унтул мажмугI.

Щибасул ругъназул, зигарабазул,
Чорхол бухIиялъул, бидул кьералъул...
Дида гьеб цIалидал, ракIалде ккана,
Кинабго дуниял больница бугин.

Дун кочIохъан – тохтир, гIасраби регун,
ГIаламалъул унтул тарихал хъвалев.
Гьелъул ругъун щвечIеб цо рахъ хутIичIо;
Цебесан, нахъасан, хадуб кисанго.

Огь, дида рагIула гьелъул зигарди,
Цин гьаниб, цин доба – къатIи гьечIого;
Къойил хехаб кумек гьарулеб буго,
Гьениве чIечIого вортулев вуго.

Дир цохIого рецепт, цого-цо сабаб –
Саринаца хъвалеб гьаб унтул тарих.
КечI букIинчIебани, ракIалде ккола,

Кванан лъугӀилилан гӀадамаз жалго

*1972*

* * *

Дуца гьадал гӀадамал
ГӀумру гьабизе дие
Мисалалъе рачунге, –
Дир дирго гӀумру буго.

Дуца гьадал поэтал
КучӀдул гьаризе дида
«Куцай гьадин хъвазе», – ян
Рихьизаруге, гьудул.

Дир дирго кучӀдул руго,
Дир дирго рокьи буго.
Ракьалда цогиязул
ГьечӀей цо мунги йиго.

*1972*

* * *

*Н.В. Капиевалъе*

Дида кӀочонаро, гьитӀинаб мехалъ,
Гьава къотӀун унеб цо-кӀиго микки.
Нижер тӀохаздасан тӀавапги гьабун,
Гьел унел рукӀана рикӀкӀаде роржун.

ХьвагӀулел рукӀана гьез цадахъ куркьбал
Цебехун букӀана кӀудияб мегӀер.
Цо кьуруги бахун борхалъиялде
Нух лъолеб укӀана хӀикматал хӀанчӀаз.

Жеги их букӀана. Гьезда хадув дун
Хал гьабун вукӀана тӀохил рагӀалда.
Дир беразда цебе – гӀурччинлъараб мегъ,
Мугъалда нахъехун – гъулдулгин парсал.

Гьелегьел гъулдулъан гъугъараб гӀадаб
Цо кьвагьи бахъана, – дун балагьана:
Добе борхалъуде бахунеб микки
Ахаде бортана... Гьалмагъ хутӀана.

Дида кIочонаро, хаслихълъи щвана,
Хвараб маккил сурат, лъугIичIеб роржен.
Цинги кIочонаро чIаго хутIараб –
КигIан хиял бугеб гьелъ цадахъ босун.

*1972*

## АЛЬБОМАЛДА

Дир гьудул, гьал асараз
Дуе кеп гьабичIони.
Гьелдаса рекIекълъуге,
Гьелъулъ дур гIайиб гьечIо.

Дур гIажаибаб сурат
Сариназулъ бахъизе,
Нахъе къан гIодов чIечIев
Дир буго тIолго гIайиб.

Дир гьудул, дир асараз
Дуе кеп гьабунани,
Дурго гьурмахъ балагьун,
Гьелъие баркала кье.

Дица щибго гьабичIо, –
Дур пашманлъи, дур рохел,
Дур гьайбатлъи, гьуинлъи –
Гьез малълъарал руго гьал.

*1972*

## ТВОРЧЕСТВОЯЛЪУЛ ВЕЧЕРЛЪУГIУН ХАДУБ

Вечералда рукIарал
ЛъикIал, хIикматал чагIи,
Дида ккана дир кучIдул
Киналго гьез хъванилан.

Дида ккана дир рокьи
Гьезул рокьи бугилан...
Макьуялъе – нагIана,
ГIодор рукIине рачIа.

Гьаб цо бюрократизма,
ГIадамазулъ кечI чIвалеб,..
КигIан лъикIал гIадамал
Вечералда рукIарал.

Цо гьезул берзул кунчIи,
Гьурмаэул цо хIайранлъи...
Гъажилде гьетIун арал
БутIрузул цо берцинлъи.

КучIдул цIалун лъугIигун,
Баркалайинги абун,
Дида адрес лъаларел,
Ана рахъун нахъе гьел.

Ана, гьанже кир ругел
Дир цIиял гьудулзаби?
Дида цIарал лъаларел,
Лъай-хъвай гьаб къаси ккарал.

Вечералда рукIарал
ЛъикIал чагIи, огь, ана.
Аман хисичIого гъол
Гъоднн хутIулел ани.

Цо сагIат гIолеб гьечIо
ГIаданлъиялъе нилъей,
ГIаданлъи гIадамазулъ
Бахчун букIунеб буго.

Гьеб рагьун хадусала –
ЧIегIераб багIарлъила,
ЧIолорхъо бачIого чу
Бахъун квачIида чIела.

Огь, замана, замана,
Къоял кье гIадамазе,
Къаси гьаб вечералда
РукIаралльун рикIкIине...

Вечер лъугIун, гьабсагIат,
Бащадаб сагIат ана;
Ццидалаб гьаракь буго
Телефоналъ рагIулеб:

Гьаб гостиница буго,
Гьалбал нуха регIейин...
ГьечIо дида аскIов чи,
Дунго вуго ракьалда.

Кин хадур данде чIвалел
Вечералда рукIарал?
Метер – канцелярия,
Критнка, иш, портфель.

Дунги рокьиги буго
Ракьалда, дунялалда,
Сверухъ чIаголъи гьечIеб
ЧIинкIиллъи кинигинан.

Гьениб чIинкIиллъиялда
КъанагIатал туристал
Къаси гьаб вечералда
РукIарал чагIи руго.

*1972*

## МУИЕ ХЪВАРАЗДАСАН

Рек-рекунищ ралел кверазул килщал? –
Духъе кквезе кьурал, жалго хутIарал.
Хъарс-хъарсунищ балеб дица гьаб гьумер? –
Жегиги гьитIинго дуе гьимараб.

Дунялалъе квешлъи гьабунаниги,
Дие квешлъизе мун бегьулароан,
Доб керен унтараб ихдалил сардилъ
Дур гъажалда лъураб кверазе гIоло.

ГIаламалъе питна гьабунаниги,
Гьение дун цIазе гIайиб букIана,
ГIазу балеб сардилъ нахъа рукъалъул
Дуе къирун тараб гордуе гIоло.

Доба борхалъуда, хирияб Гъуниб,
Гъугъдулъан беролел цIорорал иццал, –
Рокьи къанагIатаб, гьими хIинкъараб
Гьадаб ихдал дуца цIа лъураб керен.

ТIогьилаб хаслихълъи, сардазул гьогьен,
Сверухъ тахида чIун тIолго Дагъистан...
Дунялалъул бакьулъ, гьале босеян,
Гьелегьараб черхгун эхетарай дун...

Рек-рекунищ ралел кверазул килщал? –

Духъе кквезе къурал, жалго хутIарал,
Бахъун нусищ чIвалеб нусго логода? –
Дуца тананити мун тезе кIвечIел.

*1972*

* * *

Дида лъала дунял берцин гьабизе,
Кье гIицIго ихтияр указ бахъизе.
Дица дунялалъул шагьаразе цIар
Рокьулел ясазул кьезе букIана.

Кибе щвананиги, щибаб бокIнида,
Шурила дур мацIалъ гьеб хIайранаб цIар;
Гьеб мехалъ гвангъараб гIищкъудал цIураб
ГIалам тамашаго барцинлъилаан.

Дида лъала дунял камил гьабизе,
Кье дие цо изну закон бахъизе, –
Тамахго абулел улбузул цIарал
ЦIализе лъелаан щибаб бакIалда.

Дир эбелалъул цIар – цо гамаялда,
Цоги эбелалъул – цоги гамида.
ХъахIилал гьелчолел карачалабалъ
Кинабго къварилъи кIочон телаан.

Дида лъала кинан анищ тIубалеб, –
ТIад ругел цIвабзазе цIар кье ясазул.
Гьединаб цо хIукму букIарабани,
ХIинкъи тIагIинаан тIолго васазул.

ХIикматаб цIар лъурал цIвабзахъеги щун,
ЦIидасан нахъ руссун рачIинаан гьел...
Гьедин берцинлъизе букIана дунял,
Гьедин лебаллъизе букIана гIалам.

*1972*

## КЪАЙСЫН КУЛИЕВАСДЕ, ТIОЦЕБЕ ГЬЕВГУН ДАНДЧIВАРАБ МЕХАЛЪ

Дида тIаса лъугьа, дир цIияв гьудул,
Дица хисиларо некIсияв гьудул,
Гьевгин цадахъ араб гIащпкъаб заман
ГIумруялъ цIидасан такрарлъиларо.

Амма букIаниги, ракI боххун буго,
Мунгун данде чIвараб доб къоялдаса.
КIиго кавказияв кин гьанжелъагIан,
Нилъ ратIа гьарурал согIаб къисматалъ?

Дун, мун лъаралдаса, лъачIого арал
Дир ихазда хадув хапелев вуго;
Цо лъицаялиго, квешезе гIадин,
Киналго гьел дихъа рахъун ратана.

НекIого букIана ракI цо жо камун,
КантIана гьабсагIат, батана гьале.
Дур бералъ бихьана батIияб канлъи,
Дур квердасан щвана доб гьечIеб хннлъи.

Хирияв дир Къайсын, дун мискин гьечIо
Гьудуллъидул рахъалъ, лъана дида гьеб.
БатIиял улбузе гьарурал вацал,
Гьел дир дагьал гьечIо, цIиял кIваричIо.

Дир дов аллагьасде гьари букIуна
Цо гьезда рельлъине гьаве дунилан.
Дие захIмат буго гьезул яхIалъе,
БахIарчилъиялъе налъи бецIизе.

Амма букIаниги, дир рекIелъ байрам
БукIана дур хъатикь хъат лъураб мехалъ,
Сунеб цIа цIидасан рекIараб гIадин,
БакIаб ургъел тIаса босараб гIадин.

ТIухьи хIеренлъана,лъар гъварилъана,
Лъалареб борхалъи бахана дица;
Жеги бечелъана хирияб Кавказ,
КечIги берцинлъана цебеялдаса.

* * *

ЧагIи руго, дир гьудул,
Дунялалда лъаларел:
Гьезул лъикIлъиялъ вуго
ЧIаго хутIун ракьалда.

Гьезие гIуцIун буго
ГIумру гьаб гIасруялда,

ГӀасиялги рукӀине,
ХъантӀаралги рукӀине.

Хъубал ишахъ рсцц щвана
Хъамалалъ хъала базе,
ХъвачӀел диссертацияз
Доктораллъун рахъине.

Дун гӀадин, щибго реххун.
КучӀдул хъвазе лъугьани,
Хъвалаан гьез асарал
Пушкиница киниги.

Пуланаб къоялъ рахъун
Гьаракь биччан хадуса,
Гьез ахӀизе букӀана
Шаляпиница гӀадин.

Амма гьел ресаздасан
Пайдаги босичӀого,
Гьез, дица мун киниги,
Рокьи тӀаса бищана.

Гьал гӀенеккун чӀун руго
ГӀакъилаб дунялалъухъ.
Гьаз пикраби цӀехола
Къаси сардил цӀвабзазда.

Гьаз хвалчен бахъуларо
Бахъизе къо щвечӀони.
РагӀиги абуларо
РагӀулареб бакӀалда

ЧагӀи руго, дир гьудул,
Дуниялалда лъикӀал;
Лъазе къваригӀун руго
Гьезул цӀаралгин сонал.

*1972*

* * *

Дица рагӀи кьеларо
Гьанжеккун хадусаги
Хабар-бугьтаналдаса
Мунги дунги цӀунизе.

Абиларо гьанжеги
Горо, цIа, цIадалдаса
ЦIунизе кIвелин дида
КIиязго бараб мина.

Дица рагIи кьеларо
Цересел гIунгутIаби
Цоги цIиялгун цадахъ
Дир рукIинарин абун;

Бижанщинаб гъветIалда
ТIегьги пихъги букIинин,
АхIанщинаб кечI, назму
Куркьбал ругеб букIинин.

Дица рагIи кьоларо,
КигIан гьарананиги,
УнтичIого хутIизе,
ХерлъичIого вукIине.

Дун херлъи-хвелалдаса
Расниги хIинкъуларо;
Рогьо буго квешаб жо,
Гьелдаса хIинкъула дун.

РагIи кьола, гьедула
Гьеб ракъой биччаларин,
Гьебгун вагъизе бараб
Ярагъ гIодоб лъеларин.

Биччай гьаб гIумруялда
Азарго гIазаб лъазе,
Данде гьал цабиги къан,
КъулчIила киналгIаги.

КинабгIаги хIехьела,
КинабгIаги баччила,
Рогьо кIетIоге абе
КIиязулго нуцIида.

КIетIезе гьеб лъугьани,
Лъухьила дица каижар, –
Хвел, ваче дун, къо щвана,
Дурго къвалакье гьанже.

1972

**КИНИДАХЪ ВАСАСЕ**

* * *

БацIпда кIалдиса цIан гьан бахъарав,
ЦIиркъида бадиса магIу бахъарав,
Борхьил чохьонисан чол нух бахъарав,
Чваххулеб гIурулъа маржан босарав,
РитIучI гъежда лъурав, гъалбацI квегъарав,
Квер борхун, боржунеб итаркIо ккурав, –
Дурго эбелалъе чилъун вукIина,
Чияр эбелалъе дурцлъун вукIина.

* * *

Гьарун кьураб цIад гIадинав, –
авлъидал,
ЦIалун щвараб бакъ гIадинав, –
авлъидал,
ГьоцIо кIутIун кIал гъуравги, –
авлъидал;
ЦIибил кIутIун бер гъуравгн, –
авлъидал;
АхIизеги цIар берцинав, –
авлъидал,
РагIизеги кечI берцинав, –
авлъидал,

Вихьизеги хIетI берцинав, –
авлъидал,
РагIи берцин, гIамал берцин –
авлъидал;
ГодекIаниб хIал бакIавги, –
авлъидал,
ХIал ккаралъуб зар бакIавги, –
авлъидал.
Залимасе залимавги, –
авлъидал,
ЗагIипасе недегьавги, –
авлъидал;
Гьинал ракIгIан гIагаравги, –
авлъидал.
РекIел кIулгIан хириявги –
авлъидал,

КIулазулги гъамас гIадав, –
авлъидал.
Гъансинибги месед гIадав, –
авлъидал...
Бабал, бабал авали,
Дадал, дадал авали, –
ахх, ахх...

* * *

Гулла гIадав лъугьаги,
Гурга гIадав лъугьаги.
Гирун унеб, гьайбатаб
Гьорчо гIадав лъугьаги!

Кьурабазда кIетIолеб
КвартIа гIадав лъугьаги,
Кибго гIужда речIчIулеб
ЧIор гIадинав лъугьаги!

Инсул кьагIазда цеве
Кьурдухъанлъун лъугьаги,
Кьолбол васазда цеве
Векерухъан лъугьаги!

Эгъе хъахIаб чу рекIун,
Чвархъиялда вачIаги,
Чоца нахъа тараб хIур
Гъаваялда бетаги!

Чол багьаяб кьили чIван,
Дваргъиялда вачIаги,
Кьолодасан квер битIун,
ГъветIги ккун, гIеч хъвалхьаги!

Хъвалхьараб бащадаб гьеб
Берцинай ясалъ кваги,
ХутIараб дуцаго кун,
Кинабго рекъон ккаги!
Улкаялда квер баги,
Кавуялда мал баги! –
ай, дай-дала-лай!

* * *

ЧIухIун ярагъ борчарав,
КIанцIун чоде вахарав,
Чвахукье гIор гIадин хех
ГIурхъалабазде щварав;
Щобда харилъ аздагьо
Хвалчаца кIи къотIарав,
КкIалахъ бугеб багIаргIеч
ГIодой къулун босарав;
Нодо хъахIаб ци чIварав,
Ца гIебаб хъабан чIварав,
ХъахIилаб ралъадалда
БагIараб цIа бакарав;
Мунго гIадал гIолилаз
Чу кьолон бахъиналде.
Чода бараб гIетIуца
РетIелгин черх чурарав;
Дур кьералъул кьерилаз
Рачлихъ ярагъ балалде,
Рагъде гьужумалъги ун,
Гьунар гьабун вуссарав;
Мун гьавураб сардида
Найил гьацIул цIад барав,
Гьавун къватIив вахъиндал,
КъватI-къватIазда нур барав
Кьижа, дарман,
Кьижа мун.

*1971*

**КИНИДАХЪ ЯСАЛЪЕ**

Меседкунал гIомо гьай,
ГIарцул кунал чилай гьай,
ТIалъиялъул кечIги гьай.
Кавказалъул бурутI гьай.
Нахъе хъете, хIинкъарав,
Дир яс дуе кьеларо.
КьуркьудуIге, къадарав,
Гьаб къимат дуй щвеларо.

БатIи-батIияб тIогьол
ТIутIун гьаюрайги гьай,
Берци-берцинаIо харил
Херхун гьаюрайги гьай.
МегIер цIурал гIиял кье, –
Кьезе гьечIо гьал кьунсрул.
Гъамас цIураб гIарац кье,

Кьоларебха гьаб габур.

Габуралда бугеб гІуж,
ГІоноялда лъураб тІанкІ, –
Дир берцинай куц-бика,
Камилай сурат-бика...
Кьеларо гъедуялъе,
Кьеларо гьудгьудалъе, –
Гочин гьайбатаб мокъокъ,
Бакъан берцинаб гІанса.

* * *

КІусун туманкІ кьвагьарасе, –
кьела ай,
КьабгІун хъала бахъарасе, –
кьела ай,
Хъвалхьун моцІгин вачІарасе, –
кьела ай,
Хъатикь цІвагун вачІарасе. –
кьела ай,
Пулеб гьури гьукъарасе, –
кьела ай,
Гьалагаб гІор квегъарасе, –
кьела ай,
Космосалда рештІарасе, –
кьела ай,
Дир гьайбатаб Хайдакъалъул
багІаргІеч.

* * *

Жеги тІегь баккилалде,
ТІегьалейги ятаги;
ТІохде чІар баччилалде.
КІиябго гъал кьураги;
Кьин сверун бахъиналде,
ГьарунчагІи рачІаги;
Гьез жалго рачІунелъул,
Чакарул тІутІ бачІаги;
ХъахІал кьагІи рачІаги
Кьолбоего хъвехъизе;
Кьолон чуял рачІаги –
Дур инсуе рекІине;
ХІанчІи чІичІидилалде,

ЧІарал хурий ятаги;
ЧІороло борчІилалде,
Лъалъда нахъа кІусаги;
Берцинал къачІалалде,
Къолое хур лъилъаги, –
Дир гьитІинаб тІатІулъ хинкІ,
ТІатІи буссун ханилъ хинкІ.
*1970*

**«АХИРИЯБ БАГЪА»**
АБУРАБ ТІЕХЬАЛДАСАН

1976

## ЦІАДАСТАН

*Рокьиялъе киналго*
*Ригьал мутІигІал руго.*

А.С. Пушкин.

### ДУН ЦІИДАСАН ГЬАНЖЕ

Дун цІидасан гьанже поэт лъугьана.
ГьитІинав вукІана, нужеда лъала.
КІудияб чІаголъи гьечІонаниги,
Гьунар дилъ букІана рекІкІ-макру гьечІеб.

Хадув дун вачана гучаб чваххиялъ,
Цин ваккун, цин тІерхьун, рохьоб чан гІадин.
Цояца квер кьуна карачалабалъ,
Цояз гъорлъе цІана гъанкъилин абун.

Гьанже дун гІун вуго, гІорулъа къватІив
ГІодой къуличІого вачІунев вуго.
Доба-гьаниб тункун ругънал щваниги,
Дун тарулев гьечІо, дун чІаго вуго.

Хун гьечІо дилъ жеги некІсияб рокьи,
НекІоялде тІаде жегиги буго.
Гьеб рокьуда рекъон гьаракь гьабуни.
ГьакІкІан кІалгун дунял хутІизе буго.

Гьеб гьаракь дир гьечІо. Дун – лъукъараб чан,
Чанги тІухьи буго дир кереналда.

Амма данд къан руго дир цабзаз кIутIби,
Дихъе квер бегьуге, дунго вилълъина.

Дун – цIидасан гьанже ццидалав гIащикъ:
ГIуцIун буго дица дир рокьул улка.
Полпилаб чвахxидалъ дун гъорлъе цIалел
Дица, гъванщаги ккун, тункила цоцалъ.

## ЦIАДАСТАН

Дир бусен, дир гъансито,
Дир хIасраталъул рогьел,
ТIоцебе дий ахIараб
Ихдалил кочIол гьулак.

Буго мун, ЦIада росу,
Нусго цIараки гьечIеб,
Дур панаяб цIагун дун
Дунялалда тирана.

Чваххана цIад, бана цIер –
ЦIорочIо, квачачIо дун.
Дур кунчIиялъ цIунана
Киналго полюсазда.

Биччай, нилъер миллат, мацI
Лъалеб батичIониги.
Лъалеб асар батана
Нусго улкаялда гьеб.

Дир хIасраталъул вацал,
Цо бакIалда ратичIел,
Цо ракIалъул руго гьел, –
РекIелъ щибжо гьунареб?

Гьел рихьун дида лъана,
Дунял цIун буго ЦIада:
Нусго цIараки гуро,
Нусго миллион буго.

Дир бусен, дир гъансито,
Дир хIасраталъул рогьел,
ТIоцебе дий чвахxараб
Иххалъул иццул бетIер...

Гьанже мун гIатIилъана,
ГIащикъзабазул улка...
Дица гьалда цIар лъуна
ЦIадастанилан абун.

## КЪО ГЬЕЧIО

Вас гьавичIеб къо гьечIо,
КечI гьабичIеб къо гьечIо,
ЦIад балареб къо гьечIо,
Бакъ щолареб къо гьечIо.
ГьечIо къо рокьи ккечIеб,
Йокьулелда къвал бачIеб,
Кього миллион соналъ
Дир гIищкъул улкаялда.

Нилъер къоял, нилъер къоял,
Бакъулалгин цIадалал,
Рокьи гьечIел чагIазе
Гьадинго арал руго.

ГIазу бачIеб къо гьечIо,
МагIу тIечIеб къо гьечIо,
Ццин бахъинчIеб къо гьечIо
КIудияб дунялалда.
Гьаниб ццин гьукъун буго,
Гьересидуй бакI гьечIо.
Цо гIищкъу, гIищкъу, гIищкъу,
ГIумру ЦIадастаналда.

Нилъер къоял, нилъер къоял,
Бакъулалгин цIадалал
ГIищкъу гьечIел чагIазе
Гьадинго арал руго.

ГьечIо къо къварилъичIеб,
ГьечIо къо рохел гьечIеб,
ГьечIо, гьечIо, гьечIо къо
Гьудулалда данд чIвачIеб.

БитIахъе росу бакьулъ
ЦIада гьавунаниги.
ЦIадастаналдаса чи
Гуро рокьи гьечIев чи.

Нилъер къоял, нилъер къоял,
Бакъулалгун цIадалал,
ГIищкъу гьечIел чагIазе
Гьадинго арал руго.

**ЦIАДАСТАНАЛДАСА ГIАДАТАВ ЧИ**

– Мун щив?
– Расул XIамзатов.
– Киса?
– ЦIада росулъа.
– Дур хъулухъгин хIалтIи щиб?
– XIасраталъул шагIир дун.
– Дур миллат, мацI, цIар, улка?
– ЦIадастан, рокьи, рокьи.
– ЦIаларав кив, гIелму щиб?
– ГIищкъул академия.
– Гьудулзабй, гIагарлъи?
– Киналго гIищкъу ккарал.
– Судалде гъоркье кканищ?
– Рокьул судалде ккана.
– Рагъда гъорлъ гIахьаллъанищ?
– ГIумруялъ гьенив вуго.
– Дур тушман щив?
– Ццин буго.
– Цоги?
– Гьересигун мацI.
Гьез кидаго лъукъана
Каранлъ жаниб гьинал ракI.
– Мун асирлъун вукIанищ?
– Рокьул асирлъун вуго.
– Дуе рокьулел кучIдул?
– Цо рокьул, рокьул. рокьул.
– Дуе рокьулел харбал?
– Гьадабго рокьул, рокьул.
– Дур хIайранал пикраби?
– Кидаго рокьул, рокьул.
– Дуе щвараб шапакъат?
– Холареб рокьи буго.
– Дур хазина, бечелъи?
– Даимаб рокьи буго.
– Дур борхараб байрахъ щиб?
– Панаяб рокьиялъул.
– Гьелъул кьер?
– Нусабго кьер

Нур къотIун гьабун буго.
– Байрахъалда хъвараб щиб?
– Рокьи ккарал цолъеян.
– Байрахъалда цебе гьа?
– Рокьул улка цIунизе.
– Дур гIумру?
– ГIищкъу буго,
ГIищкъуялъе ригь гьечIо.
Гьединалщинал руго
ЦIадастаналъул лъимал.

* * *

– Дун гьавураб Дагъистан,
Картаялда – хIанчIил тIинчI,
ХIасраталъул улка, мун
Щиб картаялда бугеб?

– Дун бугеб карта буго
Каранда гьалдолеб ракI.
Гьудулалъулги дургй
ДандчIван кенчIолел берал.

– Дие ирсалъе кьураб
Инсул тIалъи, мун даим
Цо-цо континенталда
Цо-цо керен цун буго.
Дие щвараб ЦIадастан,
Щиб бакIалда мун бугеб?

– Рокьул куркьбал гIатIидал,
ГIищкъу гьечIеб бакI гьечIо.

– Дун гIураб ракь, дур гIурхъи
ГIораз мугIруз бикьула,
Рокьул улка, дур гIорхъол
ГIаламат, тIабигIат щиб?

– Рокьи, ракь кинигинан,
Бикьуларо гIорхъабаз;
ГIаламалде щвараб бакъ –
Кибего щущалеб цIад.

– Дир ВатIан дида лъала
Лъидасан кин цIунилеб;

ГӀищкъу, дур хъаравул дун,
Дида тӀадаб хъулухъ щиб?

– ЦӀуне, гӀураб ракь гӀадин,
Рокьи гьаб дунялалда.
ЦӀуне бищун хирияб
Хазина цӀогьаздаса.

* * *

Сундухъ валагьилев? Гьадай, гьудулъухъ?
Гьадай, гьудуй гьечӀо,  гьудул гурони.
Сунде ахӀилеб кечӀ? Гьадаб, гьудулде?
Гьадаб, гьудуб гьечӀо,  гьаб рокьи гуреб.

Дун унтараб мехалъ, тохтир кӀваричӀо,
Цо тамахаб квер лъе дир кереналда;
Гьеб регъезе буго, регъезе буго,
Ругъунги лъилъун дун вахъине вуго.

Дун херлъараб мехалъ, гӀанса кӀваричӀо,
Цо гӀанчӀал беразухъ балагьизе те;
Дихъе их бачӀина, дун бахӀарлъила,
МахӀу беканиги галадиларо.

Сундухъ валагьилев? Гьадай, гьудулъухъ?
Гьадай, гьудуй гьечӀо, гьудул гурони.
Сунде ахӀилеб кечӀ? Гьадаб, гьудулде?
Гьадаб, гьудуб гьечӀо, гьаб рокьи гуреб.

## ХИЯЛГИ ГӀУМРУГИ

Гьанисан гъваридаб, гъоба гӀатӀидаб
ГӀумруги хиялги бикьун унеб тӀор.
Хиялал гвангъарал гӀемер рукӀана,
РикӀкӀад хутӀана гьел – дир арал сонал.

Цоязда гӀатӀилъи бахине кӀвечӀо,
Цоял гъварилъиялъ гъорлъе цӀан ана.
Цоял тӀерхьунарел бакӀазда чвердон.
ТӀад руссана нахъе, ниж жалго теян.

Балеб буго гIазу... ГIор бахун дунгун
Даим хIалбихьараб цо хIасрат буго.
ХIинкъарал сверабалъ цоцахъе квер кьун,
Кинабго тун дунгун буго гьеб асар.

Гама тIерхьунелъул, тIолабго рехун,
ТIарамагъадисеб хазина гIадин,
Дица цIунана гьеб гIищкъуялъул цIа
ЦIорорал, гьалагал карачалабалъ.

Цоял цере ана, цоял нахъ тана
Цадахъ рукIинилан гьедарал къасдал;
Киналго ратичIо гьел гьудулзаби,
Гьалбал рукIун руго гьел тIемерисел.

Гьанисан гъваридаб, гъоба гIатIидаб
ГIумруги хиялги бикьун унеб гIор...
ГIурул доб рагIалда дир гIумруялъул
ГIемераб хутIана. ХутIичIо рокьи!

**ДАИМАБ ГIОЛОХЪАНЛЪИ**

Руго данделъун чагIи,
Диваналде кинигин.
Вуго гьанже гIолев дун
ГIайибаца вацIулев:

Жидеда бихьанила,
Рохьовехун валагьун
Цо гIадангун унев мун,
ИяхI биларав васин...

Дица жаваб гьабуна
Дир ияхI дилъго бугин,
Рохьове васлъун арав
Вуссанин гIолохъанав.

... Данделъун руго чагIи
Диваналде кинигин, –
Руго хъахIлъараб бетIер
Дир бетIизе хIадурлъун:

Жидеда бихьанила,
Рарал сонал кIочон тун,
Мун цо гIанчIай гIадангун

ГӀищкъул бицун кӀалъалев...

Дица жаваб гьабуна
Сонал гӀемер раниги,
Дилъ гьаб гӀищкъу богогӀан
ГӀолохъанав вугин дун.

Данделъун руго чагӀи,
Диваналде кинигин,
Гьеб дуца бицунеб жо
Жидей баян гьабеян.

Дица жаваб гьабуна,
Гьеб бугин хӀикматилан:
ГьитӀинал кӀодолъулеб,
КӀудиял гьитӀинлъулеб;

МацӀ гьечӀез кечӀ ахӀулеб,
КочӀохъан чӀун хутӀулеб...
Дир чӀаголъи, дир гӀумру –
Даимаб гӀолохъанлъи.

## ГӀАЙИБ ККАРАБ МЕХАЛЪ

Дуда гӀайиб ккани, гъалбацӀ вуго дун.
Дида гӀайиб ккани, дур тӀанкӀ вуго дун.
ГӀайибгун багьана щибго гьечӀони,
Щив дун вугевали дида лъаларо.

РекӀун унеб мехалъ дунго дунилан,
Лъелго вугеб мехалъ мунго мунилан.
Я рекӀунги гурев, я лъелго гурев,
Лъаларо кинан дун вильлъинеяли.

Сапаралъ унелъул, цадахъ яхъани,
Ццидахуна дир ракӀ, дур божи гьечӀин.
Цинги нуха хӀетӀе къуркьараб мехалъ,
Къварилъула дир ракӀ, щай мун гьечӀеян.

Гьаб дида речӀчӀулеб гьуриго кинаб,
Цин гьаниве чӀвала, цин дове чӀвала.
Гьури къотӀарабго, витӀун хутӀигун,
БетӀер бугищали квала-швалула.

* * *

Метер дида хадуй хиялаз цIурай
Хехаб поездалда тIаде щвела мун.
Щуабилеб вагон, Курский вокзал,
Экспресс «Дагъистан» – дида лъала гьеб.

Доба перрон буго, мун ячIинегIан
Гьанибги добеги дица борцараб.
Вокзалалда бараб хIинцаб сагIтица
Сабру дагьав дие кьунщинаб гIазаб!

Метер мун ячIина оогьел кинигин.
Щайха рогьунгеян гьанже дун вугев?
Гьалагал къасдаца къаси дир щекъер
Щай къакъалеб бугеб, бадибчIвай гьабун?

Щайзе, кверал рорхун, гьарулеб дица
Поезд дагьаб мехалъ кватIизабеян?
КIудияй судияй, дур суалазе
Жаваб ургъун гьечIин, чIа цодагьалъги.

Дица щиб гьабилеб? Мун ягъанани,
Ругънада кверги лъун гIенеккун чIела.
Мун гIенеккун чIани, кIалъачIонани,
КIвекIила, кIвекIила бигъараб ругъун.

Мун елъанхъанани – гьелдасаги квеш,
Кинго лъалеб гьечIо гьабизесеб жо.
ТIокIаб гьабугеян дуца абуни, –
Аллагь вугин абун, дица как бала.

## ДИДА МУН КИДАГО КIОЧОН ТЕЛАРО

Чанги хIикмат лъана дир гIумруялда,
ГIемераб дандчIвана хасият-гIамал.
Мун гIадинаб хIикмат кинго дандчIвачIо,
Дида мун кидаго кIочон теларо.

Цо-цояз лъалкI тола ракIалда сагIтаз,
Цогиял сонаца тIамула цере.
Мунилан абуни – даимаб гIумру, –
Дида мун кидаго кIочон теларо.

Чанги кверзул хинлъи, беразул канлъи
ХIинкъарал сверабалъ цобе тIамуна.
Дур хIорилал берал, хIеренал кверал, –
Дида мун кидаго кIочон теларо.

Чанги лъикIаб рагIи рагIана дида,
Малълъана гIищкъуялъ гIемерал бакънал.
Мун – лъугIи гьечIеб кечI, панаяб калам –
Дида мун кидаго кIочон теларо.

Чанги ишал ккана, ругънал рецIцIана,
Рагъал рогьинегIан рихьула макьилъ.
Дунго кIочон тела, дунял кIочена, –
Дида мун кидаго кIочон теларо.

## ДУХЪ ККАРАБ РОКЬИ

Сонал унел руго, сонаца дихъа
Бахъана гIемераб, кьурабго гIадин.
Амма кигIан гIемер кIетIараб сагIат! –
Сонаца бахъичIо духъ ккараб рокьи.

Чанги ишал ккана, камиял лъана,
Цересел хиялал хутIана рикIкIад.
Хисана дуниял, хисана дунго,
ХисичIо ихдада духъ ккараб рокьи.

Кир ругел некIсиял дир гьудулзаби,
Дагьлъулел руго гьел мех бахъанагIан.
Гъунел руго тIамхал, щвана хаслихълъи,
ХутIана ихдада духъ ккараб рокьи.

Дун хIадурав вуго, унел къоязе
КъваригIарабщинаб кьела абигун,
Амма щиб кканиги кьеларо дица
Доб кочIол ихдада духъ ккараб рокьи.

Дида гьикъулеб буго:
– Бищунго бокьулеб мех
Ракьалда кинаб лъараб
Киналго соназ дуда?

Дица жаваб гьабула,
Гьайбатаб мех бутила;
Гьудул дие йокьараб,

Дун гьелъие вокьараб.

Дида гьикъулеб буго:
– Бищунго квешаб заман
Кинаб дуда батараб
Тирулеб дунялалда?

Днца жаваб гьабула,
Бищун квешаб мех бугин:
Дие гьудул йокьараб,
Гьелъие дун вакьичIеб.

Дида гьикъулеб буго:
Гьелдасаги квеш гьечIищ
Дуй гьудул йокьичIеб мех,
Гьелъие мунго гIадин?

Дица жаваб гьабула,
Гьеб жеги квешаб бугин,
Амма киданиги дир
БукIинчIин гьединаб мех.

* * *

Хирияй, дур сураталъухъ
Дун соназ балагьула:
Дун вохула, ворхула,
Дун виххула, хIинкъула.
ХIикмалъула. чIухIула,
КIодолъун гьитIинлъула;
Цодагьалъ ццин бахъуна,
Нахъеги ракI бухIула,
РакIалде гIемер щола,
ГIемераб кIочон тола.
ГIемераб кIочон тола,
КIочон тола кинабго!

Хирияй, дур суратадъухъ
Дун соназ балагьула:
Сардил макьаби уна,
ГIаздалаб къо къалъула,
Къадараб лебаллъула,
Къваридаб гIатIилъула,
Сурукъаб берцинлъула,
ХIабургъараб тIокIкIуна;

ТIолабго гIалам кIочон,
Дун духъе гIедегIула.
Дун духъе гIедегIула,
ГIедегIула, кватIула!

Хирияй, дур сураталъухъ
Дун соназ балагьула:
Божула, божуларо,
Бихьула, бихьуларо,
Бокьула, бокьуларо,
РагIула, рагIуларо, –
МагIуйищ дица тIелеб?
КечIищ дица ахIилеб?
Кинабго дунялалъе
Цо цIумурищ кьабилеб?
ЦIа буго рекIел гъасда,
ЦIа буго рекIел гъасда.

Хирияй, дир кечI, гIумру,
Ккараб, бугеб, букIинеб.
РакI гьалдола, кенчIола,
Пикраби гIедегIула.
МацI цабзазда кIвекIула,
Дир кIутIби шуршудула.
Дица рагIи абула,
РагIулеб батичIони,
РагIизегIан абила:
Огь, дие мун йокьула,
Огь, дие мун йокьула.
Огь, дуй нагIана батад!

* * *

Дун вачIана ракьалде
Гьоркьоб нусго сонги бан, –
ГIемераб хисун буго.
ГIемераб хутIун буго.

Амма буго добго зоб,
Амма буго добго ракь,
Рокьи буго цебесеб,
Ццинги буго цебесеб.

Дун вачIана ракьалде
Азарго соналдасан, –

ГIемераб борхун буго,
ГIемераб бихIхун буго.

Амма гьадалго цIваби.
Амма гьадалго цIаял,
Гьанжего гIадаб хIасрат,
Гьанжего гIадаб жахIта.

Дун вачIана ракьалде,
Даимаб мех нахъа тун, –
ГьитIинаб кIодо буго,
КIудияб гьитIин буго.

Амма тIегь – цебе гIадаб,
ГIазуги – цебе гIадаб.
Цебесеб рокьи буго,
Цебесеб дагIба буго.

## ПАТIИМАТ

Мун ячIана гьитIинай
Гьобол дуниялалде,
Данде къана эбелалъ:
ПатIимат, ПатIиматин

Гьулаказул гьулчиги,
Чвахулеб лъарал кечIги,
КинабгIаги рагъи-тIох:
ПатIимат, ПатIиматин.

Гьоркьоб замана ана,
Дуца гъалал кьурана,
Дур гордухъ дун гьардана:
ПатIимат, ПатIиматин.

Дица дунял сверана,
РекIел дандерижиял
Дида цадахъ ахIдана:
ПатIимат, ПатIиматин.

ГIолел руго, ПатIимат,
Нилъер гьитIинал тIанчIи,
Гьезие гвангъулеб бакъ:
ПатIимат, ПатIиматин.

ТӀелхаз рахчулел берал,
Бераз рорхулел тӀелхал,
ТӀолго дуниял даим:
ПатӀимат, ПатӀиматин.

## БИЦУНГЕ

Бицунге, бицунге, бицунге дие
Берцинал ясазул турони хабар!
Цогиял рагӀаби – гьадингоял жал, –
ГьечӀо дунялалда тӀокӀаб хазина.

Цоги хабар кинаб? – Лъимер тӀад гьечӀеб,
Гьороца кгикӀулеб пашӀмапаб кини.
Кеп кинаб букӀунеб, чогърол бакӀалда
Чашкаялъуб тӀураб хӀабургъараб лъел?

АхӀуге, ахӀуге, ахӀуте дие
Дунялалда сарин цо рокьул туреб!
Цогиял саринал маргьаби руго,
Маргьуцин лъикӀ гуро рокьи гьечӀони.

Роржанхъулел руго хъахӀилал хӀанчӀи, –
ХӀасраталъул буго гьезул бугеб кечӀ.
Рохьазда чундузул чапулел бакънал, –
Цоги бакъан гьечӀо гӀищкъул гурони.

Гуми унел руго океан хъвалхьун,
Угьдулел руго гьел, огь, дуниялан.
Гьезда тӀад роржунел самолетаца
Саламалъе рокьул куркьби хьватӀула.

Дирги ракӀ гьедула хабалъ лъезегӀан,
Хабар гьабиларин гьаб гӀищкъул гуреб.
Хабаде берцинаб гьумер къулани,
Гьениса вахъина, жеги ахӀила.

## ЛЕЗГИНКА

Бихьея тӀил кьея кьабизе дихъе,
Кьурабазул лъимал, нахъе-нахъе къай,
Гьаб тирулеб бугеб дуниял бакьулъ
Дунгун цадахъ кьурде, кьенсер-бер берцин

Кьабе абе къали, пуйзе те зурма,

Свери гIатIид гьабе гьаб гIаламалъул!
ГIорул карачелаз, киналго хIанчIаз
КечI ахIеян абе, хъат чIваян абе!

Хъат, хъат, гьарс, гьарс!
Хъат, хъат, гьарс, гьарс!
Гьанже балагьилин
Щив свакалаян.

Дир каранда лъураб кверальул зарукь
Боржине къачIараб хIинчIлъун буго ракI.
Цояб квер битIула гIебеде дица,
Дур гъежда гор гьабун гьадин жемилин.
Цояб хIетI малъалда, цояб агъалда,
Уна дун лъедолей дур лъалкIда хадув.
Цо гьаниб, цо доба – цадахъ кIиябго
Дуй накаби чIвала, мутIигIав вугин.

Хъат, хъат, гьарс, гьарс!
Хъат, хъат, гьарс, гьарс!
Гьанже балагьилин,
Щив свакалаян.

Дур рорхарал кверал, кие йоржуней?
Космосалдейищ мун къачIалей йигей?
Къо лъикI, рокьул гIалам, дуда хадув дун,
Дунял ахада тун, воржина цадахъ.

Цадахъ гьаб гIумруялъ, гьаб гIаламалда,
ГIатIидал рорхатал гьал зобалазда
Кьурдилин, йокьулей, нилъехъ хал гьабун,
Херал бахIарлъизе, хварал рахъине.

Хъат, хъаг, гьарс, гьарс!
Хъат, хъат, гьарс, гьарс!
Гьанже балагьилин,
Щив свакалаян.

Дица дуе тIагъур бахъулеб буго,
Нахъиял риччанте гьанже кьурдизе.

**ОГЬ, РУЧЧАБИ!**

Нуж лъазегIан дир гIумру
Лъарал рагIалда ана.

Нуж лъаралго лъаралъа
ГІурулъе кІанцІана дун.
Гьеб гІоралъ нужер асир,
Унго, киве рехнчІев?!
Огь, руччаби, агь руччаби,
Унго-унго руччаби!

Нуж лъазегІан дун гъасда
ЦІеде къулун вукІана;
Нужер цІар гьуинлъигун
ЦІадай кІанцІана пулан.
Гьеб цІадуца керен-ракІ
КигІан гІемер бухІараб!..
Огь, руччаби, агь, руччаби,
Унго-унго руччаби!

ЛъикІал гьудулзабигун
Нуж сабаблъун вагъана.
Цере цадахъ рукІарал
Дидаса ратІалъана.
НекІо росулел кверал,
Гьанже рукъулел зарал.
Гьай руччаби, гьай руччаби!
Пайда щибха, руччаби!

Нужее гІоло чанги
Гьалмагъзабаз гуккана,
Дица гьелги гуккана,
Гьереси бицинаро.
Амма киназдасаго
Нужер сихІру бергьана.
Агь, руччаби, огь, руччаби,
Унго-унго, руччаби!

Абула рекъечІеб иш
Бугин щакдарийилан;
ЩакдаричІого чІолищ? –
ЧІурканлъи гьел лугбазул!
Добе гьимулеб гьумер,
Гьанир кьуркьулел берал,
Вай, руччаби, гьай, руччаби,
Пайда щибха, руччаби!

Цо гъалал гьурщулел куц,
Цо курмул цІутІулел куц,

Болъоде рахунелъул
Цо бохдул росулел куц!
ГьечIо дий хвалил ургъел
Херлъизе виччаге дун.
Огь, руччаби, агь руччаби,
Унго-унго, руччаби!

Нужеда ццинги бахъун,
Дирго керен бухана,
Нужехъ ккараб рокьиялъ
Дирго макьаби чIвана.
Нуж цоцада релълъарал,
Цинги батIи-батIиял.
Огь, руччаби, агь руччаби,
Унго-унго, руччаби!

Нужеца дир азарго
Ургъел, рохел хисана.
Нуж дий хисарданин ккун,
Нужее дун хисичIо.
Нуж каканагIан гIемер
ГIищкъу ккезе гьабулел,
Вай, руччаби, гьай, руччаби,
Пайда щибха, руччаби!

* * *

АнцIила микьида дир хиял ккарай,
Дун хадув лъугьарай, кодой щвечIей яс,
Кин гьабсагIаталда мун йигей, бице?!
Дида мун кIоченчIо, дун кIочон танищ?

АнцIила микьида диде къасд ккарай,
Къисмат хисун ккарай мугIрул гIолилай,
Кин гьабсагIаталда мун йигей, бице?!
Дида мун кIоченчIо, дун кIочон танищ?

Дун лъадигун вуго, лъималгун вуго,
Нужерги нужерго буго хъизан-рукъ,
Ва амма анцIила микьабилеб их
Дуда кIочон танищ? Дида кIоченчIо.

КIочон тана чанги цебехун ккараб,
КIочон тана чанги хадуб букIараб,

Амма кIочонаро рокьул байбихьи,
АнцIила микьида тIоцебе ккараб.

## КЬУНСРУЛ

Дур надал байданалда
ЦIакъ къваридаб кIиго хIор,
Эрменияз Севан кье,
Кьеларо гьелъухъги гьел.

ХIоразул тIаралъуда
Рас чIегIераб кIиго цер,
Цоцаде рачIги рехун,
Регун руго гIумруялъ.

Гьел, чIагоял чIвараб ххвел
Гьабун руго, сихIирал,
Сверухъ женжелев вугев
Чанахъан – дун гуккизе.

ХIоразда бугеб гьава,
Гьезда лъала, бичIчIула,
Яхъая цо кьурдизе,
Кьижун гьечIо гьел чундул.

Гьел цо кьуркьудулел куц,
Гьел цо кIичIардулел куц,
Нагагь дур ццин бахъани,
Цо гьел рукIкIун унеб куц.

Гьезул ишанаца дун
АхIаравщинав духъе:
Аян дун витIулеб куц,
Цо рас багъаричIого.

Чанги сихIирал цурдул
Руго дуниялалда;
ГьаздагIан лъикIаб хъулухъ
Лъиданиги батичIо.

ГъутIбузда бусен лъурал
ХIанчIазул жахIта ккела, –
Гьаз бусен лъураб гIадаб
СанагIатаб бакI гьечIо.

Дица гъазул мурадал
Даим тIуразарула,
ТIубараб мурадалде
Дунго щвечIонаниги.

Дуца гъал къачIалелъул
Дир назму разилъула,
Дур хIоразухъ балагьун,
Гьезий баркала кьола.

Баркала, цурдул, нужей,
Дир хIорал цIунаралъухъ,
ХIабургъине течIого,
РацIцIад гьел хьихьаралъухъ.

Гьеб хIорил лъим гьекъезе
Цо-цо дун вачIаравго,
ВихьичIеб ххвелги гьабун,
Хварал жаллъун чIаралъухъ.

## НИЛЪЕР ЦIАРАЛ

Нилъер кIиязулго цо-цо цIар буго,
ЦIунизе умумуз нилъее кьураб.
Дуе кьуна зодой цIвабзэхъ балагьун,
Дие – цIа бакарал нухахъ балагьун.

Хадуб гьаб гIумруялъ гIадамаз кьурал
ГIемер цIарал руго батIи-батIиял:
Гъалал кьурулелъул дуй кьурал руго,
Чу кьололеб мехалъ, дий кьурал руго.

Мун дандчIваралдаса гьал гIадамаца
ГIащикъилан абун лъуна дида цIар.
Дун гIащикъ ватани, гIищкъу мун йиго,
ГIащикъзаби уна, гIищкъу хутIула.

Дица дуе кучIдул щурулеб мехалъ,
ШагIирилан абун абуна дида.
Дун шагIир ватани, шигIру мун йиго,
ШагIирзаби уна, шигIру хутIула.

Нилъей чанги цIарал щвана гIумруялъ,
ГIадатин, гIамалги, хьвадиги бихьун.

Дуца дие кьуна киналго цIарал,
Дица дуе кьуна киналго цIарал.

* * *

НагIана батаги гьаб макьуялъе,
Йокьулелда аскIор гьал сванхолезе!
Сардал – къояздаса жеги гьуинал,
Гьудулалда аскIор рогьине лъани.

НагIана – загсазул гьал печатазе!
Гьездаса лъикI гурищ кIутIбузул печать?
КIваричIо магьари, – гьаб нилъер къотIуй,
Цоцада бараб къвал гIоларогонищ?

НагIана анцIалго мацIихъабазе,
АнцIул анцIго жеги – доносчиказе!
Досда бихьилилан, гьасда рагIилин,
Гьабулеб рокьи тун кьерун чIаразе.

Йилълъа, дир хирияй, цIараб бакIалде
ЦIараб мехалдаса жегиги хекко.
Хурхинин цоцада, – баккугеяб бакъ
Баккун хадусала хурхинин жеги.

Биччай бачIараб къо нилъехъ хал гьабун,
Гьадинаб бихьичIин балагьун чIезе.
НагIана батаги гьаб макьуялъе,
Йокьулелда аскIор гьал сванхолезе.

## ЛИТИНСТИТУТАЛДА РУКIАРАЛ КЪАЙИЦАДАХЪАЗЕ

Гьанже дун кIалъалелъул,
(Заман сверун бугеб куц)
Цересел гьудулзаби,
Щиб нилъее лъугьараб?!

Киб бугеб нилъер гьаракь,
Нилъер гьалагаб релъи?
Дол панаял саринал
Церегойищ кIочарал?

Киб бугеб нилъер дагIба,
Киб хутIараб нилъер ццин?
Цересел критиказ

Какуларел щай жакъа?

Дол кIочонарел сонал,
Сардил хиялал, къецал...
Дица ралагьилел кир?
Кинго гьечIо ратулел.

Нилъер институталъул
Коридорахъе ваккун,
Дица гьезда гьикъана,
ГьечIилан руцIцIун чIана.

Хадуб нилъер нухазул
Рахсазухъ валагьана,
Рихх-рихххун, щущан, тIу-тIун
ТIаде кинго кколаро.

Кинабгойищ хисараб,
Диб санаца гьабураб,
Гьикъулеб дагьаб буго,
Бицунеб дагьаб буго.

Данделъизе, кIалъазе
Заман батулеб гьечIо,
Цадахъ рукIинчIел гIадин
Къойил рикIкIалъун руго.

Цояс абулеб буго
Эбел унтун йигилан,
Цогиясул вас вуго
ЦIализе восуларев.

Цояй мехтарав рос ккун,
Гьесул ургъалилъ йиго,
Цогияв лъадуца тун,
Лъай, пикру босун вуго.

ЦIиял тIалабал руго,
ЦIиял суалал руго.
Цебесеб дагIба, рагIи
Гьанже гIисинлъун буго.

ГIумрудулги хвалилги
КIиябго кафедраялъ
КучIдул гьудулзабазул.

Хисизарулел руго.

ГІицІго гьав цо кІигояв
Вуго даим хъудулев,
Роржун арал сонаца
Сундего кантІичІого.

Цинги гьал бечелъарал
Переводчикал руго,
Гьанир ниж кидаяли
ЦІалулел рукІанилан.

Хадув лъабго «классик»,
Лъаларел гьал цоцазда...
...Огь хъудулеб коридор
Дир литинститутальул.

* * *

Мун йиго абулей, дунго цІунеян,
Дунго цІунун хадуб, мун кин цІунилей?
Дунго квачачІого, кин мун хинлъилей?
Дунго хиралъани, кин мун йокьилей?

Гьаб черхищ цІунилеб, чилъи рехун тун?
Гьаб чехьищ цІунилеб, цІар, яхІ жибго тун?
Гьаб ракІ унтичІого, кечІ кин ахІилеб?
Кверда заз къачІого, тІегь кин бетІилеб?

Абуге, дир гьудул, дунго цІунеян,
Дунго цІуни буго мун цІуни дие.
Биччай гІазу базе, биччай цІад базе,
ЦІунила хирияб хазина, хІасрат.

Квачараб магІарда вехьас хъатиниб
Хъалияналъе цІа цІунулеб гІадин.
Горсверуде ккарав, ругъназ вецІцІулев
Рагъухъанас байрахъ цІунулеб гІадин.

## ЖАЛГО ЦІУНАРАЛ

Гьал жалго цІунарал, жалго цІунарал,
Жидерго чвантилги чорхолги лагъзал.
Жидеда цІад, гьури, гІазу хъвазегІан,
ГІалам биххагийин, жал теян ругел....

Дида гьел лъикI лъала, дида рихьана,
Даим сентIелаго сверухъ женжелел.
Кидаго гIумруялъ гIор бахинчIого,
Гьелъул рагIалалда дарран соролел.

Гьел рикIкIад рукIуна къваридал сагIтаз,
Къойил дандечIвала компаниязда.
Лълъарал рорхулелъул, балъго лъимги тIун,
Лъиялъеян къинкIун, кIалдиб гьеб хъвалел.

Цадахъ анцI-анцI соназ хIалтIарав гьудул,
ХIакимлъиялдаса гIодов ккаравго,
Гьесде кверги хьвагIун, квешав вукIанин,
ТIаде вачIарасул хIатIал чIикIулел.

Дида рихьана гьел жалго цIунарал,
ЦIодорал, ягъзинал – нужеда лъала.
ХIинкъараб сверуда гьудулги гъоркь тун,
Гьел-гьелун уна гьел рихьуларелъуй.

ДагIба ккун хадуса, кьал ккезе гурин,
Кутул кинигинан хъетула нахъе.
Нилъер сахлъиялда дагьал релълъарал
Унтабигун руго гьел курортазда.

Унтизе гурилан, гIарз хъвазе гурин,
ГIищкъу ккарай ясгун дандчIваларо гьел.
ГIищкъу, кинаб гIищкъу жиндирго жиндихъ?
Жиндаго къвалги бан къаси вегула.

Къойил матIуялда цеве свердула,
Цаби камун гьечIищ, гьакIкIан рикIкIуна.
Дагьабниги хиси бугилан ккани,
Хекко тохтирилан ахIи-хIур бала.

Дида гьел лъикI лъала, гьеб тайпаялъул
Гьудулзаби руго кочIохъабальги.
Кинасул гьакида тIад рекIаниги,
Гьесие рекъарал бакънал рачунел.

Гьал жалго цIунарал «цIакъго цIодораз»
ЦIунуларо рагIи, гIагараб улка.
ЦIодор рукIунгеян абулев гуро,
Амма гьудул вичун, гьаб къойил кеп щиб?

Лъабнусго сон щайзе чараб гъадие,
ЧамгIалабщинаб жо ракьалдаги тун?
Бокьараб рахъалъа кьегIерги хъамун,
Кьуру чIван боржунеб цIудул берцинлъи!

* * *

Азарго кечI гьабуна,
КочIохъан лъугьинчIо дир.
Азарго чу кьолона,
ЧотIахъан лъугьинчIо дир.

Чанги хвалчен хьвагIана,
Нагагь гIужда кьабичIо...
Кьвагьдезе гIемер ккана
Рагъухъан вахъинчIо дир.

Дие къойил рокьана,
Дие гIемер рокьана,
Амма рокьи батичIо,
Ракьа-ракьа бухIараб.

Гьеб гIемеразда лъала,
Дида лъана гьабсагIат:
Лъимер вукIун вуго дун,
Дуниял свераниги.

Цебе дица гьарана
КучIдул гьаризе къуват,
Гьанже гьарулеб буго
Гьел гьаричIого чIезе.

## ДИКТОРАЗУЛ КЕЧI

Дун, улкаялъул диктор,
Кьижараб шагьар къотIун,
Щола хъахIлъи лъалелде
ХъахIаб микрофоналде.

Дихъ гIенеккула гIалам,
Дица бицуна хабар,
Хъудулеб дунялалъул
Щибаб къоялъул хIасил.

Доба рагъ гьадин кканин,
Гьаниб ракь багъаранин,
Бандитаца самолет
Кибалиго хъамунин.

Гъора ракъун ругилан,
Дора унтун ругилан,
Нота цо хIукуматалъ
Цогияхъе кьунилан.

Огь, дие бокьилаан,
Рохалил харбал рицун,
Гьаб хутIараб замана
Музыкаялъе кьезе.

Кибниги рагъ гьечIилан,
Ругънал седолел ругин,
Сабаб батичIеб унти
Улкаялда хутIичIин.

Цониги туснахъ гьечIин,
Тюрмадул хъаравулал
Лъималаз тIунгутIизе
ТIугьдул цIунулел ругин.

Гьересигун щцин лъугIун,
Цоцахъе квералги кьун,
Кинабго гIаламалда
ГIищкъул пачалъи бугин.

Дун, улкаялъул диктор,
Дихъ гIенеккула гIалам.
Дица цIалула къойил
ЦIиял харбал халкъазе.

Гьел харбалъ гIемераб бакъ,
Балеб цIад, бекьулеб хур,
Хирияб улкаялда
ЦIияб кечI, цIияб роржен.

ЦIияб цIар, цIияб шагьар,
ЦIияб машгьураб гьунар,
ЦIвабзахъе лъураб сапар,
Сверухъ берцинаб гугьар.

Огь, дие бокьилаан,
Рохалил харбал рицун,
Гьаб хутIараб замана
Музыкаялъе кьезе.

Кибниги пожар ккечIин,
Авария гьабичIин,
Улкадул кочIохъабалъ
Цо халтурщик хутIичIин.

Магазинал цIун ругин,
ЦIогь, ришват лъугIун бугин,
Очередал гьечIого
Гьанже кинабго бугин.

Нусго грамм тIун хадуб
ТIокIаб гьекъолеб гьечIин,
Квартира гьечIев чи
Гьанже цоги хутIичIин.

Дун, улкаялъул диктор,
Кьижараб шагьар къотIун,
Щола хъахIлъи лъалаго
ХъахIаб микрофоналде.

Дихъ гIенеккула гIалам,
Дица рицуна харбал:
Хъудулеб дунялалъул
Къварилъи-гIатIилъидул.

Огь, дие бокьилаан
Рохалил харбал рицун,
Гьаб хутIараб замана
Музыкаялъе кьезе!

**ХЪУЛБУЗУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ**

Эмен унтараб мехалъ,
Гьесда аскIов тIодов чIун,
ГIемерал къоял рана
Къулун бетIергун дица.

ГIузрабаз кIвекIулев гьев
ЦIакъ дагьав кIалъалаан,
Бищунго кIвар цIикIкIараб,

Аслияб абулаан.

Абуна гьес цо нухалъ,
Цо гьари бугин, васин,
Гьал дица рарал хъулби
Риххизе тогейилан.

Гьел гIемерал ругила,
ГIумруялъ жив цIунарал.
Дуца гьел цIунейила,
ТIаде цIиялги райин.

Кинал къулби дир инсул,
Щиб бакIалда гьел ругел? –
Щибго дида рагIичIо,
Кирго дида рихьичIо.

Дида бичIчIулеб гьечIо,
Гьарула, бице, эбел...
Эбелалъ дий бицана,
Дир вас, гIенеккейилан:

«Халатаб гIумруялъул
ГIасиял сверабазда,
ГIахьалаб рекIел чагIи
Ратана дур инсуда.

РикIкIада росабальги
АскIор улкабаздаги
РукIана инсул гьалбал,
РукIана гьудулзаби.

Роххарал къояцаги
Къваридаб заманальги
Цоцакъе гьел кидаго
КватIулароан щвезе.

Киданиги ругьел бан,
Тел кьезе кколароан,
Ккараб къодал къваригIел
РакIалъ бицун лъалаан.

Гьел хIалбихьарал чагIи,
Чорхолъ росарал гьалбал...
Гьезда жиндир къулбиян

Абулаан инсуца.

Гьел гьечIони жив гьечIин,
Жиндир мугъ чIвалел сиял –
Гьезул адаб гьабеян
Гьарун тана гъос дуда».

...Эбелгун эмен гьечIеб
Гьаб дунялалъул рокъоб
Дида малълъана магIна
ГIумруялъ инсул дарсил.

Гьанже дуниял сверун,
Росулъе вуссунелъул,
Дун инсул сураталда
Цевети чIун кIалъала:

«Баркала, эмен, дуе
Дуниялалъул рокъоб
Дуца рарал къадазухъ,
Дуца рарал сиязухъ.

Гьезул гъваридаб кьучIги
Кьурабазулаб гучги,
Дица гьел ричуларо,
Дица гьел хисуларо.

Щиб хазина кьуниги,
Дица гьел кьезе гьечIо, –
Гьел камуни, квердаса
Килщал камунин ккола.

Амма букъун буго зар,
Кьураб квер хIанчIулезул
Каранлъ бараб гIечIого,
Жеги гIадалъги базе.

Хирияв эмен, дица
ЦIунун руго дур хъулби,
ЦIия-цIиял кисанго
Дицагоги ран тана.

РикIкIадал улкабазда,
Океаназда руго
Дагъистаналъул хъулби,

Хъат лъилго рекIунарел.

Дуца дида киниги,
Дица гьарулеб буго
Гьал дир гIолел тIанчIазла,
ТIалъиялъул васазда:

«Гьудуллъиялъул хъулби,
Гьоболлъиялъул хъулби,
Гьал дица рарал хъулби
Риххизе тогейилан.

Гьел гIемерал ругилан,
ГIумруялъ дун цIунарал.
Нужеца гьел цIунейин,
ТIаде цIиялги райин».

### ДИР ГЪВЕТI

Дир гъветI – гъалгъалараб дир гIумру гIадин,
ГIаркьел – гьетI-гьетIараб, дир сонал гIадин, –
Мун къотIулеб гIощтIол даимаб бакъан
Дир гIинда ракI унтун рагIулеб буго.

Доб цIадал хаслихъе дун гьавурабго,
Дур керен къотIана дий киниялъе.
ТIамхазе хIанчIаца ахIичIо кучIдул,
Эбелалъ мун кIикIун ахIана дие.

Хадуб дир михъазда хIур чIвараб мехалъ,
ХIасрат тIоцебехъе дида лъарабго;
Дур кверал къотIана дие къалмазе,
Къаркъала рагьана дие пандрие.

Дида ругънал щвана, унтаби лъана;
Унел руго и.хал, бачIана хасел.
Балеб буго гIазу, хьвагIула гIащтIи,
Дие гIансаялъе батула гIаркьел.

Гьелъул бицинаро, хадуб кколелъул
Хиял гьабурабго, дица ракьалда, –
Огь, хъухъадирадул бегIерал гажал! –
Бегулеб буго мун дир малиялъе!

Дир гъветI – гъалгъалараб дир гIумру гIадин,

ГІаркьел гьетІ-гьетІараб, дир сонал гІадин. –
Мун къотІулеб гІощтІол даимаб бакъан
Дир гІинда, ракІ унтун, буго рагІулеб.

**РАЧІА КЪАСИ ДАНДЧІВАЗЕ**

Радал дида лъарай яс,
Нусгоялъул багьаяй,
Берал берцин, кар берцин,
Кинабго лага берцин.

КватІизегІан чІечІого,
РачІа къаси дандчІвазе,
Араб къо бачІинегІан
РачІа цадахъ рукІине.

КІоларилан абуте,
КІолин рекІей бакьани;
Бокьун гьечІин абуге,
Дун гьелда божуларо.

«Метер-сезе» абуге,
Унеб бугин гьаб поезд.
Гьелчелеб бугин ралъад,
РачІа къаси дандчІвазе.

Рос вугилан абуге,
Вас вугилан абуге;
Гьел кигІан рукІаниги,
КватІичІого мун ячІа.

Эмен вагъизе вугин,
Эбел ялагьун йигин,
Багьанаби цІалкІуге,
ЦІараб бакІалде ячІа.

ЙихьичІого рес гьечІо,
КІалъачІого рес гьечІо,
ДандчІвачІого рес гьечІо,
Гьеб бичІчІизе ккун буго.

Добе зодихъ балагье,
Гьаниб гІодоб балагье.
Йокьулей, кІичІардуге,
РачІа къаси дандчІвазе.

Абуге ячIинарин,
ЯчIинчIони, дун хвела.
ЯчIинчIони, гIаламалъ
Дуде гIайиб гьабила.

ЯчIинчIони дица мун
Ялагьила, ятила...
Мун кийго йорчIиларо,
ЯчIа къаси дандчIвазе.

ЯчIинчIони хадуб дур
ЦIакъ ракI бухIизе буго.
Щай нахъе уней, гIабдал? –
ГIенекке, кье дихъе квер.

КватIизегIан чIечIого,
РачIа къаси дандчIвазе.
Дуниялалъул рокъоб
Бакъ кенчIезе гьабизе.

**САГIТИЛГУН ГАРГАР**

Дунги сагIатги руго
Сардилъ нахъа кIиялго
Цоцазда гаргадилел:
КIутI-кIутI, кIутI-кIатI, макьу тун.

СагIат кIетIолеб буго
Кьижизе заман щванин,
Щай мун вегуларевин,
Вега, вега: кIутI, кIутI, кIатI.

Дица жаваб гьабуна,
Кинго макьу щоларин,
Йокьулей гьудулалъ дун
Жакъа пашман гьавунин.

СагIат кIетIолеб буго
Гьеб бигьаяб ишилан.
Азарил соназ гьедин
БукIанин, кьижайилан.
КIутI-кIатI, кIутI-кIатI.

Дица жаваб гьабуна,
Кинго макьу щоларин,
Йокьулей пашман танин,
Гьелъулъ дир гІайиб кканин.

СагІат кІетІолеб буго
Гьебги бигьаяб ишан.
Азарил соназ гьедин
БукІанин, кьижайилан.
КІутІ-кІатІ, кІутІ-кІатІ.

Гьедин харбида дунги
СагІатги ругеб мехалъ,
Сордо кьижизе ана,
Кьижараб къо борчІана.

Йокьулей, мун йорчІанищ,
Нижер кІалъай рагІичІищ?
СагІат кІетІолеб буго,
КІутІ-кІатІ, вега, кьижаян.

Дир кІутІбуца щурула,
Щоларин макьуйилан.
Щибдай дица гьабилеб
Гьаб некІсияб унтуда?
КІутІ-кІатІ, кІутІ-кІатІ...

## ЦО-ЦО ГЬАДИНАБ ЗАМАН

Къоялъ ккарал квешлъабаз
Керенгун ракІ къакъалеб
Къаси сардилъ букІуна
Цо-цо гьадинаб заман.

Цо кьижунин абизе
Кьижизеги кІолареб,
Кьижун гьечІин абизе
ВорчІизеги кІолареб.

Гьеле гьединаб мехалъ,
Хабал нуцІаги рагьун,
Хирияй эбел дихъе
ТІаде лъугьун ячІуна.

Гьей аскІой эхетула,

Борхатаб гъветI кинигин,
Вай дир васан, дир васан,
Дуца гъабураб щибан...

ГIемерал гъалатIал ккун,
Сири барав чи гIадин,
Черхалда гъаргъар бараб
Цо-цо сагIат букIуна.

Я унтунин абизе
Унтулеб бакI лъалареб,
Унтун гьечIин, сах вугин
Вахъинеги кIолареб.

Гьеле гьединаб мехалъ,
Соназул каву рагьун,
Даим сапаралъ арав
Эмен дихъе вачIуна.

Гьев хьолбохъ эхетула,
Борхатаб кьуру гIадин,
Вай дир васин, дир васин;
Дуе лъугьараб щибан...

БукIуна цо-цо заман,
Квачай-хинлъи лъалареб.
Мехтараб гIантлъи гуреб
Вигьараб гIакълу гьечIеб.

Берал ругонаниги,
Балагьизе кIолареб.
ГIинкълъун гьечIонаниги,
ГIенеккизе хIинкъараб.

Цересел гьудулзаби,
Гьеб мехалъ дир соназул
Цадахъ рукIун камурал,
Киналго цере чIола.

Гьел цо-цо ккун рачIуна,
Къункъраби кинигинан,
КочIохъанин, гьудулин,
Ниж кIочон тогейилан.

## РАЛЪАДГИ ДУНГИ

Радал хъахIлъи лъана! Хъудулеб мунищ,
Дир гордухъ букIараб, гьадин тIокIкIараб?
Дун дур матIуялде тIадеги къулун
ТIоцебе мун лъараб лъимерлъун вуго.

Дида гьаб дирго ригь кIочон тун буго
Дур гIатIилъиялда гIурччинаб, хъахIаб.
Радал духъ паналъун, дун гьитIинав вас,
Гьале къо къалъана, гIолохъанлъана.

Гьел дур чвахиязул чодулаб пунхъи,
Мун чи ватанани жал кьолойилан.
Дун ахIулев вуго лъадал сверабаз
Жидер гъварилъуде гъорлъе вачIайин.

Къварилъи-гIатIилъи босун хадуса
Васал хехго гIола, гIолохъанлъула.
Къаси сордо щола, зигардула мун,
ЗахIматаб дур угьди унтула каранлъ.

КIудияб хIал бачIун, хIалценалъ квегъун,
ХIалхьи гьечIев чилъун чIвачIвадула мун.
Дие макьу хола, хиялаз кIвекIун,
«Херав чи ва ралъад» – лъала доб къиса.

Цо къоялъ хисулеб кього нухалъ ригь, –
Хвел-гIумрудул пикру, – кидагосеб мун.
Гьале сордо-къоялъ дур рагIаллъуда
Дун лъабго гIумрудул гIорхъода вуго.

## РУЧЧАБАЗУЛ СОН

Хирияй, исана дур сон абула,
Дун ургъулев вуго, хадув гъоларо.
Хасаб сон букIунищ багIараб бакъул? –
Бакъ диегьалдола гьеб рагIичIилан.

Иццухъ лъим гьекъолеб ритIучIалъул тIинчI,
Гьеб суал кьурабго, кьуркьудараб куц!
Кьурулъ бусен лъураб берцинаб гагу,
Дица гьеб цIехегун цIабуцIараб куц!

Хирияй, исана дур сон абула,

Дида бичIчIуларо щиб жо гьебали.
Гьал цо махщелчагIаз мун тох гьайизе,
Гьадинго бицунеб хабар гурищ гьеб?!

Берцинаб миккидай гъураб гьинаде
Гьеб гуккизе рарал мугьал гурищ гьел?
Гьеб чанахъабазул сихIруцин гурищ?
Гьеб ччугIихъабазул макруцин гурищ?

Хирияй, исана дур сон абула,
Дур сихIирлъи гьезда лъаларогунищ?
Соназде бикьулищ рокьиги ццинги,
Цинги гурхIел, рахIму, чIухIи, берцинлъи?

Хасаб сон букIуна цо модаялъул,
Дур магIил, гьимидал гьеб букIунебищ?
ТIаде балеб гIаздал, гIурда тIегьалъул .
ТIасан лъазарурал лъагIелал ругищ?

Хирияй, исана дур сон абула,
Дур сон гуреб дие сагIатцин гьечIо.
Нилъер кIиязулго – гIахьалаб гIумру,
ГIурхъи гьоркьоб чIвалев хъаравул киса?

Мун дир кечI! КечIалъул кинаб сон бугеб,
Кинабго гIуIмруялъ дуе ахIараб?
... ГIемераб хIехьарай хIикматай гIадан,
ХIехьеха гьаб сонги сихIирго дуца.

* * *

РукIана кIудиял цо хасал сонал,
Халкъазул ракIазда рикIун хутIарал,
Инкъилабал ккарал, ракь багъарарал,
Рагъал гъугъадарал, бергьенлъи щварал.

Цо гIакъил гьавураб, пача рехараб,
Партизаназ Хунзахъ хъала бахъараб.
Хиросимаялде бомба рехараб,
Бастилия гьужум гьабун босараб.

Гьаб дир гIумруялъе цо дур гьимиялъ
Гьабуна инкъилаб кIудияб рокьул.
Ракь багъарун чIола, – рекIел багъари
БукIинчIеб мех гьечIо мун лъаралдаса.

Мун – лъугIи гьечIеб рагъ, ругъназ цIун вуго,
Регъон рахъунаро, нахъеги лъола.
КиналгIаги сонал дур хIикматалъул, –
ХIайранаб бергьенлъи баркула дуда.

ГIакъил гьавураб сон – мун гьаюраб сон,
Пача – мун, рехизе дида кIоларей.
Дун – дур Хиросима, цин рохъо гьабун,
Нахъеги цIидасан хвасар гьабулев.

Мун дир хъала йиго босун бахъинчIеб,
Дур Бастилиялъул туснахъ вуго дун.

* * *

Дур сурат гьабизе сородула квер –
Кинан аллагьасул сурат гьабилеб?
Кинабго дуниял, дунгоги гьанив
Дуца гьабун тараб сурат гурищ гьаб?

Дуде кечI ахIизе, дуда кIалъазе
КIутIби рагьулаго, бухIула керен.
Унго кочIол бича, киналго гьаркьал
Гьаб дуниялалда дур бакънал гурищ?

БатIияб щибгIаги гьарулев гьечIо,
Дур гьими цIунизе кье дие дару.
Гьунар цогиялъе къваригIун гьечIо,
Дур магIу бацIцIине кье дие сабаб.

ЦIияб хIажат гьсчIо, дур лъалкIда хадуб
Гьеб хвелареб куцалъ ине виччай дун.
Биунге гьаб гIазу, дур хIетIе чIараб,
ЧIа, инчIого заман, нилъ цадахъ ругеб.

## АФРОДИТА

Афродита, Киприда,
Кинаб кечI дуй ахIилеб?
Кипри чIваби тIутIураб
ТIамур кинигин бугин.

Гьаниб цоцалъ рагъ буго,
Ругъназ цIураб чIинкIиллъи

ЧIван раххараб ритIучIил
ТIомалда релълъун буго.

Афродита, Киприда,
Квер кье, йилълъа мун дунгун,
Кавказалъул орфеяз
Рачинин дуе бакънал.

МагIарул аполлоназ
Ункъабго наку чодул
Мун ячIун яхъиналде
ЧIвазе гьабила гIодоб.

Афродита, Киприда,
Кипри ругъназ цIун буго;
Дур камилаб чIинкIиллъи, –
Чан хъачагъ гьенив вутев?

Гьезда гьеб дур берцинлъи
Бецлъарал бихьуларо,
Дур бахьинлъи, дур гIишкъу.
ГIасилъун бичIчIуларо.

Гьезул цояз ячун мун,
Гьурмада чадра бигъун,
Чода нахъаги хъамун,
Нахъарокъой тун йиго.

Цогияз карандаса
Киналго кIичIал тIутIун,
ТIаса ретIелги бахъун,
Кьурдизаюлей йиго.

Гьезул цояз, гIелилан,
Бусурман дин босеян,
Исламалъул ракьалде
Рукьги ккун цIалей йиго.

Цогияз, полковниказ
Жидее кеп гьабеян,
Кабареязде ячун
Тиризаюлей йиго.

Афродита, Киприда,
Кипри бикь-бикьун буго.

Гьанир миллатал, динал
Данде рагъулел руго.

Нижер доб улкаялда
Какги динги мун йиго.
Киналго миллатазе
Бакъги моцIги мун йиго.

Мун ячIина хIатIазда
Цо хIур хъвазе течIого,
ХIорихъан мун ячIина
Риччел хъвазе течIого.

Дора ясал дандчIвала
Дур берцинлъи босарал.
Дора васал ратила
Босун ракI дуе кьолел.

Дунги доваса вуго
Дур къварилъи рагIарав,
Къаси мунгун кIалъалев:
– Йилълъа дир Кавказалде.

Афродита, Киприда,
Щайзе бетIер хьвагIулеб?
ВатIан тезе кIоларин,
КIалъана Афродита.

## МУН ЯЧIАРАБ МЕХАЛЪ, РАЛЪАД ГЬАЛАГЛЪИГУН, ХЪВАРАБ КЕЧI

Ралъдал карачелал. Гьезда бугеб къо,
Гьел релълъуна жакъа гIантаб гьвеялда,
Цогиял рачIингун чIикIардулел гьел,
Гьанже мун щварайго щай гьалаглъулел?

Дорехун гьулчула, гьанир речIчIула,
Гьезда, дир хирияй, мун лъачIогонищ?
ТIад речIчIизе гIадин ццидакь рорхула,
Дур гьумер-бер гьезда кIочонищ тараб?

Гьава кьерхараб куц цо лахIзаталда, –
Цониги мацIихъан шур-шудун гурищ?
Щиб ккараб, берцинай, дулъ жахIда ккунищ?
Жакъа гIадин дида ралъад бихьичIо.

Кинаб такъсиралъе тамихI гьабизе
Дун талихIаб къоялъ гьалъул къасд ккараб?
Щиб багьана бихьун, чIалгIарай гьобол
Гьалъ, гьадин къварилъун, къабул гьаюлей?

Мун дихъ балагьуге, дир гIайиб гьечIо,
Гьикъе дуца щибаб карачелалда,
Дур лъикIлъиялъулги берцинлъидалги
Дица биц<br>анщинаб щибаб сагIаталъ.

Гьикъе, кигIан гIемер дицаги гьезги,
Полоп кIутIбузда бан, дур цIар рехсараб.
Гьезда вихьана, дун далун бетIергин,
БухIараб салуда дур сурат хъвалев.

Гъозул дуде бугеб цо гIайиб буго –
Цадахъ гьанжелъагIан мун йикIинчIолъи.
Гьал карачелазда квеш букIун буго
КватIун гуронани мун ячIинчIолъи.

Цо дун вукIараб куц ракIалдеги щун,
РекIеда ратулел гьечIо гъол жеги.
Жакъа гьадин рукIун, метер киналго
Карачелабаца дуй чагур хъвала.

## КЪО-ЛЪИКI, ЧIИКIАБ

Къо-лъикI, мугIрул росу, некIсияб ЧIикIаб
ТIокIаб гьанже дида мун бихьиларо.
ТIокIал дур къватIахъан, гъежда гIертIалгин,
ГIолохъанал ясал иццде инаро.

ТIокIал годекIабахъ ганчIахъ гIодор чIун,
ГIумрудул бицине данделъиларо.
ТIокIаб дур тIохазда тIамур хъваларо,
ХъахIилал минарахъ как ахIиларо.

Къо-лъикI, ЧIикIаб росу, дур тIалаяхъан
ТIокIалъ инаро кIкIуй дол зобалазде.
Хваразул заназде тIаде къулизе
ТIокIав вахинаро дур хабзалахъе.

РачIун руго хIанчIи, чIичIилед руго:
ЧIикIаб киб бугеян – батулеб гьечIо.

Сверухъ мугIрузда тIад цIи гIурал тIугьдул
ТIасан балагьула, бихьиларо мун.

Ралъдал газаналда гуми кинигин
РукIарал дур рукъзал рукъана тIинда.
Дуда тIад гьелчола карачалаби,
Гьез ахIулел кучIдул дур рахъалъ руго.

Лъадал сверабазда тIадеги къулун,
Къварилъула цо-цо ургьиб гьинал ракI.
РагIула дур гьаракь тIиндасан дида,
ТIалъидал росаби, нуж лъикI тагийин.

Биччанте ракарал цIаяхъ хал гьабун,
Дир цIар Дагъистаналъ цо-цо рехсезе,
ЦIи гьабураб ЧIикIаб кинида буго,
Гьеб кIикIулеб мехалъ дун кIочонгеян.

«Дир гIумру, дир къисмат къокъаб букIинчIо,
Чанги кьалал лъана дир кьурабазда.
Дун чияр боязе чучараб гуро,
Чваххидалъ лъуна дун хириял васаз».

Къо-лъикI, мугIрул росу, некIсияб ЧIикIаб
Мун кIочон толаро Дагъистаналда,
Дуца керен кьуна пулеметалъе
Рота гьужумалда цебе бачине.

Дуца гIумру кьуна гьал кьурабазе,
Мун тIиналде ана тIалъи гвангъизе.
Мун хвана, капитан ХIажиев гIадин,
ХIанчIи чIичIидула дур цIарги ахIун.

Къо лъикI, ЧIикIаб росу, щибав мугIрул чи
Мун гIадинан хвезе вуго хIадурав.
Ина нижер щибав ралъдал тIиналде
ТIадетIанаб Кавказ кенчIезабизе.

## АНКЬИЛ АНКЬГО КЪОЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

БачIун буго итни: гьаб дунялалъул
Дун бугин бегавул, дун бугин пача,
Дидасан лъугьараб бугин гьаб гIумру,
ГIаламалъул тIолго гьал календарал.

Гьоркьоб мех иналде гьеб хисун халат,
Хал гьабе дихъилан, чIана тахида.
Гьелъ михъал кьурана, дир хъатикь бугин
Дунялалъул хонжрол хъахIаб тIагъийин.

Хадуб, къоги сверун, сордо унелъул
АрбагI бачIун чIана, рорчIа нужилан,
Мугъ берцин гьабунин рецц-бакъ бокьараз,
Дица бугин гьанже сагIат кьурулеб.

БачIун буго хамиз, хадубцун рузман,
Цинги шамат, гьатIан – анкьго сордо-къо
Щибалъ абун буго: дица бугилан
Дунялалъул къали тIилаз бухулеб.

Дун бугин тамада, гьаб гIаламалъе
ГIумруялъул лълъарал маян цIун кьолеб;
Жинца ругин тIолго цIурмал кьабулел,
Жинца ругин тIолго цIаял ракулел.

Анкьго кьибил гIадин, анкьабго къоялъ
Къецалда бан буго гIемераб заман.
ГIасраби рихьараб, гIалам лъалеб бакъ,
ГIундулги ккун, гьазда кIалъана гьадин:

«Нужер дагIба кинаб, нужер чIухIи щиб,
Щай борхулеб хвалчен цоцазда хадуб?
Нуж, цоял гьечIони, цогиял гьечIо,
Цаби гуро кIалдир, рортани лъолел?

Нуж анкьалго руго кинабго гIумру
Кидаго сверулеб дуниялалда.
Киналго мехазул ханжарги нужер,
Киналго халкъазул зурмаги нужер».

Ва гьелдаса нахъе гьаб анкьабго къо,
Къец-датIба гьечIого, хьвадулеб буго,
Къацандилел цоцалъ гIадамал руго,
ГIайибиял жалго, – къо-сордо гуро.

**ГОРСВЕРУДА**

...Дуца дие бицана:
Цо нухалъ гIодор чIейгун,
ГIасиял тушбабаца

Сверун ккураб ротадул.

Бид вецIцIулев командир,
Квер бортарав лейтенант,
Кверде рачIаян абун
РечIчIулел автоматал.

БетIер борханщинахъе
Хвелалъул хъаравуллъи,
Хъазмил чIахIиял тIаргъал
ТIаде-тIаде рачIунел.

...Дуца дие бицана
Лъукъараб, къуват хвараб
Къукъа цо-цо, кIи-кIи ккун,
Кверде ине ккараб куц.

Чанго нилъер рагъухъан
Лъукъарав командиргун
Тушбабахъе асирлъун
ИнчIого рорчIарал куц.

Цоцазул гъуждулги ккун,
ЯхIалъгин гьудуллъиялъ
Гьез, хвалил горги тIутIун,
Хвасарлъи босараб куц...

Дуца дие бицараб
Гьеб цебегосеб хабар,
Цебего рагъ лъугIана,
РакIалде щола дида.

Щибаб къоялъ бихьула
КочIохъабазул рота,
КиналгIаги сонаца
Сверун ккун тушбабаца.

СихIирал гьерсихъабаз,
Пасатал мацIихъабаз,
«Кверде рачIа» – ян абун,
РечIчIулеб буго гьезда.

ТIасан гIасияб гьаракь,
Гъоркьан хьимулеб хвенех,
Халтурщиказул боял

БацIазул хъантIи бугел.

Карьеристал гьанисан,
РишватчагIи дорасан, –
Нижгун цадахъ вилълъайин,
Цогияб нух гьечIилан,

Пикрабазул цензорал,
Къасдазул хъаравулал, –
Дур лъималги ругелъул,
ЛъикIаб куцалъ ургъеян.

Цинги макруяб хIелхIел,
Цинги хIилаяб рецц-бакъ.
ХIалихьалъи ахIмакълъи
Иргадал тIаделъула.

ХIарп лъаларел гIабдалаз
Буго гIакълу малълъулеб.
Бадир регьула килщал,
Кверде вачIа мунилан.

Дида бихьана, гьудул,
Ругъназ цIурал гьунарал,
Гьел гьерсазе асирлъун,
Уна цо-цо, кIи-кIи ккун.

Амма буго къвакIараб
Къокъа кочIохъабазулъ,
КиналгIаги кьалазулъ
Кьураби гIадин чIолел.

Цоцазул гъуждулги ккун,
КигIан тIаделъаниги,
Пикрабиги намусги
Гороверуда цIунарал.

Гудраде рарал мугъаз
Гьунар гуккизе течIел;
РечIчIарал чIорал рахъун,
Нахъеги цере арал.

Цинги цIияб гор сверун,
Гьебги тIетIезе гьабун,
ТIолалго наслабазе

Васият – сарин тарал...

Дун гьаб даимаб рагъда
Ругъун щун хабалъ лъуни,
Хирияб сарин, дуца
Салам бице мугIрузда.

Абе, дир асараца
Гьерсие квер борхичIин,
КигIан кIал гьикъаниги,
КIовухъе кечI ахIанин.

**А. ТВАРДОВСКИЯСУЛ ЦIАЯЛ**

*(ракIалде щвезабиялдасан)*

Дида ракIалда буго,
Дида кIочон толаро:
Доб кватIараб хаслихълъи,
Халатго ралел цIадал.

Унтабаца кIвекIулел
КIиялго нилъ рукIана
Москваялда гIагарлъухъ
Больницаялда регун.

Унти тамахлъарабго,
Тохтирзабаз изну кьун,
Унаан нилъ тиризе
АскIоб бугеб рохьоре.

Рохьоб дуда лъалаан
Щибаб сухъмахъ, щибаб гъветI,
ГъотIол гIаркьел букIана
ГIансагун тIиллъун дуе.

ГIебаб рохь бикьизабун
Гьоркьосан унаан мун,
Дида хадув вилълъаян,
Хасаб нух букIана дур.

Хадуб цо расалъуда,
Дурго лъалеб бакIалда,
Лъалхъулаан цодагьалъ –
ГIодор чIелин харбие.

ГъутIбуздаса тIун араб
ТIамах, гIучI, цIул бакIарун,
Дуца цIа бакулаан
Бергьараб махщалида.

ЦIа рекIараб цо гIучIги
Хъаляналда цвизабун,
Цо дуца рехулеб кIкIуй!
Гьелъул дуй букIараб кеп!

Канлъи кенчIолеб гьумер,
ТIаде гьетIарал гьутIби,
Дур цIадухъе рачIунел
ЦIия-цIиял унтарал.

Изну гьарулеб буго
Гьез мунгун гIодор чIезе,
ГIенеккун чIун руго гьел
Дур щибаб рагIиялъухъ..

РагIаби дур рукIинчIо
МагIна гьечIел цониги.
БагIарулеб букIана
ЦIа замана анагIан.

Унтабазул гIорхъода
ГIодов вукIарав дуца
Бицунаан гIумрудул,
БитIараб-гьетIаралъул..

Жеги квач щвечIониги,
Квералги цIадуде ккун,
Киналго ниж рукIана
Гьанже-гьанже сахлъилин.

Дуца бицунеб хабар
ГIакълу, дарс кьезе гуро,
ДагIбадилев вукIана
Гьереси-сихIругун мун.

Гьел тIад гьалай биччарал,
ТIадагьал пахьул гарал,
Рихьизе гьарулаан
Гьалеян дуца килщаз.

Дурго хIакъикъат цIунун,
ЦIадай унев рагъухъан,
ГъабсагIат дур сагIтазухъ,
Дица сонал кьелаан.

СагIтал рукIана цIакъал
ЦIадуда сверухъ рохьор,
Дуца хинлъигун канлъи
КиназегIаги кьуна.

Хинлъидалги, канлъулги,
КучIдузулги тушбаби
Кирго кисанго руго,
РукIана доб мехалъги.

Дида ракIалда буго
Цо дур ракI лъукъараб куц,
Кисаналиго вачIун,
Щибго лъаларев чияс. –

Охранищ гъов, завхозищ,
Цо залимасул замищ,
Зарал рорхун кIалъана,
ЦIа свине гъабейилан:

«Гъаб иш дица гъабсагIат
Добе лъазе гъабила,
Дуе лъикI букIинаро,
Гъалмагъ Твардовский».

Жеги гъев тIаделъана
Мун тIаде вахъинегIан,
ТIилида квералги чIван,
Цо мун балагъизегIан.

...Цинги рагIи абуна
Абизе юколеб куцалъ:
Айин гъаниса нахъе,
Гъаб дир цIа свине гъечIин.

Гъанже замана ана, –
Унтабаца мун течIо.
БукIана гIаздалаб къо
Мун къаникь лъолеб мехалъ.

Амма кигIан гIемераб
ГIазу-цIер букIаниги,
Дур цIадул канлъи, хинлъи
Кидаго свине гьечIо.

Охранал щиб, завхоз щив,
Лъилалиго замал щиб?..
Щал тIаде руссаниги,
Гьеб кинго сунеб гьечIо.

Дида хадув вилълъаян
Хасаб нух букIана дур,
РакIалдаса инаро, –
Дур гъасда вуго даим.

Дида рагIулеб буго
Дур кучIдузул цIадуде
Кверал ккурал нижее
Дуца бицунеб хабар.

Хадуб дида рагIула,
Дуца тIадеги вахъун,
ТIагIа гьанисайилан
Завхозасда абулеб.

## ИРАНАЛЪУЛ КУЧIДУЗДАСАН

* * *

Иранальул нухазда
Цо ханум данде чIвана, –
ЧIегIераб чадраялъулъ
Буго черхги гьумерги.

Дица гьелда гьикъана:
ХIанчIн накIкIги тун унин,
НакIкIикь щай бугеб гьумер,
Гьанже ихги щун бугин?

Гьелъ дие жаваб кьуна,
Жий йигила персияй,
Гьелъ гьумер бахчун бугин
Чадраялъ нус-нус соназ.

Иранальул нухазда
Цоги ханум дандчIвана:

Гьелъ рагьун буго гьурмал
ГьитIиннабго чIинкIиллъи.

Дица гьелда гьикъана:
Щай гIакъуба кьолебин,
Гвангъараб гьумер дуца
Гьадин щай дагь рагьулеб?

Гьелъ дие жаваб кьуна,
Жий йигила персияй,
Гьелъги щибаб рогьалилъ
Дагь-дагь рагьулин гьумер.

Ираналъул нухазда
Лъабабилей дандчIвана, –
Гьелъул мода бихьигун
Дида Парижан ккана.

Керен диргъараб гурде
Накабазде щоларо.
Дица, гьобол ятилин,
Гьелда «Мадам» абуна.

«Мадамалъ» жаваб кьуна,
Жий йигила персияй...
...Пикрабазда вуго дун,
Кинаб гьазул хIакъикъат?

* * *

– Ширазалда чвахулеб
Ихдалил тIеренаб лъар,
Гьаб тIолго дунялалда
Дур бугеб машгьурлъи щиб?

Дудаса черх бугелги
Чанги гIоралгин лъарал
Лъаларо гIаламалда,
КигIан хъудананиги.

– Дун машгъурлъараб, гьобол,
Дирго гьаркьица гуро,
Диде къулун гIащикъас
ГIищкъул кечI ахIун буго.

– Ширазалъул розаби,
ТIугьдузул шагьинаби,
Нужеде датIба гьечIо –
МахI гьуинал, гьайбатал.

Амма нуж гIадал дида
ГIемерал данде чIвана.
ГIицIго нужер хIакъалъулъ
Щайха бицунеб бугеб?

– Ниж гIадалги ратила
Чанги хIайранал тIугьдул,
Амма ХIапиз цо вуго,
Цоги батIияв гьечIо.

– Ширазалъул руччаби,
Нуж цIакъ гьайбатал руго,
Нужехъ гIищкъу кколарев –
Цо гIаркьел камурав чи.

Амма гьайбатал ясал
Киса-кирего руго.
Щайха кучIдул хIасратал
ЦохIо нужеде ругел?

– Щайгурелъул гьел кучIдул
Гьаруна ХIапизица.
Гьесда гурони лъачIо
Нижер чадра борхизе.

## ШИРАЗАЛДА ХIАПИЗИЛ РОКЪОВЕ ЩВАРАБ МЕХАЛЪ

### I

Лъана, щай ХIапизица
Шираз кидаго течItб,
Бирюзалъул Испагьан
АскIоб букIананЬги

Дов хIинкъана, нагагьлъун
Жив тIаде гIунтIилалде,
ТIезе гурин цогияз
Ширазалъул розаби.

Лъана, щай ХIапизица
Шираз кидаго течIеб,

Улкабазул шагьзабаз
Гьоболлъухъ ахIаниги.

Досие шагь букIана
Жиндирго рекIел рокьи.
Рокьи досул букIана
Ширазалъул ясазухъ.

Лъана щай ХIапизица
Шираз кидаго течIеб,
Бащадаб дунял сверун
СагIади вуссаниги.

Дов хIинкъана, хвелилан
Ширазалъул хиялаз,
Хирияб ватIаналъул
ХъахIиллъи ракIалде щун...

Гъов цIакъ щакдарулев чи,
Ширазалъул кочIохъан,
Щиб кьунити течIо гьос
Живго гьавураб шагьар.

Гьал тIугьдузул махIалги,
Гьаб зобалъул кьералги,
Йокьулелъул гьаракьги
Гьас хисичIо сундухъго.

II

– ХIапиз, дие пал тIаме,
ТIехьги кодобе босун, –
Кинаб хIал дида бугеб,
Бице, лъалеб батани?

Бицана ХIапизица,
ГIищкъу ккараб дир рекIел
КинабгIаги бугеб хIал,
ХIарп гьоркьоб биччачIого.

– ХIапиз, дие пал тIаме,
ТIехьги босун цIидасан, –
Дир хIайранай йокьулей
Ракьалда кинан нигей?

Бицана ХӀапизица
Йокьулелъул беразул,
Берцинаб гьумералъул,
Гьелда бугеб хӀалалъул.

– ХӀапиз, дие пал тӀаме,
ТӀехьги босун нахъойги, –
ТӀубазе бугищ мурад,
Бице, ниж кӀиязулго?

Бицана ХӀапизица
КӀиго хӀайранаб гӀишкъу
Цоцазде цолъулеб куц,
Цинги батӀалъулеб куц.

– ХӀапиз, бице, кин лъараб
Гьаб Ширазалда дуда
Дагъистаналда бугеб
Дир балъголъи, дир рокьи?

ХӀапиз тӀаде вахъана,
ТӀехь данде къан гьимана:
Гьеб дур рокьул, дир гьудул,
ГӀемерал векал ругин.

## РОЗАБИ

*(Шираз тун унеб мехалъ)*

*Мирзо Турсун-Задее*

Нилъеца нахъа тана
Ширазалъул розаби,
ШигӀрабалъ ХӀапизица
Даим речӀазе течӀел.

Гьел рукӀана, тӀанхазул
Пардавги гьурмаде цӀан,
Паранжаялъ рахчарал
БахӀарал кинигинан.

Амма нилъ унеб мехалъ,
Дагь-дагь пардав борхана,
Гьалбадерихъ балъго гьез
Берал речӀчӀизаруна.

Гьанже нилъ араб мехалъ,

Хадуб гьураз бицана,
Гьумер рагьарал тIугьдул
ТIолел ругин иргадал.

Гьедин букIуна, Мирзо,
Кинида лъураб лъимер
Жеги кьижун бугин ккун,
Каву къалеб мехалда;

Цо керен бухIун унеб
АхIи бахъун бачIани,
Нахъ буссине рес гьечIеб
ГIагарлъиялда хадуб.

Гьедин букIуна, Мирзо, –
Дуе йокьулей гIадан,
ГIужде щвечIого, дуда
Йихьизе йикIунаро;

Хадуб, мун араб мехалъ,
Дуда хабар рагIула:
Хамизалъ гьей абунин,
Итниялъ ячинилан.

Нилъеца нахъа тана
Ширазалъул розаби,
Бил-багIарал, – гIобилал,
ГIумруялъ кIоченаро.

Гьез нилъеда абуна:
Унге нуж, поэталин,
Гьанже-гьанже рагьулел
Нижер кIутIби рихьичIел:

Цойги кIиго-лъабго анкь,..
ЛъачIого май бачIинин,
Нуж мехтизе гьарилин
Нижеца, гьумер рагьун.

Мирзо, дур иш лъаларо,
Дида ракIалде щвана:
Цо рикIкIада хутIараб
Дирго пашманаб рокьи.

Гьумер бахчараб роза

Дие бихьизе щзечIо.
Дун тIад вуссун щвелалде
Гьеб тIун, бечIан батана.

Гьелъул бахIарал къоял
ЩIакъго къокъал рукIана..
Гьелъин дица данд къалеб
Къойил гьаб дирго хIасрат.

*1970*

## МЕШХЕТАЛДЕ ГIУМАР ХIАЯМИХЪЕ ЩВАРАБ МЕХАЛЪ

Ираназ абула мун жидер вугин,
Таджиказ абула жидер вугилан.
КIиязго гьединан гьоркьов викьизе,
Мун босараб ракьищ, бекьулеб хурищ?

Гьединан цоцахъе гьез вахъанани,
Цогияз щибилеб, дица щибилеб?
Гьале беролеб лълъар, гьарула, ХIаям,
Гьезда рагIи абе, тIадеги вахъун:
Гьеб дагIба тейила дир рахъалдасан,
Дун гьаб гIаламалъе тIурав вугилан.

*1970*

## ПЕРСИЯЛЪУЛ ХАНУМАЛ

Персиялъул ханумал,
Нужеца поэтазе
Гьабураб щинаб гIазаб
Аза-азар сонаца!

Цояв хвана бахчараб
Гьумер бихьизе бокьун,
Цогияв паналъана
Гьеб бихьигун, канлъи сун.

Персиялъул ханумал,
Нужеда поэтаца
Гьарана нус-нус соназ
Гьеб чадра бахъейилан.

Нужеца гIин тIамичIо,
ЧIаго рукIананиги,
ЧIегIераб мусру бугин

Нижер къисматин абун.

Персиялъул ханумал,
Гьанже хал гьабун вуго,
Гьумер рагьун тун гьечIо,
Рагьун буго лага-черх;
Чадра бахъун гIун гьечIо,
ГIицI руго чанги бакIал,
Чвердезейищ къачIарал? –
РичIун руго маргъалал?

Персиялъул ханумал,
Нужеда поэтаца
Гьарана нус-нус соназ
Гьумер-черх бахчугеян.

Гьанже чан азарго сон
АхIделаго тIамилеб,
ТIолабго рагьугейин,
Гурдеда маргъал баян.

* * *

Шагьиншагьил улкадул
Гьундухъе щварав дида,
– Шагь гьечIез улкадул вас,
Кин вугев мун? – гьикъана...

Дица жаваб гьабуна,
Дирги вугин шагьиншагь.
Щив гьевилан гьикъана,
– Дир рокьи, – ян абуна.

Испагьаналда дида
Губернатор данд чIвана,
Губернаторал гьечIеб
Дур Кавказго кинабин.

Дица жаваб гьабуна,
Дие дир Кавказалда
Казбекги Эльбрусги
ГIолин губернаторал.

Дунгун самолеталда
Цадахъ ккана цо гиназ,

Гиназал гьечIев дуца
БетIер къулулеб лъиян.

Дица жаваб гьабуна
Дие гиназал ругин
Кидаго дун къулулел
Дагъистаналъул мугIрул.

## НАДИР-ШАГЬИЛ ХВАЛЧЕНГИ ХАЙЯМИЛ РУБАЯЛГИ

Мешхеталда Надир-шагь,
Нищапуралда Хайям
Хабал макьида руго
Ракьулъ нус-нус сонаца.

Хъазмил гьавун шагьиншагь
Хъазмил чуялда вуго
Борхун чармил хвалченгун,
Чабхъад вахъарав гIадин.

Хайямил заниялъе
ХъахIаб ганчIилаб чаша,
Чагъирги гьекъон, гIодоб
Гьес лъураб гIадин буго.

КIалъалеб буго хвалчен: –
Халгьабе нуж, рубаял,
Къого улка бахъарав
Иран шагьасул яргъихъ!

Бащдаб дунял нахъ тана,
Гьиндустаналде щвана,
Гьениса босараб тах
Буго Гулистаналда.

Биялъ кигIан релъарал
Кавказалъул кьураби!
Чол кьолода юхь-юхьун
Кьерилай чан хъамурай!

МагIу ххун кьурдулел гьел, –
Шагьасе букIараб кеп!
ШагIирзаби, мугжул ккун,
КечI ахIизе тIамуна:

Гьаб дир гучалъул бицун,
Дир гьунаралъул бицун,
Дица гьаб дунялалда
Тарал лъалкIазул бицун.

Нужехъ балагьун вуго
ГIажаиблъи гьабун дун.
Цониги бакъан гьечIо
Дир балалъе рекъолеб.

Нужер мухъал рессула
Ясаца тIансаялда.
Дир тIагъиялда гьечIо
Цониги мухъ бекьулеб...

Хайямил рубаяца
Данде бетIер хьвагIана:
– БатIи-батIияб буго
Нилъер кIиязулго кечI.

Нижер ункъабго мухъалъ
БахъичIо цоги улка,
Амма асир гьабуна
Нусго миллаталъул ракI.

ХъудичIо дунялалда
Хвелго хвелан абун ниж.
Нижер хабар даимаб
ГIумру, гIумру букIана.

Нижер гьекъел би гуро,
БагIараб чагъир буго.
Чашкаялъуб кенчIезе
Гьабуна бакъги къоги.

Нижеца ццин бекьичIо,
ГIицIго рокьул тана лъалкI.
Чваяхарал гIораздасан
ГIишкъул гьаруна къоял.

ХъамичIо чабхъаде ун
Чияр ясал зулмуялъ,
Нижго гьезул асирал
Нус-нус соназе руго.

ХIапизица абухъе,
Берзул цо свериялъухъ
Самаркандгин Бухара
Кьезе разиял руго.

Нижее тах кIваричIо
Индиялдаса босун, –
Аралъуб щибаб гъасда
Буго нижер чIолеб бакI.

Ниж хъамалчагIи гуро,
Нижер щибаб мухъ буго
ШигIрабазул маржанал, –
Рай мусудуз гарбида.
Гьелъ, хвалчен, дур балада
БикIизе кечI дир гьечIо,
Дир калам тIагъиялъе
Дуда батизе гьечIо...

Мешхеталда Надир-шагь,
Нищапуралда Хайям...
Хвалчадулги кочIолги.
Гьадинаб хабар ккана

Гьеб цебегосеб дагIба
ЛъугIун гьечIо жегиги...
Амма жакъа бакъуца
Хайямий кьола салам.

* * *

СагIади, ХIапиз, Хайям,
Гьаб Каспиялъул ралъдал
Доб цояб рагIалдаса
МагIарулав вуго дун.

Нужеде бугеб хIасрат
Дагъистаналъул чагIаз
Дие ирсалъе тараб
РекIел хазина буго.

Дун цIакъ пашманав вуго, –
Нуж нижехъе щвечIого,
Шагьзабазул аскараз
Нужер кучIдул хисилищ?

Дунгоги цIакъ кватIана
Гьал занахъе къулизе.
Къабул гьабе, устарал,
Дагъистаналъул хIасрат.

СагIади, ХIапиз, Хайям,
ГIемерал харбал руго
Халкъаз нужер шагьазул
Чабкъеназул бицарал.

Дун гIурал дол гъулдузда
Гъваридал лъалкIал руго
Надирил рекIаразул,
НакIкIал гIадин рещтIарал.

Жинца цохIо пунани,
Биххун унеб Дагъистан,
Данде чIун пайда щибан,
Шагьас гьабураб чIухIи.

Щай гIункIал рагъулейин
Жиндир кутузда данде. –
Кутул нуж ратанани,
Ниж гъалбацIал ругила...

СагIади, ХIапиз, Хайям,
Хадуб ккараб бицуна
ГIандалазул байдабаз
Биялъ беэн гьарурал.

Гьелъул къиса бицуна
Дагъистаналъул хунжруз:
Чанги бутIрул къотIарал,
ХутIанщинал хъамурал.

Нус-нус сонал сверана
Гьеб дагIба ккаралдаса,
Доба гуреб жинда гIетI
БачIин шагьас абураб.

Гьанже хъазмил гьавурав
Гьев цо дихъ балагьана:
Башдаб дунял босанин,
Дагъистан гъалатI ккканин.

СагІади, ХІапиз, Хайям,
Дун гьоболлъухъ вачІарав
Гьелъул бицине гуро,
Рецц-бакъ гьабизе гуро.

Басрияб наккдада гъорлъ
ЦІияб варани хъирщун,
ЦІидасан араб, тараб
Питна гьабулез гуро.

Кидаго дагІбадичІел
ГьечІо мадугьалзаби,
Даим дагІба тІагІинчІел
Руго тІубан ахІмакъал.

Гьеб дида лъала лъикІго,
Амма нужехъе щвейгун,
Шагьасул ккараб гъалатІ
ТІубан бичІчІана дида.

СагІади, ХІапиз, Хайям,
Дир хирияв шагІирал,
ГІумруялъул, ракьалъул,
Рокьиялъул кочІохъай.

Дун шагь вукІаравани,
Аскаразул бакІалда
Нужер асаралгун дун
Вахъинаан чабхъаде.

Гьеб мехалда кинабго
Дуниял босилаан,
Дагъистан бачІинаан
ДандчІвазе керен рагьун.

КучІдуз, биял тІечІого,
БагІараб чагъир гьекъон,
Гьабилаан раьалда
Цо рокьиялъул шагьлъи!

СагІади, ХІапиз, Хайям,
Гьеб цебегосеб гъалатІ
БитІизабизе заман
Щун буго дунялалъе.

Нилъее зобги гIола,
Нилъее ракьги гIола,
Рокьи – рокьи бугони,
КучIдул – кучIдул ругони,

Кинабго ццин тIагIани,
ЖахIда-хIусуд лъугIани,
ХIасратав тамадалъун
Тахида Хайям тани...

Гьес цIун чашка кьурабго,
Дица чагъир гьекъела
Гьудуллъиялъул рахъалъ,
Ираназул шагIирал.

## ТЕГЕРАНАЛЪУЛ БАЗАРГИ КЪАН, КЪОТIНОВ ХУТIАРАС АХIАРАБ КЕЧI

Базар къана, базар къана,
Гьале къотIнов хутIана.
Къайи, чадраялда гъоркь
Ясал гIадин, бахчана.

Дица щибго босичIо,
Дица щибго бичичIо,
Босизе гIарац гьечIо,
Бичизе щибго гьечIо.

ЦохIо гъурущ букIана, –
Гъоркьисаго тIагIана.
ЦохIо хIама букIана, –
НекIого гьебги хвана.

Дир гьечIо эбел, эмен, –
Ана рачун хвалица.
Дир хирияй лъадиги
Ана ячун чияца.

Вацги яцги руго дир,
Кир ругеян лъаларо.
Кирниги, дун гIадинан,
КъотIнор цIадакь ратила.

Даим базар тирарал,

Щибго даран ккечIого,
Щибниги босичIого,
Щибнити бичичIого.

Рамазан моцIги гьечIо, –
Щибаб къойил кIал ккола.
Шахсай-вахсайги гьечIо, –
Даим керен бухула.

Квен гьабулел гIадамал –
Гьеб камун бугеб гIазаб.
ГIарац гьабулел чагIи –
Гьеб гьечIолъидул зарал.

Базар къана, базар къана,
Гьадин къотIнов вуго дун,
Цо гъурущ букIана дир, –
Гъоркьисаго тIатIана.

## ГУГУШ

«Божула, божула, божула даим,
Рокьи, рокьи, рокьи, божула дуда.
Божула, божула, божула даим,
Рокьи, рокьи, рокьи, божула дуда:

Дида парсазул мацI щибго лъаларо
Ва амма персазул гьаб кечI бичIчIула;
Гьеб дие ахIана къаси сардида
Къолода квер кIутIун Тегераналда.

Тирун цо балагьун рагIи абуна.
Цогиялъуй юссун, цоги абуна.
«Господаби, дида Гугуш бугин цIар!» –
Бугеб рухIалдалъун цинги ахIана:

«Божула, божула, божула даим,
Рокьи, рокьи, рокьи, божула дуда.
Божула, божула, божула даим,
Рокьи, рокьи, рокьи, божула дуда».

АхIулеб буго кечI, хъвалеб музика...
Огь, персазул ханум, хвезавуге дун!
Гьеб кIиябго рагIи рагIаралдаса
Цоги рагIи дие хIажатаб гьечIин.

Гьелъ дие ралъадал кенчӀезарула,
Кинабго ракьалъул пардав рагьула.
Къаси хасаб вечер, Гугушил гьоркьил, –
Кваркьаби рижун, дун воржунев вуго:

«Божула, божула, божула даим,
Рокьи, рокьи, рокьи, божула дуда.
Божула, божула, божула даим,
Рокьи, рокьи, рокьи, божула дуда».

Воржунев вуго дун дуниялалда
Дирго гӀищкъуялда, къасдазда хадув.
Данде чӀварал гьурал – гьез дун кквеларо,
Гьалагаб накӀкӀ дица щущазабила.

Рагьила каваби киналго дица,
Каранде данд къала дур гӀумру – гӀищкъу,
Киве щвананиги щурула дица
Даим кӀочонареб гьаб кӀиго рагӀи:

«Божула, божула, божула даим,
Рокьи, рокьи, рокьи, божула дуда.
Божула, божула, божула даим,
Рокьи, рокьи, рокьи, божула дуда.

*1973*

## «КУЧӀДУЛ»
## АБУРАБ ТӀЕХЬАЛДАСАН
## 1979

* * *

*Дида лъала гьелъулъ дир гӀайиб*
*Амма букӀаниги... амма букӀаниги...*
*А. Твардовский.*

Дида ккола цо-цо, дун кколелдаса
ЦӀикӀкӀун хутӀун вугин хвечӀого чӀаго,
Дица цогиязе къачӀарал сонал,
Къарумлъун диего ругин ракӀарун.

Дида ккола гьедин, хаслихълъи щвейгун,
Хурдул ракъвалаго, тӀегь бечӀалаго,
Гъун арал тӀамхазде цӀад балеб мехалъ,
ЦӀорол тӀелхаз иццул бетӀер бахчигун.

Дида ккола гьедин, къвакъвадилаго,
Къункърабазул тӀелал тӀасан роржингун,
ГъужӀдузде хӀайранал чундулги рехун,
Чанахъабп данде рачӀунеб мехалъ.

Дида ккола гьедин гӀазу балелъул
ГӀолохъанал гъутӀби къотӀулеб мехалъ;
ХъахӀилаб зодихъан цӀва бортулелъул,
ЦӀа свараб гъасдаве валагьарабго.

Дида гьедин ккола, бакъги гьелегьун,
Бакъвараб салулъ лъар тӀагӀунеб мехалъ;
ТӀолго дунялалъул гьал сверабазда
Солдатазул хабахъ хал гьабурабго.

РакӀалде рачӀуна диргун гӀел цоял,
ГӀолохъанго хварал дир гьудулзаби.
ГӀасиял байдабахъ байбихьудаго
Бакъан щокъроб чӀварал дир шагӀирзаби.

Гьел, Лермонтовасул ригьалде щвечӀел,
Лермонтов вахъине дагьал хутӀарал,
Дуэлалъ ахӀана цӀакъго бахӀарго
Гьаб дуниялалъул АхӀулгохӀазде

Цадахъ рукӀарал гьол, гьоркь жалгоги тун,
Дун, вахчарав гӀадин, ничалъ кӀвекӀула.
Гьоз ахӀизе кколеб кечӀги бакъанги
Бикьарав чи гӀадин, черх бухӀун уна.

Гьозие рачине рукӀарал лъудби,
Гьозие гьаризе рукӀарал лъимал...
Лъица гьол рахъарал, лъие гьол кьурал? –
Кьола дие суал, гьечӀо дир жаваб.

Огь, хисулел сонал, дун хутӀун вуго
Гьадин гьетӀ-гьетӀарал гьал дур сверабалъ.
Дол жаназабазе жавабияв дун, –
Дуниял, виччаге квешлъи гьабизе.

* * *

*Къайсын Кулиевасе*

Гьанже дун дихъего вуссунев вуго,

Къайсын, вилълъинарищ мун дида цадахъ?
Мун дур Чегемалде, дун дир ЦIадаве,
ЦIидасан улбузул сариназухъе.

Гьаб гьагаб хъуялъухъ нилъ тIагIиналде,
ТIад руссинин, гьудул, дол тIугьдузухъе,
ТIубан мехтилалде, лъавулъ рукIаго
Хвасарлъи гьарилин гьадал сиязда.

Нилъер саназулги сариназулги
СогIал диванчагIи, доз босе сурав,
Нилъеда рихьана, дозде квер хьвагIун,
Чол хьибил бухарал хьуцIилъе рортун.

МугIрул чIван чвахулел иххал киниги,
Нух битIагийилан ритIун руго нилъ.
Иххал, ралъдалъ дагьаб полопги гьабун,
Гьенир карачелалъ тIагIунел руго.

Амма нилъер калам, «гьаб жидер бугин
Гьаркьидасан лъазе ккола мугIрузда.
Нилъ ралъдалъ риларал лъаралги гуро
ГъотIодаса тIурал тIамхалги гуро.

### ЛЪИМАЛ

Дида цебе тIугьдузул
Берцинлъи лъалароан.
Лъимал гIолеб мехалда –
Гьанже хIайранлъун вуго.

«РорчIами» – ян гьетIула
Щибаб гIинтIиялде дун,
ГIодоса гьеб тIолелъул
ТIепула тIелхалъ магIу.

Дида цебе хIанчIазул
КучIдул ричIчIулароан.
Кинида лъимал рихьун,
Лъай гьанже хисун буго.

Щибаб хIинчI пархулелъул,
Борхун уна дир керен;
Гьез куркьбал хьвагIулаго
Хьухьакьа хIинкъула дун.

Дида цебе гIумрудул
Къимат бичIчIулароан.
Лъимал каранде къайтун
Цо къоязда бараб нур!

ЦIияб хIасратги лъана,
ЦIияб хIинкъиги лъана,
Цо лъалебцин букIинчIеб
Канлъи, хинлъи бачIана.

## ЯСАЛЪУЛ КЕЧI

Дун хIинчI йиго, хIинчI йиго,
ХIасраталъ куркьбал гъурай.
Киехун дун йоржпней,
Щиб сиялда рещтIиней?

Вокьулев, бокьун буго
Дур рагъида рещтIине,
Дур тIохазда, сиязда
Лъабго свери гьабизе.

Дир дуде гьари буго,
Гьал дир куркьбал рекуге.
Ккун къоринибги тIамун,
ТIалъи дихъа бахъуге.

Дун хIинчI йиго, хIинчI йиго,
ХIасраталъ сарин кьурай,
Кинаб свери бачинеб,
Сунде бакъан тIамилеб?

Вокьулев, бокьун буго,
Гьороде керенги кьун,
Киве мун вахъаниги
Сарин ахIизе дуе.

Дир дуде гьари буго
Мун гIинкъго вукIунгеян,
ГIищкъул бакъан дир щокъроб
Бакъвззе гьабугеян.

Дун хIинчI йиго, хIинчI йиго,
Дир хIеренаб ракI буго.

ХIасраталъ бухIулеб гъеб
Лъил цIар ахIун кIетIелеб?

Вокьулев, бокьун буго
Дуда рагIизе, лъазе
ХъахIаб хIинчIалъул каранлъ
Кин дахIа кIетIолеян.

Дир дуде гьари буго,
Гьелда гамачI речIчIуге,
ГурхIел гьечIеб хъачIлъиялъ
Дур хIинчI пашман гьабуге.

Гурони дур хIинчIалъул
Ццидал борохь лъугьина,
Цинги дур гIумруялъул
Дица жужахI гьабила.

## НАГIАНА БАТАД

Дун гIолей йикIана гIурда тIегь гIадин,
Дуца тIун реххана, тIад чIун мерхьана.
Дун эркен йикIана, мугIрул чан гIадин,
Дур гудраца ккуна, керен бухIана.

Йокьулин гьедулеб букIараб гьумер,
Гьанже цо дур хвенех хьимхьидулеб куц.
Дица магIу тIола, гьаб магIил гарил
Мун багьаяв вугищ, нагIана батад?!

Дир рекIел рухIарал хIасратал чIваби,
ХIиллаяв мун, ватун зигардулел куц!
Макьаби гьуинаб къандалъоялда
Къаси дир бадисан арал лъел лъалкIал?

Нух гьечIел бакIалъан хадув лъугьарав,
Хадуб шагьраялда щиб дуе ккараб?
КигIан гьедарарав, кигIан гьардарав,
Гьерсихъан, хIалихьат, нагIана батад?!

Жергъен кинигинан керен бухула,
Кин гуккизе чIарай, дир буго гIайиб.
Гьал сонал инчIого дур сихIру лъачIей,
Сундаго божарай дун гурищ ахIмакъ?

Божи гьечIеб рокьи кин дир букIинеб,
Кинниги йигелъул дун чIужугIадан.
Дицаго гьабуна гьаб гIазаб дие,
ГIумругIан хирияв натIана батад!

## МАКЬАБИ

Цебего лъугIараб институталде
Экзаменал кьолев вихьула макьилъ.
Цебего лъугIараб гIасияб рагъул
Аскарал рихьула цоцалъ чIван унел.

ГьетIарал цабзазул цо кIудияб гьве
КIал гьакIкIан бачIунеб бихьула макьилъ.
Цевего камурав улкадул бетIер
Инсул рокъой вачIун вихьула макьилъ.

ХIинкъадго ворчIула дуниялалда
Доб заманаялъул макьидаса дун.
Церего эбелгун эмен гьечIо дир,
Гьел иргадал рачIун рихьула макьилъ.

Цересел, риларал дир гьудулзаби
Гьоболлъухъе рачIун рихьула макьилъ.
Дихъе кодой щвечIей камилай бика
Каранде къан къаси йихьула макьилъ.

РикIкIад сапаразда рокъор хутIарал
Дир хирпял лъимал рихьула макьилъ.
Недегьго ворчIула дуниялалда
Доб эаманаялъул ракIалдещвеяз.

## ЭБЕЛАЛЪУЛ АХИРАБ СУРАТ

Кьуруда чваххиялъ рикIарал гIадал
РуIкIкIалаби руго гьалъул надалда.
БотIрода бугеб кар, рохьоб цIаги гъун,
Гъоркь хутIараб харил квацIиян ккола.

Бераздаса тIелхал тIаде рорхизе
Гьалъ гьабулеб жигар, огь, гьечIеб къуват
Абизе бокьараб цо рагIи буго,
РичIизе кIоларо, кIутIби сорола.

Кверал эбелалъул, чвантинир гIадин,

Дир хъатинир гьуна, гьитIинлъун руго,
Гьел руго, рортарал тIанхал кинигин,
Ракъварал, тIогьилал, гьегьал тIанкIазулъ.

ТIаде къулун руго. Къеда чIван руго
Васазул суратал гьай сверун кирго.
Кинго рихьуларо эбелалда гьел, –
Гьале цIороберал тIокIал раларел.

## ДУР СУРАТ

Жанйб нур кенчIолел чIумал кинигин
Гьимиги, магIуги, рагIабиги дур.
Нилъалзул тIарада, кIалзул рагIалда,
КIаркьадул аххада лъураб тIанкIги дур.

МугIрул тIогьиб бугеб тIегьилан ккола
ТIолго дур хиялал, тIолго дур хьулал;
Хочол тIогьиб чIвараб гьитIинаб байрахъ,
Гьелда релълъуна дур ахIулеб сарин.

Меседил тIор буго, тIад накъищ бахъун,
Дуе гьел кьунсрузе кьун тIабигIаталъ.
Берцинаб ицц бакьулъ цIа бихьичIезда
РихьичIо дур берал, – дие гьедин лъикI.

Нилъер цо гъажалда, цинги цоялда,
Цо ирга букIуна ракI сагьвиллъулеб.
Эхеде йорхиги, гIодой къулиги,
ГIела, бицинаро, – балагьун чIола.

* * *

Цин дур бициналде, цIар бахъилалде,
Бахъанщинаб сурат дица дур дийго!
Хасало бахъана гордал цIералда,
ЦIорораб гIаздалъан балагьана мун.

Риидал августалъ нилъер Каспидал
Карачелабаца риччарал квераз
БухIараб салуда дур гьумералъул
Гьарурал суратал ралагьана дихъ.

Доб Африкаялъул пальмадул тIамхал,
Гьезда дур кIиго бер букIана дунгун.

Доба Парижалда площадалда
Лъавухъе гьабуна, гьудул, дур сурат.

Дир хонжрол гIоркьалда, тIармил каранда
ТIад накъищаз гьабун буго дур гьумер.
Нухда чIараб мехалъ чIимхаз гьабураб
Дур сурат нахъ тана чанги сверабалъ.

Дир блокнотазда, кагътил тIамчазда,
Киналго бокIназда ва рагIалазда,
РагIи батичIого, кечI гьабилалде,
Пикрабалъ дур сурат хъвалев ватула.

Цинги сарин дихъе, ккураб хIинчI гIадин,
Кодобе щварабго паналъула дун,
Гьанже байбихьанин саназ хутIулеб
Дур хирияб сурат бахъизе дица.

* * *

Буго кIиго гIумру дир,
КIиго гьудул кинигин,
Цо гIадамазда лъалеб,
Цоги гьезда лъалареб.

Кинаб гьезул лъикIабин
Дида лъазе кIоларо.

Буго кIиго гIумру дир,
КIиго тушман кинигин,
Цояб дие баянаб,
Цо дида бичIчIулареб.

Кинаб гьезул квешабин
Кинго хадув гъоларо.

Буго кIиго гIумру дир,
КIиго бакъан кинигин,
Цояб рекъон кканани,
Цогияб рекъолареб.

Гьезул къимат борцунеб
Роцен дихъе щоларо.

* * *

Дихъе ячIине ккола
Анищ ккарай дир гьудул,
Дуниял, те гьури, квач,
Гьород а, накIкIал, хьухьал!

Хъудуге, лъарал, гIорал,
ГIенеккун чIа мун, Кaaказ;
КинабгIаги дагIба те,
Ниж данде цолъизагIан!

Дихъе ячIине ккола
Цо камилай дир гьудул,
Гьарула зоб-ракьалда
Рокьул музыка баче!

ТIолго гъутIбузул рохьаз,
Полководец вачIингун
Полказ кьолеб кинигин,
Кверги борхун кье рапорт.

КиналгIаги хIанчIаца
ХIасратал кучIдул ахIе!
Океаналъ киналго
Карачалаби кьурде!

Нуж, тIугьдулги хурдулги,
ТIаде рахъун, къат кьабе!
Нуж, мугIрулгин кьураби,
Кьер гьайун, эхетун чIа!

Дихъе ячIине кола
Цо гIажаибай гIадан;
ГIолохъанлъи, лебаллъи,
Дида цадахъ букIа мун.

Цо лага сородуге,
Цо тIелх берзул тIуркIуге,
Виххи, хIивкъи хIатIикь лъе,
ХIал лъалеб жо биччаге!

Дихъе ячIине ккола
Керен борхат, черх халат,
Мех щвезегIан хехлъуге,
Хадув кватIизе чIоге!

Гьекъе, амма мехтуге,
Тохаб рагIи абуге.
ТалихI – чанго соназе
Цо сагIтил щвараб дандкъай.

Дихъе ячIине ккола
Бералгин гьумер берцин,
Гьейгун цолъун хадуса
Цогияб жо – жо гуро.

БокьанагIан цIадал рай,
ЦIер бай, гъугъай, дуниял,
Хъуде нуж, океанал,
А, гама, гъобе тIинде!

Хадуб лъил букIаниги
КIал чIвай, я мина бухIе, –
Гьадинаб талихIалъухъ
ТамихIги къваригIуна.

* * *

ГанчIида тIегь тIегьала,
ТIубан рокьи кьунани;
ТIогьолги заз букIуна,
РакI ганчIилаб бугони.

Цидул бурутI лъугьуна,
БитIун гьелда кIалъани.
БуртIилги ци лъугьуна,
Гьеб лъухьизе лъачIони.

Газа кьурда рекIуна,
Гьеб кьабизе лъанани.
Лъай гьечIев вортун уна
Ватулареб кIкIалахъе.

Бакъан рекъани, борхьил
Балерина лъугьуна,
Бихьана кьурдулеб гьеб
Гьиндустаналда дида.

Балерина абуни,
ЦохIо рагIи сабаблъун,

Ццидалаб борохь лъугьун
Йихьана, алас, алас.

Унтаралги лъилъула,
ЛъикIлъиялъ сахлъиги кьун.
Сахазе инфаркт кьола
КьогIлъиялъ рахIму гьечIеб.

Буго хирургасул нус
Холев чIаго гьавулеб.
ЧIагоязе хвел кьолел
Хунжрул руго гIемерахъ.

Гьудул, дида гьеб лъала,
Мун халатал сонаца
Хвалилги гIумрудулги
ГIурхъи цIунун чIун вуго.

Дур хирургасул махщел
КъваригIун буго дие,
Къаламги кодой босун,
Кагътиде къулулелъул.

Дие къваригIун руго
РагIабазул дараби,
Дуниял-гIаламалъул
ГIузраби дагь гьаризе,

ГIаздалаб хасалоги
Августалъул бакъ кьезе,
Кьурабазда гIищкъуялъ
ГIинтIи тIегьазабизе.

* * *

Гьудул, дида рихьана
Рохьор гьутIби ракъвалел.
ХIинкъула, шагIирасул
Гьаракь къун рагIарабго.

Гьелдасаги хIинкъула
Къарал иццал дандчIвайтун. –
Дида ракIалде щола
ШагIир, гьунаралъ тарав.

Гьебги букIунеб хIалтIи,
ХIинкъи буго цогияб:
ХIасратав шагIирасул
Гьаракь хисараб мехалъ;

Лебаллъиялъ гьев тейгун,
Гьересигун рекъейгун,
ТIокIараб гвангъараб хIор
ХIабургъун махIцарабго.

## МУН КИЙ ЙИКIАРАЙ БИЦЕ

Мун кий йикIарай бице,
Мун кий йикIарай бице,
Берцинай чIужугIадан,
Дуй гIоло чIваIралщинал!

Духъ ккараб балаялъулъ
Босарабщннаб къисас!
ТIегь бетIулел кверазда
Кидаго къалел зазал.

Мун кий йикIарай бице? –
Мун макьида йикIана
Рогьалилъ февралалда
Пушкин чIвалеб мехалда.

КIиго танчида гьоркьой,
Данде кверални рорхун,
Мун эхетарай ани,
ХутIилаан кочIохъан.

Мун дандечIварай ани,
ЧIвалароан кидаго
Кавказалъул мугIрузда
ГIолохъанав поручик.

Доб сордоялъ къаси мун
Питералда йикIинчIо, –
ВукIинаан Есенин
ГьабсагIаталъги чIаго.

Мун кий йикIарай бице?
Мун елъанхъун къуркъуге! –

Духъ ккараб гIищкъул ругел
ГIемерал жаназаби!

Дуца цIунарав ани,
Дуца гуккичIев ани,
Игьалисан молода
МахIмуд ваччилароан.

Мун данде чIварай ани,
Дол чIегIерал сардазда
Ккелароан хIарщулъе
ХIажимурадил барти.

Мун чияй инчIей ани,
ЧIахъадерил бахIарай,
Загьру гьекъелароан
Дир гьудул Эльдарилас.

Мун йихьун, духъ балагьун
Рахъаралщинал берал,
Чан хучбарал камурал,
Чан баширал тIагIарал!

ГIощтIод къотIарал бутIрул,
ЦIадар рухIарал чурхдул...
Чанав, ракьул кинигин,
Рокьул гIурхъуда чIварав!

Мун кий йитеян бице,
Мун кий йигеян бице?!
Берцинай чIужугIадан,
ГIумру дуй кьолел цIуне.

Дуда кIвезе руго гьал
Лебалал гIолохъаби
ГIассиял кьалаздаса,
Кьун рокьигун, цIунизе.

Бокьанищ, дуда кIола
Дунял хвасар гьабизе, –
Гьеб дур ишараялъул
Ишаналин гIащикъал.

Дун гьезул цояв вуго,
Духъ ккараб рокьуй гIоло

Бокьараб лълъар гьекъела.
Гьеб загьру бугониги.

* * *

– Берцинаб хIулидал хIинчI,
Гьаб ракьалда гьабураб,
Гьаваялде бахунеб
Балъголъи рагье дие?

Боржун-унеб хIанчIица
Дие жаваб гьабуна:
ГьитIинаб лага бугин,
КIудияб гьава бугин.

Боржун унеб хIанчIида
Дица абулеб буго,
Гьеб гьаваги, гьеб черхги
ЧагIазулги бугилан.

Боржун унеб хIанчIица
Дие жаваб гьабуна,
Дир панаяб кечI бугин,
Кинабго зоб роцIцIунеб.

Боржун унеб хIанчIида
Дица абулеб буго:
КечI дицаги гьабулин,
Гьеб гIемераз ахIулин.

Боржун унеб хIанчIица
Дие жаваб гьабуна,
Гьаваялде роржине
Кваркьаби къваригIунин.

Кверал гьечIел ясазул
Балеринал рукIунищ? –
Балагьун вуго хIанчIихъ
ХIайранал хиялазла.

* * *

Дун дицаго вуго бакIиде ахIун,
АхIулеб буго кечI дица диего:
– Дуда щиб жо лъалеб?

– Дир рокьи букIин.
– Дуда щиб лъалареб?
– Лъихъ рокьи бугеб.
– Дуда щиб жо лъалеб?
– Дир кучIдул рукIин.
– Дуда щиб лъалареб?
– Дун шагIир вукIин.

– Дуда щиб жо лъалеб?
– Дагьаб сон ккараб.
– Дагьайги щиб лъалеб?
– Церекъад ккараб.

– Дуда щиб лъалареб?
– Дагь метер ккелеб,
– Дагьабги лъалареб?
– Сезиса ккелеб.

– Дуда щиб жо лъалеб?
– Кисан вачIарав.
– Дуда щиб лъалареб?
– Киве дун унев.

– Дуда щиб жо лъалеб?
– Дир мугIрул лъарал,
Лъаларо кире гъол
ГIедегIун ругел...

II

Дун дицаго вуго бакIиде ахIун,
АхIулеб буго кечI дица диего:
– Дуда щиб рагIараб?
– БацIазул руруй.
– Дуда щиб рагIичIеб?
– ХIанчIазул чIичIи.

– Дуда щиб рагIараб?
– Зобазул гъугъай.
– Дуда щиб рагIичIеб?
– Гьал щобазул сас.

– Дуда щиб рагIараб?
– Халат чIвалеб хъат.
– Дуда щал рагIичIел?

– ГIенеккун чIарал.

– Дуда щиб рагIараб?
– Ццидалаб жахIда.
– Дуда щиб рагIичIеб?
– ГIащикъаб сарин.

III

Дун дицаго вуго бакIиде ахIун,
АхIулеб буго кечI дица диего:
– Дуда щиб бихьараб?
– Бащадаб дунял.
– Дуда щиб бихьичIеб?
– Бащадаб росу.

– Дуда щиб бихьараб?
– ГIаламалъул цIад.
– Дуда щиб бихьичIеб?
– Мадугьалихъ бакъ.

– Дуда щиб бихьараб?
– КъватIазул роххел.
– Дуда щиб бихьичIеб?
– Рокъоб къварилъи.

– Дуда щиб бихьараб?
– Щущарал рохьал.
– Дуда щиб бихьичIеб?
– Рохьоб жиб-жиб гъветI.

## САХЛЪИЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЕЧI

*ГIумар-ХIажие*

ГIумар-ХIажи, бицинищ
Дица дуе цо хабар:
«Цо херав магIарулав
ЗахIматго унтун вуго.

Гьев хвасар гьавизеги,
Хвел нахъе хъамизеги
ТIолго нилъер улкаялъ
Квербакъи гьабун буго.

Аза-азар тIагIамал,

ТIугьдул, дараби, иццал,
ТIолго халкъаз бицунел
Реццарал тохтирзаби.

Сестрабазул халгIатал,
Хирургасул нус, рукIкIен,
Аллагьасе балеб как,
Каранда балеб саба.

Лъица щиб гьабуниги,
Пайда, хайир ккун гьечIо;
Хвел, гьасул къаданиб чIун,
КъачIайин кIалъан буго.

Херлъарав магIарулав
ГIащпкъ вукIун рагIула,
ГIумру, нилъеца гIадин,
Гьал ясалин тIамурав.

Гьеб рагIараб мехалда,
Машгьурал гIалимзабаз
Цо гIанчIай, хIеренай яс
ЙитIун йиго гьасухъе.

Гьай гIолохъанай бика
Гьасда квалквадун йиго,
Кверараздасан байбихьун
Лага-черх лъухьун буго.

Гьалъул кIветIалда хъвараб
КIветIалъул тIагIам бичIчIун,
ТIаде вахъарав гIащикъ
ГIемералъ хутIун вуго.»

ГIумар-ХIажи, дица дуй
Бицараб хабаралъул,
Хвел тIаде щолеб мехалъ,
Нилъей сабаб ккеладай?

* * *

*Ираклий Абашидзее*

Ираклий, рагъ буго дида лъазабун,
Дицаги гьеб къабул гьабулеб буго.
КъотIулареб дуэл дандиясулгун,

Кинас щивдай лъелев лъаларо гIодов.

Гьел гIемерал руго, дун цохIо вуго,
Цадахъ, дурго гIадин, дир кучIдул руго.
КIияздаго гьоркьоб секундантаца
Рорцунел галаби данд цулел руго.

Дида данде къарал цаби рихьула,
Цингиги рукъарал зарал рихьула.
Дирго щуго килищ цолъулеб буго,
Цингиги ракIарун бакIлъулел руго.

Балагьула гьезухъ: гьумер, цо берал,
Гьел карьеристазул куцгин тIабигIат!
Цо цIогьазул пархи, гьерсазул чIухIи,
Гьелгун нилъ гIумруялъ рагъилел руго.

Цо-цояз абула: гIелин, рекъейин,
Бергьенлъи гьечIеб рагъ гьабугейилан.
Кинан рекъолеб кечI квешлъи-мекълъигун?
Кинан босулеб квар гьерсилгун ццидал?

Кин цого чуялда цадахъ рекIинел
РекIкIалъе куцарал халтурщикалгун?
Хун лъикI, гIурхъабазда рагъухъан гIадин,
Рогьоялда къвал бан, цо къо базегIан.

Ираклий, рагъ буго дида лъазабун,
Дицаги гьеб къабул гьабулеб буго.
КъотIулареб дуэль даим гIумруялъ, –
Кинас щивдай лъела лъаларо гIодов.

## ЭБЕЛАЛЪ ДИР КИНИДАХЪ КУЧIДУЛ АХIИЧIЕЛ АНИ

Дир мацI букIинароан,
Дир цIар букIинароан,
РикIкIадал сапаразда
Дида нух къосинаан,
Дида рокьи гьадигIан
Ракьалда лъалароан,
Эбелалъ дир кинидахъ
КучIдул ахIичIел ани.

ХIанчIаз рачунел бакъназ,
Чвахулеб цIадал гьаркьал,

ЦІадухъ чедалъул тІагІам,
ТІамхазул кьерал, махІал...
Гьадин лъазе рукІинчІо,
Гьадин ричІчІилароан,
Эбелалъ дир кинидахъ
КучІдул ахІичІел ани.

Дие дуниял, гІумру
ГІагарлъизе букІинчІо,
ГІадан гьадин хвеледухъ
Хиралъизе вукІинчІо,
Даимлъиги цо къоги
Дилъ цолъизе букІинчІо,
Эбелалъ дир кинидахъ
КучІдул ахІичІел ани.

## РАКІАЛДЕ ЩВЕЯЛЪУЛ КІИГО САЙИГЪАТ

НекІсияв рагъухъан, бищун хирияб
Хасаб кІиго тІагІел буго дур рокъоб,
Даим кІочонареб сарин кинигин,
Солдатаца тараб васият гІадин.

Цояб гьезул буго гьалагаб тІухьи,
Дур гьаналъ судулеб бусен гьабураб;
Дуца гьеб цІунана гІассиял соназ,
Бидулал тушбабаз тараб сайигъат.

Цогияб бихьула дида дур патрон,
Гьениб тІухьи гьечІо, тІегь буго гІищкъул
Гьелъул цо гІагарлъи, гьелъул гьайбатлъи,
Гьалдолеб гІумруялъ кьураб сайигъат.

РакІалде щвеязул кІиго хазина,
Гьезул хирияб кечІ бичІчІула дида:
Риччан те регъезе унтарал ругънал,
Риччай тІогьол цІезе тІолго патронал!

* * *

Дида макказул калам
РагІана рагъул соназ,
Жакъа ниж цІумал лъугьун,
ЩІадай роржине ругин.

Гьанже херлъарал цIумал
Хал гьабун руго гьезухъ, –
Маккал рукIараб заман
РакIалде щола гьезда.

Дида цIурмазул кьаби
РагIана кьалул соназ,
ГIарадаби гьареян
Гьаб жидер чараналъул.

Гьанже гIенеккун чIарал
Рихьула гIарадаби, –
ЦIурмал рукIараб заман
РакIалде щола гьезда.

* * *

Сонал гIодор рукIуна,
ГIадамал гIадин аскIор:
Цересел, цIакъ цересел,
Цинти гьанже-гьанжесел.

Цоял ракIалде рачIун,
РукIкIбуз бикIулеб керен, –
Кин дун чIаго хутIарав
ХвечIого гьанжелъагIан?

Цогиял ракIалде щун,
КIвекIула ничалъ керен, –
Кив балагьун вукIарав
Дол рогьоял соназ дун?

Дида гьанжесел соналъ
Дозул суратал рихьун,
Сородула мех-мехалъ
Чорхол киналго лугби.

Сонал гIодор рукIуна
ГIадамал гIадин аскIор:
Цересел, цIакъ цересел,
Цинги гьанже-гьанжесел.

Цоял ракIалде щола,
Щобазда бакъ кенчIола, –
Чанги лъикIал бахIарзал

Лъана дида ракьалда.

Цогиял ракIалде щун,
РакI дир чIухIун букIуна, –
Чанги хIайранаб сарин
АхIана гьадал ихаз.

Дида гьанже соназулъ
Дозул суратал рихьун,
Бадиб канлъи кунчIула,
Каранда хIинчI пархола.

* * *

*К.И. Чуковскиясе*

1.

Дида ккун букIана, щив камуниги,
Мун хутIизе вугин харбида нижгун;
Нижер лъай рекълъани, гIакълу кинигин,
ГIакълу гьетIун ани, ияхI кинигин.

Дида ккун букIана, араб векалъул
Асаразул бищун камилав вакил
Кидаго вукIинин, накIкIил гъветI гIадин,
ГIазу тIаде балел нижер рохьазда.

Мун анин абигун, кIиго гIасрудал
ГIоралда лъураб кьо бихханин ккана,
КIиго дунялалъул пикраби росун,
Гьарурал маржанал тIунилан ккана.

2.

Киналго ригьазул гIел цояв нартав,
ГIумруялъе дица баркала кьола,
Радал, бакъанида, дагь рукIаниги,
Дуда цадахъ цо-цо тIамурал сагIтахъ.

Гъоб ахалъудасан сиялъухъ гIадин,
Цо-цо духъ балагьун рарал лахIзатахъ,
Цин духъего ахIун, цин аскIов вачIун,
Босун дир гъажалда лъураб кверальухъ.

Гьел кверал, гьел кверал кида кIоченел! –
КигIан хинлъи дуца гьенио цIунараб.
Гьороца, цIороца свине гьабичIеб

Сариназул гъансил гъецI дур цIорочIо.

ГIемерал гьунараз данд къарал кверал,
Дуца къимат гьезул хвезе гьабичIо;
Халатаб гIумруялъ гьел росанщинал
Васазул кIодолъи дуда кIоченчIо.

Духъе гьерсихъабаз квер бегьарабго,
Мун цевехун ана, цо балагьичIо.
... Диеги къуват кье гьединан ине,
Гьал дир кверал дуца росарал руго.

* * *

Цебе букIунаан гIуIмрудул хиял,
Гьанже хвалил рахъалъ руго пикраби;
Гьел, къо лъугIарабго, къасимехалда
Къаданир рачIуна руккелал гьарун.

Вачуна, вачуна дун квешал нухаз,
Кисанго сверун накIкI, уна кIкIалахъе.
РачIуна речIчIулел карачелаллъун,
Кибниги бухIулеб самолет гIадин.

РачIуна чIахIиял хъазмил каскабалъ,
Каву бухула гьез вахъаян сардилъ.
РачIуна дихъе гьел, хабалъ рукъарал
Хириял чагIазул суратал гIадин.

Дир унтараб лага, къасдаз цIураб черх
КъотIулев цо хирург, диде къуларав.
Даим лъугIулареб операция,
Унго, гьаб нухальги дун ворчIиладай?!

Дица ракI кIвекIула кIиябго кверальъ, –
Каранда жаниб хIинчI, чIаго бугищ мун?
Абула беразда балагьейилан, –
Бихьулищ нужеда гьанже хъахIил зоб?

ЗахIматал хиялал! Хвел кватIуларо
Гьелъул хIисабазе асирлъарахъе.
Амма букIаниги къо щвараб мехалъ,
Къочизе бокьула гIанчIаб жоялда.

Бокьула, багIараб чагъирги гьекъон,

Цо бакъан тIамизе гьаб гIищкъуялъул.
Чода вугеб мехалъ – гIумрудул хиял,
ГIодов вугеб мехалъ – квелалъул пикру.

## КЪОГО МИЛЛИОН

Ниж – къого миллионал,
Къаникь ругел солдатал,
Европалъул бидулал
Байдабазда хутIарал.
Нижер васият буго
Нужее сунареб цIа,
Нижер сасинчIеб гьаракь
Кьун буго цIумуралъе.

ЦIуне пахруго улка,
Гьелъий гIоло хвана ниж.
ЦIуне ракьги рокьиги,
Гьелъий гIоло кьуна рухI.
Хирияй эбелалъул
Макьуги кечIги цIуне!
Гьелъул цIар щурулаго,
Гьелъий гIоло хвана ниж.

ГIумру цIакъ гIолареб жо,
ГIадамал, берцин гьабе,
ГIолохъаби, нужеца
РагIиги цIарги цIуне!
Нилъер чагIазда чанги
Къварилъаби рихьана;
Гьел рукIине ккола лъикI
Лъидасаго ракьалда.

Ниж – къого миллионал,
КъватIиса рокъой щвечIел, –
Амма рокъой буссана
Нижер намус, ритIухълъи.
БухIичIо, чIвачIо, хвечIо
Нижер хиял, къасд, мурад.
Хал гьабе нижер цIаяхъ,
ГIенекке нижер цIурмахъ!

Улкаялда кинабго
Нижеда гьикъун гьабе!
Закон, указ, амруял

Нижеда гьикъун риччай!
Орденал, цIваби, цIарал
Нижедаги цIехон кье!
Судияца хIукмаби
Нижеда гьикъун кьотIе!

Гьересиялъе тамихI
Нижер рахъалъан гьабе!
Гьел цIогьазда балеб цIал
Нижер цIаралдасан бай!
ЦIияб кьал бокьаразда
Ниж чIаго ругин абе!
ЧIварал ниж умумузул
ХIинкъарал васал гьечIо.

Ниж – къого миллионал, –
ГIурусал, белорусал.
Нижер нусго миллат, мацI, –
Молдавал, украинал.
Авлахъазул калмыкал,
Кавказ, дур мугIрул лъимал.
Нижер цIаяхъ балагье,
Нижер цIурмахъ гIенекке!

ЦIуне нижер гьудуллъи!
ЦIуничIони гьеб – рогьо.
ЦIваби киналго лъикIал –
Какуге цо миллат, мацI!
Биччай бакъанги рукъги
Рекъон бащад букIине
Бурятал, казахазул,
Киналго татаразул!

Кверал кье гIаламалъул
Киналго гIадамахъе.
Нилъер гIагарлъи гьечIеб
ГьечIо ракь дунялалда.

Амма килщал хIанчIани,
БакIаб зар бихьизабе,
БукIараб кIочон гьечIин
Гьеб нижер рахъалъанги.

Ниж – къого миллионал,
Ниж – къого миллионал.

Нижер цIаяхъ балагье,
Нижер цIурмахъ гIенекке!

## ГИМНАСТИКА

Цин каранда кверал лъун,
Къваридго хIухьел босе, –
ХIухьел рекъечIеб мехалъ,
Бакъан хола улкадул.

ХIухьел цIан, цIезе гьаре
Гьелъ гьуърул – чорхол хулжал.
Хадуб кIовухъе чIехье,
КIиябго гIаг данде къан.

ХIухьел гьаб гIумру буго
ГIадан, дунял, ишалъе,
АхIанщинаб кечIалъе, –
ХIухьел цIай, хIухьел биччай!

Соназ, соназ, гIумруялъ
Нилъ гIемерал хIалтIула.
Нилъер кIутIбузда полоп
Гьегьал къецаца бала.

Нилъее заман гьечIо
Йокьулелда къвал базе,
КъваригIун буго хIухьел
ЦIазеги биччазеги.

Нилъ хIалуцунел руго,
Ругъназ цIун буго дунял,
ЦIадухъги цIвабзазухъги
Балагьизе щвечIого.

Нилълъ хIалуцунел руго,
Цоцалъ къец бан рекерун, –
КъваригIун буго хIухьел
ЦIазеги биччазеги.

Цо, кIиго, лъабго, ункъо...
Гали босе, квер борхе!
Керенти цIутIизабун,
ЦIан витIун ввлълъа цеве!

ЛъикIаб сагIат кинигин,
Дунял битIун хIалтIизе,
ХIухьел цIай, хIухьел биччай,
ХIухьел цIай, хIухьел биччай.

Цо, кIиго, лъабго, ункъо...
Векере дунял борхе!
Тарихги гъуждузда лъун,
ЛъабцIуса свери гьабе.

Доб лъадада цIа баке,
ЦIва, босун, хъатиниб лъе.
Гьанже хIалтIи лъикI уна, –
ХIухьел цIай, хIухьел биччай!

## САМОЛЕТАЛ ХЪАМУЛА

Самолетал хъамула,
Хъамула самолетал...
Хъачагъаз летчиказде
Танчил кIал битIун буго.

Летчикал, дида лъала,
ХIинкъарал чагIи гуро. –
Гьезул роржунел чуяз
Чанги накIкIал рорлъана.

Гьел унеб аэродром
РитIухълъиялъул буго.
Гьел рещтIунел авлахъал
Анищаб гIищкъу руго.

Амма летчикаца нух
Хисизабула цо-цо,
Хвалдаса, жалго гуро,
Цадахъ бугеб халкъ цIунун.

Херал, руччаби, лъимал,
Нилъер гIагарал чагIи –
Самолет хъамуниги,
Хъамуге гьезул гIумру.

Гьелъ гьез хисулеб буго
Жидерго хирияб нух,
Хадуб хIикмат балагьун,

ХIайранаб ватIанги тун.

Летчиказул бутIрузда
Хъачагъазул танчил кIал, –
Дица казиятазда
КигIан цIалараб гьезул.

Дунгоги летчик вуго,
ТIолго поэтал гIадин;
ГIумру дир роржен буго,
ГIищкъу – дир аэродром.

Гьенибе нух босарав
Поэтасул надалда
Гьавадул къачагъаца
Цузабулеб танчил кIал:

Хисейила гьеб хIасрат,
Босейила гьереси...
Гьедин уна мех-мехалъ
Чара хварал поэтал.

КочIохъаби, – гьел лъала,
ХIинкъарал чагIи гуро. –
Гьезул рекIарал чуяз
Чанги векал рорлъана.

Амма дунгун роржунел
Дир пассажирал руго:
Дир пикраби, дир кучIдул –
Каранлъ пархолел хIанчIи.

Огь, дунго цIунулеван,
Дица гьал цIуниладай?
Ракь нахъехун таниги,
Рокьи кин нахъа телеб?

Гуро, кочIол батIияб
Буго гIадат-хасият.
Поэт – нухал хисанищ, –
Хола гьевги кучIдулги.

Хола чуялда цадахъ
Чиги, къасдги, хиялги.
Гьезухъ хисун щолеб жо

ЦохIо хиянат буго.

Дун гьединазул гьечIо,
Гьаб надалде битIараб
Танчил хIараялдаса
Дир щибго хIинкъи гьечIо.

Гьаб дир самолет нуха
Зодихъ бухIизе биччай,
Амма рухI кьун цIунила
Дирго цIваялъул сапар.

## РЕЛЪЛЪУНА

ХъахIаб нух, хъахIилаб зоб,
ГIурччинаб, тIогьилаб рохь,
Цо тIохда лъукъараб хIинчI
Дир кечIалда релълъуна.

ХъахIаб нух, хъахIилаб зоб,
БецIбагIарал хъираби,
Цо хъитIиниб гъаримаб тIегь
Дир рокьуда релълъуна.

ХъахIаб нух, хъахIилаб зоб,
ГIурдасан сурмияб кьо,
Кьодукь бекараб гьоко –
Гьеб дир мехги хиялги.

ХъахIаб нух, хъахIилаб зоб,
Доба магIарда гIазу,
ГIодой даларал гъутIби –
Дир гIумруги лагаги.

## ДУР ЦIАР

Дида дур цIар рагIула,
Гозо бегIераб хIинчIалъ
Горда кIутIараб гIадин,
ГIумру, гIумру, гIумруян.

РагIула гIаламалъул
КиналгIаги гIолилал
ГIищкъу, гIищкъу, гIищкъуян
Шуршулел ругел гIадин.

Дида дур цIар рагIула, –
Бокьухъе къалъе бакъан,
Къочардулел кIутIбузул
Цо тIагIамаб сас гIадин.

Цингиги гьеб рагIула,
Хаслихълъидул накIкIал щун,
Хехго хур бакIаризе
Дунго ахIарав гIадин;

ХIалхьи босулеб рокъов
Паракъат вугеб мехалъ,
Полк чIараб гIорхъодасан
БачIараб тел кинигин;

НакIкIал хъвалхьун эхеде
Борхун иналде цебе,
Аххада самолеталъ
Гьабулеб хъуй киниги;

ХъахIилал карачелалъ
Океаназулъ регун,
Улкабазул гаванахъ
Гумузул гьаракь гIадин;

Гьорол къояз рохьазда
ГъутIбузул зигар гIадин,
Нухда унел васазе
Улбузул гьари гIадин.

Цо гъотIода тIил кьабе –
 ТIолго рохьаз ахIула.
Цо кьурда гьецIо речIчIе –
ТIолго ганчIаз ахIула.

Цо ччугIигIин гIинда чIвай –
ТIолго гIораз ахIула.
ЦохIо нухалда кIутIе –
ТIолго цIурмаз ахIула.

КиналгIаги тункулел
Бокалаца ахIула.
Щибаб лахIзат, секундаз,
ТIолго сагIтаз ахIула.

Сардилъ дина щурулеб
Дур цIар – дир цIваги цIаги.
Дур цIар... лъалхъе, рагIулищ
Гьеб абун, ракI кIетIелеб?!

**ЛЪАЛАРЕВ СОЛДАТАСУЛ ПАМЯТНИКАЛДЕ**

Хъазан-чараналъул лъаларев солдат,
Мун гIадинан лъалев цоги щив вугев?
Гьаб Европаялда, гьаб дунялалда
Дур адрес кIочараб хъизан киб бугеб?

Мун лъала машгьураб кечIалдаса лъикI,
Кинидахъги тIокIаб лъикIаб ахIичIо.
Дур тIаргъида бараб гIажаибаб цIва,
Гьединаб гIагараб зодихъ гвангъичIо.

Хъазан-чараналъул лъаларев солдат,
Лъаларезе бутIрул гьадин далулищ?
Дуниял хинлъулеб, кибго бихьулеб,
Кидаго сунареб цIа гьеб дур буго.

ЦIадуца бицуна ракьалда хъвараб,
ХъвагIазе кIолареб – дур кIудияб цIар.
Дур даимлъиялъул, дур гьунаралъул
Заман цIачIеб паспорт – гьаб нилъер улка.

Мун зобазда лъала, ракьалда лъала,
Дур лъалкIал киналго бакIазда руго.
Мун рехсон гьелчола карачалаби,
Чанги мун вихьарал рохьазул гъутIби.

Дур тIегь бечIаларо, иццал къунаро,
Къункъраби дур бицун роржунел руго,
Гьаб гIалам цIунарав, хвасар гьабурав,
Мун – гьаги чIухIиги чIаго ругезул.

Хъазан-чараналъул лъаларев солдат,
Лъала мун щивасда гьудул, вац гIадин.
Мун даим улбухъе вуссунев вуго,
Васахъе сордойил вачIунев вуго.

Москваги, Берлинги, Волгагин Эльба...
Мун кIочон тун гьечIо тушбабаздаги. –

Гьел чанцIул кваларал рагъул цIадуда,
ЦIидасан мун вихьун лъалхъулел руго.

Кида ахIаниги, гьале дунилан
Дуца жаваб кьола, къулула дуе
Гьаб ракълихъ, гьаб бакъухъ, гьадаб маялъухъ,
Микки кодоб ккураб гьагъаб лъимадухъ,

Хъазан-чараналъул лъаларев солдат,
Мун гIадинан лъалев щивниги гьечIо.
Гьаб Европаялда, гьаб дунялалда
Дур адрес кIочараб хъизан-рукъ гьечIо.

## ЛЪАБГIИН

Дида ракIалде щола
Дирго лъимадул гIумру:
ЛъабгIиналда гьикъана
Дица гIумрудул рахъалъ.

ТIураб тIамах кIалъана
Жинда лъаларин абун, –
Лъадай унел рукIана
Цо-кIиго берцинай яс.

КIиабилеб тIамах тIун,
ЛъабгIиналда гьикъана,
Лъаларищ унго, дуда
Дир гIищкъу киб бугебан.

БуцIухIун чIараб тIамах
ТIеренаб лъаралъ ана,
ТIад руссунел рукIана
Дир росулъе къункъраби.

Ахирияб хутIараб
ЛъабгIиналъул тIанхиде
ТIаде къулун гьикъана
Дица дир кочIол рахъалъ.

Киналго суалазе
Доб мехалъ жаваб щвечIо,
Жакъа дида лъарай мун
Дир лъабайго ятана.

ЛъабгIин тIола гIумруян,
ЛъабгIин тIола гIишкъуян,
ЛъабгIин тIола кечIилан, –
КиналгIаги мун йиго.

* * *

Хвезе гIиллаби руго
Дуниялалда гIемер:
Унти, херлъи, ракъи, къеч,
Мекъи ккараб гьудуллъи;

Божараз гьабураб рекIкI,
ГIагаразул гьереси,
Дуца кIодо гьавурас
КIал гьикъараб къо, сагIат.

Дидаго гьел гIемерал
Дунялалда данд чIвана,
Амма дун чIаго вуго,
Диего гIоло гуро;

ГIумруялда, барахщун,
Бакъ, къо къваригIун гуро;
Къаназул занал рихьун,
Гьездаса хIинкъун гуро.

Дунги дир асаралги –
Цо лахIзат, къапараб бер
Къиса-къисмат кIудияб
Нилъер Дагъистаналда.

МагIарде гIазу бала,
Цо гIащикъ камуниги.
ГIурда лъарал хъудила,
Дир кучIдул гьечIониги.

Амма букIананиги,
ЧIаго вукIине дие
Дуниялалъул рокъор
Чанги гIиллаби руго.

«Ракьулъ жаниялдаса
Ракьалда лъикIан» абун,
Лъималахъ, дунялалъухъ

Балагьигун абула.

Бокьун гьечIо дир хвелалъ
Гьудул пашман гьайизе, –
ГьабичIого гIолареб
ГIемераб хIалтIи буго.

Къаси сардал макьу тун
Саринал хъварав дие,
Даим кьижизе ккани,
Ккараб щиб, бакъги къоги?!

Хвезе гIиллаби руго
ГIемер дуниялалда.
ЧIаго вукIине гIилла
Жеги гIемераб буго.

## ГЬАЛ ГІАДАМАЛ ГАРГАЛА

Гьал гIадамал гаргала,
Диде гIайибал гьарун,
Дица чагъир гьекъолин,
Гьеб тIакъилаб иш гурин.

Унго, гьеб битIун бугищ,
Дун хадув гIунтIуларо,
ГIабдалаз чагъир гьекъей,
Чай цIодораца гьекъей?

Гьал гIадамал гаргала,
Диде гIайибал гьарун,
Гьаб гIакълу кIочон толин,
ГIанчIай яс данде чIвани.

Унго, гьеб битIун бугищ,
Дун хадув гIунтIуларо,
ГIакъилаз хIалтIи гьабун,
ХIайваназ рокьн гьабун?

## КЕЧІ

Гъалал чIегIер, берал чIегIер,
Беразда тIад тIелхал чIегIер,
Духъ балагьун паналъичIев,
Гьев щив кколав, гьев кив вугев?

Гьединаб рухI батиларо,
Батанапи гьеб дир гуро.
Дур нилъалда чIегIераб тIанкI, –
Дун чIван лъезе гьебги гIола.

Гьумер хъахIай, керен хъахIай,
Киналнити цаби хъахIай,
Духъ гIенеккун гIищкъу ккечIев
Кив данд чIварав дунялалда?
Гьединаб черх батиларо,
Батаниги гьеб дир гуро.
Дур квералда хъахIаб гIазу
Хъвананиги хIинкъула дун.

КIутIби багIар, гIоно багIар,
ГIанабазда дангъва багIар,
Дур квер босун лъай босичIев
Лъил ракьалда щив вукIарав?
Гьединаб ракI букIинаро,
БукIанани гьеб дир гуро.
БагIараб би гьал дир ччорбалъ
Духъ гьаличIеб лахIзат гьечIо.

Балагьигун гьал гIураби
ГIурччинлъула, тIогьиллъула.
ТIаде йорха, гьале зобал
ХъахIиллъула, накIкIиллъула.
Дуе кьечIел, дуца кьечIел
Кьерал гьечIо гIумруялъул...
Киналго гьез, киналго гьез
Дир каранда тана лъалкIал.

* * *

Шишадул гьудулзабалъ
Гьудулги букIунарин
РукIуна гьал гIадамал
ГIакълабазул къучIбигун.

Азарил соназ вуго
Хъатикь бокалгун Хаям,
Хал гьабе, гьесде щварав
Щив вугев нилъей гьудул?

Гьекъел – гулла бугила,

Гьелъ хеккого чIвалила,
Хабар цIалкIулел руго
ЦIаларал гIалимзаби.

КечIги, чIужугIаданги,
БогIол бахъун чIагIаги...
...Огь ГIумарил Батырай,
Дуца барабщинаб мех!

* * *

Пикру кунчIилелде, гIакълу щвелалде
ГIадаллъи букIана гIалам сверулеб.
Чанги векал ана, кин гьеб лъугIичIеб? –
Огь, гIадаллъиялъул гIемерлъи жеги!

Рокьи бачIиналде, гIищкъу лъалелде,
ГIассилъиги ццинги букIана цебе.
Азарго сон ана, рокьи гвангъана,
Ракьалда щай кинго ццин лъугIулареб?

КучIдул ахIилалде, бакънал лъалелде,
БукIана гьим-гьиди, букIана пещтIей.
Сверанщинаб дунял, ахIанщинаб кечI,
Кидал лъугIулеб гьаб гIалхулаб пещтIей?

* * *

Цо халкъ бугин рагIана
МацI, пештIей гуреб гьечIеб.
Гьенисайищ дун вугев? –
Дун паналъун гьещтIола.

ЧагIи ругин рагIана
РагIи гьечIел цониги,
Берзул ишан гьабулел –
Гаргаралъул бакIалда.

Дица ишан гьабула
Рогьалилъги къасиги,
КъватI чIван унеи йиго мун,
Кийго ялагьичIого.

* * *

Рокьуца гьоркьоб толеб
Гьаб гIумрудул ригь гьечIо.
Жеги лъимер вукIана
ХIенсана гьелъул рукIкIен.

Мун яхана рагъиде,
Дун вукIана гIолихъан.
ТIабигIат гIурччинлъана,
Дица гIащкъул кечI хъвана.

ГIолохъанлъи бачIана,
Дица айгъир кьолона.
Дир кьолода нахъе мун,
Дир гъежда квералги лъун.

Рокьуца гьоркьоб толеб
Гьаб гIумрудул ригь гьечIо.
Амма гьелъул хаселги
Херлъиги букIунаро.

* * *

Къункърабазда лъала кире жал унел,
Кире унел ругел нилъан лъаларо.
Унел, унел руго, гьечIо расалъи,
Цо лъадал рагIалда гIодор рукIинчIо.

Жеги ворчIилалде ахIулев вуго,
Жегиги ричIичIел бералги рагьун;
Цинцияз кверал ккун вачунев вуго,
ЦIараб нилъер мехги бихьизе гьабун.

Гуми унел руго океан борлъун,
Кибе унеб бугеб, унго, гьаб дунял?
АнцI-анцI квачараца тIимугъ гIадинан,
ТIутIулеб буго гьаб цинцияхъе цIан.

Щиб къачIалеб бугеб нилъей гIасруялъ –
ГIадамазул хъантIи хъабида сверухъ.
Цоял нусгун-гIучIгун, цоял гъудалгун,
Гъудузда релълъуна, бугеб къвакъвади!

Заман щолеб гьечIо гIакълу цIехезе
ГIаuараб ракьалда, зодил цIвабзазда,
Умумул рукъарлл хабал заназда,

Хирияй, йокьулей, гьел дур беразда.

* * *

*Ираклий Андронниковасе Пушкин гьавураб къоялъ гьев вукъараб росулъе Михайловскиялде, поэтазул къокъаялда цадахъ вилълъине ахIараб мехалъ хъвараб кечI*

Ираклий, дида кола
Пушкинихъе гьоболлъухъ
Руккелал гьарун гурин
Поэтал ине кколел.

Дов ахIи-хIуралъ хIалкъан,
ХIорал-гохIахъе арав...
Городалъул хъуйгун нилъ
Дорегейищ рилълъинел?

Гьесда рагIиларедухъ
Гьев сверарал щобазде
Щвелин абун рагIани,
Гьебги гIун буго дие.

Дуцайилан абуни,
ЛъикIалги, гьоркьохъелги,
Гьадинго лъугьинчIелги –
Киналго ахIун руго.

ГIемерал кочIохъаби
Данделъараб мехалда,
Дагьлъулин ккола дида
КечIалъул гIакълу, къуват.

Дуца дов Пушкинида
ГьикъичIищ гьелъул рахъалъ? –
Гъудул къвакъвалеб мехалъ,
Дос чанцIул къарал гордал.

Гьал, дун чIаго вукIаго
ЧIалгIун рукIанин абун;
ЧIвадарухъаби, киса
Нужилан гьикъила гьос.

Берцинлъиялъ хIехьолеб
ХIалгIи гурин ахIдеян

ХIалхьи хабалъ гьечIев гъос
Абилаан цIидасан.

Ираклий, рекIел гьудул,
Ваче дуца дун цадахъ,
Цо гIадан гьечIеб мехалъ
Пушкинихъ гIенеккизе;

Гьев тирарал байдабахъ,
Берцинал гIурабазда,
ГIагараб гьесул гъотIокь
ХъахIаб бетIер къулизе.

* * *

– Дуда щиб жо кIвараб?
– Дунял сверизе.
– Дуда щиб жо кIвечIеб?
– Росулъ хутIизе.
– Дуда щиб жо кIвараб?
– ГIалам бихьизе.
– Дуда щибжо кIвечIеб?
– ГIадан вихьизе.
– Дуда щиб жо кIвараб?
– Гьаб ракь цIунизе.
– Дуда щиб жо кIвечIеб?
– Рокьи цIунизе.

## ТОХТИР ГЬАЮРАБ КЪО

ХъахIаб халгIат бахъе, хирияй гьудул,
РетIе дурго партал бищун пахруяб.
ГьабсагIат дида мун лъалейцин гьечIо,
ЛъикI балагьизе те, унго, мунищ гьай?

Мадам, унго, дида кий мун йихьарай,
Кинозвездацин ятичIони мун?
Яги берцинлъидул королевазулъ
Кибниги дур сурат букIинчIищ бахъун?

Гьале, пластинка сверулеб буго,
Гьелъул сариназ мун ахIулей йиго,
Унтарал чагIазул тIогьол квацIабаз
Киналго бутIрул дуй далулел руго.

Жакъа дур гьайбатлъи! Гьукъараб дару,
Гьекъелин дур рахъалъ, тIе шампанское!
БетIер свериледухъ вальсги твистги
Тирилин, дуниял тирулеб гIадин.

ГIагарай, дуе щиб, гьурмал кьер тIуна,
Гьагъаб телефоналъ щиб жо абураб?
«Дир плащ, машина, хехаб помощин» –
ХутIана балагьун цIурал бокалал.

Кинабго хисана, больницаялда
Бана дица цоги захIматаб сордо.
Божи гьечIеб сахлъи гьал гIадамазул,
Божи гьечIеб роххел тохтирзабазул!

Берцинаб гьурмада, паранжа гIадин,
Гьаз бухьараб катан... Цо берал руго...
Дида гьел кидаго кIочон теларо,
Хасел бачIаниги, речIаге тIугьдул.

* * *

**ТIАХЬАЗДА ЭБЕЛАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ ЦОНИГИ КЕЧI БАТИЧIЕЛ ПОЭТАЗ ХIИКМАЛЪИЗЕ ГЬАВУРАВ ЧИЯС ХЪВАНА ГЬАБ КЕЧI**

Огь, дир кочIохъаби, дир кочIохъаби,
Камураб берцинлъи асаралъ гьечIел!
Аза-азар гIищкъул маржанал гьарун,
Гьезулъ гвангъараб цIва, кунчIараб магIу!

Огь, дир кочIохъаби, дир кочIохъаби,
Киб бугеб асаралъ аслияб канлъи?
Бице, нужер кини лъица кIикIараб,
Лъималазул мацIалъ цIар лъил щурараб?

МахIмудица дие жаваб гьабуна,
Жив регIизе течIин Муил бераца,
Эбел кIочон тараб рокьи кканин дир
Бекьилъа гьайбатай гьерсихъаналъухъ.

Эльдарилав вачIун чIана дир хьолбохъ,
ЧIохъаса гIаданалъ гIадал гьавунин...
Бабал вас гурила, хвалчадул вугин, –
Хучбарица кьалул назму ахIана!

Инсуца абуна: дун бесдаллъанин,
Мискинай дир эбел хеккого хванин;
Мун талихӀав вугин, гьелъул недегьлъи
Гьаб ракьалда лъарав лъидасаго цӀакъ.

Вай, дир кочӀохъаби, дир кочӀохъаби,
Цо гъветӀ къулун буго къваридго гӀодой.
ГӀагарал мугӀрузухъ хал гьабулаго,
Цо хирияб кьуру бихьула кьватӀун.

**ГІОЛОХЪАНАВ ПОЭТ РАЖАБОВ РАКІАЛДЕ ЩВЕЯЛЪЕ**

Дур гӀумруялъул гӀадин
Хех лъугӀараб регламент
Харинисан баккараб
ТӀегьалъулцин букӀинчӀо

Дуе гӀадин къокълъарал
Къоял гьаб дунялалда
Бищун гьитӀинаб хӀанчӀил
КечӀалъулцин рукӀинчӀо.

Дуца цӀакъ хехго тана
Трибуна, кочӀохъан...
Кинида лъимер гӀадин
Хвана больницаялда.

Амма дуца цӀалана,
Дие бищун аслияб, –
Эбелалъул хӀакъалъулъ
Хвелалде гьабураб кечӀ.

Цоги кучӀдул рукӀана
ЛъугӀичӀого хутӀарал.
Лъукъарал чундул гӀадин,
ГӀаздада лъалкӀал тарал.

Лъабабилел, гӀащикъал
ШигӀраби цадахъ ана. –
Щай, йакьулелъул бицун,
Ракьулъ лъолев васасин.

Амма цо эбелалде
АхӀараб кочӀой гӀоло,
Кинабго Дагъистаналъ

Дуда васин абуна.

АхIичIого хутIараб
Цо-цо рагIизе гIадин,
Цо гIадан мех-мехалда
Дур хабаде ячIуна.

Гьений гIенеккуп чIарай,
Духъ чIегIер бан, гIодула...
Дур гIумрудул регламент,
Огь, хех-го лъугIараб куц!

**ЧУЯ Л**

Духъе дун поездаз, самолетаца
Гьал дир сапараздa чанги вачана.
Гьегьал таксияздa, трамваяздa
Нилъер рукъзал ругеб къотIнов рещтIана.

Гьанже цIакъ къанагIат рихьула чуял,
Гьел дагьлъулел руго Дагъистаналда.
Гьезухъ урхъун руго иццал, гIадраби,
ГIеккола мугIрул ракI, гьел ракIалде щун.

Гьезул къанагIатаб пунхигун хIи-хIи,
ХIайранлъула дир ракI, киб бугеб кьили,
Киналго гIасрабаз Дагъистаналда
Намус-бахIарчилъи жинда баччараб?

Дунги бахIарлъана чодул мугъалда,
Гьелда цIалги жемун, жалалъе къулун.
Жиндаго лъалаан гьелда духъе нух,
ТIохде мун яхингун пахруяб юргъа.

Дун даим чодаса гIодой вортичIо,
ГIумруялъ гьелдаса ватIа гьавуна.
Мотоциклаялъухъ айгъир хисичIо,
Амма дол гIураби рикIкIада руго.

Гьанже рокъой щвейгун, кьолохъ хал гьабун,
Хирияб чол кьурди цебе бачIуна.
Кодой цIалги босун гIурдада тараб
ГIолохъанлъиялъухъ бакъан тIамула.

КъанагIатал чуял Дагъистаналда –

Цо-цо данде чIвани, чIола валагьун.
Гьезул жалгин габур, бищун берцинай
Гьудулалъул гIадин, дица лъухьула.

Дудаги гьарула поездалдасан,
Гьезда бер чIварабго, салам кьейилан.
Гьезул кьолода нахъ кьурарал гъалал,
Дол гъулдузул нухал кIочон тогеян.

**ДИДА ХАДУВ ВАЧIУНЕВ**

ГIолохъанав, бахIарав,
Дида хадув вачIунев,
ВачIая – цо вихьизе,
КIалъая – цо рагIизе.

Мун щив кколев, халатал
Дир хиялазул гьудул?
Гьаб дуниял, гьаб заман,
Кибе бухьараб сапар!

Дида хадув вачIунев,
Мун вачIунел нухазда
Дица ганчIал рищана,
Рищун рахъинчIониги.

Дица ригьзал гьаруна,
Гьарун лъугьичIониги.
Дица кучIдул ахIана,
Дуй ахIизеги тана.

Дида.хадув вачIунев,
Дица кини кIикIарав,
Кинабго ракь бихьизе
Дир гъажалде вахарав,

Гьаб дуниял цIунана
ЦIадулъ умумуз дуе,
ЦIарги намусги тана
Васият гьабун дуе.

Дида хадув вачIунев,
Мун хиралъун, мун вокьун,
Ракьулъ тIупаралщинал,
ЦIадар рухIаралщинал!

Дуе гIоло рикIкIада
Испаниялъ рагъана,
Белорусазул рохьалъ
Партизанлъи гьабуна.

Москваги Волга гIорги
ГIумрути кьун цIунана.
Дуе гIоло Берлинги
Будапещтги босана.

ЗахIматаб рекъел буго,
Къо бихьараб ракь буго...
Дида хадув вачIунев,
Хал гьабе дуцаго духъ.

* * *

Кинал цIадал рарал дуннялалде? –
ЦIакъ хIикмалъун руго лъалел гIадамал.
Щиб гIазу букIараб гьаб гIаламалда? –
ГIамал хисун буго гьудулзабазул.

Цо рагIи абунн, къоябто соналъ
КъачIараб батула бухIараб жаваб.
Цо иш гьикъанани, гъуждул кIичIула,
КIиябго нуцIа къан, къватIире уна.

Цадахъ рукIаразул тIаде къо щвейгун,
ТIад речIчIизе къачIан букIун буго ццин.
Жидей къваригIиндал хьолбохъа инчIел
Гьанже хьвадулел куц, курмузул цIутIи!

Бачунеб юргъаги пищтIул накуги –
Гъазда хвезе ругин кколаро даим.
Бищун гьитIинадги кIодолъун руго, –
КIудиял хIакимаз цо квер босилищ!

Ялъуни кидаго гьадин букIунищ,
Гьадинан божарав дида бихьичIеб?
Чиясул даимаб хасиятищ гьаб,
Гьаб хасел щвечIого, дида бичIчIичIеб?

Гьалъул магIна щибин, гIилла щибилан,
ГIагарал мугIрузда дица цIехейгун,

Дие жаваб кьуна гIорцIун, цIун ругин,
ЦIвабзахъ балагьизе регIулел гьечIин;

Цояца цоял цIан церехун рортун,
Цебего пахъ тараб кIочоя тун бугин;
Рагъалги, унтиги, херлъарав инсул
Васиятги гьазда рагIулеб гьечIин;

Амма къо букIинин, гьудуллъи рехун,
Гьерсиде руссараз килщал хIанчIулеб;
ЦIорораб бусада, цIа свараб гъасда
Гъозухъе бачIинин кьижараб намус.

Цогиги сон ана, дун чIаго вуго,
ЧIегIерал хIисабаз хIинкъи кьуниги.
Цоги их бачIана, хвечIого вуго,
Хварал макьилъ кигIан рихьананиги.

Амма араб сонил гIазугин цIадалъ
Гьаб дир гIумруялда барабщинаб цIал!
Бухъараб кьор гIадин букIанщинаб къо,
Къаси дун вилълъарал кьурул рагIалал!

Дун чIаго дицаго цIунун хутIичIо,
Хвалидаса хIинкъун тIурун ворчIичIо,
Дур берал рукIана гIумрудул нухда,
ГIагарай дир тохтир, дуца цIунана.

Биччанте ракьалда чанги цIад базе,
ЦIи-цIиял анцI-анцIал сонал сверизе,
Дун сахго йигила, чIаго йигила,
Гьанже дица гIадин, дуца абизе.

## ГАНЧIИЛ ГIАДАМАЛ

– Нуж щал кколел, кьураби,
Кьер гьабун эхетарал,
Кьур-кьурарал ганчIазул
ЧIахIиял ракеал гIадал?

– Ниж чармил кьурабазде
Руссарал мугIрул чагIи,
Чабхъадулал Дагъистан
Босзе рачIараб мехалъ.

ЧIахIиял къуватазе
КъуличIо, наку чIвачIо.
Ниж веказе хутIана
Хваниги гIодор ккечIел.

– Нуж щал кколел, гьал мугIрул,
Гьайбатаб тIогьолъ, гIаздалъ?
Дун нужер хиялазда.
Хал гьабун вуго даим.

– Ниж кьураби лъугьарал
Россазул къоролзаби,
КъватIисел тушбабазе
Лъиего мутIигIлъичIел.

Тушбабаз къасд гьабуна,
Нижги жидейго рачун,
Нижер роосал гIадинал
Васал гIезе гьаризе.

– Нуж щал кколел, гьал гъулдул,
Гъора аххада сиял?
Нуж гьечIел нухал гьечIо,
РачIун кисан щварал нуж?

Ниж васалги ясалги
Кьварараб тIалъиялъул,
Кьурабитун мугIрузде
Руссарал эбел-инсул.
Инжитал тушбабазул
Асирал рукIинарин,
Руссана ниж сиязде,
Сверана ниж гъулдузде.

## РОСУЛЪ ГIУСМАНИЛ АБАКАР ХВАНИЛАН ХАБАР РАГIАРАБ МЕХАЛЪ, ГЬЕСУЛГУН ДИР ГIАГАРАВ ЧИ ГIУСМАНИХЪЕ ХЪВАРАБ КАГЪАТ

ГIусман, цоги кьуруйищ
КьватIараб нилъер росулъ?
Цогиги цIайищ свараб
ЦIигьулдерил сиязда?

БачIунаребищ хасел
Росулъ хоб цIи бухъичIеб...

ЦIикIкIаралъ Абакарищ
Исана къаникь лъурав...

Диени гъов кидаго
ГIолохъанав вукIана.
Гъосулги гIел херлъани,
Хадусеб гIел нилъ гурищ?

Цоязда хадур цоял,
Цоцаца молода лъун, –
Гьал харбаз рикIкIад вугев
Дир ракI бухIун толеб куц!

ВукIунаан, росулъе
Дун вуссингун Абакар,
ТIимугъги гIодоб тIамун,
ГIодов чIайин харбие.

Кинаб хабар бицинеб
Хиялаз цIурав дица? –
ЦIигьулдерил бащдаб халкъ
Хабалъ лъуна дир соназ.

Рагъ гуро, кьвагьи гуро,
Заманалъул щобазда
Щапаралщинал курмул
КвергIан гьитIинаб росдал!

Дун цIакъ рикIкIада вуго,
Кваркьаби рекун руго.
Кинабго рукъ-рукъалда
Бала дица зигара.

Цогиги гьари буго,
Щцин гьалаглъараб мехалъ,
Цин хабар бициналде,
Хабазухъ балагьеян;

ЩIада щибаб рокъобе
Бакъ рагъиде бачIунел,
Ракълида хьвадейилан,
Паракъат хIалтIейилан.

## КАДРИЯ

Мун – Дагъистаналъул щакаб божилъи,
ШигІрабазул рахас хехго тІураб куц!
Пахьул жахІта ккараб жавгьарул горо,
Цо мун жаниб лъураб пашманаб гъутухъ.

Японалъул гІадал къваридал берал,
Къо тІаде щун буго, яхъа рагъиде.
Карачалабазул хІинкъараб гьаракь,
Парусал рорхараб дур хъахІаб гама...

Гамиде яхине, нуха яхъине,
Мун ретІел къачІалей, мун бетІер ххалей...
«Кадрия! Я – Я» – ян рорхарал кверал –
Боржине хІадураб хІанчІил кваркьаби.

Йоржана, тІагІана, ана накІкІилъе,
ЦохІо ракІ хутІана гьаб дир хъатиниб.
Гьениб зобги ракьги дуй рокьуй течІел,
Бице, дур кваркьаби кире роргарал?

ТІокІай мун гьечІолъи уяб жойищан,
Жаваб гьаб векалда гьикъана дица.
Бице, дир дуниял! Бице, Дагъистан!
Гьай ясалъул такъсир гьаб тамихІалъе?!

Гьадин гІолохъанай, гьадин къалъарай,
Гьай къварид гьаюраб бакІги ракІги лъил?
Гьадинай берцинай, гьадин яцІцІадай,
Гьалъ бецІлъигун рагІад лъиде рехараб?

Огь, авлахъазул тІегь, авлахъ гьечІони,
МугІрул рукІунарин йикІунаан мун.
МугІрул иццазул лъим щобал лъалъалеб,
Мун, дур къо щвелалде, ана къаникье.

Къо щвелаан, щиб жо дуца гьабилеб,
Дида гьеб лъаларо, лъазеги гьечІо.
Лъала, дулъ пирхараб дагъабго цІаялъ
Дагъаб рахІат хвараб цо-цо чурхдузул.

Мун хвана жегиги кІодолъилалде,
КІодолъулел чІвала жеги гьитІинго,
Дур гьайбатлъиялде къиргцарал цаби,
Гьанже жире абе, – ана мун даим.

Гьаб календаралда жеги гIемерал
ГIумруялъул тIанчал руго, Кадрия.
Дураб тIун бухIана. Борхатаб щекъер...
Щокъроб гъанкъараб кечI...

Кидаго къолъикI!